# Iуащхьэмахуэ

**Адыгэ тхакIуэхэм я журнал**
**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**2010 гъэ** **1** **Январь – февраль**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я союзымрэ КъБР-м Хъыбарегъащlэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэмрэ къыдагъэкI**

**Редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр**
**Елгъэр Кашифщ**

*Редколлегием хэтхэр:*
**Къагъырмэс Борис, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим, Нало Ахьмэдхъан, Тхьэгъэзит Зубер, ХьэкIуащэ Андрей**

**Налшык**
**2009**

# Ошхамахо (Эльбрус)

Литературно-художественный журнал
На кабардинском языке

*Учредители:* Союз писателей КБР, Министерство по информационным коммуникациям, работе с общественными объединениями и делам молодежи КБР

И. о. главного редактора
Кашиф Эльгаров



Редакционная коллегия:
Борис Кагермазов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов, Ахмедхан Налоев, Зубер Тхагазитов, Андрей Хакуашев



Технический редактор – Мадина Гурижева
Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Залина Гетокова

Подписано к печати 03.01.10. Формат $70\times108^1/_{16}$. Бумага газетная. Печать офсетная. Усл. п. л. 14,0. Уч-изд. л. 12,2. Тираж 2000 экз. Заказ № 10. Цена в розницу – договорная.

Индекс издания: 73926
Регистрационный № Н-0036

Адрес редакции:
КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Отпечатано на ГП КБР «Республиканский полиграфкомбинат им. Революции 1905 г.» Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника
Заурбека Бгажнокова


КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ИТХЭР:


**Хьэх Сэфарбий.** КъежьапIэ ....... 3
**Къаныкъуэ Анфисэ.** Лъагъуныгъэ. Повесть ..................... 41
**Къэрмокъуэ Хьэмид.** Хъыбархэр. .................. 67
**Iэщыж Борис.** Рассказхэр ....... 75

**Ди тхыдэ жыжьэм къыхэIукI макъ**

**Псыжь адрыщI щыщ хъыджэбз**. Рассказ ..................... 81

ПШЫНАЛЪЭ

**Уэрэзей Афлик.** Усэхэр ..................... 88

ЖЬАНТIЭ

**Гугъуехьыр зи натIэу тхэным бгъэдэта** ..................... 92
**ЛъэужьыфI къэзыгъэна** ........ 93
**Адыгэ щэнхабзэм хуэлэжьащ** ...... 94
**Зи сабий усэхэмкIи уэрэдхэмкIи цIыкIухэр къыдэзыхьэх** ....... 95
**Щоджэн Леонид.** Усэхэр ....... 96
**Iэзэу куэдым хэзагъэ** ............ 100
**Жылэтеж Сэлэдин.** Усэхэр ..... 101
**УефIакIуэурэ дяпэкIи куэдрэ дыбгъэгуфIэну, Людэ!** ......... 109
**Зэгъэщтокъуэ Людэ.** Усэхэр ... 110

**Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу**

**НафIэдз Мухьэмэд.** ЛIыгъэкIэ псыхьа гъуэгуанэ. Очерк ...... 115

КУЛЬТУРЭМ И ЛЪАХЭМ

**Елгъэр Кашиф.** ФызитI щызиIа Махуэшхуэр, Е абы сигу къигъэкIыжахэр ................ 120
**ТIымыжь Хьэмыщэ.** Ди лъэпкъ романым и япэ лъэбакъуэхэр .....141
**Мэзыхьэ Борис.** Ар егъэджакIуэ къудейтэкъым.................. 149
**Къашыргъэ Назир.** Адыгэ уафэ ..... 150

**Нэгъабэрей ехано номерым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр** ....................160

ХЬЭХ Сэфарбий



# КЪЕЖЬАПIЭ

***«Дуней гъащIэ» тхыгъэм щыщщ***

**ГЪУЭГСТРАХ**

Узэхъуэпсэн псэукIэ яIэу зэи щымытами, Гуащэкъархэ я Iуэхур иджы хуэдэу хьэлэч дыдэ зэгуэри хъуатэкъым. Псом хуэмыдэу унагъуэр игъэгужьейрт Iэщ кIапэ тIэкIур зэрафIэкIуэдам, шэ шынакъ ямыIэу сабии балигъи къызэрызэхэнам. Я танэр колхозым трахат, жэмыжь закъуэр фIадыгъуат, мэлбжэныр мэкъумылэншагъэм къыхэкIыу ягъэкIуэдыжын хуей хъуат. Ауэ, КIуащ БетIал зэритхыгъауэ, къэралми, колхозми «Ух имыIэу жаIэр: Къэхь». А иримыкъужхэм хуаIуэху лъэпкъ щыIэтэкъым уэ укъулейсызми, цIыху балигъ узыншэу уи унэ щIэмысми, Iэщ уимыIэми, джэдкъаз уи пщIантIэ дэмытми – къыптралъхьэрт ахъшэр, тхъур, джэдыкIэр, нэгъуэщI-къинэмыщIхэри птыну: къэIэтыжын хуейт зауэм зэщIигъэтIысыкIа къэралыр, колхозыр. А къалэн хьэлъэр зи пщэ нэхъыбэу къыдэхуэр, зи фэм дахыр хэт жыIэт, ауэ щыхъукIи? Мис а зи щхьэ къыщхьэщымыжыжыф фызабэхэрат! Адрейхэм Iэмал къагъуэтурэ хэкIырт е нэхъ мащIэут къазэрытещIэр. УиIэр зэщIэкъуи къэт, уимыIэрэ – абы щыгъуэми къэт, къэгъуэти. Дэни къих, абы дэ Iуэху худиIэкъым, жаIэрт Iэлбий сымэ, къуажэкIэм къыдэужьгъауэ. ИмыIэр, гъуэтыгъуейр пшхыным, щыптIэгъэным и закъуэтэкъым зауэ кIыхьым къыхэкIагъащIэ цIыхум. КIуэдат шыгъум къыщыщIэдзауэ мафIэ зэрыпщIыжыну сенычыпэм, фэтыджэн сытхэм нэгъунэ. ЩIыхум зэрызатхьэщIын сабын къудей яIэтэкъым. Уз зэрыцIалэхэр къежьат, фашхэ, бэгу зэтехъуат. Махуэ къэс а зыр щыптIагъэмэ, зэрыбжьыщIын уимыIэмэ, лIот, цIэр къахэлъэлъырт. Мис а и Iеигъуэ дыдэм ирихьэлIэу ТIакIухуэхэ дэзэрыгуащ хэхакIуэ нэхъ къиин дыдэу зы гуп, Iэлбий я пашэу. Абы щыгъуэ паубыдар госстрахт («гъуэгстрах» жаIэрт абы щхьэкIэ). Ахъшэхэххэр ТIакIухуэ ирихьэлIащ Аскэрбий и джанэр щIыб нэхъ нэхупIэм къыщIихауэ цIэ ещэу щысу.

– СийIым, – жиIэрт тхьэмыщкIэм, и Iуэху ныкъуэщIэр къигъанэри, къапежьарэ гузэвэгъуэр и псэм телъу. – Дэнэ мыгъуэм къисхын, щIалэ ныкъуэдыкъуэ цIыкIум дэрэ тшхын дгъуэтыркъым. Зауэм хэкIуэда тхьэмыщкIэм щхьэкIэ ят ахъшэ тIэкIури мазэ бжыгъэ хъуауэ тлъагъужыркъым, щхьэусыгъуищэр ящI пощтым, къыдатыркъым. ХэкIыпIэ лъэпкъ сиIэкъым.

– Абы ди Iуэху хэлъIым. Мыр Iэлбий, хьэмэрэ мыдрей си гъусэхэм дэрэ къэдгупсысауэ араIым, къэрал Iуэхущ. Дэ тфIэфIу къэткIухь уи гугъэ? Дэ дыIуэхутхьэбзащIэ къудейуэ аращ, дыхуитIым щIэ жыхуаIэр дымыщIэну, тхьэ фэ ар къывгурымыIуэрэ! – Къуэрокъуэхэ я лIы фIыщIэ Iувышхуэр гъунэгъу дыдэу бгъэдыхьэри увауэ, физ лъахъшэ цIыкIур ирихухьырт, кIуапIи-жапIи имыIэжу ириубыдылIауэ. АрщхьэкIэ хъунщ, ахъшэ уэстынщ, хужегъэIэртэкъым. Абы и закъуэкIэ ТIакIухуэ икIуэта зэрымыхъур щилъагъум, Iэлбий къабгъэдолъадэ:

– Щхьэр щIэбгъэузыр сыт! – жи, Iупс къыIурылъэлъхэр жыжьэ лъейуэ. – Зыгъэсыс, фыщымылIакIэ, зыгуэр фщIэуэ, зыгуэри фшхыуэ дунейм фыщытеткIэ, зыгуэри фимыIэу щытIым. КIуэ, зыгъэсыс, щIыхьэжи!

Iэлбий модрей и гъусэхэм нэхърэ нэхъ утIыпщауэ псалъэрт, мыр езым и бригадэм щыщт, я пIалъи нэхъ зэрыщIэрти. «Зыгъэсысыр» абы и псэлъафэт, «зыгуэр къэгъуэт», жиIэу арат.

– Сыт мыгъуэ сэ зызгъэсыскIэ, симыIэр дэнэ къикIын, Iэлбий?

– Зыгъэсыс жысIащи, зыгъэсыс, куэд жумыIэу кIуэи, а уиIэращ дэ дызыхуейр!

ТIакIухуэ абы къыфIимыгъэкIыу щIохьэж, куэд дыдэри зыпимыгъаплъэу къыщIокIыж.

– ЩIыхьэжи зыгъэсыс жыпIати, сыщIыхьэжри зызгъэсысащ, мис, мыращ къыскIэрылъэлъар, – адэ-мыдэкIэ дэпщей-къепщыхыу цIэ пIащэшхуэхэр щызежэу и IэмыщIэ зэгуэтыр къахуеший. – СиIэрауэ жыпIаIэ узыхуейр? Мыращ сиIэр!

Iэлбий и зыгъэсысымрэ зызыгъэсыса ТIакIухуэ и цIэ IэмыщIэмрэ я хъыбарыр Iуэхур щекIуэкIа езы Дыгъужьыкъуэ и мызакъуэу, нэгъуэщI къуажэ гъунэгъухэми псынщIэу щызэлъащIысащ. Апхуэдэу щIэхъуар, псоми гукIэ сурэт къахэзыщIыкI Къамбот и псалъэкIэ жыпIэмэ, а къэхъуар зэманым и сурэтти аращ. ДэнэкIи щыIэт Iэлбий, ТIакIухуэ сымэ хуэдэхэр.

## КЪАМБОТ И КОЛХОЗ КЪЭIЭТЫЖЫКIЭ

А Iуэхум нэхъри нэхъ щIегъэбыдэ Къамбот пасэу ищIауэ щыта мурадыр – вы папщIэу дэнэкIи щыщIащIэ, зи фэр ирах жэмхэмрэ фызабэхэмрэ хьэзабрэ бэлыхьу яшэчыр сурэткIэ къэгъэлъэгъуэныр. Сыт щIа ар мы сурэтым и ужь зэритрэ, иджыри къэс ауэ зы налъэ цIыкIу къримытхъами! СурэтыщIым и Iуэхур зымыщIэм игъащIэкIэ къыгурымыIуэну къыщохъу Къамбот. Алыхьым сурэтыщIу укъигъэщIауэ, сурэт пщIыф къудейкIэ Iуэхур зэфIэкI я гугъэщ цIыхум. Абы хэлъ, пыщIа-кIэрыщIа къомым еплъытмэ, ар зырикIщ, арыншауэ пхуэмыщIэнуIами. ЛIо, уи Iэм хуэщIкIэ, абы ирикъун гупсысэрэ гулъытэрэ уиIэу а сурэт пщIынур къыпхуэмыгъуэтмэ, зэрыпщIыну щIыкIэр тэмэму пхуэмыубзыхумэ? Мис иджы мы сурэт зи ужь итыр, зи бэлыхь иукIыр къащтэ. ИмыщIэ зыри хэлъкъым фызабэхэм я Iуэхуми, бжьыр зи пщэм телъ жэмхэм я фэм дэкIми. ЕщIэ къигъэлъэгъуэнур, хуэщIынущ и Iэми. Ауэ зэрищIынур, а ищIэр тхылъымпIэм зэрихьыну щIыкIэр хуэубзыхуркъым. ФIищынур и хьэзыр хуэдэуи щытт: «Фызабэхэмрэ жэмхэмрэ колхозыр къаIэтыж...» Зэт, дауэ ар къызэраIэтыжу ищIынур? Зэт, зэт, зэт... Къигъуэта хуэдэщ! Колхозыр мащэ куу гуэрым ихуащ. Ар Iэмал имыIэу къыдэхьеижын, къэIэтыжауэ, къызэфIэгъэувэжын хуейщ. Ауэ хэт ар апхуэдэу зыщIынур? КъеIэнур хэт абы? Колхоз унафэщI, учетчик, бригадир, ревкомиссэ сыт хуэдэ зыфIэзыщыжауэ къамышыр зыгъэдалъэу шыбгым ис цIыхухъухэра? Е Налшык дэс къулыкъущIэхэр къакIуэу къаIэтыжыну пIэрэ Дыгъужьыкъуэ щыкIуэцIрыхуа колхозыр? ХьэлIамэщ ар! Бжьым щIагъэувэнури абы кърагъэIэнури сыт щыгъуи хьэлъэр зытещIэ хабзэ фыз тхьэмыщкIэхэмрэ жэмхэмрэщ. НтIэ, нэгъуэщI къыумыгупсысу, а зэрыщытыр, пэжыр къэбгъэлъагъуэ щIэмыхъур сыт? Ауэ сытми хъун, хъунщи, тIыгъуэжынщ, ухуеймэ!

Къамбот, сурэт щIын и ужь ихьэху, абы къару лей кърит и гугъэжу, анэм трищIыкIыр къещтэри, щIэрыщIэу йоплъыж, химылъхьэж-химыхыж-

Iами. ЩыIэщ щыхилъхьэжIаи – хуэм-хуэмурэ нещIыс. Ауэ къыщохъу щIэх имыухыну, анэм и сурэт нэс пщIын щхьэкIэ илъэс бжыгъэ куэд ухуейуэ, зэманым ар зэгуэр нигъэсыжыну арауэ. Ар гъэпщкIуауэ зэрехьэ, зы псэ тримыгъаплъэу. Ныщхьэбэ сурэт щIын Iуэху и ужь ихьэн мурадкIэ къыщызыкъуихыжам куэдрэ еплъащ, и анэмрэ мы сурэтым къищын хуеймрэ зэригъапщэу, зыгуэрхэмкIэ арэзыуэ, зыгуэрхэмкIи зыхуэмыарэзыжу. Сытми щIидзащ и гум щытIыгъуауэ, тхылъымпIэм зи хьыгъуэ хъуауэ къилъытэ сурэтым и щIыным. ГеографиемкIэ езыгъаджэ Къэгъэзэж Мышэ жыхуаIэм хуэмеижу хыфIидзэжауэ къэсщтащ, жиIэу Хьэсэн къритауэ щыта картэ пытхъахуэр къигъуэтыжри, еувэлIащ. Пщыхьэщхьэм, хущIэмыхьэурэ, гуваущ и ужь щихьари. Пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджар, увыIэ имыIэу махуэ псом лъэрытетат, ешат. Ауэ сурэт пщIын щхьэкIэ зэман лей дэнэ къикIынт, еувэлIащ уэздыгъэнэфыжь цIыкIур щэнауэу зытет щхьэгъубжащхьэм. Арат абы и лэжьапIэр. ЦIыхури, хьэри, кхъуэри зэрыжаIэу, зэгъэжат. Iэуэлъауэншэт, бадзэ дымамэ, зэхэпхыным хуэдизу. И лъакъуэ зымыIыгъыжхэр чэзууэ щIигъэхуу мэлажьэ. КъыщIрегъэдз хуэм-хуэмурэ губгъуэ хуит дыгъэлышхуэ, зылъагъур ехъуэпсэн хуэдэу. Абы и курыкупсэм хуэзэу мащэ ин иIэщ, а мащэм зы пIащэшхуэ гуэр къощ, «колхоз» жиIэу тетхауэ. Абы гъущI церпышхуэ ищIащ, и кIапэр мащэм къикIыу. А церпыжьым лъэныкъуитIымкIи фэ кIапсэ бгъуэшхуэхэр щищIэжауэ, къурыкъу кIыхь гуэрым быдэу епхыжащ. А къурыкъум и зы лъэныкъуэмкIэ жэмхэр сатыр кIыхьу щыщIэщIащ, адрей лъэныкъуэмкIэ – фызхэр. ЗэпэщIэщIэгъу жэмхэми фызхэми я пщэм бжьы телъхэр зэхуэдэщ, щекъукIэ хьэлъэу къатещIэнури зэхуэдэу щытынущ. Бжьым щIэт фызхэми жэмхэми шым тесу лъэныкъуитIымкIи лIы зырыз къащыдокIуэкI... СыткIи зэщхьщ жэм зыщIэщIари, физ зыщIэщIа лъэныкъуитIри. Ауэ жэмхэр зыщIэщIамкIэ щыт шухэм чы кIыхь яIыгъщ, емыкъум иреуэну, фызхэр здэщытымкIэ щыIэхэм яIыгъыр къамышыщ.

ЩIалэ цIыкIум бэлыхьыр телъщ, и гум илъ псор тхылъымпIэм хуэхьыркъыми. Хуейт Iэджи къигъэлъэгъуэну: колхозыр къэзыIэтыжыну екъу тхьэмыщкIэхэм я пщэр бжьым хьэлэчу зэрыфIитхъри, я лъакъуэхэр ерагъмыгъуейкIэ зэрызэблахри, зэбламыхыжыфыххэ хъууэ, щызэщIэувыIыкIыпэхэм деж, игъэщIеикIауэ шыбгым ис лIыхэр къамышыкIэ, чыкIэ зэреуэхэри, удыныр зыгъуэтам зэрызыхищIэри... Ауэ сыт ищIэн, а псор сурэтым къыщыпхуэгъэлъэгъуэнукъым. Къыщыпхуэгъэлъэгъуэпэнуми, Къамбот и Iэзагъэр ирикъуркъым. Зыхурикъур ищIащ: бжьым щIэтхэр я псэр питхъыу йокъу, мыдрейхэм абыхэм зытрашащIэу, къамышыхэр, я чыхэр, лъагэу яIэтащ.

Картэ кIапэ фIеижь тIэкIум трищIыхьа сурэтыр Къамбот здихьащ школым. Яригъэлъэгъуащ и партэгъумрэ нэгъуэщI зытIущымрэ. Уэ пхьа, сэ схьа, абы и хъыбарыр Къамботхэ я благъэ егъэджакIуэ ГъутIэ Хьэжы и деж нэсащ. Хьэжы егъэджакIуэхэм я пэшым ириджащ Къамбот, и сурэтыр иIыгъыу. Iихри, куэдрэ зэпиплъыхьащ. Япэрауэ, игъэщIэгъуащ Iэзагъ зэрыбгъэдэлъыр. ЕтIуанэрауэ, гулъытэ зэриIэр, гъащIэр хьэлэмэтлажьэу, балигъым хуэдэу, къызэрыгурыIуэр. Илъагъум иригуфIэу абыхэм егупсысами, и нэгур зэIууауэщ Къамбот къызэреплъар.

– Мы пщIэхэр зиIысыр пщIэжу пIэрэ уэ щIалэжь цIыкIум? – къыжриIащ, губжь зыщIэту къыпщыхьу и нэхэр къытриубыдэри. – Мыхэр политикэщ, къыбгурыIуэмэ, политикэшхуэ. Сыт, хьи, уэ узыхуейр? Япэм зэ, ищхъэрэ школ цIыкIум ущIэсу, ари ущыщIэтIысхьагъащIэхэм щыгъуэ, Ленинымрэ и натIэгум хъурей гуэр ипщIыхьщ, шэ техуам хуэдэуи, бэлы-

хьыр къикI пэтащ. Иджы Советскэм и Iуэху зехьэкIэм, колхоз гъащIэм урибийуэ укъоув. Хэт уэ апхуэдэу укъызыкъуэгушхукIыу уиIэр? Хэт къыпщхьэщыжыну узыщыгугъыр, нобэ Iуэху укъащIмэ? Ситу пфIэгуэныхь мыхъурэ а зи кIэдахъуэр зи хьэму узыпI уи анэ тхьэмыщкIэр!.. Езыри мыузыншэу? ХъурIым ахэр Iуэху. Губзыгъэ цIыкIуу щыт. УиIэщ уэ пщIэ хъунри мыхъунри зэрызэхэбгъэкIын акъыл. ТIэкIу гупсысэ, щыпщIэIам деж... КIуэ. Дунейм къытумыгъэхьэ мы сурэтыр. Уи сурэт кIуэдаIым уэ иджыпсту, еджэ. ЕмыкIущ, «тIу» къэпхьмэ «щыкIэ» пкъутэжу фIэкIа уемыджэфу, сурэт пщIыуэ ущысыну... ЩIы сурэти, хъу художники. Ауэ псом япэу щIэныгъэ убгъэдэлъын хуейщ, зыгуэр ухъун щхьэкIэ!

Сурэтым и хъыбарыр анэм и деж къэмысамэ арат. Хьэжы абы щхьэкIэ тридзэу къехынтэкъым, жиIэрт Къамбот, мыдэ мы къуажэкIэ цIыкIум щыщ гуэрым къыжримыIэжмэ... Уэшх къемышхарэт. Уафэм хыв, жэм, цIыху, уеблэмэ дыгъужь сурэт нэгъунэ хэту пшэжьхэр къизэригуащ. Зэ плъэгъуэм пылу къыпщыхъуа пшэр жьым зэхечатхъэ узэплъэкIыу укъызэплъэкIыжыхуи, и пIэм тхьэкIумэкIыхь хуэдиз фIэкIа хъужыркъым къинэр... Къамбот и жагъуэщ бжьыхьэр. Сыт, есагъэкIэ и жагъуэу аращ уэлбанэр, армыхъумэ, Iуэхушхуи щыIэкъым мы гъэм. МэкъумылэжиIэу щIэгузэвэн Iэщ дэткъым, хадэ къехьэлIэжыни мэхь-мэхь – щыIэкъым, ихьащ мы гъэм псори уэгъум. Уэгъум нэхъ пэлъэщу жыхуаIэ джэшыр игъухыжащ. КIэртIофыр хьэпIацIэ лыбжьэщ, зырызщ сэм къищтэну хэтыр. А зырызыращ къищтари, зы къэп ирикъу-иримыкъу хъунщ къыхэкIар. Я хадэ псом къыдичыжар нартыху кIэчан пэгун никъуэщ! Пэжу, нэгъабэ къыдачыжа нартыхур зэхуэдитI ямыщIауэ яIэщ. Ярикъунщ ар, гъэр тIууэ зэпыкIами. Ауэ адрейхэр-щэ? Дауэ хъуну ахэр?! ЩIымахуэм уэс куэду къесмэ, гъавэр бэв хъууэ жаIэ. ЩыIэ хъунщ апхуэдэу щыхъу щIыпIи, ауэ ди дежкIэ уэсым зыри емылъытауэ къыпфIощI. ЩIымахуэм сыт хуэдизкIэ уэсышхуэ къемысами, сыт хуэдизрэ темылъами, гъэмахуэу къэкIыгъэм и зыужьыгъуэм ди щIыпIэм зы мазэ уэшх къыщемышхыжамэ, гъавэ бэвкIэ умыгугъэ. Армыхъумэ мы гъэ щIымахуэ кIуам уэсу ди деж къыщесар, къытрилъхьар зэи къызэрымыхъуауэ егъэлеят.

Гъавэншэ-хъерыншэми, бжьыхьэ хьэлэмэтыщэт мыгъэрейр. И махуэ псори бзыгъэт, хуабэт. Гъэмахуэ дыдэм сыткIэ къыщхьэщыкIрэ, жыуигъэIэу дыгъэр къэплъырт.

## КIЭРТIОФЩЫПЭ

Къамбот и тхьэкIумэм пщыхьэщхьэм къицырхъащ аддэ, къуажэми удэжу Хъыу бгыпс лъэджажэжь цIыкIум адэжкIэ Дыгъэмыхъуэм кIэртIофыпкъэр къуажэм я ЧТЗ тракторыжьымкIэ бжьыхьэвэу зэрыщавэжым и хъыбар. Хъыбар къызэрыгуэкIтэкъым ар – хъыбарыфIт: уэгъум ихьа адрей къэкIыгъэхэми хуэдэу, кIэртIофри хъуатэкъым мы гъэми, къатIыжатэкъым. Ауэ жаIэрт вагъэм и гущIыIум кIэртIоф закъуэтIакъуэ телъу, ахэр къэпщыпкIи зыми уи гугъу къимыщIу. КIэртIоф зи цIэ яIэжтэкъым Къамботхэ. И анэшым ЛутIэ щIымахуэм шы IэжьэкIэ къыхуриша зы къэпыр зэраухрэ ящыгъупщэжат. Дыгъэмыхъуэ кIэртIофым и хъыбарыр щызэхахым, къуажэкIэ цIыкIухэр: Къамбот, Вовэ, Мухьэмэд сымэ зэгуроIуэ пщэдджыжьым жьыуэ, дыгъэр къыщIэмыкI щIыкIэ къэтэджу кIуэнхэу – зи мыхъу, зы жьэрыкуей щIыгъуэ хъун къахьынкъэ, ари Iэджэ и уасэщ. КIэху къищIа къудейт, щIалэ цIыкIухэр псори зы гъуэлъыпIэм жэщым илъам хуэдэу, зэуIуу къызэщIэхъаеу уэрамым щыдыхьам. Жейбащхъуэхэт. Къапсэлъи щымыIэрэ Iэуэлъауэшхуи ямыщIу дэкIащ ахэр къуажэм.

Хъыупс щIыIэри я лъэдийм ихьэу зэпаупщIри, я жейбащхъуэнэ тIэкIу гъуэгуанэ кIыхьым къелари Хъыу хилъэсэжарэ езыхэри кIийуэ псалъэу пащэрт адэкIэ я гъуэгу. Дыгъэр иджыт къыщыщIэкIар. КъыщIэкIа щхьэкIэ, ауэ плъыжь хъуреишхуэу Дохъушыкъуейрэ Жэгъунтхьэблэрэ я зэхуакум къыдэува къудейуэ арат зэкIэ, и хуаби и нур-бзий лъэпкъи щыIэтэкъым. Дыгъужьыкъуэ и гъавэ щIапIэхэм нэхъей, гъатхэ махуэри дыгъэмыхъуэрэ дыгъапIэу зэхэлът – пщэдджыжьыпэмрэ пщыхьэщхьэмрэ уагъэдий, и шэджагъуэ дыгъапIэр къохьэлъэкIыу хуабэ хъуми. Псым зэрыхыхьэрэ нэхъри къэпIыщIахэт. Гум, псэм фIэфIт дыгъэ тIэкIу къыдэкIуэтеям и бзийхэр, акъужь къажьэхихуэрат ахъумэ. Джабэ нэкIум щыщIидзэ дыдэм деж зы хьэуазэ пыпхъуэшхуэ щрохьэлIэ цIыкIухэр. Абы и дыгъапIэ лъэныкъуэм кIэротIысхьэ пщэдджыжьыпэ щIыIэм иджыри имыутIыпщауэ иIыгъ щIалэ цIыкIуищыр. Къамбот кIэзызырт тIэкIуи. Мы дыгъапIэ здэтIысам, уи фIэщу укIуэмэ, зы сыхьэтыпэм уздынэсыну къыпфIэщI къурш уэс напэм къыжьэхиху жьыбгъэ щIыIэр къыщыплъэIэсыртэкъым, лъэбакъуэ зыщыплI хуэдизкIэ зызыIэта дыгъэм и бзий хуабэхэр хуиту къыщыптридзэрт. Вовэ и Iэхэри и лъакъуэхэри ину зэбгрыдзауэ хогъуалъхьэ дыгъэ бзийм къигъэхуэба хьэуазэ гъущэм. Мыдрейхэми апхуэдэу ящI. Ауэ IэфIт, ауэ IэфIт апхуэдэу ущылъыну! Хьэуазэ пыпхъуэр анэ бгъафэм хуэдэу къащыхъурт, анэм и Iэпэ щабэхэрат я напэм хуабэу къыкIэрылъ дыгъэ бзий щабэхэри. Мыпхуэдэм и гупсэхугъуэ зымылъэгъуам сыти илъэгъуа? Сыти зыхищIа ар зыхэзымыщIам?! Нэхъри, Къамбот жея хъуатэкъым жэщми, и зыгъэпсэхукIэри нэхъ мает, нэхъ къэуатт. ЩIэмыжеяр Салиныжьым и зэрант. Абы аргуэру игу къигъэкIыжат Къамбот адрейхэм зэрахуэмыдэр, нэхъ зэрытхьэмыщкIэр, зэрыфызабэкъуэр, къыщхьэщыжыни имыIэу, хэти тегушхуэгъуафIэ къызэрищIыр. ЩIалэшхуэт а Салин хъужыр езыр. КуэдкIэ япэжыжьэтэкъым щыпсэури. НтIэ, мис абы Къамбот дыгъуасэ кърищIаращ. Псы мыин ежэхым зы аргъеижь етхауэу хэсу къилъэгъуат Къамбот, псыхъуэм дыхьауэ. Ар абы и закъуэ къыхуэубыдынут сытми! Мухьэмэд сымэ йоджэ. Алыхьым ещIэ, мо Салиныжьми ар зэрызэхихар, къосри, псоми кърахуэкIыу щIадзэ аргъейр. ЩIанлъэжь хъужауэ, ар Къамбот и лъакъуитI зэхуакумкIэ зэкъым зэрыдэкIар. Епхъуа, зытридза щхьэкIэ дэнэт, къыхыфIихуэурэ ежьэжырт. Ихьэжырт архъуанэ хуэдэ нэхъ куупIэм. Аргуэру мис, мис, жаIэу зэрыгъэкIийуэ кърахуэкIыу щIадзэжырт. Мо ягъэгужьеяр, зыкъыдридзейуэ ныджэм къыщытехуэм, Къамбот мывэ къигъэхьэзырамкIэ еуэщ аби, и пэнцIывыр хутрикъутыхьащ. Нэхъ лъэрымыхь хъуагъэнти, абы и ужькIэ куэд дэмыкIыжу къаубыдащ. Зыхыбл хъурт ахэри, Салин щигуэшым, Къамбот нэхърэ нэхъ мащIэ зрита яхэткъым. Адрейхэм лыр яхуэмыхьу щалъэфым, зэ гъэжьэгъуэ закъуэ хъуну аращ къылъысар. ЛIот, Къамбот нэхъ хуэмыхуу хэтат абы и къэубыдыным хьэмэрэ нэхъ мащIэ хищIыхьат? Аратэкъэ къэзылъэгъуар, адрейхэм еджэжар?!

Мис абы и бампIэрат Къамбот жэщым зымыгъэжеяр. ТIэкIу Iурихмэ, къызэщыужу, нэху щыху хэлъащ, и губжь-гупсысэхэм а Салиныжьым щахурикъуу...

– Ей-ей, едывмыгъэгъэлейт иджы, – къыщолъэт Вовэ. – Абы фIэкIмэ, дыIурихынурэ, ди кIэртIофщыпэри къэнэнущ, нышэдибэ лъандэрэ гугъу дызэрехьар псыхэкIуадэ хъуауэ... ФынакIуэ, иIэ!

Вовэ апхуэдэщ дапщэщи. ЗыкIи нэхъыжькъым ар адрейхэм нэхърэ, итIани пашэ мэхъу сыт щыгъуи. Къамбот зэи хъуркъым пашэ. Ар зрагъэгъусэмэ, зыщIыпIэ щыкIуэкIэ здашэмэ, мэгуфIэ. Мис иджыри ежьэ-

жащи, Мухьэмэдрэ абырэ зэпсалъэурэ макIуэ япэ иту. Къамбот я ужьым иту якIэлъокIуэ. ЗыгуэркIэ къыхуеймэ, зыкъыхуагъазэ къудей мыхъумэ, псэлъэгъуи къащIыркъым. Уа, апхуэдэу Iэхъуэхэмыхьэ хуэдэу Къамбот сытым и дежи щхьэ щыту пIэрэ? И закъуэу и гъащIэр зэрихьырауэ къыщIэкIынущ. Ахэр абы къесакъым, есакъым езыри. ПIрегу, хуеихэкъым. Къамбот езым и гупсысэ иIэжщ, яхуеиххэкъым. ЗдэкIуэхэм, абы и гупсысэхэр зыкъомрэ Салин къигъэхъея зэгуэпым хэтащ. Иджы и сурэт ныкъуэщIымкIэ кIуэжащ. Анэм и сурэт ищIымкIэ. ЗэкIэ гукIэщ зэрищIыр. ГукIэ минрэ пщIауэ тхылъымпIэм пхуэхьарэт ар. Ихьинкъэ тхылъымпIэми, тхьэм жиIэмэ...

Зэрыхъуар ямыщIэу нос кIэртIофыпкъэм. Пэжт жаIар. Зырызыххэт кIэртIофу узрихьэлIэр, ауэ бгъуэтырт къэпщыпын. Къамбот и къэп гъуэжьыжьыр къызыкъуех. Мы къэпышхуэр къыщIиштар нэгъуэщI зэрамыIэрат, армыхъумэ апхуэдиз къызэрыхуэмыщыпынури ищIэрт. Минрэ къищыпыфами, хуэхьрэт абы из кIэртIоф. Гу цIыкIу иIами хуэшэнтэкъым, ухуеймэ. Къэпыр икIи зэхэдыжыхьат. И щIэ псом дэкIуэу вакъэнжеишхуэ хэлъти, я мамэ мызэ-мытIэу къыжриIат абы хуэсакъыну. КъызжиIакъым жумыIэж, жиIэрт ар нэгъабэ мыцIыкIущыпэ щихьхэм щыгъуэ, а вакъэнжейр зыщIыпIэ и деж щызэпычмэ, къэпым и щIэр зэрыщыту ущIауэ къэнэнущ, къинэжынукъым илъым щыщуи зыри.

Дыгъэр я щхьэщыгурэ хуабэм иужьыгуу лэжьащ цIыкIухэр пщыхьэщхьэ хъуху. Хьарзынэу щыпахэт, хуабэми, псы щхьэкIэ лIэми, ешами, зы щхьэкIи къамыгъанэу. ФIыуэ къищыпат Къамботи. КъыхэкIыжыну иужь итхэу плъэмэ, зы шу хьэсэм къыхыхьауэ къахуокIуэ, вагъэм хэту. Сыту пIэрэ зыхуейр? Пэжт уи гугъу къамыщIу къуагъэщыпыр, ауэ мыр къыщIэкIуэр лIо-тIэ?!

– Уи гугъу къамыщIу къуагъэщыпу жаIатэкъэ мыр, – жи Къамбот, Вовэ зыхуигъэзауэ. – Сыт-тIэ мо къакIуэр зиIысыр?

– Уэи, къуагъэщыпри ауэ зы цIыхупсэм уи гугъу къимыщI...

– НтIэ, лIо мор зыхуейуэ къыщIэкIуэр?!

– А-а, ар мыстщ, щIалэ, – жеIэ Мухьэмэд. – ПIутIэщ. Модэ мобыкIэ щыIэ вакIуэ бригадэм тесуращ, прицепщикщ, уи гугъу къищIынуIым.

Ар щызэхахым, цIыкIухэм я гур къызэрогъуэтыж. Шынахэт, хэт ищIэрэ, ттрахыжмэ жаIэри, пщIэнутэкъым. Къос шури, къахолъадэ бгъэкIэ ихьу. ЩIыкIухэр къощтэри зэбгрож. Мыдрейр абыхэм зырызыххэу ялъэщIыхьэурэ, шыбгъэкIэ иреуд, хэт шы лъабжьэм щIегъэзэрыхь, къеухыурэ къамышымкIэ я щхьэм къоуэ, я плIэм къыдоуэ. УкIий, угъуэгкIи лIо, мо губгъуэ нэщIышхуэм. Апхуэдэу еубэрэжь а ПIутIэ хъужым щыри. ИтIанэ жеIэ, Къамбот и къэп гъуэжьыжьымкIэ и къамышыр ишийуэрэ:

– Псом къэфщыпари мис мобы схуифкIути, и щхьэр быдэу схуэфпхэж, фыпсэууэ фыкъызэлыну фыхуеймэ!

ЛIот ящIэнур, хуракIутэ, хуапхэж къэпыщхьэри.

– Ныджы, – жи, шым а зэрытесу и къамышыр къахуигъэдалъэурэ, – щыри фызэхыхьи, а къэпым и щхьэр мыдэ сэ къысIэрывгъэхьэ!

Ар жеIэри зыкърешиех. ЩIалэ цIыкIуищыр зэдоIэри, ерагъпсэрагъкIэ хуаший. Шы ныбэгум и зэхуэдитIым нэс драIэтеяуэ, езыр къоIэбыхри еубыд къэпыщхьэр. Ауэ зэригугъам хуэдэу Iэ лъэныкъуэкIэ дрихьейуэ шыплIэм худэгъэзагъэркъым.

– ФыкъыщIэрыIэ фэ Iейхэр! – мэкIий.

Адрей тIур щежалIэм, Къамбот и нэм къыфIонэ вагъэм хэлъ гъущI папцIэ улъия гуэр. Къепхъуатэ, йожалIэри, къэпыр зыIэт и ныбжьэгъухэм

ядэIэпыкъу хуэдэурэ, и щIэр зэрыщIэдэжа вакъэнжей гъумыр зэпеупщI. ПIутIэ, сытми, кIэртIоф къэпыр шыплIэм дегъэзагъэри, макIуэ-мэлъей – щIоIэри йожьэж, кIэртIоф тIэкIум щхьэкIэ бэлыхьищэр нэхумыщ лъандэрэ зышэча сабий тхьэмыщкIэхэр ящIэнур ямыщIэрэ удын зылъыса я щIыфэхэри бжьыбжьу къызэхенэри. ПIутIэ вагъэми хэкIыжри, аддэ нэсыжауэ здэкIуэжым, къоувыIэри, къопсых. Жыжьаплъэми, плъагъуырт абы иIыгъ къэпым кIэртIоф щIагъуэ зэримылъыжыр.

– Сыт, – жи Мухьэмэд, – абы къыщыщIар?

Къамбот яжреIэ и къэпым и щIэр зэрыдыжа вакъэнжеишхуэм и Iуэхур.

– Мо гуфIэщар, щIихьауэ здэжэм, къэхъуам гу лъимытэурэ, – щIегъу Къамбот, IурымэхыкIауэ дыхьэшхыу, – кIэртIофыр губгъуэ псом щрикъуухьащ, къищIакъым нэщI хъуху, хуэза ар!

– Хуэфащэу епщIащ! – ягу хэхъуэу мэдыхьэшх цIыкIухэр. – Тхьэр игъэпцIакъэ губгъуэ псом зырызу къримыщыпыкIыжым!

Пшапэр фIыуэ зэхэуауэ щIалэ цIыкIуищыр къуажэм къыдыхьэжащ, ешарэ я лъэр щIэщIэу. Гугъу зэрехьар я фейдэт. А махуэм леишхуэ зэрихьам и гуэныхьым игъэкIуакъым модрей угъурсызыр – махуищ дэкIагъэнтэкъым ПIутIэ и лъакъуэ лъэныкъуэр тракторым зэрыпихам и хъыбарыр Дыгъужьыкъуэ дэз щыхъуам. Мо ешар, зи жеини къэкIуар вапIэм хэгъуэлъхьат, тракторыр къекIуэкIыжыху, жиIэри. ИмыщIэххэу Iурихащ. Абы гу лъитакъым зи прицепщикыу лажьэ трактористми. И уэздыгъэр хъуртэкъыми, IэкIэ кърахьэкI финар гуэр, фэтыджэн щIагъуи имытыжу тракторым и пэм тригъэубыдауэ арат зэрывэр, нэху щIагъуэ идзынт абы?..

## ДЫГЪУАКIУЭХЭР

ЩIымахуэ гуэрыр къэсыжри уэсыр, Къамбот и жыIэкIэ тщIынщи, къещэтэхащ. Мэл-бжэн, жэм, сыт пщIантIэм дэмытыжми, и щIымахуэпхъэр зыхуэчэмынышхуэ щымыIэу гъэмахуэ кIыхьымрэ бжьыхьэ уэфI къомымрэ дамэкIэ къихьурэ зэтрилъхьами, нэхъ хущIыхьэ хъуауэ гу лъыптэртэкъым Къамбот, нэхъ лейуэ хунэсыртэкъым еджэным. Зэпымыууэ Iуэху ищIэу, ауэ ищIэшхуи щымыIэу кIуэрт махуэр. Иджы шэджагъуакIуэти, пщэдджыжь Iуэхухэм къадэмыхуэурэ, зэманыр къэсырти, къаджэу къэувырт и классэгъухэр. Хурикъуртэкъым зэманыр, сыт хуэдизкIэ пщэдджыжьым жьыуэ къэмытэджами. Нэхъри Гуащэкъарэ и узыншагъэм кIэричурэ кIуэрти, езым унагъуэ Iуэхуу игъэзащIэм къахэхъуэ зэпытт. Ауэрэ, февралхэм деж, гъатхэми куэд имыIэжу, Къамботхэ зы танэ цIыкIу яIэ хъуащ – къритыжащ адэ шыпхъуужьым, Шамсирэт. Гуащэкъарэ абы гурыIуащ и уасэр иужькIэ зыгуэрурэ иритыжыну. Къамбот иджы хущIыхьэжыххэртэкъым. Пхъэ, псы, уэс тхьун жыпIэми, джэдкъэзри арат. ИтIанэ псом хуэмыдэу зи бэлыхь иукIыр, илъэс фIэкIа и мыныбжьми, танэ цIыкIум и гъэшхэнырат – иIэтэкъым иригъэшхын. Зэ, хьэблэ щIалэжь цIыкIухэм къагъэделэри, щы хъууэ макIуэ амбарым, абы и пщIантIэм дэлъ мэкъу пыпхъуэм щыщ къадыгъуну. Жэщ кIыфIт, нэм къыщIэIэбэр умылъагъуу. Бжыхьым зэрелъэу, хъумакIуэр псчащ. Я Iэуэлъауэр зэхиха, е зыгуэркIэ гурыщхъуэ ищIа, хьэмэрэ езыр ауэ къыхэпсчыкIауэ ара? ЩIалэжь цIыкIухэр шынэри, сыхьэт бжыгъэкIэ щысагъэнщ, заудыгъуауэ. Сытми, Iэуилъауи щымыIэжу псори щызэтесабырэм, пыпхъуэм къыкIэщIатхъыурэ, бжыхьым къыщхьэпрадзащ я щэ хьыгъуэ хуэдиз хъун. Езыхэр къелъэжмэ – иужьрейуэ къыщхьэпрадзыжа тIэкIум фIэкIа щылъыжтэкъым. Къадыгъуар зыгуэрым идыгъужауэ арат тыншу! Iуахат,

гугъу лъэпкъ демыхьу! Къамбот къилъытэрт хэтми, ар абы и мыхьэлэлу. И гугъэжт езым ейуэ, къилэжьауэ – сыт хуэдэу гугъут пыпхъуэшхуэ зэтеубам, зэтежыхьам Къамбот и Iэ цIыкIухэмкIэ а къомыр IэмыщIэ зырызу къыхэптхъыну? Хьэмэрэ сыт хуэдэу и псэр питхъыу илъэфа бжыхьым нэс? Абы зэрыщхьэпридзар-щэ, худэмыхьейуэ?! Жэщым зэрымыжеяри бэлыхьу дишэчари кIуэдауэ, иужьым къищтэжа мэкъу тIэкIур, и IэплIэм из фIэкIа мыхъур, иIыгъыу кIуэжащ.

Ауэ абыи щиухакъым Шамсирэт Къамбот сымэ фIэгуэныхь хъууэ къарита танэ цIыкIум ишхыну мэкъу тIэкIум а жэщым зыхидза бэлыхьыр. Гъуэлъу къэтэджыжа къудей мыхъумэ, жэщым къижея щымыIэу пщэдджыжьым зи Iуэху пэрыувэжа щIалэ цIыкIум и щхьэр узырти, игъэIэбэртэкъым. А щхьэ узым гугъу зэрыригъэхьым зыкIи къыкIэрымыхуу къаужьыгурт, и гур къакъутэрт иужьрей махуэхэм зэхих псалъэ мыгуапэхэмрэ Iуэху мыщхьэпэ къытехъуэхэмри. ПапIытIыкIырт и псэр. Хьэжы Къамбот сурэт щIынымкIэ бгъэдэлъ зэфIэкIыр и гуапэ хъуауэ фэ ириплъами, къыхуигъэдэхакъым. Къешхыдащ. ИкIи пэжт абы жиIэр. СурэтыщIи, сэ сщIэрэ, нэгъуэщIи ухъунутэкъым, щIэныгъэ убгъэдэмылъауэ. ИтIанэ, фэ нэхърэ сэ сынэхъ зыгуэрщ жыпIэу, узыхэтым яжепIэ хуэдэу сурэт зэрищIым къикI и гугъэти, абыи ириукIытэрт. Зыбгъэзыгуэру, ауэ уемыджэфу! Абы нэхъей, шокъущ жиIэу ар иримыхьэлIаи математикэмкIэ «тIу» къыщыхуагъэувa махуэм! Ар апхуэдэу зэрыхъуар зи зэраныр зэгуэрым, езыр тхьэмахуэкIэ мыкIуауэ (Iуэху куэдыIуэ хузэтрихьэри, къыхэкIыфатэкъым) къутахуэ зыфIаща бжыгъэхэм зэрыхыхьарат. Я егъэджакIуэ Розэ щымыIэу, мы зэманым математикэмкIэ Бэрбэч Лиуант езыгъаджэр. Абы доскам къритха есэпым хэтт зэтет гуэр. Апхуэдэу бжыгъэхэр зэтрагъэувэу Къамбот зэи илъэгъуатэкъым, ищIэртэкъым ар зищIысри, щIызэтрагъэувэри. ЕгъэджакIуэм есэпыр здищIыжым, и щхьэм тета 4-р къелъэри, 2 хъуауэ сатырым хэувэжащ. ЗдэкIуари здэжари къыхуэмыщIэу кIуэдат абы и лъабжьэм щIэта 2-ри! Къамбот куэдрэ нэтенэкIэ еплъащ, и щхьэр трикъутащ, ахэр апхуэдэурэ щIэхъуар и закъуэ акъылкIэ къиубыдын мурад иIэу. АрщхьэкIэ дэнэт, хузэфIэкIакъым. Ар къыбгурымыIуауэ адэкIэ ящIэхэри къыбгурыIуэнутэкъыми, щысащ делэм хуэдэу, ящIэм жьэкIэ еплъу. Лиуаным, сытми зэ и дерс тыныр иухри, доскар куэдрэ зэрытрагъэкIыжа хъыдан кIапэ фIеймкIэ и Iэ мел защIэ хъуар фIилъэщIыкIыурэ, зыкъригъэзэкIащ:

– КъывгурымыIуа, фызыщIэупщIэн щыIэ?

– Сэ сыщIэупщIэнут, – и Iэр къеIэт Къамбот.

– Сытыт?

Къамбот къотэджри, и псалъэхэри дахэ-дахэу хузэпымыщэу, жеIэ:

– Сэ мис мо мыстыр... ы-ы, мо и щхьэм тета 4-р къепкIэу 2-уэ къэувыжа зэрыхъуари щIэхъуари къызгурыIуакъым... Дэнэ кIуа абы и лъабжьэм щIэта адрей 2-ри?

Мыбдежым псори къыщиудри, ину дыхьэшхащ. Еджэфри емыджэфри! Мыдыхьэшхыу классым къыщIэнар езы егъэджакIуэм и закъуэт. Абы сэ хэпIуамэ, лъы ткIуэпс къыщIэмыкIыным хуэдизу и фэр пыкIат, губжьыщэри.

– ЩIэкI! – къэкIиящ ар, и дзэр зэтрикъузэу. – ЩIэкI мы классым, зызумыгъэлъагъуу!

Зэман дэкIыжащ абы лъандэрэ. Ауэ, уеуэу иджыпсту уукIынуми, Къамбот нобэр къыздэсым ищIэркъым зыщIэупщIар, къыгурымыIуэр

къыгуригъэIуэным и пIэкIэ, егъэджакIуэр апхуэдизу къыщIэгубжьари, классым щIихуауэ щIыщытари. ЗэрыхуигъэфащэмкIэ, Къамбот абы щыгъуэ зыщIэупщIам къыбгурымыIуэну зыри хэлъу къыщIэкIынутэкъым. Дыхьэшхаи я нэхъ еджакIуэ къыкIэрыхухэм нэгъунэ. КъыфIэщIагъэнущ а зэреупщIар езым ищIэу еупщIауэ. Апхуэдэу щащI щыIэт, зэранын, егъэджакIуэр зэгуагъэпын щхьэкIэ. ЯщIэу, ауэ щIэупщIэу.

Арауи армыpауи щIыи, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэм ар къыхэкIауи ирехъуи, абы щыщIидзэри, Къамбот математикэм хэзэгъэжакъым. Школым шымыкIуа махуэхэм имыджу къэна бжыгъэ къутахэм зэрыхагъэзэрыхьыр кIуэху нэхъыбэ хъууэрэ, куум хыхьащ. Къищтэжыххакъым математикэр! Арат и сурэтыр цIыхум щахэIуа махуэм къыхуагъэува «2»-ри къыхуэзыхьар...

* * *

Кууэ къесауэ нэху къекIа уэсыр лъэныкъуэ псомкIи нэсу итхъуу, Гуащэкъарэ апхуэдэ лэжьыгъэ гугъухэр лъимыгъэсын щхьэкIэ, пхъэ гъур быдэхэр икъутэу, танэр зыхуей хуигъазэу, куэд зэфIигъэкIащ Къамбот школ кIуэгъуэ хъуху. Ахэр пщыхьэщхьэ нэбгъэс хъунутэкъым, пшапэр зэхэуауэт къыщысыжынур. Ауэрэ гувэри, къыкIэрыхуауэ нэсащ, мо зи жей ныкъуам и щхьэр гъуму фIэлъу. ШэджагъуакIуэ зэрыхъурэ зыкъыкIэригъэхужатэкъым. КъыкIэрыхуар Iуэхут, здэкIуам узижагъуэныр ириухьэлIэ ар зрихьэлIам!

– Мис, жэщым зэрымыжеяр плъагъуу, и напIащхьэхэр къытебэгэжауэ къэкIуащ! – Iэлбий къопхъуэри еубыд, школым зэрыщIэбакъуэу. – ЖыIэт, дэнэ уэ ныжэбэ умыжейуэ уздэщыIар?!

Амбарым и тет ПIэтIракъ Жырбеслъэни адэкIэ къыщытт.

– Ешхэ-ефэм хэсагъэнщ, зиунагъуэрэ, – а и гушыIэ мышум акъылышхуэ хэлъ фIэщIыжу, погуфIыкI колхоз мылъкум лъакъуащхьэкIэ хэт Жырбеслъэн.

Мыдрейм абы и гушыIэр и Iуэхукъым:

– Дэнэ, зо?

– ЗыщIыпIи...

– НакIуэт-тIэ, модэ. Пщыгъупщэжамэ, сэ къозгъэщIэжынщ уэ ныжэбэ уздэщыIари зэхэпщIыхьахэри!

ЛIитIым Къамбот колхоз правленэм иралъэфалIэ. Абы щIэст ныжэбэ щIыгъуахэри. ГъэщIэгъуэнщ, дауэ къащIа, дауи техьа я лъэужь, ныжэбэ уэсышхуи къесарэ пэт псори щIихъумауэ? Шэч хэлъкъым, гу къалъызыта гуэрым бзэгу ихьащ. ИтIанэ, мэкъур зыдадыгъукIар амбар пщIантIэращи, ар зи IэмыщIэ илъым апхуэдэу зищIыркъым, мы Iэлбий хъийм щIикIыр лIо? Бригадирым щхьэ нэхъ и Iуэху мэкъур зыфIадыгъуам нэхърэ? Хьэмэрэ мод-дэ, я танэр конрактацэ жаIэу щыдахум Къамбот абы и лъэкIэн гъурым мывэкIэ зэреуар арауэ пIэрэ къыщIыхуэдзэлашхэр? Мазэ бжыгъэкIэ игъэщIэкъуауэ жаIэ ар абы. Ауэ иджыри къэс екIи фIыкIи цIутI къыжриIакъым. Шэч ищIыжат мо зэрызехьэм а къытехуар къыздикIар къыхуэмыщIэххауэ... Хьэуэ, къищIакъым абы щыгъуэ еуар зэры-Къамботыр.

– Мис, фыIуплъэт мыбы, жея мыр ныжэбэ? – утыкум иреутIыпщхьэ Iэлбий Къамбот. – Щыри шауэ щIэдзэн хуейщ!

Iэлбийр мэкIий, Жырбеслъэни, абы жиIэр зэрыдиIыгъыр гурыIуэгъуэу, къоплъ арэзыуэ, колхозым и тхьэмадэ Къущхьэ Башир адэкIэ жьантIэм къыдэсщ, и натIэм къыщIэплъу. Хэт сыт жиIэми, кIийми, гуоуми,

зыми щыщкъым, абы къахуищIыращ унафэр. Ауэ Башир зыри жиIэркъым.

– Сэлам алейкум, – къыщIохуэ Хьэжы.

Къамбот къыщалъэфым зылъэгъуа зыгуэрым жриIэжамэ, къэкIуауэ арат ар. Мыдрейми и псэр къыхыхьэжащ, ар зэрилъагъуу. Хьэжы куэд дыдэ щIауэ егъэджакIуэт, пщIэрэ щIыхьрэ иIэт, и жыIэ цIыхур едаIуэрэ Iуэхуи тращIыхьу.

– Уалейкум сэлам, Хьэжы, къеблагъэ, сытым укъытхуихьа? – зыпэрыс стIолым къыпэротэджыкI колхоз унафэщIыр. Щыми, зым адрейр зэран хуэхъужу, къахуеблэгъам и Iэр къаубыд, зэрызехьэу.

– ЛIо, дауэ фыщыт, дауэрэ фекIуэкIрэ? – жи Хьэжы.

Абы зызыхуигъэзар Къущхьэрами, Iэлбий къыдоуэ, Башир и жьэр зэщIихыну хунимыгъэсу:

– Дауэ декIуэкIрэ, мис мы Iейхэм я бэлыхьым деукI... Колхоз мылъкум йодыгъу, иджы щыщIэдзауэ!

– Сыт къадыгъуауэ жыхуэпIэр?

– Амбарым дэлъ мэкъур дагъэIэпхъукIащ ныжэбэ! – Жырбеслъэн къопсалъэ.

– ЛIо, уэри уахэтауэ ара абыхэм?! – Хьэжы йоплъ Къамбот цIыкIум. – Дэнэ здэпхьар мыбы жыхуаIэ мэкъур.

– ТIэкIунитIэт зэрыхъури, ди танэжь цIыкIум ишхыжащ, нетIэ естри. –Къамбот зэрыщыт дыдэр жиIащ, пцIы иупс сыту хэмыту. КъащIати къащIат, лIот абы, убзыщIыну иужь уихьэжкIэ.

– Зыри къэмынэуи?

– Къэнакъым, тIэкIунитIэт зэрыхъур.

Хьэжы, зыхупыгуфIыкIри щIыпыгуфIыкIри умыщIэу, и пащIэкIэ щIэгуфIыкIащ. Абы «Ара-тIэ, фэ къомым фи Iуэхур къэвгъэнауэ зи ужь фитыр!» – жиIэу къикIыу къащыхъуагъэнущ мыдрейхэм, я щхьэр ирахьэхащ.

– Я пщIантIэ фыкIуи зэвгъащIэ Iуэхум и пэжыпIэр, – унафэ ищIащ колхоз тхьэмадэм. – ИтIанэщ сыт пщIэнуми щыпщIэнур, футIыпщ мыхэри зэкIэ.

Къуажэ милицэри хэту къакIуэри къащащ пщIантIи, хади, Iуэи, сыти. IэмыщIэ лъэныкъуэ из хъун тIэкIу шхахуэу ягъуэтауэ аращ. Тхьэр арэзы къыхухъу бжыхьым къыщхьэпрадзауэ щыта мэкъу къомыр зыдыгъужам, армыхъумэ а къыщащам ахэр къыкъуагъуэтатэмэ, бэлыхь хагъэтынкIэ хъунут. А къызэрамыгъуэтаIам хуэдэуи, зыхуэIуа щыIэтэкъым Iуэху ящIыныр, Хьэжы мыхъуатэмэ... А мэкъу щхьэпрадзар зыдыгъужар армырауэ пIэрэт бзэгу зыхьар езыр?!

* * *

ГъатхэкIэ, гъэмахуэ жэщхэр кIэщI дыдэщ. ШэмыгъапцIэ жэщ жыхуаIэм хуэдэхэщ. Зы напIэ дэхьеигъуэ закъуэу фIэкIа къыщымыхъуу егъакIуэ а тIэкIур лэжьакIуэм. Махуэ псом гугъу ехьа, нэху зэрыщыххэуи лэжьыгъэм аргуэру къыщIэтэджэжыну къуажэдэсхэр мащIэщ пщыхьэщхьэкIэрэ зэрыщысыр. Пшапэр зэхэуамэ, пщIантIэм, хадэм щумылъагъужIауэ хъуамэ, я щхьэр пIэм занщIэу яхьауэ, зэрызагъэпсэхунум пылъу арщ. Апхуэдэщ Къамботхи. Ауэ абыхэм я унагъуэ цIыкIум а зэман кIапэ тIэкIур щIэщыгъуэу щагъакIуэ куэдрэ къохъу, сыт хуэдизкIэ емышами, я жеин къакIуэми. Мис, ныщхьэби аращ. Псори зэхуэсыжащ, нэхъ хущIэмыхьэ дыдэ я мами яхэту. Лъапэнэху мащIэ зыдз уэздыгъэм и бзийри, пщыхьэ-

щхьэ къэси хуэдэу, щхьэгъубжащхьэм гъуэлъ-къэтэджыжу щолъэпэрапэ. Къамбот нобэ нэхъ емышу къызэтенауэ къыщохъу, махуэкIэрэ нэхърэ. Сурэт ищIынт, мамэ сымэ жеижауэ щытамэ. Иджы хуейкъым. ФIэфIкъым сурэт ищIу анэм зыкърыгъэлъагъуну. Щэхуущ, зыгуэр ищIми зэрищIыр... Ей, хьэлэмэтщ, цIыхум и гум, и псэм щигъафIэр, нэхъ фIэлъапIэ дыдэу иIэр ибзыщIмэ, зыми къыдамыщIэу иущэхумэ, нэхъ къэщтэ. Къамбот апхуэдэу иIэщ сурэт щIын Iуэхур. Зыхилъхьэ щыIэкъым. Ауэ батэри хуэгъэшыркъым. ЛIо, «Колхозыр къаIэтыж» жиIэу а ищIар? Хъуауэ ара ар сурэт? Картэ кIапэ фIеижь тIэкIум и щIыбагъым къэрэндащ пагуэжькIэ трищIыхьащ. Хъуакъым зыцIыкIу. Жэмхэмрэ фызхэмрэ зэпэщIэщIауэ сатыр кIыхьу екъуу кIуэуэ. Ерагъыущ къызэрыхэщыр жэмхэри, фызхэри, абыхэм къаIэтыж «колхозри». Ауэ еплъахэм къыхалъагъукIащ а псори. Хьэжы уеблэмэ къыгурыIуащ а сурэтыр щIищIар... Уа, жэмхэм я шхуэлхэр къыхэплъагъукIыу ищIауэ пIэрэ? ИщIэжыркъым дахэ-дахэу къыхэщрэ къыхэмыщрэ. Къыхэмыщмэ, вы ягугъэнкIэ хъунукъэ? ИтIанэ лIо и мыхьэнэр а сурэтыр зигъэлIэжу зэрищIам?!

## ГЪАБЛЭ

Тебэр хьэкум тетщ. Абы увыIэ жыхуаIэр ищIэркъым: «цIыв-цIыв, цIыв-цIыв, цIыв-цIыв». ПщIэнкъым абы и цIыв-цIыввыр зэпигъэумэ, зы бэлыхь къэхъуну фIэкIа. Пщыхьэщхьэ къэси хуэдэу, зи жьэр зымыгъэувыIэ а тебэм чыржынищ илъу къыщIэкIынщ иджыри. Мамышэ цIыкIунитIи хэту, унагъуэм исым я зырыз. Ар пщэдей пщыхьэщхьэ пщIондэ ярикъун хуейщ. Апхуэдэущ зэрагъэажьэр. ЛIо-тIэ ебгъэщIэнур, хъуркъым Iэмал зэриIэкIэ зэрамыгъэзахуэу. ЦIыхум яшхынур дахэ-дахэу ярикъуркъым. Ягъуэтыркъым япщэфIын, щыIэкъым гъавэ. Ар зи зэраныр нэгъабэ уэшх къызэремышхар, уэгъу Iейуэ зэрыщытаращ... ИтIанэ зауэми и зэранщ. Уа, гъэщIэгъуэным и гъэщIэгъуэныжщ, къыгурыIуэххэркъым Къамбот: цIыкIухэр зэзауэу ядэркъым. Зэзэуэну зызэпашауэ зэралъагъуу инхэр къожэри, занщIэу фыбэяу, жаIэ. Шхыдэхэурэ зэIэпашыж, зэрагъэкIуж. НтIэ, итIани езы балигъхэр щхьэ зэзауэхэрэ?! Ей, сыту пIэрэ абыхэм зэпаубыдыр? Хэт нэхъ къаруми, хэт текIуэнуми зэхагъэкIыну арауэ пIэрэ, дэ нэхъей? Я папэ зауэм хэкIуэдауэ зэрыжаIэр игу къэкIыжа нэужь, Къамбот Iэджэрэ мэгупсысэ, куэдым и гур макIуэ... Ей, дауэу пIэрэ ар зэрыхэкIуэдар? ЗэраукIа щIыкIэ мыгъуэр сыт хуэдэу пIэрэт? Дэнэ и дежу пIэрэт къыщеуам зытрагъэхуар? Абы къеуэу щаукIам, лIэуэ щытелъ дыдэм ирихьэлIэу езы Къамбот ищIэр сыту пIэрэт? Школым щыIэт хьэмэ? Ы-ы, уей, школым щIэмытIысхьэххат абы щыгъуэ. Уа, и адэ тхьэмыщкIэм и псэр щыхэкI дакъикъэм езыр дыхьэшхыу щытауэ пIэрэ? СыткIэ ищIэн? Ей, щхьэ зытрагъакIуэу пIэрэ а нэмыцэжьхэр дыдей къомым? Уэихьи, езыхэр нэхъыбэж хъууэ щытауэ къыщIэкIынут армыхъумэ, си Iуэхутэмэ зытрагъакIуэми... Ы-ы, Iейуэ! КъатекIуа ахэр сытми, дыдейхэращ ятекIуар а Iыижь къомым. Узыжьыр иратащ, ухуеймэ. Адэ, къыздикIа нэмыцэм яхужри, езым я деж щаукIыжащ. Хуэзэр иращIакъэ?! Ауэ Къамботхэ я папэ хэмыкIуадэ щIыкIэ ятекIуауэ щытамэ арат.

Гуащэкъарэрэ шынэхъыщIэжь цIыкIумрэ зэдоджэгу. УвыIэ яIэкъым. Къамбот абыхэм зыкъомрэ еплъу щыта нэужь, еужэгъу. И Iэхэр, инышхуэхэм зэращIым ещхьу, и щIыбымкIэ щызэрыдзауэ, къокIукI-нокIукIри щытщ. Ар еубыдыж адэм и гупсысэм. Зыри зэхихыжыркъым икIи илъагъужыркъым. Йогупсыс, зыгуэрхэр и нэгу къыщIегъэхьэ адэр зэраукIагъэнкIэ хъунум теухуауэ. Школым нашауэ зэгуэр илъэгъуауэ щыта

чинор игу къегъэкIыж. Нэмыцэжьицым дыдей зыр яубыдщ бэлэрыгъауи, яукIат. Бэлэрыгъауэ емыуами, щым пэлъэщынт и закъуэ? Ари ешарэ зыри хузэфIэмыкIыжу, хьэлэчу мэжалIэу ирихьэлIат. ТхьэмыщкIэ, абы и псэр щыхэкIым зыуэ гуузу щIыр Iэбжьанипщ IкIэ къритхъурти! А къыщытеуа сыхьэт дыдэм ирихьэлIэу езым хуэдэ нэгъуэщI ди зы зауэлI а сэлэтым и гъусауэ щытамэ-щэ? КъытекIуэну пIэрэт итIанэ? ХьэлIамэ гъэва къатекIуэнт. Уэихьи ыхьы, зэтрамыукIэтэмэ щыри зэрыхьмэгуууэ! КъыхуэзэнкIэ хъунтэкъэ-тIэ нэгъуэщI зы сэлэт, мо Хьэжчэрим зэрыжиIэжам хуэдэу яубыду, лажьэ ямыIэрэ мынэгъуэщIу, лъэхъуэщым ирадзэу ирамыгъэсу, ягъэзэуауэ щытамэ? Хьэмэрэ а яукIыну щаубыдам и гъусэнкIэ хъунтэкъэ? Хъууэ къэнэжынтэкъым... Къамбот абы егупсысурэ, Iэджэрэ къонэщхъей. И нэгу къыщIегъэхьэ езым и адэр апхуэдэу яубыдауэ. Уеблэмэ а лIыр и папэ дыдэмэ, сыткIэ ищIэрэ? Армырыххауэ щрырети, я папи а чином хэта сэлэтым хуэдэ зыгуэрущ зэраукIауэ къыщIэкIынур. Дэ ди зауэлIхэм щыщ гуэр зыщIыпIэкIэ щыхэкIуадэу чинокIэ илъэгъуамэ, е тепсэлъыхьыжIауэ зэхихамэ, «Ар ди папэу пIэрэ?!» – жеIэ щIалэ цIыкIум. И гум лъэмыкIыу зызэхуешэ, и гъын къокIуэ. Пэж дыдэу, апхуэдэу яукIахэм яхэтыпэу къыщIэкIынкIи хъунукъэ?! ЛIо, хэт сыт хищIыкIрэ, хъыбарыншэу щыхэкIуэдакIэ? Зыми имыщIэрэ мынэгъуэщIу... Мы щIыкIэм тету мыбы хуэдэ щIыпIэм мыбы щыгъуэ щаукIащ жиIэу къиIуэтэжыну Iуэхум и тэмэмыпIэм щыгъуазэу мы дуней псом зы псэ закъуэ теткъым. Аращ, кIуэдауэщ тхылъымпIэ кIапэ тIэкIу адэ пасэу къагъэхьауэ щытам зэритауэ жыхуаIэжри. Сегупсысынкъым, жеIэ Къамбот, апхуэдэу жиIэхуи, нэхъыбэж и щхьэм къохьэ.

* * *

Тебэм и «цIыв-цIывыр» увыIэркъым. Мамэрэ Мамышэжь цIыкIумри аращи, кIуэху нэхъри нэхъ къызэрокI, зэрызохьэ Iейуэ. Зызэрадз, зобэн, зэрытемыгъакIуэ хуэдэу защI. ИтIанэ анэм щIалэжь цIыкIум зыкъытрырегъадзэ. Мыдрейм, ар и фIэщ дыдэ хъуауэ, дуней гуфIэгъуэр иIэщ. И гугъэжщ абы нэхърэ нэхъ къарууэ, текIуэпауэ. Апхуэдэу зэрызехьэурэ, гъуэлъыпIэм къохыжри, аргуэру нэгъуэщI джэгукIэ гуэрым зрат. Анэм и щIалэ гъэфIэн цIыкIум жреIэ: «ЦIыкIунитIэ, иIэт, щIэхыу зыкъытегъахуэт! Ехьи, уэ убажэт, жи, убажэжь цIыкIу. ИIэт, щIэхыу зыкъытегъахуэт, бажэ бзаджэжь цIыкIу!» Мыдрейми, зи, узригъэлъэIущэнукъым. И лъакъуэхэр занщIэу щIегъэху. ИтIанэ и нэ цIыкIуитIыр зы хьэлэмэт гуэру щIрегъэлъафэ. ЕуфIыцIыпэри, быдэу зэтрекъузэж. И Iэхэри и лъакъуэхэри еукъуэдииж. Щылъщ мыбауэм хуэдэу. Анэр блэкIрэ пэт, «имыщIэххэу» абы хуозэ. «Ан-на, Iей, мы бажэжь цIыкIур лIауэ гъуэгум телъщ!» – жеIэ. Мамыши дэнэ зыкъыщигъэпIэтIэуэн! Ахъи быхъи жиIэркъым. Зи, мыбэуэжыххэ хуэдэщ. ИтIанэ анэр абы бгъэдохьэ, и лъакъуитIыр еубыдри ирелъэфажьэ. «Мыр модэ мо бэкхъым щIэдзэн хуейщ. Пщэдджыжь нэху щымэ, и фэр Лъостэнбий тредгъэхынщи, пщампIэ тщIынщ!» – жиIэурэ, анэм ар бжэщхьэIум нэс елъэф. Зи, лIэпа фIэкIа зэрыпщIэн щыIэкъым.

Мы ныщхьэбэ и закъуэкъым, мамэ сымэ апхуэдэу куэдрэ ящI я хабзэщ. Ар Къамбот и щIэщыгъуэжкъыми, зэгуоп. Абыхэм апхуэдэу зэращIыр псоми яфIэгъэщIэгъуэнщи, гъунэгъу къыщIыхьами, я благъэхэм щыщ гуэр хьэщIэу къахуэкIуами, «ИIэт, зыкъытегъахуэт, Мамышэ!» – жаIэ занщIэу, нэгъуэщI Iуэху ямыIэу абы щхьэкIэ къэкIуа фIэкIа умыщIэну. «Бажэжь цIыкIум» щодыхьэшх. Къамбот хьэлэчу зэгуоп: уа, сыт абы гъэщIэгъуэну хэлъыр? Мис, иджыпсту и анэмрэ и къуэш нэхъыщIэжь

цIыкIумрэ апхуэдэу зэрызохьэ, Къамбот езым и ныбжьым кIэлъоплъ, дихьэхыжауэ. Блынджабэм кIэридзэ и ныбжьым. Абы еплъурэ, и Iэхэр лъагэу еIэт, лъэбакъуэхъуу мэув. УэI, мод-дэ-э, мопхуэдизыжь хъууэ щытамэ аратэкъэ езыр! Уэлэхьи, си Iуэхутэмэ, а я папэ зыукIа нэмыцэ фашистыжь къомым узыжьыр яримыттэми! И Iэблэ лъэныкъуэм и закъуэ зы лIышхуэжь хуэдиз мэхъу! Мо и щхьэ гъумышхуэр-щэ? Уоууэхьрэ, матэм хуэдэщ! Уэихьи, ыхьы, апхуэдизыжь зи инагъ мати щымыIэ, ухуеймэ!.. Щхьэгъубжащхьэм тет уэздыгъэнэфыжь цIыкIум нэхъри нэхъ гъунэгъуж зыхуещI. АпщIондэху ныбжьри нэхъ домбеиж мэхъу. Модэ, Къамбот зы блынджабэ псо и инагъщ. Аргуэру нэхъри нэхъ гъунэгъужу бгъэдокIуатэ уэздыгъэми, и щхьэ закъуэр блын псом имыхуэжу мэхъу. Унащхьэм зыкъыщегъэш, щIоуэри.

Къамбот адэкIэ Iэджи къызыфIигъэщIу щIедзэ. ЗэуапIэращ. Нэмыцэхэр куэд Iей хъууэ ди сэлэт мащIэ дыдэ къаухъуреихьащ. И нэкIэ илъагъуу абы зылI къыхожри, шынэ жыхуаIэр имыщIэу уэуэ, фашистыжьхэм Iисрафиблыр къахуигъакIуэу зэтриукIэу щIедзэ. Я Iэтащхьэхэм щыщу къыщIэкIынт, шэч хэмылъу, зы нэмыцэ лIы инышхуэ гуэрым, гъынцIгъынцI жиIэу и Iэхэр ещIри, фриц гупышхуэ къреджэ. Абыхэм хахуэу яхэлъэщыхь ди сэлэтыр къаухъуреихь. Хэт и щIыбагъымкIэ, хэт и гупэмкIэ къожэри, зэщIаубыдэ. Къамбот и адэрат а яубыдар. Йожэри, Iэпхлъэпх ящI. Асыхьэтым Къамбот къыкъуоху, блынджабэм кIэридзэ мо и ныбжь домбейм хуэдиз хъууэ. Гъэр ящIауэ яукIыну ялъэф и адэм жьэхолъадэри, бийхэр хьэлэчыпцIэр я махуэу зэтриукIэу щIедзэ. Абдежым бий лъыиф къэрабгъэжь къомыр зэбгрыжу хуожьэ. АрщхьэкIэ дэнэт, Къамбот зыIэщIигъэкIынт ахэр, сытми?! Зырызыххэу къиубыдым къыфIиIуэнтIыкIыурэ, псоми я щхьэхэр и адэм и пащхьэ ирелъхьэ. «Ар сэращ, папэ, сыкъэпцIыхужыркъэ, сэ сы-Къамботщ! НакIуэ, узыжьыр еттынщ а нэмыцэжьхэм псоми, зы фриц къэдгъэнэнкъым псэууэ!..» – жеIэ. Мухьид и къуэм гуфIэу IэплIэ къыхуещI...

* * *

– Асымыгъуэзэрабгт, си тебэр ес! – жеIэри анэр хьэкум йожалIэ. «Бажэжь цIыкIури» абы кIэрыIуащ. Тебэшхуэм ныщхьэбэ чыржынитху къикIащ, пщыхьэщхьэкIэрэ игъажьэ хабзэ щым я пIэкIэ. Къамбот абы йоплъ игъэщIагъуэу – сыт апхуэдэу щIищIар? Гуащэкъарэ щыр Iэнэм къытрелъхьэри, тIур зыгуэрым кIуэцIелъхьэ.

– Сыт, мамэ, ар зэрыпщIынур?

– Сыхуейщ... Модэ, Хьэсэнхэ яхуэсхьынущ.

Къамбот жаIэу зэхихат абы гъаблэр къалъэIэсауэ. Ауэ дауэ а гъаблэр къызэрыплъэIэс щIыкIэр? Сыт хуэдэу хъурэ ар къызылъэIэса цIыхур? Iей мыгъуэу мэжалIэмэ, гъыуэ зэхэсу пIэрэ? Дыгъуаси вэсэмахуи ялъэгъуакъым Хьэсэни адрей и шыпхъу цIыкIухэри. Ахэр ялъагъуну, Iуэхур зытетыр зрагъэщIэну Къамботрэ Хьэжсуфрэ кIуат нобэ. Я анэ Мэржани яхэсу, цIыкIуиплIыр утыкум ист, зыри жамыIэу. ЩIыхьахэм ахэр зэпаплъыхьырт гъаблэр къалъэIэса нэужь, цIыхур зэрыщытыр къащIэну.

– Мамэ, сомэжалIэ, сышхэнущ, – жеIэ я хъыджэбз нэхъыщIэ цIыкIум. И нэпсыр Iэ щIыбкIэ щIелъэщIыкI.

Зыми зыри жамыIэу щысщ тIэкIурэ. ИтIанэ Хьэсэн ерагъкIэ погуфIыкI:

– Уэлэхьи, хьи, уэ уи япэж сэ сышхэнтэмэ, арат жыхуэпIэр?!

Я анэр абыхэм нэщхъейуэ къахоплъэри, и щхьэр ирехьэхыж. Къамбот

къэкIуэжри, Гуащэкъарэ а псори жриIэжати, арагъэнщ иджы чыржын щIыхуахьыр.

– Мамэ, сэ яхуэзгъэхь, кхъыIэ! – анэм йолъэIу Къамбот. – Хъун, мамэ?

– КIыфI Iейщ, укIуэфынIым...

Анэм и хьэлыр къызыгурыIуэн щыIэу къыщIэкIынкъым. Пшапэр зэхэуауэ дапщэрэ бгым кIуэрэ Къамбот, Iэщ къэтмэ. Иджы нэхъ лейуэ щIэшынэнур сыт, гъунэгъум екIуэкIынумэ?!

– СыкIуэфынщ, лIо сыщIэмыкIуэфынур? – чыржынхэр абы къыIэщIехри, щIалэ цIыкIур йожажьэ. Гуащэкъарэ и нэхъыщIэм и Iэпэр еубыдри, абы и ужь йоувэ. АрщхьэкIэ модрейр здэкIуэнум нэсакIэт. ЛIот, куэдрэт, унитI къудей я зэхуакуу арат. Къамбот здэкIуам псори щIэст, а нобэ зэрызэхэса дыдэм хуэдэу.

– Мыр сыт, Къамбот, дауэ уи закъуэ укъэкIуэфа мы жэщ кIыфIым умышынэу, – жеIэ Мэржан, гъунэгъу щIалэ цIыкIу къыщIыхьам и Iэм IэщIэлъ зэкIуэцIылъым и нэр къытримыхыу еплъурэ.

– Мыр мамэ къыфхузигъэхьащ...

Мэржан зэкIуэцIылъ тIэкIур зэкIуэцIихыу хьэлухэр къыщыщIэщым, цIыкIуиплIыми я нэр къыихуу къыщолъэт.

– Мамэ, кхъыIэ, сэ къызэт, мамэ, кхъыIэ, сэри къызэт!.. – мэлъаIуэ, мэкIий, зэрыукIыу допIэстхъей псори. Къамбот Мэржан и дежкIэ еплъэкIащ: сыту яхуидэрэ абыхэм апхуэдэу ерыскъы щхьэкIэ хьэлыншэу зэрызащIыр?! Ар Къамботхэ я мамэу щытамэ, узыжьыр къаритынт. Модэ мо Хьэсэн, инышхуэ хъуащ, итIани мыдрей цIыкIухэм нэхърэ нэхъ Iейщ. Псори зэлъыIуитхъуурэ, ар и анэм йокIуэталIэ!.. А-а, абыхэм гъаблэр къалъэIэсащ. Аращ, дауи, я хьэлыншагъэм щхьэкIэ Мэржан цIыкIухэм зыри щIажримыIэр – фIэгуэныхь мэхъу.

Анэм хьэлуунтIыр зэхуэдиплIу яхузэфIещIыкIри, псоми зырызыххэу яхуегуэш. Зыуэ гужьеяуэ яшхырти абыхэм хьэлу хуабэр!

– Си гъащIэ псокIэ сщыгъупщэнкъым, Гуащэкъарэ, уэ ныщхьэбэ мы къысхуэпщIар! – жеIэ Къамбот къыдыщIэкIа Мэржан. – Алыхьым псапэу къуитыж, фи къэтхэри узыншэу Тхьэм къыфхуихьыжи, фигъэIуэтэж.

– Алыхьым фэри фигъэIуэтэж... Сыт тщIэн, уи бын дыгъэлыр деплъу шхын щхьэкIэ тхуэгъэлIэнуIым. ДяпэкIи диIэ мащIэр зэрыхъукIэ зэдэдгуэшынщ, Алыхьым жиIэмэ, ауэрэ кIэртIофми ущIэIэбэ хъуну къыщIэкIынщ, хъарзынэу къытеуващ мы гъэм... Дыдыд, мыгъуэ, дяпэкIэ Тхьэм дыщихъумэ а нэгъабэрей уэгъу Iейм. Алыхьым димыгъэлъагъужкIэ мы гузэвэгъуэм хуэдэ!

Зауэ кIыхь гущIэгъуншэмрэ уэгъу егъэлеямрэ я лъэужьыр узижагъуэным и махуэт. А махуэр къатепсыхат мы гъэм. МащIэ-куэдми, гъавэ гуэр зыкъуэлъу жылэм дэсыр зырызыххэт. Къамботхэ ящыщт а тIэкIу зиIэхэм – къахуэнат нэгъабэрей нартыхужьым щыщ тIэкIу, зэрыхъукIэ абы Гуащэкъарэ псапэ химыщIыкIыу къанэртэкъым, куэдым яIухуэрт и ерыскъы. Ауэ, псо мыгъуэри пхуэгъэшхэнт, зы лъэIуакIуэм и ужьым адрейр итт. ИтIани, мы ныщхьэбэ Къамбот илъэгъуам хуэдэ дыдэу фIэгуэныхь хъуа абыхэм зыри къахэкIатэкъым.

– Мамэ, а яхуэсхьам щыщу Мэржан езым зыри зылъигъэсыжакъым, псори Хьэсэнрэ и шыпхъухэмрэ яхуигуэшыжащ. Шхын щхьэкIэ лIэнукъэ иджы ар?

– Сыт мыгъуэр тщIэн-тIэ, си тIасэ, дэри абыхэм дакъызэрыкIэрыху щыIэкъым, а дгъэжьа чыржын тIэкIум пщэдеи зридгъэкъун хуейщ. Зы

кIэчан къэп хуэдэ хъун иджыри пкIэм илъыжу щыIэщи, пщэдей ар дгъэлъэлъэжынщ, Тхьэм жиIэмэ. Ар тхьэжмэ аргуэру далъыгъуэзэнщ.

* * *

Нартыху кIэчан къэп иджыри зэраIэм, гъаблэр зылъыIэса я гъунэгъум абы щыщ зэрыратынум иригуфIэу гъуэлъыжащ Къамбот а пщыхьэщхьэм. Зэрыгъуэлъуи жейм хилъэфащ. Жеижащ щIэх Гуащэкъари, Iейуэ зэхэукIат, и лъакъуэхэри къеузырт.

Пщэдджыжьым анэм бжэр Iуихыну хуожьэ. IукIыркъым. ЗанщIэу къыгурыIуакъым къэхъуар. И гугъащ зыгуэр бжэ лъабжьэм Iузэрыхьауэ. АрщхьэкIэ нэщIт, зыри зэран хуэхъуртэкъым. Зыгуэрым хьэлъкъыр щIыбымкIэ къыщыфIидзат. Анэр гужьеяуэ бжэм йоуэ, щIалэ цIыкIуитIыр магъ. ЛIот, хэт узэхихынт, гъунэгъу уимыIэмэ? Молэкъасымхэ япщэкIэ къыщысу арати, километрныкъуэкIэ япэщIэхат я унэр. Ауэрэ, зэман дэкIауэ, зи Iэщ къезыхуха гуэрхэм зэхах унагъуэм я Iэуэлъауэри, сытми, зэ бжэр Iуах. «Ду» жиIэу цIыхур къызэхуос. КъуажэкIэ псом къыдэнаIауэ къыщIэкIынтэкъым. Псоми зыгуэр жаIэ, зыгуэрхэм гурыщхъуэ хуащI, мабгэ. Гуащэкъарэ и фэр пыкIауэ абыхэм йоплъ, жаIэм йодаIуэ, дэтхэнэм жиIэм сыт къыхихынуми къыхуэмыщIэу. Къамбот гъын къудейрэ и Iупэр фIэпIэжьажьэу йоплъ анэм. Абы илъэгъуат анэр шынауи, гузэвауи, гужьеигъуэ гуэрхэм хэхуауи. Ауэ мы пщэдджыжьым хуэдэу Iейуэ и фэр пыкIауэ зэи илъэгъуатэкъым.

Ныжэбэ пкIэунэм ирадыгъукIа нартыху кIэчан къэп закъуэм фIэкIа я лъапсэм гъавэ зи цIэ имылъыж пэтми, Iуэхур зытетыр къыщащIам, анэри Къамботи гуфIащ езыхэм къазэрыщымыщIаIам щхьэкIэ. ЦIыху бзаджэр къодыгъун дэнэ къэна, нартыху Iэбжьыбым утриукIэнкIэ хъунут. Абы и щыхьэттэкъэ я унэ блыным зы екIэпцIэ бжэгъу цIынэ хьэлъэшхуэ къызэреупсеяр. Дыгъу къызэрыкIуар ныжэбэ зыгуэркIэ къищIэрэ анэм бжэр къыIуихамэ, хьэлъкъыр къыфIэзыдзахэр а бжэгъумкIэ Гуащэкъарэ къеуэнут, дауи. Я насыпу къелат.

ЦIыхур мыувыIэу дыхьэ-дэкIт. Гуащэкъарэ къыхуэгузавэрт псори. Зыми игу къытезэгъатэкъым, а иIэ тIэкIум щысхьу щытатэкъыми, жумарту псоми ядэгуашэрт.

– Мамэ, Хьэсэнхэ хуэдэу, иджы дэри гъаблэр къытлъэIэса? – йоупщI Къамбот анэм. Абы и щхьэфэм гъунэгъу фызым Iэ къыделъэ. Зыми зыри жиIэркъым.

## ФЫЗАБЭХЭР КЪЫЗЭРОIЭТ

Гъэмахуэпэ пщэдджыжь хьэлэмэт гуэрщ. Дыгъэр Жэгъунтхьэблэ и щIыб къыдэт бгы мылъагэ дыдэм гъунэгъуу къызэрыбгъэдыхьар уолъагъу, къыщIэмыкIами – уафэ щIэлъэныкъуэшхуэр плъыжьу кърииIащ, къурш къабзабзэм и нэхъ папцIапIэ зырызхэм къатолыдыкI, и бзийхэр ялъэIэсауэ. Куэд щIащ къуажэдэсхэр къэтэджу я Iуэху и ужь зэрихьэжрэ. Хьэлэмэту къызэщоу, зыкъеужь мыпхуэдэ пщэдджыжьхэм мэкъумэшыщIэ къуажэм. Псом япэ унэгуащэхэращ къэхъейр. ЦIыхухъу зырыз щыIэхэр зэрыс унагъуэхэми цIыхубз Iуэхур нэхъ жыыIуэу къыщыдах. ИтIанэщ цIыхухъухэм зыкъыщаужьыр. Абыхэм сыт ящIэнуми, шха нэужьщ... НтIэ, унэгуащэхэр къохъей псом япэ. Абыхэм яужькIэ зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми, нэхъ гувауэ къуалэбзу цIыкIухэр къызэщIоушэ. Ауэрэ цIыхухъухэр, сабийхэр...

Къамбот къыщохъу Гуащэкъарэ нэхърэ нэхъ жыыуэ къэтэдж къуажэ псом дэмысу. Сыт хуэдизрэ абы япэ къищу къэтэджыну езым мурад

имыщIами, къехъулIэркъым. Хожае. Мис, нобэ гуэрым анэр къэтэджауэ зыгуэрхэр къызэхегъэкъуалъэ. Нартыху зэтеуда тIэкIу щыIар хьэнтхъупс ищIыну арагъэнщ зи Iуэху зэрихуэр. Абы нэмыщI нартыху гъэлъэлъауэ зы тепщэчышхуэ гуэрым изи къыкъуэкIыжат. Ар щхьэлым хьарэ егъэхьэжамэ хъунт, жиIат дыгъуэпшыхь щыгъуэлъыжым Гуащэкъари, арат Къамбот нобэ абы япэ къэтэджыну щIыхуеяр, арщхьэкIэ... Иджы анэм идэркъым иригъэхьын. Куэдщ, жи, иужькIэ нэхъ зэман уиIэу пхьынщ, нобэ хадэм тIэкIу дыхэгъэпщIыхь, япэпщIэ япщIауэ умыщIэну аргуэру къытеувэжащ удзыжьыр хьэлэчу. Къамботи гу лъитат абы, ауэ зыри жиIэртэкъым. Япэ дыдэу япщIарат къызытегъэзэжын хуейр – джэшыр. Адрейхэр зэкIэ къабзэт. Джэшым и пщIэным щхьэкIэ нэф-дэгу зыщIищIами щхьэусыгъуэ иIэт. И анэм мызэ-мытIэу жиIэу зэхихат джэшыр адрей къэкIыгъэхэм хуэмыдэу, удзым нэхъ пэлъэщу. Езыми игъэунэхуат ар, щыIэт зэ пщIэгъуэкIэ щызэфIэкI. Пэжу, апхуэдэхэм деж гугъу хъурт къыщипчыжкIэ, удзым къыпхухэхыртэкъым. Ауэ абы дэпшэч гугъуехьымрэ а удзыжь къомым хьэмфIанэкIэ уезауэу хадэм уитынымрэ зэхуэдэтэкъым. Зэ Лъотхэ я шэмэджыр къыIихщ аби, пиупщIщ псори зэдэкIуэуи, тыншу къыхихыжат иужькIэ джэшыр. Псори зэрызэщIэлъу гуахъуэкIэ дэшхуей щIагъ жьауэм ихьри, зэхихыжат. Арат иджыри зыщыгугъыр, етIуанэу дымыпщIэми хъуну пIэрэ, жери. АрщхьэкIэ, анэм Iэмал имыIэу пщIэн хуейуэ щыжиIэм, пэрыуакъым – абы нэхъ ищIэрт, дауи. Зэанэзэкъуэр пщэдджыжь жьыщIэхум ихьэщ хадэми, къанэ щIагъуэ щымыIэу къыхагъэкIащ джэшыр. Яухыпэнуи къыщIэкIынт, джэ макъ гуэр къызэхамыхамэ. Банэ бжыхьым адэкIэ къыкIэрытт Щыхьырбий, къуажэ школым егъэджакIуэу ува Iэлбий и пIэкIэ къагъэкIуа бригадирыр. Ар лIы лъахъшэ Iув гуэрт. Къызыхихри имыщIэу, Гуащэкъарэ абы угъурлыфэ ириплъырт. Мэржан ар идэртэкъым: «Аллыхьу дыкъэзыгъэщIа, абыхэм угъурлыуэ зыри яхэмыт, угъурлыхэр зауэм хэкIуэдащ, мыхэр псори пабжьэм къыхэпщыжа угъурсызыжьхэращ. Сыт-тIэ ар зауэм щIэмыкIуар? И Iэпкълъэпкъ псом зы пIэскIугъэ имыIэу узыншэщ!» Фызхэр апхуэдэхэм деж дыхьэшххэрт: «Уа, Мэржан, сыткIэ пщIэрэ уэ абы и Iэпкълъэпкъ псом пIэскIугъэ иIэрэ имыIэрэ... А жыпIэм зыгуэр къокI уэ!» «Щхьэр фымыгъэуз, – пыгуфIыкIырт езыри. – Фыкъаплъи-фыкъэдаIуэ, Iэлбиижьым нэхърэ зыкIи нэхъыфI хъунуIым ари. ПлъагъурIэ, Iи, абы и нэщхъыжьыр зэрызэхимых!»

– Къеблагъэ, Щыхьырбий.

– Догуэ, уэ мы къуажэм я Iуэхур уи мыIуэхуу ара, – сэламыр Iимыхыу, къыщIэкIиящ угъурлыфэ зриплъыр, Мэржан зэрыжиIам хуэдэу и нэщхъыр зэхэлъу. – Дыгъэр шэджагъуапIэм къиуващ, уэ уи щхьэ Iуэхум укъыдэхуэркъым!

– Си хадэ мыгъуэр пщIэн хуейщ, тIэкIу зэрыхъукIэ солъадэ пщэдджыжьыпэ-пщыхьэщхьэпэхэм.

– Мис апхуэдэу фи гумрэ фи псэмрэ етауэ фыщылажьэрIым колхозым. ЗыщIывогъэх. Ауэ ар щыIэжынуIым дяпэкIэ. Дахэ цIыкIум хуэдэрауэ, щхьэж и Iыхьэр къыпыспщыкIынщи, физгъэувэнщ колхоз губгъуэм, фи махуэ нормэр зэхэхауэ. ФымыгъэзащIэрэ нормэр – фи жагъуэ фымыщIыж!..

* * *

КIийщ-гуоущ бригадирыщIэ Щыхьырбии, къызэмыплъэкIыу ежьэжащ. Гуащэкъарэ тхьэмыщкIэр абы и ужь иувэу кIуэн хуейуэ арат губгъуэм, пщIэн Iыхьэ къыIихыну. Аращ ищIари – кIуащ и ужь иувэри.

КъыIихащ Iыхьэри. ЩыдэкIым Къамбот къыжриIащ тепщэчышхуэм илъ нартыху тIэкIур ихьэжыну. ЩIалэ цIыкIур здэкIуа щхьэлым бадзэ щыдымыртэкъым. ЛIот, цIыхум яхьэжын ямыIэмэ? Щхьэлынэм зы пэгун ныкъуэ фIэкIа къэмынэжауэ икIырт нартыхур. Къамбот ар и гуапэ хъуащ. Пэгун из мыхъупэт Гуащэкъарэ жыхуиIа тепщэчым нартыхуу къикIар. А тIэкIур, елъэIумэ, хурикIутэнт, мо иухым и ужькIэ. ТегъэувапIэ пхъэбгъум дэхьеяуэ, икIутапIэ дыдэм зы нартыху къэп гъуэжьыжь тетти, арат Къамбот щIэшынэр. Ар зейр къэсрэ а къомыр ирикIутэмэ, дапщэщ щиухынур! Асыхьэтым и пэжьыр япэ иту къос Хьэсым. Къамбот зыгъэшынэ къэп гъуэжьыжьыр кърилъэфэжьауэ, и щхьэр етIатэ.

– Хьэсым, кхъыIэ, мы тIэкIур япэ схуикIутэ...

– Сыт мыбы мы тIэкIути, мы куэдти жыхуиIэхэр? Мыр питанэщ, къыбгурыIуэмэ!

Къамбот къыгурыIуэртэкъым питанэм къикIыр. Абы егупсысу здэщытым, къэпыщхьэр тIэтэн иухри, Хьэсым ущ жиIэу нартыхур щхьэлым ирикIутащ. Жэщ хъуху икIынтэкъым ар. Апхуэдэхэм деж, уелъэIумэ, щыпхухахъуажэ щыIэт, уи хьэтыр къалъагъуу. Ауэ мыбдежым абы ущыгугъыныр щхьэгъэпцIэжт: япэрауэ, апхуэдэу пхуищIыну щытамэ, ирикIутэххэнтэкъым, илъар щиухам ууейр япэ иригъэщынт. ЕтIуанэрауэ, езы нартыхур зы хьэлэч гуэрт, гъуэтарэ гъуэтауэ. Ар дауэ яшхыну? Яшхыну къыщIэкIынукъым, питанэу жиIакъэ. Сыту пIэрэ «питанэ» жиIэмэ, къикIыр? Былым сытым ирагъэшхыну арауэ пIэрэ? Сытуи ирехъуи, пэплъэнкъым а къомыр икIыху. КIуэжынщи, унэм, пщIантIэм сэбэп щыхъунщ зыгуэркIэ. Нышэдибэрей пщIэн тIэкIур нигъэсыжыфми плъагъункъэ...

Къамбот къыщыкIуэжым Хъыт IуощIэ псыхьэлъахуэ IэплIэ иIыгъыу псыхъуэм къыдэкIыжу. Зэгуэпырт Хьэсым питанэ жыхуиIар зэримыщIэм щхьэкIи, йоупщI:

– Хъыт, сыт питанэр зиIысыр? ЛIо абы къикIыр?

– Питанэри?.. – жеIэ Хъыт, и псыхьэлъахуэ IэплIэ зэкIуэцIыпхар итIауэ егъэуври. – Питанэр зиIысыр умыщIэу ара-тIэ уэ ныджыри къэс? Питанэр... кIэлъхуозым ейщ, мыст... губгъуэм щыIэу лажьэхэм ирагъэшх. Дэнэ питанэ здэщыIэр, хэт ар къыбжезыIар?

– Хьэсымгъуэгщ къызжезыIар, ар ирикIутащ, мы тIэкIур симыгъэхьэжу.

Къамбот и щхьэр икъутэрт, къыгурымыIуэу: ар дауэ? Губгъуэм щашхыр питанэу, нэгъуэщI щIыпIэ щашхмэ, мыпитанэу ара?!

* * *

ПщIэным и гуащIэгъуэт. Колхоз гъавэ щIапIэхэр пабжьэу зэщIэкIэжыным нэсат. Къитхъыр пэлъэщыжыртэкъым, мащIэт абы удзым хигъэщIыр. КъэкIыгъэр зэщIэзыщта удзыжьым зэребэныр Iэпщэ къарут. ХьэмфIанэ нэхъ техникэшхуэ хэмыхьэу, ари фызабэ тхьэмыщкIэхэмрэ сабий ныкъуэкъэжэпхъэхэмрэ я фэм дахырт. ХэукIуриеу къыщыхъу щыIэт, яхузэфIэмыкIыжу. Дыгъэр гуащIэти, уи щхьэм ихьэрт. Удзым къэкIыгъэр къызэрыхэщ щыIэтэкъым – пщIэнейм и пщIэнеижт. Ахэр псори зыгуэрт, цIыхур лэжьыгъэм яхуешалIэртэкъым, тшхын диIэкъым, дымэжэщIалIэщ, жаIэрти. Иджы абы Iэмал къыхуагъуэта я гугъэжу арат колхозым и унафэщIхэм. Арат Хьэсым дыгъуасэ тегужьеикIауэ ирагъэхьэжа нартыху фар зищIысыр. Я унафэщI Къущхьэ Башир я пашэу колхоз правленэр зэхэтIысхьэри унафэ ящIат махуэм япщIэн хуейр Iыхьэ-Iыхьэу ягуэшу, ар зыпщIэм хьэлIамэ гъэва зырыз иратыну. Пэжуи, абы лэжьыгъэм и екIуэкIыкIэми цIыхухэм колхозым щылэжьэным хуаIэ щытыкIэми хуабжьу зэхъуэкIыныгъэшхуэ

хилъхьащ. ХадапщIэм дэкIыр иджы зыкъомкIэ нэхъыбэ хъуат. Зи къарум къигъэгугъэ къэмынэу къащтат хьэмфIанэр. Хэт ищIэрэ, умылIэу колхоз хьэлIамэм гъаблэм укъригъэлынкIэ хъунут. ЗыщIегъэхын жыхуэпIэри дэнэ щыIэжынт, губгъуэм ихьа псори екъурт я нормэр ягъэзащIэу, хьэлIамэр къахьыну. А махуэм Гуащэкъарэ Къамботи здишащ губгъуэм. И къарум къигъэгугъащэртэкъым нормэр игъэзэщIэну. УмыгъэзащIэмэ, хьэлIамэ мылIэIусыр къуамытыным и закъуэтэкъым, жьэкIи уашхырт, дауи щIы, хэт уэ уи Iыхьэр зыпщIэнур, жаIэрти. Уеблэмэ бригадирыр лэжьакIуэм щытеIэби къэхъурт, уи махуэ нормэр бгъэзэщIакъым, жиIэу. Къамбот мо и сурэтым щыгъуэ къыхуамыдами, пхъэIэщэм щIэт выхэм я пэщIэщIэгъу фызабэхэм къызэтемыувыIэу екъун щхьэкIэ зэреуэ къамышым ещхь хъурт а къагупсыса хьэлIамэм и Iуэхур.

* * *

Гуащэкъарэ нобэ Къамбот губгъуэм здишами, ар фIэгуэныхьт, и ныбжь цIыкIухэр джэгуу дэту, езыр мы дыгъэвэхым зэрыхихьыхьым щхьэкIэ. ЩIалэ цIыкIур лэжьащ анэм зыкъыкIэримыгъэхуу. ХьэлэчыпцIэм и махуэт япщIэри. Нартыхум нэхърэ нэхъыбэт икIи нэхъ инт удзыжь къом къэкIар. Яжьащхъуэр, бажэкIэр, шыдудзыр, удздэжейр... Я цIэри имыщIэу нэгъуэщI удзыжь Iэджи итт. Удздэжейрат псом нэхърэ нэхъ зэгуэудыгъуэр. Абы нартыхум и лъабжьэм зыщришэкIырти, и щхьэ дыдэм нэс дэжейрт. И тхьэмпэхэри иубыду зэщIикъузэрт, кIапсэкIэ быдэу зэкIуэцIыпхам хуэдэу. Къамбот нартыхумрэ а удзымрэ елIалIэртэкъым езым я хадэр щипщIэм хуэдэу – лIот, колхоз мылъкут! Абы щхьэкIэ нэхъ псынщIэу ипщIэуи къыхуэщIэртэкъыми, зэгуэпырт. УзижагъуэнитIыр и махуэу къэпщIэнтIат. ПщIэнтIэпсымрэ мо сабэ Iеймрэ гурымыхьу и щIыфэм кIэрылъти, и гур зэригъэшхырт. Ар икIи ешат, пхужымыIэным хуэдизу. И хьэмфIанэр зыщIегъакъуэри, мэув. ЦIыхур губгъуэшхуэм ипхъат. Жьэражьэу уэгум кIапсэ нэрымылъагъукIэ ищIауэ ит фIэкIа, дыгъэми къухьэн Iуэху зэрихуэртэкъым, Къамбот абы сыт хуэдизкIэ хуэмеями. Мо хуабейм, хьэуар зэхэткIухьу плъыфэ гуэри къиштауэ, уэгумрэ щIыгумрэ я зэхуакум ткIуаткIуэу дэту илъагъуу къыщыхъурт. Асыхьэтым Iэуа цIыкIу гуэрым и гъы макъ къызэхех. Зэхэпхрэ, жи, анэм йоупщI. Анэм, и хьэмфIанэ щIы гъурым псэемыблэжу хэуэм и «жыгъуху, жыгъуху» макъыр егъэувыIэри, зэщIодэIукI. «КIуэт, жи, плъэт. Модэ мо жыгыжь цIыкIу хуэдэм адэIуэкIэщ ар къыздиIукIыу си гугъэр». ПщIэным ирахулIат сабий цIынэ зиIэхэри. Зи сабий къызыхуагъэнэн зимыIэхэм Iэмалыншагъэк Iэ губгъуэм къыздахьын хуей хъурт. Къыздахьыр Iуэхут, здахьыни ягъуэтыртэкъым. Ауэ хьэсэм хэбгъэтIысхьэрэ уежьэжмэ, здэмыпщынкIэ пщырт, я жьэм жьэдамылъхьэн жьэдалъхьэрт. Абыхэм уз, фэбжь щыхах къэхъурти, шынэрт анэхэр. Абы щхьэкIэ Iэмал Iэджэм хуекIуэрт: жыгым ирапхырт, мащэ зэв куу цIыкIу, къимыпщыфын хуэдэу къатIырт, ирагъэтIысхьэрти, езыхэр пщIэуэ хэувэрт, я гур нэхъ зэгъауэ.

– ЛIо, Къамбот, уэри Щыхьырбий и хьэлIамэм еуэхэм уакъыхыхьа?!

Дэнэ къиукI ЗеленкIэ хъыджэбз цIыкIури!

– Сакъыхыхьащ, – жи Къамбот, ЗеленкIэ ар ауан тIэкIуи щIэлъу къызэрыридзам щхьэкIэ зэгуэпарэ пидзыжыни занщIэу къыIэрымыхьауэ. – ЕмыкIу илъ абы?

– Хьэуэ, ауэ... Сыт, укIуэжрэ хьэмэ?

– МобыкIэ Iэуа цIыкIу гуэр Iейуэ щогъ, зэхэпхыркъэ?

– Хьэуэ...

– НакIуэт, гъащ иджыпсту хьэлэчу. Зыгуэр щыщыIэщ абы, дыгъаплъэт.

Ахэр щынэсам сабийр гъыжыртэкъым. Еплъмэ, и щхьэр и щIагъ хуэдэу джэларэ зы Iей гуэру и пщэр IуэнтIауэ илът мащэм сабий цIыкIур. ЗеленкIэ и Iэхэр кIэзызу ар мащэм кърехыж, гужьеяуэ. Гужьеяуэ абы и Iуфэлъафэр къежыхь Къамбот, зыгуэркIэ дэIэпыкъуну хэтщ, ауэ хъуркъым. Сабийм и нэхэр щIилъэфащ, бэуэжу пщIэркъым. ЗеленкIэ лэжьакIуэхэм занщIэу холъадэ гъыуэ. Губгъуэ псор къызэщIегъэуIуэ и макъым. ДэнэкIэ хэтри, я хьэмфIанэхэр хыфIадзауэ, къызэрохьэжьэ. Псом япэ Гуащэкъарэ къос, мо гужьеям и лъакъуэхэр нэхъри нэхъ хьэлъэжу къиIэт хъуауэ. Асыхьэтым гужьеярэ и фэр пыкIауэ къыIуолъадэ сабийм и анэри. Ар КIулут. Хэтыт къулейр абы щыгъуэ, ауэ мы КIулу хуэдэ дыдэу тхьэмыщкIэ къуажэ псом дэстэкъым. И щхьэгъусэр зы илъэс иримыкъу хуэдэ япэкIэ псым итхьэлат. Колхозырат ари зытекIуэдар, тхьэмыщкIэ. И Iэ лъэныкъуэр пымытыжу зауэм къикIыжат. КъызэрыкIуэжри зы махуэ мыувыIауэ лажьэрт, хуэщIэр ищIэу. Гъэш фермэм щыIэу арати, Шэрэдж фIызэпрыкIа жэм угъурсызыр къызэприхужын мурадкIэ хыхьат псым, тегушхуэри. ЛIот мэжэщIалIагъэм илъэсамэ, и Iэ лъэныкъуэри пымытыжмэ. ХэукIуриери къэтэджыжыфатэкъым. Пэлъэщатэкъым къуршыпс уэр къиуам и толъкъун къытезэрыгуам... КIулу къыфIэщIащ и сабий закъуэм и псэр пымытыжу. Мэпыхьэ, зефыщIыж. АрщхьэкIэ сабий цIыкIум и нэхэр щIэх дыдэу къызэтрехыжри, псори хуиту мэбэуэж, къыпохьэж я фэ пыкIар. Анэри гуфIэщащи, ипIытIыным хуэдэу ар и бгъэм щIекъузэ.

– Си щIалэ цIыкIу, – жи абы. – Си нэ, си псэ!

– Ей, делэ, псынщIэу уи бгъэр ет абы, малIэ шхын щхьэкIэ! – щIокIие зыгуэр. Ирет. Ауэ сытыт ириткIи – нэщIт. Физ мэжэщIалIэм дэнэ кърихынт быдзышэ. ИтIани сабий тхьэмыщкIэр щIэпIыртIыхьырт зэрылъэкIкIэ.

* * *

А махуэм хуэдэу гуащIэу дыгъэр илъэсыр къызэрихьэрэ къэплъатэкъым. ПщIэнтIэпсымрэ сабэмрэ я нэкIум илърэ дахэ-дахэуи умылъагъужу, езыхэр ешарэ зекIуэнтIриеу физабэ тхьэмыщкIэхэр хуэкIуэрт гъуэгу гъунэм Iут гу тажьджэ зэрытым. ХуэкIуэрт, замыгъэджалэу ерагъкIэ заIыгъыу. ХьэлIамэр абдежырат щатыр.

– Мамэ, сэри къызатыну хьэлIамэ? – жи Къамбот, хьэсэм къыздыхэкIыжым. – Адрейхэм хуэдэу сэри сыпщIащ нобэ.

– СщIэрIым, накIуэ, дыIухьэнщи деплъынщ.

Къратакъым Къамбот хьэлIамэ, уэ Iыхьэ щхьэхуэ уиIакъым, уи анэм удэIэпыкъуауэ аращ, жаIэри. Ар икIи гурыIуэгъуэт. ЦIыху зыпэрагъэува Iыхьэ бжыгъэ пщIэн хуейм хуэдизт хьэлIамэу щыIэри зэрыхъур, зэпэбжауэ.

И жагъуэ хъуащ ар Къамбот: хуейт дыгъуасэ езым ихьар къагъанэу яхьэжа питанэм щыщ къратыну.

– IуэхуIым, – жиIащ Гуащэкъарэ, и щIалэм и щхьэфэм Iэ дилъэри. – Сэ къызата мы зы хьэлIамэм ныжэбэ дыкъуэлIыкIынIым. Пщэдей Алыхьым жыхуиIар хъунщ.

Пэжу, Къамбот сымэ Iуэхутэкъым. Iуэхур КIулу тхьэмыщкIэмрэ и сабиймрэт армыхъумэ. КIулу и сабий нобэ фIэлIэ пэтар и Iэблэм тесу къыхэкIыжри, ерагъкIэ и псэр ирилъэфэлIат тажьджэм. Шэджагъуаш-

хи тIысатэкъым нобэрей пщIакIуэхэр. Здахьатэкъым зэдзэкъэн гуэри. ЯмыIэмэ, здахьынт? ЖыпIэнурамэ, хэтыт иджы шэджагъуашхэти, пщыхьэщхьэшхэти, пщэдджыжьышхэти, жиIэу зыбж-зылъытэр? ЯIэ, къаIэрыхьэ тIэкIухэр зэгъэзэхуауэ яшхырт, мэжалIэм къыхигъэзыхьыпэ хъумэ едзакъэурэ. КIулу псом нэхъ лейуэ къыпщыхъурт. Е мо и сабийм и гур зэрырихарат. Сытми, Iуохьэ ари тажьджэм, мэжэлIэщарэ и нэхэр щыункIыфIыкIыу. Кърατыркъым хьэлIамэ! Щыхьырбий идакъым кърυгъэтын, и Iыхьэр пщIэн иухатэкъыми.

– КIыфI къыстехъуа мыгъуэщ, Щыхьырбий, схунэгъэсаIым. Iейуи сешащ... Нэхъри мы сабийм и Iуэху мыгъуэри къыхыхьэжри...

– Сэ хабзэм сытетынущ. УмыгъэзэщIамэ – уэстынуIым хьэлIамэр. Аращ унафэр!

– Зы мащIэ дыдэщ къэнари, – лъаIуэрт КIулу. – Пщэдджыжь жьыуэ сыкъэкIуэнщи, адрейхэр къэмыс щIыкIэ сыпщIэжынщ.

– УэстынуIым, жысIаIэ?!

– ГущIэгъу къытхуэщI, Щыхьырбий, мы зэм... Мы сабий мыгъуэр шхын щхьэкIэ сфIэлIэнущ... Iейуэ сыщыгугъа мыгъуэт мы хьэлIамэм. Къэзгъащтэ, кхъыIэ!

– КъэпщтэнуIым, щхьэр куэдрэ къысхуумыгъэузу, хэкI мыбы! Пщэдей упщIэжмэ, уэстынщ, – и мэлыхьыплIэжьыр зэрихьэу Щыхьырбий щытекIуэтым, зыгуэшым гъэпщкIуауэ къыхуешииж КIулу и хьэлIамэр. И щIыбым нэ щимыскIэ, дауэ къищIа ар мыдрейм?! КIэбгъу зызыщIауэ IукIыж фыз тхьэмыщкIэм жьэхолъадэ Щыхьырбий. ХьэлIамэр къыщыIэщIитхъым, фызыр ину зэ фIодзакъэ – къыфIыгуеч и жьэм жьэдэхуэр. Хъийм икIа Щыхьырбий абы къыIэщIитхъыжа хьэлIамэ ныкъуэшхыр хыфIедзэ. АрщхьэкIэ, езыр IукIыжа нэужь, КIулу ар къищтэжу зэришхыжынур игу къокIыж. Мажэри, щIым лъэдакъэкIэ хьэлIамэр хепIытIэ, быдэу ириIуэнтIыхьу. НетIэ Щыхьырбий абы хьэлIамэр къыщыIэщIитхъыжам, е еIунщIу игъэджэла хьэмэрэ езыр зэфIэмытыжыфу укIурия, мо пшапэ зэхэуэм зыми гу лъитакъым зэрыхъуам, сытми КIулу сабийри зэриIыгъыу хьэсэм хэукIуриящ. Фызыр уэуитIыр и махуэу магъ, сабийми зелIэж, IурыуфIыцIыкIауэ. Мис ар егъэлеят. ХьэкIэкхъуэкIэм нэхърэ нэхъ Iеиж хъуа лIы ябгэм фызабэ тхьэмыщкIэри и сабийри иукIыу арат ныщхьэбэ, жылэм ялъагъуу! Мыбдежым фыз къомыр кIийуэ, бгэуэ къызэроIэт. Тозэрыгуэ цIыхугъэр зыфIэкIуэда бригадир хьэкIэкхъуэкIэм. Дауэ щымытми, Iэ гъэдалъэ, кIий-гуо, бгэ сытхэм Iуэхур фIэкIыну къыщIэкIынтэкъым, Мэржан мыхъуамэ. Абы Iупсу хузэхуэхьэсыр зэхуихьэсщ, Щыхьырбий жьэхэлъадэри, и нэкIум иубжьытхащ. Щыхьырбиижьыр къеIунщIу ар къыщыхыфIихуэм, фызу асыхьэтым абдеж кърихьэлIар, я нэхъ сабыр дыдэщ жыхуэпIэнухэм нэгъунэ, ежэри, яфыщIу, яхуещIэр иращIэу щIадзащ. Фыз Iэбжьанэмрэ IэштIымымрэ яфIэмащIэу, хьэмфIанэхэмкIи еуа яхэтщ. Щыхьырбий, тобэ ирехъуи, псэууэ къелынтэкъым а пщыхьэщхьэм, жыжьэу щызэхэт лIыхэм мы екIуэкIым гу лъатэу, Iэжьэгъу мыхъуатэмэ. ЗэрагъэункIыфI псым мафIэр къыщепхъуэ щыIэщ. ЯлъэIэсащ Iэжьэгъу хъуахэми мымащIэу. Абыхэм яхэтт Аслъэнбэч Iэши, Цыкъэ лъаши – зыми еплъакъым. Фыз IэбжьанапIэ темылъу зылI и унэ екIуэлIэжакъым а пщыхьэщхьэм. Езы Щыхьырбий жыхуэпIэм лъыкъуалэр къежэхырт. Ар яIэщIэкIуэдэну къыщIэкIынт, лIыхэр къажэу къызэрыIэщIагъэкIыу, псори къызэхинэу жэрыгъэ защIэкIэ къуажэм зыдимыдзэжатэмэ. Абы фIэкIа ар фызхэм зэи ялъагъужакъым. И бригадирынри щиухащ абдеж.

Пхъэм щелэжьт хьэмэрэ фанер заводт, иужькIэ зыщIыпIэ увауэ хъыбар щыIащ. Дихащ, сытми, и щхьэр къуажэм.

Апхуэдэу Дыгъужьыкъуэ щекIуэкIащ зэи адыгэ къуажэм къыщымыхъуа фыз зауэр. ЖаIэж ар гуащIэу, щысхьырабгъу лъэпкъ зимыIэу щытауэ. ЖаIэж урыс Iуэху ящIынуи хэтахэу. ЯщIами, зыгуэрхэм зыгуэр къахухэкIыну къыщIэкIынт, ауэ шынэри къагъэнэжат абы щыгъуэ. Зыгъэшынари хэт жыIэт – Мэржанщ. Ар дэнэкIи щыпашэт, дэнэкIи щыунэтIакIуэт. Ауэ аратэкъым абы щIыщышынар. ЛэжьакIуэшхуэт, республикэм и унафэщIхэм къацIыхурт, мэкъумэшыщIэхэм я зэIущIэшхуэхэм хэмыту къанэртэкъым, абыхэм къыщыпсалъэрт. Мы къэхъуам и гугъу пщIы хъунутэкъым, Мэржан къэбгъанэу. Арат къэзыгъэхьеяри, жыджэру хэтари, псом нэхърэ нэхъыбэ зэхэзыщIыхьари. Къыумыгъанэмэ, абы и цIэ жыпIэрэ, псори къатIэщIмэ, фIы хыумыхынкIэ хъунут. Дыгъужьыкъуэ къуажэ унафэщIхэм акъылу ябгъэдэлъыр ирахьэлIэу Iуэхум щегупсысым, ар къагурыIуэри, зэтрагъэбэяуэжащ утыкум илъэдауэ щытахэр.

Гуащэкъарэ, КIулу тхьэмыщкIэр сыт хуэдизкIэ фIэгуэныхь мыхъуами, ерыскъым техьа лейм иризэгуэмыпами, яхэлъэдакъым а зэрыукIхэм. Абы бгъэдэлътэкъым зэрызэуэн, зэрыфыщIэн узыншагъэ. Нобэ зэрытещIар и лъакъуэ мыузыншэхэм яхуэмыхьауэ къезауэрт. ИтIанэ апхуэдэ хьэли иIэт абы?! Ауэ Къамбот хэлъэдат. И лыр ишхынт Щыхьырбиижьым. ХьэмфIанэмкIэ абы и нэкIу хъудырыжьым еуэну щыхуежьам, фыз гуэрым тригъахуэ пэтащ. Абы зэи игу икIыжынутэкъым сабийр мэхауэ и IэплIэм щилъари, езы КIулу щыджэлам зэщыджэу зэрыгъари. Ахэр зыкIэ фIэгуэныхьти, ищIэнур ищIэртэкъым.

– Мамэ, дэнщыIэ абы къыдата хьэлIамэр?

– Сыт щIыжыпIэр? – къыхуоплъых абы Гуащэкъарэ. Ари езым и гупсысэхэм хэтыжу кIуэрт, зыри жимыIэу.

– Ар мо КIулухэ едгъэт, кхъыIэ, дэ зыгуэру дыхъунщ.

– Хъунщ, еттынщ, псапэщ, – жиIащ анэм.

Ар езы Гуащэкъари игу къэмыкIауэ щыттэкъым.

## БЫIУЭБЫШЭ

Бгы задейм Лъагъуэзакъуэр пкIэлъейуэ еупсеящ. Шхын гуэр здэщыIэм хуэкIуэу кIапсэ псыгъуэм хъумпIэцIэджхэр епщIауэ флъэгъуагъэхxи? Апхуэдэт абы къуажэкIэ цIыкIу-цIыкIур зэрыфIэблар. КъаIэрыхьэ щIагъуэ щымыIэми, гуэдзыр Iухыжын зэрыщIадзэрэ увыIэ яIэтэкъым абыхэм. Пхафэшхуэр удз гъэгъат, ахэр – бжьэ къэпщIат. Зауэ нэужь гъейхэмрэ нэгъабэрей уэгъу Iеймрэ къаша гъаблейм мэжэщIалIагъэм ирихулIахэм, хадэхэкI сытхэм я гугъу умыщIмэ, гъавэу япэ къаIэрыхьар арати, цIыхур гуэдз Iуахыжым яфIыхэуэрт. ХъумакIуэхэр зауэ гуащIэм Iухьэм хуэдэу лэжьакIуэ дэкIырт. ХъумакIуэхэм я закъуэт, колхоз унафэщIхэри абыхэм къадэIэпыкъурт – шууэ къилъадэрт гуэдзыпкъэми, ягъащтэрт гуэдзыр здыIуахыжым къина щхьэмыж зырызыр къэзыщыпыну къыхыхьар. Район къулыкъущIэхэм нэгъунэ я Iуэхут щхьэмыж кIэрыщэщам и хъумэныр. ПщIэнтэкъым нэгъуэщI Iуэху яIэу. Абыхэм уаIэрыхьамэ, бэлыхьыр птелъу къэпщыпа тIэкIур птрахыжыратэкъым Iуэхур. Ар яшэчынти, суд къыптращIыхьынт, къыптралъхьэнт зы чилэм зы илъэс хуэзэу. Арат цIыкIухэм тхьэ зыщаIуэр – чилэ дапщэ къыпкъуахми, абы и зырыз илъэс бжыгъэ къыптралъхьэу, тутнакъэщым урадзэну. Ар я фIэщу ягъэхъыбарырт. Дауи ямыгъэхъыбарынрэт, къуажэкIэ фыз тхьэмыщкIэ, къыщхьэщыжын зимыIэ гуэр яубыдри лъэхъуэщым ирадзауэ ист, тхьэмахуэм щIигъуауэ.

Ауэ абыхэм щхьэкIи нэгъуэщIхэм щхьэкIи къагъанэртэкъым цIыхум – загъэлIэнт?! Щхьэж зэрыхузэфIэкIкIэ Iэбэрт. ГъубжэкIэ гуэдз къэзыххэми, а къаха пхырхэр щэджу зэтезылъхьэжхэми, хьэмым ар щызыIуэжхэми, иужькIэ шыбзэм щIэзыгъэкIыжхэми – псоми уи нэIэ ятебгъэкI хъунутэкъым. Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрытри зыгуэр зыкIэщIиудыгъуэну ещэрт. ЦIыхубз иIэтэкъым, цIыхухъу иIэтэкъым, сабий ныкъуэкъэжэпхъхэри арат. Гу сыт зыIыгъ цIыхухъухэм, мэкъу дошэж жаIэнти, зы пхыр-пхыритI а яшэжым храгъэубыдэнт, губгъуэм итхэм псы яхуэзышэм чей зэхуакухэм дагъэзэрыхьынт. Хьэмым махуэм тета фызхэм гуэдз банкI литр нэхъ мыхъуми, лъэпэд лъапщэкIэ, гуфIакIэкIэ здрахьэжьэнт, пщыхьэщхьэм щыкIуэжкIэ. ХъумакIуэхэм яубыдырти, къащырт, здынэмыс, здэмыIэбэ къамыгъанэу. Ахэм къыкъуахаIамэ, узижагъуэным и махуэт – къоплъынутэкъым, я анэ укъилъхуами. Мобы мыпхуэдиз, мыдрейм мопхуэдиз илъэс бжыгъэу тралъхьэри ягъэтIысащ, нэгъуэщIым и судыр ящIэ е ящIэнущ – махуэ къэс апхуэдэ хъыбарт, нэху щамэ, зэрахьэр. Зэрахуэри апхуэдэ Iуэхут. КIуапIи-жапIи зыхуамыгъуэтыр цIыкIу-цIыкIу къомырат. Зы щIыпIэмкIэ хьэсэм къыщыхэпхуар нэгъуэщI зы кIапэмкIэ къыщыпфIыхэлъэдэжырт, лъакъуэ мастэ хъужахэу. Абыхэми фIы храгъэхыртэкъым, хъумакIуэхэм яIэрыхьа хъуамэ. Балигъ къыщIэхуэхэм суд зэрытращIыхь илъэс бжыгъэхэмкIэ еуэмэ, мыбыхэм зэреуэр нэгъуэщIт – къамышыкIэт, башкIэт. Мыхьыр ирагъэхьырт, фэбжь хэзыхи къахэкIыу. Къэхъурт къэзылъхуахэм бэлыхь щытралъхьи. Гугъут а хъарып цIыкIухэм я Iуэхур. ЦIыхухъу балигъ жыжьэу ялъэгъуамэ, загъэпщкIурт, лъэныкъуэ зрагъэзырт, ар хэтуи щрырети. А цIыхухъухэм мыбы си гугъу къищIынкъым жыхуэпIэн, дзыхь зыхуэпщIын яхэттэкъым. Хэт хъумакIуэт, хэт бригадирт, хэт учетчикт, къэпщытакIуэ комиссэт, партт, комсомолт... ИтIани къыфIахьырт цIыкIухэм щхьэмыжыр.

Мис а «яхуэмыубыдхэм» ящыщт Хьэтх Къамбот цIыкIуи, дадэкъуапэ хъужауэ. Ар жэщу хьэмым яфIэкIуэхэм я гъусэт, махуэм щхьэмыжыр къэзыщыпхэм яхэмыхьэу зэи къыпхуигъэнэнутэкъым. Зигъэпсэхуртэкъым, жеижыртэкъым. Ауэ къыIэрыхьэм нэхъръэ езыр зэраIэрыхьэр нэхъыбэт. Iэмал хуекIуэнти, зыгуэрурэ яфIыхэкIынт апщIондэхуи. Къаубэрэжьын хъуамэ, яIэщIэкIырт, цIэ-унэцIэр тхыным хуэкIуамэ, дэкум хуэдэу къигъапцIэрт лIым я нэхъ дакъэр. КIуэ, бригадир, учетчик хуэдэ гъунэгъуу къэзыцIыхухэм сыт епщIэнт, ауэ хамэм, нэгъуэщI мыцIыху гуэрхэм яIэрыхьарэ цIэ-унэцIэкIэ ирахухьу щIадзамэ, Iэмалрэ бзаджагъэу зыхуемыкIуэр укIуэдыжт. Ар зэрафIыхэкI щIыкIэм, къигупсыс хьилагъэхэм я хъыбарыр хьэблэм куэдрэ дэлъыжт, апхуэдизкIэ гъэщIэгъуэнти.

Хьэмым абы фIэкIа нэгъуэщI Iуэху имыIэу трагъэтIысхьауэ тес хъумакIуэ ерухэм я деж къыщыщIэдзауэ, районым, абы адэжкIэ къикIыу къакIуэ къулыкъущIэшхуэхэм нэсыжу, а къэрэгъул бжыхь тIуащIэ-щащIэр щызэтеуным ещэм-ежьэм, ежьэм-ещэурэ, махуэ бжыгъэхэр щыкIуэ щыIэт зы гуэдз стэкан хъун зыIэримыгъэхьэфу. Къыхуэгъуэтыртэкъым бгъэдыхьэпIэ, гуэдзым и хэIэбапIэ-къыхэхыпIэ хъунур. Пхафэми ибгъуэтэж щыIэтэкъым, зэщIакъуат. Iэмал къыхуигъуэту зыгуэр тIэкIу къыщыIэрыхьэхэми яубыдырти, трахыжырт. Зэ апхуэдэу, губгъуэм щхьэмыжи щимыгъуэтауэ, хьэмым яIуауэ хьэзыру телъ гуэдз самэм цIыкIу-цIыкIулыбжьэу зы гуп хъууэ щыхэуэм, абыхэм къещэу къуэгъэнапIэм къуэсауэ къыщIэкIынт, зы лIы мыцIыху гуэрым кIуапIи-жапIи имыIэжу Iэрохьэ. Абы нэгъуэщI гуэрхэри къреджэри, щIахуэ пщыIэ тIэкIу хуэдэмкIэ. Тху хъурэт, хы хъурэт цIыкIухэр? КъызэрыщIэкIымкIэ, а лIы мыцIыхур пар-

тым и райкомым и унафэкIэ мыбы къагъэкIуа уполномоченнэт. ЩыIэт абы щыгъуэ колхозхэм апхуэдэ къулыкъуи. Дыгъужьыкъуэ къуажэ гуэдзыр тэмэму, хэмыщIIауэ къыщехьэлIэжа хъуныр и пщэ иралъхьауэ арат а лIым. ТхылъымпIэрэ къэрэндащрэ къригъэцIэфтащи, зигъэбэлыхьу къоупщI, щIалэ цIыкIухэр чэзууэ зыбгъэдишэурэ: уэ хэтхэ уарей, уэри хэтхэ уарей, уи цIэр хэт? ЦIыкIухэм шынауэ, кIэзызу къагъэзэж, гъыпи къахокI. Жэуап ят ерагъкIэ: сэ Журт Лъот срикъуэщ, сэ Битокъу Хьэлийхэ сарейщ, сэ Татухэ... си цIэр Вовэщ.

Къамбот и деж къэсу щриджэм, кIуэри, и нэкIум хуиту иплъэу бгъэдэуващ. Партым и лIыкIуэр абы къеплъри, имыгъэщIагъуэу къэнакъым. «Уэ сыпхуэдэщ сэри, зыкIи сынэхъыкIэкъым!» – жиIэу арат и зыIыгъыкIэм къикIыр. ПIейтеин, адрейхэм хуэдэу шынэн дэнэ къэна, къытегушхуэу къыщыхъуащ. ЛIышхуэр тIэкIуи Iэнкун къэхъуа хуэдэт, уеблэмэ. Заул кIэщI гуэркIэ къыжьэхэплъэу щыта нэужь, зыкъещIэжри, къоупщI:

– Уэ хэтхэ уарей, лIыхъужь, уи цIэри къыджеIэт!..

– Сэ БыIуэхьэ сарейщ!

– Сыт, сыт жыпIа?

– БыIуэхьэ, зо!

Уполномоченнэ хъуж къулыкъущIэшхуэм Iуэхум губзыгъагъэ хилъхьэну и ужь йохьэ:

– Догуэ, Дыгъужьыкъуэ БыIуэхэ дэс-тIэ?

– Хьэуэ, Дыгъужьыкъуэ БыIуэ дэскъым, пэжщ а уэ жыпIэр.

– НтIэ, щхьэ сыкъэбгъапцIэрэ уэ Iейм!

– УкъэзгъапцIэркъым, пэжщ сэ ныбжесIэр, БыIуэщ си унэцIэр...

– Дауэ зэрыбыIуэр, къуажэм апхуэдэ дэмысмэ... Дэнэ уэ укъыздикIар?

– Хьэуэ, дэскъым мы къуажэм БыIуэ.

– НтIэ, уэ дэнэ укъыздикIар, зо?!

– Сэ ди адэм и унэцIэмкIэ сатхриращ.

Уполномоченнэ хъужыр мэдыхьэшх, щIалэ цIыкIу къыбгъэдэтыр мытэмэмыщэу къилъытауэ:

– Уа, хъун иджы мыбы жиIэр? Псори я адэхэм я унэцIэкIэщ зэратхыр!

– Хьэуэ, аракъым... Сэ си адэр мы къуажэм дэскъым, нэгъуэщI щIыпIэщ щыпсэур. Мы къуажэм щыIэр абы и унэцIэ къудейращ, ари сэ къэсхьауэ.

– Дауэ къызэрыпхьар?

– Мамэрэ папэрэ зэзауэри, мамэ кърихужьэжати, сэ абы и гъусэу сыкъэкIуауэ аращ.

Абы жиIам гухэхъуэгъуэшхуэ гуэр хэлъ нэхъей, лIыр зэщыпкIыу мэдыхьэшх.

– Уи анэми ара и унэцIэр хьэмэрэ ихъуэжа?

– СщIэркъым, ихъуэжа хъунщ.

– Хъунщ. Уи цIэр-щэ? Хьэмэрэ цIэ уиIэкъэ?

– СиIэщ.

– Сыт-тIэ, жыпIэ хъуну?!

– Сэ си цIэр Бышэщ!

А щIыкIэм тету, а махуэми яIэщIэкIауэ щыташ Къамбот бзаджэ цIыкIур.

А дыгъуакIуэ цIыкIухэм я Iуэхум унафэ тращIыхьын щыхъум, апхуэдэ къуажэм дэсу дгъуэтыркъым, къыщыжраIам, езы район къулыкъущIэ

лIышхуэр, Дыгъужьыкъуэ къакIуэри БыIуэхэ я щIалэ цIыкIум лъыхъуэу куэдрэ дэтащ. Лъыхъуэщ, лъыхъуэри, щимыгъуэтыххэм, и гугъэр хихыжри, къыдэкIыжащ, жаIэ, мыпхуэдэ псалъэмакъым и ужькIэ:

– Хэтщ-хэтщ жыпIа а узылъыхъуэ щIалэ цIыкIум и унэцIэр?!

– БыIуэ.

– И цIэр-щэ?

– Бышэ... БыIуэ Бышэ.

– А щIалэжь цIыкIум къигъэпцIа уэращ быIуэбышэр!

Абдеж щыщIэдзауэ БыIуэбышэкIэ еджэу щIадзащ партым и лIыкIуэ уполномоченнэ хъужым.

* * *

... Мис нобэ гуэрым щхьэмыжщыпэ зэрыдэх цIыкIухэм яхэтщ Къамбот. Хьэлъэу, псыIэу, тIэкIуи хуэмышыу-мышыууэ зы хьэлу IыхьэфIи и Iэдакъэм щIэлъщ, шхыпIэ имыхуэу. Абы щедзакъэхэм деж нэхъ бауэкIэщI къохъу, мо жэрыгъэкIэ бгым здыдэжым. Хурикъуркъым жьыр. Сытуи задэ хъужа махуэм пщIэ къызыдэкIыу, къызыдэжу щыта мы бгыри! Уа, мы бгыжьыр мыбдежым щымытамэ, сыту тынш хъунут псори. Къуажэм укъызэрыдэжу, занщIэу гуэдзыпкъэм ухэлъадэу. Уэлэхьи, щхьэмыж Iэджэжьи къищыпынтэмэ иджыри къэс Къамбот. Къалъагъуу къыхахукIи, лIот, гъунэгъубзэти асыхьэту хэлъэдэжынт.

Лъагъуэзакъуэм зэрыдох кIапсэлъэрышэуи, цIыкIухэр гужьеяуэ губгъуэм йоужьгъэ. Мы хьэсэм зыри хыхьатэкъым щыпакIуэ, щхьэмыж нэхъ щыIэт. Щхьэж къыхуэщып, къыхузэщIэкъуэ и Iыхьэщ. Къалъагъуху тIэкIу. Зыми шэч лъэпкъ къытрихьэркъым къызэралъагъунум. Ари псынщIэу. Абы къыхэкIкIэ я нэр къыщхьэрыпхъуауэ къажыхь, мэщыпэ мыувыIэу. Сыту пIэрэ къызыхэкIар, нобэ адрей махуэхэм нэхърэ нэхъ техьэулеикIа хуэдэщ а къэзылъагъунухэр. Мыпхуэдиз зэуэ губгъуэм къызэрикIутауэ, зэи куэдрэ ягъэщыпэ хабзэтэкъым, гу къылъамытэу. Зэ укъалъэгъуамэ – зэфIэкIат. Си Iуэхут абы и ужькIэ етIуанэу ухагъэхьэжым. ТеплъэкъукIыжынукъым, уагъэхъунущ махуэ псом... Ар жыпIэ щхьэкIэ, Къамбот сымэ зы кIапэмкIэ къыщагъэлъеям, къокIуэкI заудыгъуауи, нэгъуэщI щIыпIэкIэ щыхолъэдэж, увыIэркъым. Модэ, Ажокъуэ нэс укIуэрэ укъыщыхыхьэжмэ, дапщэщ абы хъумакIуэр щынэсынур, абыкIи нэгъуэщI зы къыщыту къыщIэмыкIмэ?.. Ауэ умыувыIэу ухэлъэдэжкIи, къэпщыпын щхьэмыж дахэ-дахэу бгъуэтыркъым. Фызхэм гъубжэкIэ къабзэу къахащ, кIэрагъэщэщаишхуэ щыIэкъым. Я нэIэ трагъэту, кIэлъыплъ защIэурэ кърагъэхащи аращ. Щэдж щылъыпIэ-къэщтэжыпIэхэм нэхъыбэ щогъуэт. Псори Iэрпхъуэрщ, зыр адрейм натIэкIэ щеуэж къэхъуу, къажыхь, я щхьэр щIэгуауэ. ХъумакIуэр теплъэкъукIа щIыкIэ, нэхъыбэIуэ къызэрищтэнум дэтхэнэри хуолъэдакъэщыкI. Къамбот и хъуржыныжь цIыкIу Гуащэкъарэ хуидар къэбырыбащ. Апхуэдэу куэди илъкъым, ауэ хьэцыпэ пIийхэм къагъэбырыбащ. КъыдращIей, зэупсея хуэдэурэ зыгуэру хъуащи. Зы щхьэмыж цIыкIу къищтэху, хъуржыныщхьэр зэлъыIуигъэкIуэтурэ, ирелъхьэ. Зи, щхьэмыжыр куэдуи щIыи, Iэджэ къыумыщыпынри апхуэдэурэ! Ауэ зыри тегъэжыркъым – мащIэри куэд и усащ. Сыту Iейуэ псы хуэлIэрэ, абы нэхъей! Дыгъэри къыдэкIуэтейуэрэ щхьэщыгу дыдэм къиуващи, укъежьэ. Иджыпсту зы псы крушкIэжьыфI ирикъухамэ! Си Iуэхут, итIанэ Къамбот жэщ хъуху зыцIыкIу къемыхьэлъэкIыу мыщыпэтэмэ. Ауэ неIэмал, дэнэ къипхын псы. Ихъуреягъыр губгъуэщ, зэщIэгъущIащ. Псым дыхьэу, щхьэ фIыуэ хэмыфрэ? Зэи зыщIигъэмбрыуэнти, къыдэжыжынт. Мыбыхэм

яхэту пIэрэ псым нэкIуэн? ХъумакIуэм, дауи, иджыпсту шэджагъуэжей ищIу къыщIэкIынущ. ЛIыжьщ, пщIэнукъым, Хьэтызэ жейр къытеуэнкIэ мэхъу... Дунейм, хэт кIуэн абы и гъусэу псым? Къамбот, Хьэжсуф къилъыхъуэу зиплъыхьурэ, къекIухь. Адэ, мэз лъапэм нэхъ и гъунэгъуу, къыщыIэщIолъагъуэ. А зэрыщыпэм хуэдэурэ, гъунэгъу зыхуещI.

– Хьэжсуф, псы ухуэлIэрэ?

– Хьым, ауэ сытми сыхуэлIэрэ!

– НакIуэ-тIэ, мы занщIэу дыщыдэгъэлъадэ. ФIыуэ дефэнщ, зэи псым зыщIэдгъэмбрыуэнщи, жэрыгъэкIэ дыкъыдэкIыжынщ.

– Уэлэхьи, сынэмыкIуэну. Из тщIырэ дыдыхьэжмэ нэхъыфIщ. Абы нэс удыхьэу укъыдэкIыжыху, нэхъ Iеижу псы ухуэлIэжынущ, лIо зи мыхьэнэр?!

– Хьым, ушхэми, аргуэру умэжэлIэжынущ, лIо и мыхьэнэр, жыпIэу умышхэнкIэ хъунущ уэ сэ слъагъур!

* * *

Къамбот и щхьэр ирихьэхыжауэ здэщыпэм, гу лъетэ: пхафэшхуэм ит къомыр, цIыкIуи ини, къашыргъэ зыхэуа джэд гупу зэбгролъэт. Къамботи мэлъей. Абы зэкIэ зыри илъагъуркъым, ищIэркъым къэхъуари, ауэ мажэ. Япэ иту кIуэ зыгуэрхэм якIэлъеIэу, мажэ адрейхэр здэжэмкIэ. Бгым хуожэ псори. Сыт къэхъуми аращ – мажэ бгым. Бгым, бгым, бгым... Гузэвэгъуэ, шынагъуэ ихуэху, аращ здэжэу яIэр. Нэмыцэм щыгъуи аращ цIыхур здэкIуауэ щытар. Къехъумэ икIи. Иджыри аращ щхьэмыжщыпэ къакIуэхэм гугъапIэу яIэр – зыгуэр хъуамэ, бгы задэжьым занщIэу зрат. КъаIэрымыхьэу абы зэ нэсамэ, быдапIэм илъадэу зэрыщIыхьа бжэм абрэмывэ къыIуагъэукIуриежауэ къащохъу. Абы зэи зыри шууэ кIэрылъэдэфынукъым, задэ Iейщи. Лъэсу хэт къыкIэрылъадэми, хуэгъэзащ – зэи зыри щремыгугъ абыхэм ялъэщIыхьэу къаубыдыну. Уа, хэту пIэрэ къезыхужьар иджыпсту? Шу хьэмэрэ лъэс? Зыри щымыIэххэми ищIэркъыми. Iейуэ... Мы къомыр си Iуэхут къыпхухэкIтэмэ... Къамбот и щхьэр ехь бгым. КъызэплъэкIыгъуэ ихуэркъым, мэпIащIэ. «И-и, бгым сынос, сыкIэролъадэ иджы, саIэщIокI!», – щыжиIэ дыдэм, шы лъэ макъыр къылъэщIохьэ. Зэуэ зыщIимыдзамэ, а зэрыкIуэм хуэдэурэ, шыр къытехьэнут. ЩIалэ цIыкIум зыщIидзу ар шым къызэринэкIа щыхъум, шуейм шы къызэщIэплъар къыхужьэдэмыкъуэу, фIыуэ щхьэпрех. ЕрагъмыгъуейкIэ зыкъыжьэдикъуэжу къыщыжьэхэлъадэм, Къамбот аргуэру зыщIедз лъэныкъуэкIи, шыри тесри нетIэ нэхърэ нэхъ Iеижу щхьэщех. Мыбдежми шыбгъэм щIэджэрэзэным иIэжар зы бетэмалщ. Апхуэдэурэ, сытми, Къамбот бгыр зрегъэгъуэт. IэщIэкIащ! Мы къэзыхур хэтми, сыту пIэрэ Къамбот и закъуэ нэхъ лейуэ щIыхиубыдыкIар? Хьэуэ, апхуэдэу къыщыхъу щхьэкIэ, хаубыдыкIауи аратэкъым. Адрейхэм псоми бгым зыдадзэжри, мы зыр нэхъ къыкIэрыхуауэ щилъагъум, и ужь иувауэ ихурт. Абыи зыIеригъэхьакъым. Бгым зыкIэридзэу мыгузэвэж щыхъум, джабэ нэкIум укъуэдияуэ кIэрогъуалъхьэ, и тхыцIэр щIым лъэIэсу. Сыту фIыуэ Iэпкълъэпкъым зигъэпсэхурэ апхуэдэу! Къамбот щылъщ, мэджалъэри. КуэдыIуэрэ псынщIэIуэу къэжащ. Ар Iуэхутэкъым, и Iур игъущIыкIащ. Зы псы Iубыгъуэ мыгъуэ! Ауэ дэнэ кърихын? Ягъэ кIынкъым, иджыпсту дэлъэдэжынщ, тIэкIу зигъэпсэхумэ, мо къэзыхуми имыIуэхуж хъурэ щхьэщыкIмэ. Дэнэ кIуауэ пIэрэ адрей къомыр? Бгъуэтмэ, къащтэ. БгъуэщIагъыжьым зрагуэшауэ къыщIэкIынущ, дауи. Сытуи псынщIэу лъэныкъуэ зрагъэза. Дакъикъэ зытIущ ипэкIэ губгъуэжьым икъухьауэ ита къомыр

зэуэ бзэхащ... Дауи бэлэрыгъыу къиунэт езыр иужь?! Хьэжсуф и деж псы Iуэху щызэрихуэу хэмытамэ, ар къыщыщIынутэкъым.

* * *

Мо гъэмахуэ дыгъэ гуащIэм бгы нэкIу задэм кIэрыт удзыр апхуэдизкIэ гъуауэ утецIэнтхъукIырти, зи, мыл гъурыджэм утет фIэкIа пщIэнтэкъым. Къамбот и хъыдан вакъитIыр зылъигъэпкIри, хъуржыным ирилъхьэжащ. Си Iуэхущ иджы, нетIэ къыщыкIэрылъэдам хуэдэу цIантхъуэу джалэмэ. Асыхьэтым и щIыбагъымкIэ Iэуэлъауэ гуэр къыщызэхех. КъызэплъэкIмэ – шым зыкъригъэлъэтэхри, лъэсу бгым къыкIэрыхьауэ, БыIуэбышэ къыхуокIуэ. УэI, арати ар! Къамбот щIоIэ. Мыдрейр абы кIэлъолъ. Партым и лIыкIуэ БыIуэбышэм и лъакъуитIри зэуэ зэдыщIоцIэнтхъукIри, уий, мы джабэжь зыкIэрытыр егъэхъей жыпIэну, щхьэ щIыбкIэ техуэу мэджалэ. А здэщылъым, и Iэр егъэдалъэ. «Уз уэстынщ сэ уэ Iейм! Мыдэ укъысIэрыхьэнIэ зэ, умыпIащIэ уэ, а уи пщэ псыгъуэр пхупысIуэнтIыкIынщ!» – мэкIий. Къамбот къэувыIэжауэ, абы йоплъри щытщ. ЗыхузэкIэщIеш, и бзэгур къыхуредз – зэгуигъэудынущ, зэгуэудыххэнумэ. «Мохь, жи, сыкъэбубыдынщ хьэлIамэ, щыгуц уэ абы!» Уа, къицIыхужауэ пIэрэ? Iейуэ! ЛIы губжьам ищIэнур ищIэркъым. КъызэфIоувэ. ЛъэбакъуитI ичагъэнтэкъым, аргуэру щыджэлэжам. Зэщиуду техуащ. Къамбот абы щыдыхьэшхыу йокIуэт щIыбкIэ – и нэр тригъэкIыркъым. БыIуэбышэ зэм зредзыхри, и вакъэ лъэпсхэр итIатэу зещI, зэми къыщолъэтыж. ИтIанэ, хэкIыпIэ къигъуэта и гугъэжу, хьэлъакъуиплI зещIри, къэпщу щIедзэ. Ар нэхъри нэхъ дыхьэшхэныж мэхъу. Губжьыщащи, и нитIыр къыщихуащ, пщIэнтIэпсым и пщэ гъум фIейр къилъэсурэ, джанэ пщампIэмкIэ долъадэ. Къамбот абы щодыхьэшх. ЗыщIэбукIыж мыгъуэр сыт жыхуиIэу, зыкIи узэмыхъуэпсэн щытыкIэм ит БыIуэбышэ и нэгу мыгурыхьым Къамбот зэ йоплъэжри, макIуэ-мэлъей – къуэкIийм къыдохутэ.

Жьэгъур Iэуэлъауэ жыгъыру иригъэщIу щIэзылъэщIыкI псы мыинищэм зрыз-тIурытIу цIыкIухэр зэрыхокIутэ, я кIий макъыр псыхъуэ псом дэмыхуэу. Заудыгъуауэ иджыри къэс бгъуэнщIагъым щIэса щIалэ, хъыджэбз някъуэкъэжэпхъхэм зэрешари, псы зэрахуэлIари, шынагъуэу я псэм телъари – псори ящогъупщэ. КъафIэIуэхукъым бгыщхьэм дэкIыжа къулыкъущIэшхуэм зигъэлIэжу къридзых, кърригъэжэх мывэхэр къазэрыкIэлъелъэхри. Псым зэпрысыкIхэр адэкIэ къыщыт екIэпцIэ мэз Iувым холъадэ – уи ней ящыхуэ иджы абыхэм! Къамбот псы Iуфэм Iут дзэл жыгыжь гуэрым и щIагъ жьауэм зыщредзых, лъэгуажьэмыщхьэ зрегъэуэри, псы утхъуам IэфIу куэдрэ хоф. КIэщIу зэкIэлъыбауэу зыкъеIэтыж. И жьэм ятIэри пшахъуэри зэхэлъу кIуащи, и дзэхэр щызэтригъауэкIэ, «гъынцI-гъынцI» жеIэ. ИщхъэрэкIэ зигъазэмэ, Чыбыч и бгъуэнщIагъым нэхъ ипщэIуэкIэ къихуэу цIыкIухэр щызэхуэжэсу къелъагъу Къамбот. Ауэ ищIэркъым – дэнэ щыщ ахэр? Къуажапщэ? КъуажэкIэ? Зэрыдыгъужыкъуэу итащ нобэ пхафэм, дэтхэнэр пщIэн? Къуажэм мы зы щIыпIэращ гъавэ зи цIэ щыбгъуэтыну щыIэр, цIыхур шхын щхьэкIэ зэтолIэ... Сыту пIэрэ, ярэби, а бгъуэнщIагъыжьым деж къыщыхъуар? Куэдрэ нэсынт абы Къамбот! Плъэмэ – Хьэжсуф щылъщ, мыбэуэжу, адрейхэр абы щхьэщытщ. Мо гужьеяуэ къыздахум, бгым щыщхьэщылъадэ дыдэм лъэпэрапэщ, пэкIэ щIисэжри, абдеж иIэ щыхупIэм ехуэхат. ЩIалэ цIыкIур гъыртэкъым икIи щэIуртэкъым, ауэ и нитIыр зэтехат. Къыдэплъейрт, цIутI жимыIэу. И фэр зэрыпыкIам уигъэгужьейрт.

– Мыр хэт? – ирагъэлъагъу абы Къамбот.

– Къамботщ, – жеIэ, зыкъомрэ делэ-делэу къеплъа нэужь.

Алыхьым и шыкурщ, Хьэжсуф зыкъищIэжамэ. И Iэблитыр яубыдри, къызэфIагъэувэ.

## ХЬЭЖЧЭРИМ И ПАБЖЬЭР

Дыгъужьыкъуэ щекIуэкIа фызабэ зауэм и ужькIэ лIыхэмрэ абыхэмрэ я зэхущытыкIэм зыгуэру зихъуэжауэ къыпщыхьурт. НэбгъузкIэ зэплъ хуэдэу къыпфIэщIырт ахэр. Ар зыкъомкIэ ещхьт гъэрхэм зыкъаIэту, зыIыгъ-зыгъэлажьэхэм ятеуам. Ятелъ бжьыр яхуэмыхьыжу къыщиудауэ арат жэмхэм ядыщIэщIа фызабэхэр. ЛIы гъэпщылIакIуэхэр жаIэми нэхъ хуэсакъ хъуат иджы. Уадэджэгурэ а физхэм, уей-уей жезыгъэIэ лIы бэлыхьыжьыр кхъужь мыхъуу яудынщ, удын традзари, мыгъущу и щхьэр щIрагъэхьащ! А Щыхьырбий и махуэр езыхэм къыхуамыгъэкIуэну хэт ихьэфын шэс?! Езы фызабэхэми иджы нэхъ я щхьэр къаIэтауэ, нэхъ хуиту псалъэу гу ялъыптэрт, бжьы ятелъар зэрателъауэ, зэрыщIэщIауэ кънэжами. Мэржан и тегушхуэныгъэр, жьэрэ IэкIэ ищIар мыхъуамэ, зыри къэхъунутэкъым. Ар иджыри зэрахуэлъэт зауэм мыкIуэу щхьэусыгъуэ мыгурыIуэгъуэкIэ къэнахэм е узыншэу къэзыгъэзэжахэм. И фIэщу жиIэрт зауэм щыгъуэ ахэр пабжьэм хэсауэ, иджы «къыхэпщыжауэ фызабэ тхьэмыщкIэхэм я пщэдыкъым дэсу!» Хэт щхьэкIи арат жиIэр, а зыр: «Зауэм щыгъуэ пабжьэм ухэсащ!»

– Сыхэсакъым сэ пабжьэм, апхуэдэу жумыIэ, Мэржан, – лъаIуэрт къалэжьыр зытхыу губгъуэм къадит ГъутIэ Хьэжчэрим. – Сэ зауэм и курыкупсэм сыхэтащ!

– ПлагъурIэ а цIыкIур, – и Iэ сэмэгур и шхужьым иту, Мэржан хахуэ и Iэ ижьыр абы хуигъэдалъэрт. – Зауэм и кIэм нэс хьэлэлу ухэту, зы пIэскIугъэ уимыIэу укъэкIуэжу мыбдеж укъэтIысыжауэ, – къызжумыIэ ар!

– Сыхэтащ, лъэхъуэщми срадзэри сисащ, абы и щIыIужкIэ!

– Хьэлэлыщэу зауэм узэрыхэтара хъунт ущIрадзар! – мэдыхьэшх Мэржан, адрейхэри егъэдыхьэшх.

ДыхьэшхыпIэ ящIар плъыжь мэхъу, хужь мэхъуж, жиIэнур ищIэркъым. Абы къуаншагъэ лъэпкъ темылъут и фэм къызэригъэлъагъуэр. И цIыху щIыкIэкIи, зауэр иухыу илъэситI дэкIыжа нэужь къызэригъэзэжрэ далъэгъуа и дуней тетыкIэкIи ещхьтэкъым ар цIыху бзаджэми, епцIыжакIуэми, Мэржан зэрыжиIэу, «пабжьэм къыхэкIыжахэми». Абдежым физ гупым яхэувэу, мыращ си Iуэхур къызэрекIуэкIар, жиIэу къимытхъутхъукIами, иужькIэ зыгуэрхэм яхуиIуэтэжащ Iуэхум и пэжыпIэр. Ар Мэржан деж къыщысыжым, кIуэри псоми зэхахыу елъэIуащ къыхуигъэгъуну. Мэржан лэжьыгъэ IэнатIэм зэрыщыпашэм, жьэ нахуэу зэрыпсалъэм и закъуэтэкъым – цIыхугъэшхуи хэлът, захуэт, лажьэ зимыIэр, ар хузэфIэкIыххэмэ, игъэмысэнкIэ мы дуней зы Iэмал щыIэтэкъым. Къыщхьэщыжынут, зыгуэрым лей техьэмэ. Мырат и Iуэхум и пэжыпIэу Хьэжчэрим къимыIуэтэжу мыхъуу, къиIуэтэжар.

...Абы щыгъуэ адыгэ еджар зырызыххэтэкъэ-тIэ. Адыгэми и закъуэтэкъым, дэтхэнэ лъэпкъри арат, мащIэт курыт щIэныгъэ зиIэр. Хьэжчэрим епщIанэр къиухат зауэм и пэкIэ. Езыри цIыху жыджэрт, гурыхуэт, зауэ и пIалъи псынщIэ дыдэу къищIати, япэ щIыкIэ взводым, итIанэ ротэм и командир ящI. Пэжт зауэм и гуащIэгъуэм хэтауэ жыхуиIэри. И гуащIэгъуэм, и курыкупсэм хэтт, езыр хахуэу зауэм къыщымынэу, и ротэм хыхьэ адрей зауэлI къомым я зэуэкIэ хъунури иубзыхуу, и унафэм къедаIуэу. МахуищкIэ зауэ хьэлъэр, цIыху куэд лъэныкъуитIымкIи Iисраф щы-

хъуар, зэпымыууэ екIуэкIат. Зэхэуэр щыегъэлеям дзэми яшхын-ирафынкIэ нэхъ лъэIэсыгъуей хъуркъэ-тIэ, зауэлIхэр икъусыкъужкIэ гугъу ехьырт, Iэпщэрыбанэм нэгъунэ хуэкIуэжу екIуэкIа зэхэуэшхуэм къыпрыджэлыкIыу, губгъуэ нэщI зызыщаугъуеижам. Ерыскъым и гугъу умыщIыххи, псы зэфэну къудейр зэгъэзэхуат. Тутынафэм и Iуэхур апхуэдэхэм деж Iуэхушхуэкъэ-тIэ, а псор ящигъэгъупщат тутын зэрамыIэм... Хьэуэ, яIэт зэфэн зыгуэри, ауэ ар зыкIуэцIашыхьын тхылъымпIэт ямыгъуэтыр. ИрихулIэпауэ, IэмыщIэкIэ зышх щыIэт тутыныр, жьэдикIутэм, игъэныщкIужурэ. Апхуэдэу здекIуэкIым, кхъухьлъатитI къащхьэщохьэ. Бийм и кхъухьлъатэт тIури. Умышынэу къэнэнт? ЩIым зыхаIубэ. АрщхьэкIэ ахэр ещхьтэкъым бомбэ зи «гуфIакIэм» дэлъхэм. Хьэлъагъ зиIэ лъэпкъ абыхэм къызэрамыхьыр я «зекIуэкIэмкIи», я гъуэгъуэкIэмкIи къыумыщIэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Ауэ къахэуэным хуэдэу лъахъшэ зыкъыхуащIри, хужь цIыкIуу плъагъу къудейуэ зыгуэрхэр къызыкIэрагъэщэщ. ЗауэлIхэр куэдрэ еплъащ абыхэм, къехыр зищIысыр къагурымыIуэу. Пщэдджыжь пэнцIывт Iуэхур щекIуэкIыр. Хьэндырабгъуэхэм хуэдэу щIым къытетIысхьэхэр зищIысыр къыщащIэм, я командирыр я пашэу губгъуэм йолъадэ псори. Къаубыд тхылъымпIэ кIапэхэр. ЗагъэлIэжу кърадзыхами, фIэщ щIыгъуейт абдежым сэлэтхэр абыхэм къеджэу зэхэувэну. ЯщIэртэкъэ нэмыцэм кърадзыхахэм форэ тхъурэ иджыпсту ныфлъэдгъэIэсынущ, фыдгъэтхъэжынущ, жаIэу къызэрыхурамытхар. Я щыпэщIэтэкъым ар нэмыцэм, я щыпэ къегъэхьтэкъым «лъагъуныгъэ письмохэр». «Iисраф зывмыщIыжу зыкъыдэфт», жаIэурат. ЗауэлIхэм абы я нэ къыхуикIыу щIыпежэжьар – Алыхьым къаритат тутын зэрашыхьыни арат.

* * *

Махуэми зримыIуэтыхьыщауэ, Хьэжчэрим сымэ шхын тIэкIуи, псыи, нэгъуэщI зыхуеинухэри къаIэрохьэ. Шхэхэщ, тIэкIуи я нэхэр къэплъэжри тутын щIагъэна къудейуэ, кIэщIкIэ хъыбар къалъоIэс: «Зы цIыху фи пIэм фимыкI!» Дунейм теткъым зыхуахьа, зэхэуэщIэ зэхэлъэдэнум аргуэру пагъаплъэу фIэкIа. Аращ зызыхуагъэхьэзыру щIадзари. Я Iэщэхэр зыхуей хуагъазэ, я фащэхэр ягъэтэмэм...

– Уэ утутнакъщ, зумыгъэхъей! – Хьэжчэрим и пщампIэщIэдэр зэрихъуэкIыу жыг гуэрым и щIагъым здыщIэсым, зы офицер я гъусэу къыIухьа сэлэтитIым ар и щIыбагъымкIэ щызэщIаубыдэ. Хьэжчэрим и закъуэтэкъым, зэрыротэу яубыдат, псори зэхахуауэ Iуахурт. Советыдзэм щыщт Iузыхухэри. Сыт ящIар, я лажьэр лIо? – зыми зыри къыгурыIуэртэкъым. Яхум-яхуурэ, ди дзэ плъыжьыр щитIысыкIа щIыпIэ гуэрым ирахулIэ. Емышхэрэ емыфэу яхуат махуэ псокIэ. ГъущI кIапсэ банэкIэ къэхухьа Iуэ хъурей цIыкIум ирахуэри кърэгъул бжыхь Iуагъэувэж. А «бжыхьым» щыщ зы сэлэт псыгъуэ кIыхь гуэрым, пшапэр фIыуэ зэхэуауэ, зыми зыри хэзымыщIыкIыу, зи псэм гузэвгъуэ щIыIэр телъу зэхэтхэм Iэмал зэриIэкIэ гъунэгъу закъыхуещIри, щэху дыдэу хъуцацэу я Iуэхур зыIутым щыгъуазэ ещI. Абыхэм я лажьэри зэрагъэкъуаншэри нэмыцэм кърадзыха а тхылъымпIэ цIыкIухэр къызэращтарат! Абы и ужьым кIэщIкIэ иту нэгъуэщI зы хъыбар шынагъуи къалъоIэс тхьэмыщкIэхэм: ахэр псори епцIыжакIуэу къалъытэ, я судри укIкIэ ящIэнущ! А хъыбар хьэлэчым я гур къригаъэкIэзызыкIа щхьэкIэ, Iуэм итхэр зэпхыпсэлъыкIырт, я фIэщ ар мыхъуу. Дауэ, жаIэрт я фIэщу, мы зауэм и гуащIэгъуэм, зы мыжурэ закъуэм и уасэр пхуэмылъытэну щылъапIэ IэнатIэм, хъунт ар зытэмэ, тIутэмэ, псэкIэ бийм пэщIэт ротэ псо зэрызэтраукIэнур, ари

лажьэ ямыIэрэ мынэгъуэщIу?! Апхуэдэу егупсысырти, я гур фIы ящIыжырт. Зи гур фIы мыхъури къэхъуам и кууагъым, зыми закъримыгъащIэ щхьэкIэ, иришынэри я командирым и закъуэт. КъызыхэкIри мыдрей и гъусэхэм нэхърэ нэхъыбэ Хьэжчэрим къызэрыгурыIуэрат. Ар фIыуэ щыгъуазэт зауэм и хабзэ гущIэгъуншэм, пхъэ закъуэ лъэмыжым ирикIуэм хуэдэу абы темыкIыу тет командирышхуэхэм ящIэфынур зыхуэдэм, зыхуэдизым. Абыхэм езыхэм я цIыху зэтраукIэхэр къызыхахыр ныкъуэ мыхъум хуэдэт. Зы мыхьэнэншэм щхьэкIэ, ротэти, батальонти, полкти жыхуэпIэхэм я гугъу ауи умыщIыххи, къуажэ, жылэ, лъэпкъ псо нэгъунэ ягъэкIуэдыныр, зэтраукIэныр зыми щыщтэкъым. Дерс яхуэхъун хуейт а псор зылъагъу мыдрей къанэхэм. ТIэкIу егъэлеиIуами, а щIыкIэмкIэ дзэм нэхъ яхэхьа хъурт зи къежьапIи зи ухыпIи дзэлI къызэрыгуэкIхэм ямыщIэ икIи къагурымыIуэ ткIиигъэ къару фIыцIэр, шынагъуэр, щхьэхуимытыныгъэр, ахэр езыхэр цIыхуу мыхъуу, шахмат кIэн цIыкIу зэрыджэгухэм хуэдэ къудейуэ зэрыщытыр зыщагъэгъупщэ зэрымыхъунур. Мы дызытет дунеижьыр апхуэдэу ухуакъэ-тIэ, ар хэтуи ирехъуи, зи зэхэщIыкIыр нэхъ иным, нэхъыбэ къызыгурыIуэм и псэми хьэлъэ нэхъыбэ тощIэ, гугъуи нэхъ йохь. Апхуэдэт Хьэжчэрим и Iуэхур мыбдежым. Арат ар и унафэм щIэтхэм я псалъэмакъ мышыум щIыхэмыхьэри:

– Дауи, мыр зэрымыщIагъэкIэ къэхъуа Iуэхущ.

– Сытыр?

– Мис мы къыдащIэр, уэлэхьи!

– Дауэ?

– Сыт зи «дауэр?..» ЛIо-тIэ, а тхылъымпIэ кIапэр къэтщтамэ?!

– Ы-ы, апхуэдэукъым мыбы укъизыдзахэр а Iуэхум зэреплъыр… ПщIэрэ, а тхылъымпIэ кърадзыхахэм ярытыр бийм и пропагандэщ. Уэ абы щыгъуазэ зыбощI, нэгъуэщIхэми яжыбоIэж, абыкIи – уадолажьэ нэмыцэм!

– Уа, а къомыр илъ абы? Тутын дефэну тхылъымпIэ дыхуейти, къэтщтащ. Нэху щымэ, даутIыпщыжынущ псори.

– Щыгугъ абы, ХьэкIагуэ! Уэ а листовкэхэр тутын кIуэцIыпшыхьын къудей щхьэкIэ къэпщтами, нетIэ зэрыжаIам хуэдэу, нэмыцэм пропагандэ и лъэныкъуэкIэ защIэбгъэкъуэн мурад уиIэу къэпщтами абыхэм ящIэрIым. ЯщIэри Iуэху зытращIыхьри зыщ: къэпщтащ!

Абыхэм я зэныкъуэкъур Хьэжчэрим зэран къыхуэхъурт, унэмкIэ здэгупсысэм. Си Iуэхут псалъэ къыжьэдэмыкIыххэу, ауэ и плъэкIэ къудеймкIэ абыхэм я жьэр зэтраримыгъапIэтэмэ, япэм хуэдэжамэ. Иджы лIо, ахэри езыри зыщ. КъыхуащIыр я зэхуэдэ унафэу аращ псоми… ЕпцIыжакIуэ! Сыту Iей ар! Iейм и Iеижщ, хэбгъэзыхьмэ. Адыгэм игъащIэм игъэдахэркъым епцIыжакIуэм и Iуэхур. Уи ныбжьэгъу, уи Iыхьлы, ауэ уи цIыхугъэ къудей – узэпцIыжар хэтми, уепцIыжакIуэщ. УикIэщ, уэ езым уи псалъэ къудей уепцIыжами. «Хьэжчэрим хэкум епцIыжащ!» Ар зэхэзыхми сыт жиIэнур? Къыщалъхуа, къыщыхъуа жылэжьым, еджапIэм къыдыщIэсахэм, езыгъэджахэм, ауэ къэзыщIыху къудейхэм къазэрыщыхъунур дауэ, жаIэнури лIо, мы и хъыбарыр яхэIуэмэ? ЯхэмыIуэуи дэнэ кIуэн? ЛIы губзыгъэм зэраукIынум и закъуэтэкъым игъейр, и псэм щIыгъуу и напэри игъеижырт. И насыптэкъэ бийм пэщIэту къаукIам. Игу къегъэкIыж и нэкIэ илъагъуу хэкIуэда сэлэт и ротэм хэтахэр. Йохъуапсэ: абыхэм я псэр щIатыр ящIэжу ятащ. Езым сыт щIитыр?! ЦIыхум а псор ящIэркъым, и щхьэгъусэм, и бын дыгъэл тIэкIум езым и фэр ираплъынущ. ЕпцIыжакIуэм и бынунагъуэ

фIащынущ. Я Iыхьэр къылъамыгъэсыжрэ жылэми емыщхьу... Мис аращ напэм и пэ псэр ихуэ щIыжиIар адыгэм...

– Уа, ныбжьэгъу, моуэ мы бжыхьым тIэкIу нэхъ гъунэгъуIуэ зыкъыхуэщIыт, кхъыIэ, – псом япэ цIыхугъэ къахуэхъуа сэлэт гъур кIыхьыр и лъакъуэм фIэлъ кIэрэхъ зэрыхъа фIыуи хэутам епэщэщу къэуващ пщыхьэщхьэм.

– Сыт? – Хьэжчэрим бжыхьым гъунэгъу зыкъыхуещI, шынапэурэ. А зым и закъуэт дуней хуитым мы тхьэмыщкIэхэр зэрыпыщIар, адрей къэрэгъулхэр шынэрти, къыжраIэнIа дэнэ къэна, къеплъэкIыххэртэкъым. «Яллыхь, хъыбарыфI гуэр и жьэм къыжьэдэгъэкI, – жиIэрт Хьэжчэрим игукIэ. – Яллыхь, гущIэгъу къытхуэщI!»

– КхъыIэ, – жи мыдрейм, и лъакъуэм фIэлъ зэфIэмыхьэм еплъурэ. – КхъыIэ, мыр уэ сIыхи, а уи шырыкъуитIыр сэ къызэт...

– Iагъ, сэ езыр-щэ?

– Мис, мы сысейхэр къащтэ.

– Ар сыт щхьэкIэ?

– ЛIо-тIэ, фэ нэхущхэм деж фаукIынущ, тIум щыгъуэми!

– СаукIмэ, итIанэ къэпщтэнщ!

Пэж дыдэу, а лIы кIыхьым жыхуиIа нэхущым къалъыгъуэзащ Iуэм былымым хуэдэу ит тхьэмыщкIэхэм. Псом япэ къэрашар Хьэжчэримщ. Абы и Iуэхур нэхъ ягъэикIэу къепсэлъащ. Уэ укомандирщ, къыжраIэрт. Адрейхэм къыумыгъэщтэным и пIэкIэ, уэ езым а тхылъымпIэхэр къэпщтащ япэ уиту. Уэ советыдзэм яхэплъхьэну ухэтащ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм сэбэп яхуэхъуну Iуэху мыхъумыщIэхэр, уэ абыхэм уадоIэпыкъу, уи хэкум уепцIыжащ. КъыбгурыIуэрэ жытIэр?.. Мэ, къытедзэ мыбы Iэ! Зэрагъэкъуаншэ тхылъ къыхуашиям еплъмэ, иджыпсту къыжриIахэр зы къэмынэу итт. Хьэжчэрим абы Iэ яхутридзэн идакъым. Хагъэзыхьащ, куэдрэ къеныкъуэкъуащ, къытегуплIащ, къагъэшынащ – жаIащ ялIыну, яшхыну, еуэу и пIэ къэрамыгъэкIыу яукIыну. Яхуэшынакъым, къахуикIуэтакъым, яхутридзакъым Iэ. Ауэ абы щхьэкIи къэнакъым, ягъэтIысащ!..

## ГЪЭЩIЭГЪУЭНЩ МЫ БАЛИГЪХЭР!

Бжыхьэр къэсащ. ЦIыхум къаIэрыхьащ гъавэщIэр. Гъаблэр иухри, ерыскъыкIэ бэлыхь зытелъа псоми яIуэтэжащ... ихьахэм фIэкI къэмынэу. ЩыIэщ гъаблейм уз хэзыхахэри, ихьыпахэри. Гъаблей ящхьэщыкIар Къамбот и дежкIи лъэужьыншэ хъуакъым. И гум дыркъуэ къытридзащ – и ныбжьэгъуфIым и узыншагъэр иджыри зэфIэувэжакъым. ЩIыпIэ мащIэм къыщрашэкIа, жыжьи гъунэгъуи къамыгъанэу, дохутыр мащIи ирагъэплъа Хьэжсуф, зэкIэ сэбэп зыри хуэхъуркъым. И щхьэ куцIыр хъеяуэ аращ жаIэр. Ари гъаблэм и Iэужь-лъэужьхэм щыщщ – мэжэщIалIагъэм къезыгъэлын гуэдз IэмыщIэм и зэранкIэ бгым щыхуащ. Щагъэхуащ, шыбгъэм щIагъэзэрыхьщ, щхьэщахуэри. Мис иджы гъэ еджэгъуэщIэм щIедзэж. Уэзджынэр къоуэри, цIыкIухэр зэрызехьэу школым зэрыщIохуэж, партэхэм зэрыдокIутэж. Хьэжсуф сымаджэщым щIэлъщ. ЕгъэджакIуэр къыщIохьэ, цIыкIухэм сэлам къарех, гъэ еджэгъуэщIэм зэрыщIидзэжамкIэ къохъуэхъури, дерсым хохьэ. Сыту лъапIэ, щIэщыгъуэ япэ махуэр! Партэхэр, доскар, класс зыщIыхьэжар... Партэхэр щIэтахэрами, щIэрыщIэу ялэну псо дыдэр яхузэфIэмыкIами, къабзэлъабзэщ. Езы еджакIуэхэр-щэ? Псори нэхъ ин, нэхъ дахэ хъуащ зэрызэрымылъагъужа лъандэрэ. Нэхъ зэхуэгуапэхэщ, нэхъ зэхуэIэфIхэщ. Къыпщохъу япэм хуэдэу щIалэжь цIыкIухэри мызэраныжыну, езыхэри зэмызэуэжыну. Псори, псори, псори

щIэращIэщ, щIэщыгъуэщ. Дахэщ щхьэгъубжэм къыдэщ бжьыхьэпэри. Гъуэжь хэхъукIаIами, хьея щIагъуэ щымыIэу жыгхэм япытыжщ пщIащэхэри. Нэгъабэ иджы хуэдэ зэманым пылъэлъыжат жыг тхьэмпэхэм я нэхъыбэр, гъуэжь хъури. Уэгъуати аращ. Мы гъэм уэшх хъарзынэ щыIащ. Аращ щхъуантIагъэр нэхъ къыщIызэтенари. Ерыскъыр къаIухуэщ, я ныбэ изу шхэхэри, цIыхухэми я фэр къихьэжащ, нэжэгужэ къэхъужахэщ. Уэшхыр ерыскъыщ, уэшхыр нэжэгужагъэщ, цIыхухэми, къэкIыгъэхэми ядэплъагъу дахагъэщ, IэфIыгъэщ... гъащIэщ. Сыту лъэщ уэшхыр! Мес, мо щхьэгъубжэмкIэ удэплъмэ, нэм къыIуидзэр зэрыщыту гур зыхьэхущ. Кхъужьейхэр, мыIэрысейхэр, къыпцIейхэр, балиейхэр... Ахэр апхуэдэу дахэу щызыгъэтри уэшхщ, уэшхщ дунейр зэтезыIыгъэр! НтIэ, псори мис мы иджыпсту хуэдэу дахэу, щIэщыгъуэу, удахьэхрэ пфIэIэфIу зэпымыууэ щIыщымытыр сыт? Сыт Мэржан «пабжьэм къыхэпщыжакIэ» зэджэ ди бригадирыжьхэм, щIым щIавэж щхьэмыжыр къащыпу зымыдэу цIыхур зэтезыукIэ хъумакIуэжьхэм, абыхэм унафэ къахуэзыщIыж къулыкъущIэ удэфаижьхэм хуэдэ дунейм щIытетыр? Щхьэ зауэ щыIэ? Дунейм, гъащIэм къарищIэр яфIэмащIэу, цIыхухэр езыхэр бэлыхь щIызэрыхэдзэжыр лIо? Дауэ балигъ ахэр къагурымыIуэу?! Къамбот и IэмыщIэм мы дунейр зэрыщыту къралъхьауэ, и зэфIэкIыр псоми къапекIуэкIыу щытамэ арат. Псом япэу цIыхуу хъуар зэхуишэсынти, мыпхуэдэу яхэпсэлъыхьынт: къызжиIакъым жывмыIэж – зауэ-банэ хэмыту, зым Iэпыхур адрейм къищтэжу, фызэгурыIуэрэ фызэдэIуэжу фыпсэу... Мис апхуэдэу яжриIэнт мы дунеижьым цIыхуу тету хъуам. ХуидэнтэкЪым зыми къыхэпIэнкIыкIыу, лей зэрихьэу. Мис итIанэ, си Iуэхут, нэмыцэ фашистыжьхэми абыхэм хуэдэ нэгъуэщI зэуэреижьхэми ауэ зыкъагъэхъейтэмэ! Зыкъамыгъэхъеямэ, а зауэм хэкIуэда къомыр псэужынт. Мис итIанэ иIэжынт езы Къамбот и адэри, куэдым, куэдыкIейм я адэ-анэхэри. ЦIыхухэр зэи мымэжалIэу, яшхыни щатIэгъэни ягъуэтрэ тхъэж защIэу псэунт...

– Хьэтх Къамбот, къэтэджи, мы иджыпсту сэ жысIар къызжеIэжыт, – псоми заущэхуауэ зэдаIуэ урокыр здригъэкIуэкIым, зэпиудри, егъэджакIуэм и нэр абы къытриубыдащи, къожьэри щытщ. Фэ теткъым фIырыфIкIэ кIэрыкIынуи. Къамбот къотэдж. Ар щытщ, и щхьэр ехьэхауэ. Зыри жиIэркъым. Уа, мы егъэджакIуэхэр хьэлэмэтщ, дэнэ къыщищIа иджы абы зэремыдаIуэр! КъуейщIеякъым, ауэ къудей зимыгъэхъейуэ щысащ, и IитIыр и гупэм къилърэ цIутIипIытIи жимыIэу, щымрэ щыму, Iэдэб дыдэу. Ауэ пэжщ, едэIуакъым, мо и гупсысэхэмкIэ щыхэтащ. НтIэ, ар егъэджакIуэм дэнэ къыщищIар?!

– ПщIэркъым икIи укъызэдэIуакъым. Зыми щымыщу ущIэсщ, – егъэджакIуэм и макъым зрегъэIэт. – НтIэ, зыми щымыщу мыбы ущIыщIэсын лъэпкъ щыIэкъым, тIасэ цIыкIуу сиIэ, щIэкI иджыпсту, зызумыгъэлъагъуу!

Къамбот, сыт ищIэнт, щIокI классым. Ар зыфIэдыхьэшхэну къыпипIыртIыкIхэри хэтщ. Ауэ мо егъэджакIуэ губжьам щошынэри, зызэтраIыгъэ. Къамбот щIэкIри, бжэм къыкIэрыувэжащ. КIэлындор кIыхьыр нэщIщ. Iэуэлъауэншэщ школ псор. Псори йоджэ ежауэ. Еджэн фIэкIа мы дунейм нэгъуэщI зыри Iуэху тетыжу пщIэнкъым. Класс къызыщIэкIам дэгу-дэгуу къыщIоIукI егъэджакIуэ «тхьэгурымагъуэм» и макъыр. Сыту пIэрэ иджыпсту абы и еджакIуэ цIыкIухэм яжриIэр? Сыт яжриIэн, адэкIэ иригъэкIуэкIыу къыщIэкIынщ урокыр. А урокыр иухыху жиIэнум, цIыкIухэм яригъэщIэнум хэкIыжынущ иджы езы Къамбот. Хэт абыкIэ къуаншэр? Езыращ, емынэ лъэрыкIуэм зэрихуэу тегупсысыкIат асы-

хьэтым? Щхьэи къиухьэт и щхьэм а гупсысэ къомыр? Ар къызыхэкIыр Къамбот есакъым урокхэм тэмэму щIэсу, абы щыжаIэм едаIуэуи аращ. Апхуэдэу щIыщытри жылэм ещхьу махуэ къэс школым къызэрымыкIуэфырщ. КъэкIуэфатэмэ, и гупсысэхэр фIызэбгрымыжу, класс кIуэцIым нэхъ щызэтриIыгъэфыну къыщIэкIынут, дауи. Махуэл имыщIу, димыутIыпщыкIIауэ къэкIуэфыркъым школым, я унэм, пщIантIэм щыIэбэн цIыху унагъуэм искъым, псори езым и пщэ къыдохуэри. АбыхэмкIи къуаншэр зауэращ! Зауэм и кIэр хьэдагъэщ, жи. А хьэдагъэм гъаблэри къыпыувэжри... Дапщэщ а тIум я лъэужьыр щыхэгъуэщэжынур? ЩIэхкъым. ЛIэщIыгъуэкIэрэ къэуэжурэ екIуэкIыну лагъымщ ахэр... Щыт иджы, адрейхэр еджэмэ, уэ абыхэм уапэплъэу. И Iуэху къигъанэу къыщIэкIуар арауэ къыщIэкIынт нобэ школым. Зэпыту укIуэ псори, и тхылъхэр иIэжатэмэ, кIуэжынти, зыгуэркIэ сэбэп хъунт, мы махуэ уэфIышхуэр зыми щымыщу имыгъакIуэу... Анэм фIэфIщ и къуэр еджэнуи, абы и хьэтыркIэ къокIуэ сытми армыхъумэ, и насыпи хэлъу къыщIэкIынукъым Къамбот мы еджэн Iуэхум. Хэлъын, унагъуэ Iуэху, лэжьыгъэ псори къанэ щIагъуэ щымыIэу и пщэ илъурэ еджапIэм къекIуэлIэн къудейуэ зэман имыгъуэтмэ? А къыщекIуалIэхэм дежи мис мыпхуэдэурэ фIэкIа урокхэм щIэмысмэ?! Бжэм здыкIэрытым, пхъэбгъу щIыIэтыIэр и щIыбым мащIэу къыщызыхещIэ. Уа, пэжщ, къуаншэщ езы Къамботи, ауэ тхьэм щхьэкIэ жыIи, тэмэм мы егъэджакIуэхэм я хьэлри? ЗыгуэркIэ ягу къобгъамэ, ар сыт щхьэкIэуи ирехъуи, нэгъуэщI щыIэкъым: «ЩIэкI!» – жаIэнщи, урокым укъыщIахунщ. Уа, сыту хьэл мыхъумыщIэ ар! Я гугъэщ ущIахумэ, абыкIэ псори зэфIэкIыу. Узэранами, мы Къамбот иджыпсту къызэрыщыщIам хуэдэу, жаIэм зыгуэркIэ утегупсысыкIа хъуами, къуата уи унэ лэжьыгъэр умыгъэзащIэу укъэкIуами – псом щыгъуэми, а зы тезырыр хьэзырщ: «ЩIэкI!» Аратэкъэ зэ Хьэжсуф иращIауэ щытар? И унэ лэжьыгъэр имыгъэзащIэу къэкIуат. ХуэщIатэкъым, къыгурыIуэртэкъыми.

– Дэнэ щыIэ, Хьэжсуф, уи унэ лэжьыгъэр, сегъэплъыт зэрыпщIыжам, – къегъэтэдж егъэджакIуэм ар.

– СщIыжакъым... СхуэщIыжакъым, сщIэртэкъым зэрысщIыжынур.

– НтIэ, умыщIыжамэ, умыщIэмэ, щIэкI иджыпсту. Пщэдей уи анэр къыумышауэ укъэмыкIуэ. УкъакIуэми, укъыщIэзгъэхьэнукъым!

И анэр къиишэн хуейуэ зэрыжриIар зыгуэрщ, ауэ урокым щIыщIихуар сыт? ЛIо, урокым зэрыщIихуам щхьэкIэ къыгурымыIуэр нэхъ къыгурыIуэн и гугъэу арауэ пIэрэ? Ы-ы, Iейуэ. Щыгугъ абы. Апхуэдэу ищIа нэхърэ нэхъыфIт, ар иригъэджэну, щIэныгъэ иригъэгъуэтыну хуейр пэжмэ, а къыгурымыIуэр къыгуригъаIуэрэ зыщIихуа урокми химыгъэкIыжамэ?! Адрейхэми аращ ящIэр. ГъэщIэгъуэнщ мы балигъхэр! Езым игъащIэкIэ къыгурымыIуэну, хузэфIэмыкIыну Iуэхушхуэхэр зэрахьэ, ауэ Къамбот зыхуихьынур имыщIэу, и щхьэми къыхуимыгъэтIасэу делагъэ куэд хэлъщ ящIэхэм. Апхуэдэщ мы егъэджакIуэхэм еджакIуэхэр урокым зэрыщIахури, пхъэIэщэкIэ щIым щIавэж гуэдз щхьэмыжыр кърамыгъэщыпу цIыхур шхын щхьэкIэ зэрызэтрагъалIэри... модэ, мо Хьэжчэрим сымэ гъэр зэращIари абыхэм яхэтыжу. Хэт ищIэрэ, абы щыгъуэ зауэм и гуащIэгъуэт, Хьэжчэрим и ротэр ямыгъэтIысу ягъэзэуатэмэ, я папэ щаукIам нэмыцэжьхэр къатемыкIуэнкIэ хъунт. Ахэри арат, ауэ иджыпсту дауэ мы езы Къамбот и Iуэхур зэрыхъунур? ЗдэкIуэнур дэнэ, ищIэнури сыт? Урокыр иджыри зэхуэдитI хъуакъым. И классэгъухэри къыщыдыхьэшхыу, ауан къащIу къыщIэкIынщ, асыхьэтым егъэджакIуэм жиIар имыщIэу къызэрыщIэкIам, зэрыжимыIэжыфам щхьэкIэ. Ахэр абы къыщIонакIэ, дауи.

Хуэфащэщ икIи. ДяпэкIэ ищIэнщ ар, зэи тегупсысыкIынкъым, едэIуэнщ егъэджакIуэм жиIэм. Зы псалъэ димыгъэхуу. ИтIанэ си Iуэхущ абы асыхьэтым егъэджакIуэм жиIар жримыIэжыфми. ЖеIэжыфри адрей зэдаIуэхэр. Хьэмэрэ тхылъ къеджэнкIэ зытригъакIуэIарэ? Аращ, уи Iуэху къэбгъанэу школым укъыщыкIуэкIэ, жаIэм едэIуэн хуейщ.

* * *

Къамбот бжэм къыкIэрокIри, мыпIащIэурэ щIыбым щIокI. Махуэр уэфIщ, бзыгъабзэщ уэгур. Къабзабзэу, джафабзэу зэхэтщ къуршыжьхэри бгы къом екIуэкIри, щIыбыкъэ хъужахэу. Джабэм кIэрыт жыгей мэзыжь игъащIэ лъандэрэ нэщхъейри, нобэ нэхъ нэжэгужэ къэхъуауэ, и щхьэр нэхъ къиIэтауэ къыпщохъу. Мэз лъапэм былымри Iэщ цIыкIури щикъухьащ. Дунейм теткъым ахэр зэрыпщIэн, я пэхэмкIэ бгы гъуабжэжьым быдэу кIэрапхауэ фIэкIа – я щхьэр къаIэтыркъым. Бжьыхьэпэ махуэфIым и дахагъэм, и гуапагъэм уи псэр куэдкIэ нэхъ Iэдэб, хьэлэл ещI. Къуршыжьхэри, джабэ нэкIури, абы кIэрыт мэзри, Iэщри, псы жыжьэу щежэхри, зи бгъэнышцхьэхэм мафIэ щIадзауэ пфIэщIу лыд унэ цIыкIухэри, а псоми къащхьэщытыж дыгъэ-мафIэ шыкъырри гуапагъэмрэ IэфIыгъэмрэ псэм щызыгъэуш сурэтышхуэм ещхьщ... Урокым къызэрыщIахуар и анэм къимыщIатэмэ арат. Зи, жраIэжын тIэу еплъынукъым, зыгуэр хуэзэмэ. Уэт ар зи жагъуэ хъун, мис абы и жагъуэ хъунщ. ЩIэмыхъуни щыIэкъым. ЛIо, и бжьыхьэ лэжьыгъэхэр зэтрихьарэ зым Iэбэмэ, адрейр къанэу, тIэкIу къыдэIэпыкъуну зыщыгугъ и щIалэр мыпхуэдэу хьэулейуэ, емыджэрэ мынэгъуэщIу дэту къищIэмэ гъэщIэгъуэнкъым, дауи, и гуапэ зэрымыхъунур. Зыхуэныкъуэм зыхуигъэныкъуэу, ар мыбы нэс къыщIигъакIуэр ныбжьэгъухэм къакIэрызгъэхункъым, щIэныгъэ гуэр езгъэгъуэтынщ, жеIэри аращ. Езы Къамбот-щэ? И щIыбыр дыгъэ ирегъэури, бжыхьым кIэрытщ, еджэми лажьэми щымыщу. Я мамэ иджыпсту хадэр къихыжу къыщIэкIынщ. Хьэмэрэ иджыри пасэIуэу пIэрэ? Зэхихакъым нартыхум и къэхыжын Iуэху зэкIэ зэрихуэу. Мы гъэм нартыхур Iей хъуакъым. Нэгъабэ хуэдэкъым, Алыхьым и шыкуркIэ. Сыту Iей мы гъавэм и Iуэхур, узижагъуэным и махуэт нэгъабэ. Иджы, мис, псоми загъэнщIыжащ. Зыкъомми пасэу яфыщIыжащ, нартыхум хьэдзэ къызэрищIу щIадзэри. КIэрыкIакъым, гъэвар гъэвауэ, гъэжьар гъэжауэ яшхащ. Iэрамэ-Iэрамэури зэкIэращIэрти, ягъэгъурт, яхьэжырти, хьэлу, мырамысэ ящIырт. Иджыри шындэбзий дыгъапIэм щыфIэдзауэ уолъагъу нартыху кIэчан зэкIэрыщIахэр ягъэгъуу. Къамботхэ я нартыхур хъарзынэ хъуат, бэгъуакIэ уемыджэнуми. Ауэ уэлбанэ къатемыхъуэу зэщIакъуэжамэ арат. КъэуэлбэнэнкIэ шынагъуэщ, къуаргъхэри зэрызохьэ. Бзийр зэрамыупсеиж щIыкIэ уэлбанэ техъуэмэ, ауэ сытми гугъу ар зэщIэпкъуэжыну. Псыр зыкIуэцIыхьа нартыху бзий IэплIэхэр щIэх гъущыркъым. Сыту Iей апхуэдэр къыщыхэпхыжкIэ! Бзий IэплIакIуэр уи дамэм теплъхьэмэ, нартыху къыдэчыпIэхэм ириубыда псыр уи пщэдыкъым щIыIэу дэлъадэу! Абыи и закъуэ? Тэмэму мыгъущамэ, зэтофыхь, зэтощтыхь, щIымахуэм къыпхуэмыщтэжу, къэпщтэжари Iэщым пхуишхыжыркъым. Гъущыжыху уожьэри, щIым хэлъурэ гъуабжэ хъуауэ зэщIыбокъуэж. Ари щIагъуэкъым. ЩIокI и IэфIыр, и къэуатыр. НэхъыфIыр Iэгъущэлъэгъущэу зэщIэпкъуэжу зэтеплъэхьэжынырат. Ауэ ар Къамботхэ къайхъулIэркъым куэдрэ. И анэмрэ езымрэ я закъуэ зэщIакъуэжыну хунэмысурэ, уэлбанэ мэхъу. Иджы Къамбот ин хъуащи, тIэкIу нэхъ дэIэпыкъунщ, армыхъумэ я мамэ и закъуэт япэм псори зыщIэр. Къамбот гъатхэм хадэр къыдитIащ, нартыху пщIэгъуэм дэIэпы-

къуащ, кIэртIофыр къыдитIыжащ. Мис иджы нартыху къыдэчыжыгъуэщи, икIи къихыфынущ, икIи къыдичыжыфынущ. Уэлэхьи, бзий IэплIэхэри кърихыжыфынум, ауэ хузэтелъхьэжынукъым. Абдежым хуиубыд сыту, и анэм дэIэпыкъунщ.

* * *

Къамбот и нэгу къыщIегъэхьэ и анэмрэ езымрэ зэгъусэу хадэр къызэрырахьэлIэжыр. IэфIу йогупсыс ар анэм и гуапэ зэрыхъунум. Сыт хуэдэу псынщIэу лэжьэн! ЩIэх ешынкъым, япэм хуэдэу. Ешми, я мамэ емышмэ, езым зыри жиIэнкъым. Iейуэ! Уэлэхьи, я мамэ пщэдджыжьым дыгъэр къыщIэмыкIыу хадэм ихьэу, и нэм нэху имылъагъужыху итыфынумэ. Ари зыгъэпсэху жыхуаIэр имыщIэу!..

Школ бжэIупэм щыфIэдза гъущI хъуреишхуэм бгъэдохьэ физ Iув фIыщIэ зи цIэри зи фэм ещхьу фIащыжар – ФIыщIэ жыхуаIэр. Абы фIэкIа Iуэху нэгъуэщI имыIэу, ар кIэлъоплъ зы сыхьэтыжь закъуэ еджапIэм щызэрахьэм, урокхэр щымыуэу зэблегъэкI. ЦIыкIухэм къащохъу ФIыщIэ нэхърэ нэхъыщхьэ директори, завучи, нэгъуэщIи мыбы къемыкIуалIэу. Удэджэгурэ, абы и лэжьыгъэращ псори зытещIыхьыжар!.. НтIэ, ФIыщIэ гъум а гъущIыжьым бгъэдохьэри, зау, зау, зау, жригъэIэу, еуэу мэув. Къамбот и псэр къыхохьэж: урокыр иухащ! Алыхьым и шыкурщ. Иджы езыри адрей псоми хуэдэ хъужащ. ЗыщIэбгъэпщкIуни ущIэукIытэни щыIэжкъым. ЗэфIэкIащ. Иджыпсту цIыкIу-цIыкIу къомыр къызэрыщIэхынщи, пщIантIэм дэз къэхъунщ. ЗыкъихыпIэхэм, пкъо лъагитIым я щхьэм тегъэбыда къурыкъум едза пкIэлъей лъагэшхуэм епщIынщ. Зыкърахыу, пкIэлъейм IэкIэ джэдум хуэдэу псынщIэу дэжейуэ щIадзэнщ, пщIантIэ псор яхуримыкъуу къажыхьу, зэрыгъэкIийуэ. Къамбот зыкъихыпIэм езым и ныбжьхэм зэрызыкъыщрахым хуэдэу фIыуэ зыкъыщрихыркъым. ПкIэлъейми и щхьэм нэс дэкIуеифыркъым IэкIэ, и зэхуэдитIым нэс кIуэфми аращ. Апхуэдэу щIыщытыр Къамбот абыхэм нэхърэ нэхъ къарууншэу аракъым, зэремысаращ зи зэраныр. Абыхэм зыкъихыпIэм зыкъыщрахым, пкIэлъейм щыдэкIуейм езым и унэ лэжьыгъэр игъэзащIэу щIэсащ классым, иIакъым зэман къахыхьэну. Ахъумэ зыцIыкIу зытригъакIуэркъым бэнэнкIи, хьэлъэ къэIэтынкIи. Си Iуэхуи абыхэм яхэтми Къамбот хуэдэу хадэр къэзытIыфын хьэмэрэ дыгъэвэхым хэту махуэ псом темыгъэу пщIэн. Мы цIыкIуу абы мэзым къыщищыпа къомыр-щэ? Бжыхь яхуфрэ? КIуэфрэ езым хуэдэу бэзэрым?! Къамбот и щхьэр къиIэту дунейм теплъэну хуимыту апхуэдэу щылажьэхэм деж, ахэр мэджэгури уэрамым дэтщ е загъэпскIри псым хэсщ. ИтIани урок зэхуакухэм къыщIэкIамэ, дыгъи къатемыпсэу, дунеи ямылъагъуу илъэскIэ тутнакъэщым исам ещхьщ. ЗэрыгъэкIийуэ къызэрыщIох, яужь къинэр щIаубыдэным хуэдэу… Ей, нобэ апхуэдэкъым. Щхьэ къызэрыщIэмыкIутрэ, сыт щыгъуи зэращIу? Догуэ, урокыр имыухауэ ара? Уэлэхьи, иухащи ауэ сытми иуха?! ФIыщIэ еуакъэ гъущIыжьым? Ауэ еуа, ари ихъуреягъыр къигъэпсалъэу. ИтIани къыщIэкIыркъым цIыкIухэр. Сыту пIэрэ къэхъуар? Зэ псори пщIантIэм къызэрыдэкIутэу, Къамбот абыхэм яхэзэрыхьыжыну арат зыхуейр. НэкIэ яшх, зылъагъу псоми ящIэ, мыбдежым и закъуэу щыщыткIэ, урокым къызэрыщIахуар. КъыщIэкIхэркъым! Къамбот ищIэркъым урокитI жьы дэхупIэ имыIэу зэпыту ирагъэкIуэкIыу зэгуэр къэхъуауэ. Нобэ сыт къызыхэкIыр урок нэужьым школым зыри къыщIэмыкIыныр? Хьэмэрэ ФIыщIэ а зэуам урокыр иухащ, жиIэу къимыкIыу пIэрэ? Уэлэхьи, къокIри, мыауэ къызэрикIыр! Сытым дежи ирыреуэ а гъущIыжьым, зыпчэтхъэжамэ,

нэгъуэщI къыпхуигъэкIынукъым, урокыр иухащ, фыкъыщIэкI, е куэдщ щIыбым фызэрыдэтар, фи къэжыхьыни сыти зэпывгъэуи, фи классхэм фыщIыхьэж, партэхэм фыдэтIысхьэж, жиIэу фIэкIа. Аращ а гъущI хъурей Iувышхуэр абдежым фIэдзауэ щIыфIэлъыр, армыхъумэ пщIантIэр хьэмэрэ школ бжэIупэр ирагъэдэхэну аракъым. Ауэ нобэ къыщIэкIыркъым, сыт щхьэкIэми. Къамбот зэуэ зречри, жэрыгъэ защIэкIэ еджапIэм щIолъадэ. Асыхьэтым ирихьэлIэу бжэр къыIуахри, зы класс гуэрым еджакIуэхэр къыщIокI я тхылъхэри яIыгъыу. Къамбот абыхэм йоплъ къыгурымыIуэу. Мыр сыт, зы урок закъуэ фIэкIа емыджауэ кIуэжхэу ара? Апхуэдэ хабзэ щыIэ? Уэлэхьи, сыти жыIи, мыбы зыгуэр щыщыIэкIэ? Сыту пIэрэ, ярэби?! ПсынщIэу дожей етIуанэ къатым. Я классыр зыщIэс пэшым бгъэдолъадэри, бжэкъум йопхъуэ. Ауэ, Iуихыну дзыхь имыщIыжу, къызэтоувыIэ. ЗэщIодэIукI. ЕгъэджакIуэм и макъыр зэхех: «Зы цIыхупсэ фи унэ фыдыхьэжынукъым, къывгурыIуа? Нэхъ жыжьи, нэхъ гъунэгъуи. А дызэрыкIуэну гъуэгум фи унэр тетми, фыдэзгъэхьэжынукъым. Фэ фызэбгрыжыжмэ, сэ фыкъызэщIэскъуэжу сытетынукъым гъуэгум. ФылIэнкъым нобэризэм шхын щхьэкIи. Ауэ губгъуэм зыгуэр щыIэу къыщIэкIынщ, а дыздэкIуэм. Фэ щхьэ фынэхъ лей, зэрышколу макIуэ. Зы класс къанэркъым. Адрей псори зэрыхъуу фэри фыхъунщ, куэд жывмыIэ!» УэI, мыIэрысэм яшэну аращ. Абы нэхъей, нышэдибэ Къамбот мышхэу къыдэмыкIаи. Анэм зыгуэр едзакъэ, жиIа щхьэкIэ, идакъым, пIащIэри. Ар мыпIащIэу зэгуэр школым кIуэрэ сытми! Бжэр шынапэурэ дамэдазэ ещIри къуоплъ. ЕгъэджакIуэм гу къылъэтэ.

– КъакIуэ мыдэ уэри, – жеIэ абы. – Уи тхылъхэр къэщтэжи, ныщIэкI. Уэ пхуэдэхэращ нэхъыбэу гъэлэжьэн хуейр. Уеджэну, урокым щыжаIэм уедэIуэну ущыхуэмейкIэ, къыщохьэлъэкIкIэ, лажьэ!

## ПСЫДЗЭ

Лажьэркъэ арыншэми Къамбот? Езым мазэм ищIэу къыщIэкIынтэкъым а тхьэмыщкIэм махуэм и фэм дэкIым хуэдиз. ИтIани зыри жиIэркъым. Пэрыуэркъым шэрыуэу псэлъа зи гугъэж егъэджакIуэм.

Уэрамым цIыкIухэр кIапсэлъэрышэу къызэрыдэшащ. Класс-классkIэрэ зэпыудауэ, гуп щхьэхуэурэ кIэрохьэ джабэм. Абыхэм зы Iэуэлъауэ ящI, зыуэ мэкIий щыпсалъэкIи! Хэти хуейщ псэлъэну, а жиIэр псоми зэхахыну. Зыри хуейкъым дэIуэну. Щхьэж езым жиIэр фIэхьэлэмэтыжщ. АрщхьэкIэ, адрейхэри мэпсалъэри, зыми зыри зэхихыркъым. Аращ щIэкIийхэри. Бгым зэрыдох апхуэдэххэуи, губгъуэм зэрокIутэ. КIий макъым зэщIещтэ ихъуреягъыр. Ар ауэ сытми губгъуэ къызэрыгуэкIыу къэнэжрэ езыр – зэщIопсэ, бжьыхьэ дыщафэр и тепIэнщи. Хадэ зыхыхьам, бжьыхьэу умыщIэну, жыгхэм япыт тхьэмпэхэр иджыри щхъуантIэщ. Ауэ, тхьэмпэ гъуэжьыфэ къыпылъэлъахэри я лъэгум щызэхощIыщIэ. Дыщэпс ятегъэлъэда хуэдэщ езы жыг къомми. Дэп фIэкIута фIэкIа умыщIэну, абыхэм мыIэрысэ плъыжьхэр яфIэзщ. МыIэрысэ пасэм къашауэ аращ. Къуалэбзухэр уэру щетIысэха хуэдэ, щIалэ, хъыджэбз цIыкIухэм хадэ псор зэщIащтэ, зэщIагъэушэ. Абыхэм матэхэр, пэгунхэр яIыгъыу жыг щIагъхэм къыщажыхь. Дыхьэшхым, гушыIэм гъуни нэзи яIэкъым. «Куэдщ класс пэш зэвым фыщIэбэмпIыхьу фызэрыщIэсар, губгъуэм фыкIуи тIэкIу фи нэгу зевгъэужь иджы», жаIэу кърашэжьами ярейщ ахэр нобэ. АрщхьэкIэ апхуэдэу куэдрэ уагъэхьынт, егъэджакIуэхэр къахохьэри, псори зэхуашэс. ФIыуэ я тхьэкIумэр хуаIуантIэ. Хэт мылажьэми, жаIэм емыдаIуэми зэрыхуамыдэнур гурагъаIуэ. Абы и закъуэ? Iэмал имыIэу

мыпхуэдиз мыIэрысэ хэти къыпичын хуейщ, жаIэри Iыхьэ пыухыкIахэр щхьэхуэ-щхьэхуэу хуагъэув. Къытрагъэзэжурэ тIощIрэ жаIагъэнщ жыгхэр къэгъэкъэбзэн зэрыхуейр, нэхъ къыпычыгъуафIэхэр къыпачурэ нэгъуэщI жыгым жэуэ зэрымыхъунур. Ауэ щыхъукIи, къэбгъэсыс-къыщIэбгъэщащэу къэпщыпыжынкIэ зы Iэмал иIэкъым. МыIэрысэр мыкъутэу IэкIэ къыпычын – аращ къалэныр.

Нэхъ Iеижу зэрызехьэу, зэрыгъэкIийуэ цIыкIу-цIыкIу къомыр зэбгрожыж, зэрыщIокIутэ жыг щIагъхэм. Нып зэмыфэгъуу жыг щхьэкIэхэм фIэз мэхъу щIалэ, хъыджэбз цIыкIу нэжэгужэхэр. Ухуейми IуантIэ абыхэм я тхьэкIумэр, ухуеймэ къатетхъыпи я IэмыщIэ илъхьэж – ахэр инхэр зэрыхуей дыдэ пхуэхъунукъым. Ари мыпхуэдэу губгъуэм иутIыпщхьауэ хуиту иту! ЕгъэджакIуэ-гъэсакIуэхэм къыжраIэ ущие псалъэ, псалъэ ткIий зэрагъэшынэ псори классым ущыщIэсым нэхърэ куэдкIэ нэхъ щабэ, апхуэдэ дыдэуи мышынагъуащэ къыпщещI угъурлыгъэрэ хьэлэлыгъэ инкIэ гъэнщIа губгъуэ дыгъэл хуитышхуэр, бгы абрагъуэхэр, мэз жыжьэ иукъуэдиикIар уи нэгум щыщIэтым деж. ЦIыкIухэм цIыкIу Iуэху зэрахуэ, щхьэпрех: долъей-къолъых, мыIэрысэ ныкъуэшххэр зэраутIыпщ, пэгунхэр Iэуэлъауэшхуэ ирагъэщIу хыфIадзэ. Ауэ Iуэхури докI – мыIэрысейхэр хуэм-хуэмурэ нэщI, пцIанэ мэхъу, мыIэрысэ ашыч самэшхуэхэм заIэт. УвыIэ яIэкъым ахэр тевэву ярыту жыг хадэм хэкI гу хьэлъэхэми. Губгъуэм лэжьакIуэ фытшэнущ жаIамэ, мыкIуэн щхьэкIэ щхьэусыгъуищэр къэзыгупсыс, уеблэмэ сымаджэшхуэу зыкъытезыгъахуэ щыIэщ. Къамбот аракъым. УнэмкIэ къызыдэмыхуэ Iуэху къомыращ, армыхъумэ абы фIэфIщ мис мыпхуэдэу губгъуэм лэжьакIуэ цIыкIухэм я гъусэу щашэхэр. Сыт хуэдиз гуфIэгъуэ, нэгузыужьыгъуэ къихьрэ-тIэ мы нобэрей мыIэрысэпычым! Мо сабий жыгъыру къомым я дэрэжэгъуэшхуэу мы губгъуэжьым къыщыукъубеям и толъкъун Iэсэ зыхэтхэм псэ къыхалъхьэжащ щIалэ цIыкIум. Абы ищIэжыркъым, ищIэжми, егупсысыжыркъым нобэ классым къыщIахуу бэлыхь зэрыхагъэтами, зэрыадэншэми, къуэш, шыпхъу къыщхьэщыжын имыIэу и гур иудауэ зэрыпсэуми, сыхьэт бжыгъэ дэкIмэ зыдыхьэжыну пщIантIэм къулейсызыгъэу дэлъыр зыхуэдизми, и анэр, унагъуэр зыхуей хуигъэзэн и гугъэу екъуурэ, тIысамэ, къэмытэджыжыфу къызэрынами... Зыри, зыри ищIэжыркъым. ИщIэр, илъагъур сыт – иджыпсту и нэм илъагъурщ: дахэщ, нэгузыужьщ. Нэгузыужьщ, гухэхъуэщ, армыхъумэ гугъуехь мыпхуэдэ лэжьыгъэр, сытми? Зи унагъуэм лэжьэн цIыху ис адрей еджакIуэ цIыкIухэм гугъуехь жыхуаIэр ящIэркъыми аращ мыхэр гугъуехьу къащIыщыхъур. Къамбот хуэдэу хадэм илэжьыхьамэ хьэмэрэ Хъыт и гъусэу мэзым щыкIуам гугъу зэрехьам ещхьу, зэ зы бэлыхь гуэр хэтатэмэ, си Iуэхут апхуэдэу къащыхъужтэми.

Къамбот, сакъыпэурэ, зыхуеший джабэплъ хъужауэ мыIэрысэшхуэ къыпичынум. Зиший щхьэкIэ, лъэIэсыркъым. ТIэкIу зэрыхъукIэ кIэлъокIуатэри, аргуэру зеший, зыхеш Iэмал зэриIэкIэ. ЛъэIэсыркъым. Зы мащIэ дыдэщ иIэжыр, ауэ – лъэIэсыркъым. Нэхъри зеший, зыхеш – хъуркъым. А мыIэрысэр зыпыт къудамэ лантIэ цIыкIур Къамбот езыр лъакъуэкIэ зытеувауэ зытет къудамэшхуэм гуэтщ. Нэхъри нэхъ зишииху, и Iэпкълъэпкъым и хьэлъагъыр нэхъри нэхъ зытещIэ къудамэшхуэр нэхъ ирешэх. АпщIондэху мо зыкIэлъыIэбэ мыIэрысэри нэхъ йолъэхъшэх, нэхъ пэщIокIуэт. И-и, зы мащIэ дыдэт къэнэжар! Ауэ лIо, улъэмыIэсмэ? И Iэпхъуамбэ нэхъ кIыхьымкIэ мыIэрысэм и джабэ плъыжьым жьэхоуэ, егъэхъей. Ауэ иубыду къыпичын хуэдэу къыIэрыхьэркъым. IэкIэ къыпумычу ядэркъым... Ямыдэу, лIо абы, хэт ар иджыпсту къэзылъагъур? Еуэу

къыпиудрэ къищтэжмэ, зэфIэкIатэкъэ? Ауэ Къамбот езыр хуейкъым а мыIэрысэшхуэр, дахэшхуэр икъутэну. Бгъэсысу къыпыбгъэхурэ удзыпцIэ щабэм хэхуэми, сэкъат гуэр игъуэту щымылъыжынкIэ мэхъу.

Къамбот и Iэри, и лъакъуэри, уеблэмэ и Iэпкълъэпкъ псор зэрылъэкIкIэ хишауэ мыIэрысэ джабэм и Iэпхъуамбэ цIыкIухэмкIэ елIалIэу здепэщэщым, зэуэ къыкъуэуа жьыр апхуэдизкIэ лъэщу къеIунщIати, къудамэ зытетри езыри зэрыхьу къех пэтащ. Къэщта-къэщтауэ и щхьэр къыдрихьеймэ – уафэ щIылъэныкъуэр зэрыщыту гуэуфIыцIыкIащ! Асыхьэтуи пшэ бэлацэжьхэм дыгъэм зыкъытраIубэ. Дунейр занщIэу нэгъуэщI зыгуэр къохъу. Моуэ, шынагъуэ-шынагъуэу, зыгуэру зэщIотаджэ. Жыг щхьэкIэ лантIэ цIыкIухэр гужьеяуэ зэщIобырыбэ, тхьэрыкъуэфхэр, удз лъабжьэ гъурхэр гъуэгу пцIанэм лъэпэрапэу къытокIэрахъуэ. Къамбот гужьеяуэ жыгым къолъэ, пэгунри зэриIыгъыу. ПэкIэ щIесэ. Къыщолъэтыжри, мыжыжьащэу щыт и классэгъум бгъэдолъадэ. «Ехьи, уэшх Iей къешхынущ, псынщIэу дыхэгъэкIыж... адрейхэр здэщыIэ лъэныкъуэмкIэ дыгъакIуэ!» Мыдрейм, и щхьэр къимыIэту, ашычым илъыр зэригъэзахуэу епэщэщурати, къыдэплъейуэ дунейр зэрыхъуар щилъагъум, гужьеяуэ и пэгуныр къепхъуэтэж. Абыхэм я закъуэтэкъым. Псори къызэрехьэжьат. Жьым ирихьэжьа къауц Iэрамэхэм ещхьу, цIыкIухэр жыг сатырхэм къызэрыдох. ЕгъэджакIуэхэри зы гупу зэхуэсыжауэ, щхьэж и еджакIуэр къелъыхъуэ, кърешэлIэж. Къэт-къэмытыр я щхьэм илъщи, къажьэхэлъэдэж цIыкIухэм я нэр къихуу яжьэхоплъэ. Жыг хадэр инщ, пщIэнукъым. Зыгуэрхэм я цIэ жаIэ, щIоупщIэ. Сытми, псори зэуIу мэхъужри, йожьэж хэкIыжынхэу пIащIэу. Бжьыхьэ дуней гъурыкIэр зэхигъэщIыщIэу жьыр мэIунщIэ. Мэзри уафэри зэщхьу фIыцIэ хъуащи, гъунапкъэ гуэр яIэу пхузэхэхыркъым. Шэджагъуэми, пшапэ зэхэуэгъуэм хуэдэщ. ЕгъэджакIуэ гуэр къопсалъэ, мо здилъэдэкъэщыкIым: «Мыбы зы бэлыхь къихьынущ, си фIэщ хъуркъым уэ, ари мыцIыкIуфэкIуу, уэшхуэ щIэмыту, фынажэ!» Ар щыжиIэ дыдэм, уафэхъуэпскIым зеупцIри, уи нэр щыджылу дунейр нэхушхуэу къыщIощ. Уафэ псор зэрыщыту къызэкIуэцIыча фIэкIа пщIэнтэкъым, абы и ужьым куэдкIэ имыту зы Iэуэлъауэ къэIуати. Дэнэ и деж дыдэ хуэзами тхьэм ищIэнщ, ауэ мы Iэгъуэблагъэм зыщIыпIэкIэ щыблэ къеуащ, жеIэ зыгуэрым. Къамбот ар жызыIам и дежкIэ щеплъэкIым, «Уарэ!» жиIэу къыхокIиикI – нетIэ езыр зытеса мыIэрысеишхуэр мафIэ лыгъейм зэщIищтат. Зэтрисхьэрт, апхуэдиз бэлыхь зыдишэча и мыIэрысэ дахэшхуэри дэкIуэу! Нэхъри гужьеяуэ зрач, а къэуа щыблэр иджы езыхэм къеуэну къакIэлъыжэу фIэкIа умыщIэну. ЦIыкIури инри къуажэм щызэрыдэкIутэж дакъикъэм хуэзэу, уэри уэшхри зэщIэту къакIэлъос. Ириуд пэтащ, жьышхуэ щIэтым а псори зэрыхьу я щхьэм къыщцыфIикъуэм. Уафэр мэгъуагъуэ. Аргуэру щыблэр къочэ. Жьым унэхэм, псэуалъэхэм ятелъ бгъэныр уэрамым къыдитхъуэжащ, уэмрэ уэшхымрэ зы ящIыжащ уафи щIылъи. Псори зэхипщэжащи, уи нэр игъаплъэркъым. Iэщри цIыхури гужьеяуэ, щхьэж и макъ къызэрихькIэ мэкIий. ПщIэнкъым дунейр къутэжу фIэкIа. Абы упхыкIыу къуажэкIэм унэсыжыху укIуэн жыхуэпIэр шынагъуэ къудейуэ къэнэжыртэкъым. Ауэ Къамбот къигъэнэнутэкъым абы щхьэкIэ. ЕгъэджакIуэм иутIыпщыркъым: «Зы цIыхупсэм зы лъэмбытI закъуэ зыщIыпIи фчынкъым!» Къамбот, сэ адрей псоми сахуэдэкъым жыхуиIэу, елъэIуат: «Ди мамэ гузэвэнущ, сэ псынщIэу сынэмысыжу хъунукъым, кхъыIэ, сыгъэкIуэж!» Ар егъэджакIуэм зэхихыххакъым. Япэу зыхуэза пщIантIэм псори зэрыдэхуэри, телъа бгъэныр тIэкIу фIэкIа къэмынэу жьым къызытридза гуэщ гуэрым зыщIадзащ.

Уэшхыр куэдрэ къешхакъым. Дакъикъэ бжыгъэм щхьэщыкIащ. УвыIэжащ жьыри, ищIар ищIауэ. МащIэтэкъым ищIари. Псэуалъэхэм, унэхэм я нэхъыбэм телъа бгъэнхэр къатрихат, жыгхэр иришIыкIат, къритхъыпэри ирихьэжьат, зэпкъритхъат зэриту. Адэ-мыдэкIэ щIэуэурэ, псыдзэм куэд Iисраф ищIат, бжыхьхэр ириудри, бгым кърилъэсэха ятIэр я гущIыIум ирихьэжат.

Къамбот къыщысыжам, я куэбжэпэм цIыхухэр щызэрызехьэрт. Псори я пщIантIэмкIэ, я унэмкIэ плъэрт. Уагъэгужьеинут, угужьеиххэнумэ. ЩIалэ цIыкIур я мамэ щхьэкIэт щIэгузавэр. «Яллыхь, зыгуэр къыщымыщIауэ къыщIэгъэкI!» Плъэмэ, узижагъуэным и махуэщ абы илъагъур: я лъапсэм псыр ижыхьыжащ! КъуэнэфыжьымкIэ къыдэжа псыдзэм я псэуалъи я бжыхьи Шэрэдж хилъэсэжащ. Я унэжь цIыкIу закъуэр пIийуэ къыщIэнат бгы лъапэм. Анэр, башышхуэр зыщIигъакъуэурэ, ерагъкIэ бакъуэу пщIантIэ ятIэм хэтщ. Хадэм иту дунейм зыкъыщызэщIищIэм, физ тхьэмыщкIэр и закъуэу къэнэн шынэри, гъунэгъум ежэкIат, и щIалэ нэхъыщIэр и Iэблэм тесу. Псори теужу къыщигъэзэжам, къызрихьэлIэжар къулейсызыгъэшхуэт. Абы къыщыщIам гу лъатэу къызэхуэсахэм къанэ щымыIэу яхэтт къуажэкIэ тIэкIум цIыхухъуу дэсыр. Псоми ягу щIэгъурт Гуащэкъарэ. Хэти хьэзырт зэрыхузэфIэкIкIэ абы зыщIигъэкъуэну. Къуажэ унафэщIхэми къагъэгугъащ гулъытэншэ ямыщIыну. Абдеж дыдэм щызэгуроIуэ пIалъэ къыхамыгъэкIыу унащхьэр хузэрагъэпэщыжыну, псэуалъэшхуэ хуащIыну зэкIэ къахудэмыхми, джэдкъаз тIэкIур зыщIэтынрэ лъэныкъуэ бэкхъ хуэдэу гъущапIэ гуэррэ хуаухуэну.

***КIэухыр къыкIэлъыкIуэнущ***

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ

# Лъагъуныгъэ*



***Повесть***

**Ещанэ Іыхьэ**

## ЗЭМАНЫМ ПСОРИ ЕГЪЭХЪУЖ

ИлъэсыщІэм, зэрыхабзэу, дытхьэщІэ-дыпщІафІэурэ махуэ псор зэрыкІуар дымыщІэххэу, дешауэ сыхьэт пщыкІутІыр къэсащ. Президентыр къэпсалъэу телевизорым ису, ди Іуэхухэр псори зэфІэкІарэ кумбыгъэ зырыз тІэщІэту, дыкъэуващ унагъуэр. ИлъэсыщІэр къызэрибгъэхьэм хуэдэу йокІ, жаІэ. Абы къыхэкІыу ди жьыщІыгъэу хъуар къабзэу, унэр зэлъыІухауэ, щыгъынышщІэ тщыгъыу, нэжэгужэу илъэс къихьэм дыпежьэн хуейт, мамэ зэрыжиІэмкІэ. Гъэ къэс а хабзэм дытету къыдгъэхьэрт. ГуфІэгъуэр ди нэгум къищу, еши зэши дымыщІэжу, сабий къалъхуам хуэдэу гъащІэщІэ щІэддзэ нэхъей, дыхьэшх макърэ хъуэхъукІэ къыдгъэхьащ илъэсыщІэр. Дышхэу дыщысу, си телефоныр кІэщІу къэзууащ. Сеплъмэ, Мурат къатхэу арат: «Сынохъуэхъу, си ныбжьэгъу лъапІэ, гъащІэщІэ щІэбдзэну, ИлъэсыщІэр  гуфІэгъуэрэ насыпкІэ гъэнщІауэ щытыну Тхьэм жиІэ! Пэжу сщІыми сщІэркъым, ауэ мыр Умар и номерщ, махуэ пхухъу!»

Мис ар илъэсыщІэ саугъэту щыІэм я нэхъ лъапІэт сэркІэ!

Си фІэщ мыхъужу, си гур схуэмыубыдыжу сыщыст, си щхьэм «дыгудыгу» жиІэу, зыгуэр  къеуэу къысщыхьурт, си Іур игъущІыкІат. Абы ирихьэлІэу ди гъунэгъухэр хъуэхъуакІуэ  къыщІыхьащ. Динэ абыхэм Іэнэр къахуигъэбэтэжыху, сэ нэгъуэщІ пэш сыкІуащ. Сызэрысымэджам щхьэкІэ, зыхэта къомыр къытехьэлъа хъунщ, зрегъэпсэху, жаІэри, си гугъу къащІакъым.

- Дэнэ къыздипхар? – сызэрехъуэхъужын хуейр сщыгъупщэжауэ, Мурат хузотхыж.

- Унащхьэм ущытеуващ щыта жэщыр пщІэжрэ? Абы щыгъуэ сымыгъуэлъыжу, ныбжьэгъу-жэрэгъу жысІэми, къэзгъуэтат. Сегупсысыжри, сщІэнур сымыщІэу зэман дэкІащ. Узым къыщелакІэ, абы зыгуэр къокІ, иджыри зэ зэхуэзэжхэмэ, я насып кърихьэкІыну пІэрэ, жысІэри, ИлъэсыщІэм тыгъэ пхуэсщІауэ аращ.

Дауэ сщибзыщІа? Гугъу сызэрехьыр илъагъуми, зыкъызигъэщІакъым. СылІэми содэ, Умар зэ сыІуплъэжмэ, жысІэу, сыгъуэгыу сызэрыщысар илъэгъуат, щхьэ зыри жимыІарэ? Лъагъуныгъэ къысхуищІам и хьэтыркІэ, сэ фІы сыхуигъэзэну хуеймэ, щхьэ сщибзыщІа? Ар жысІэ щхьэкІэ, мис, къызитакъэ?! Тхьэм схухиха зы лъэмыж шынагъуэм къыздикІащ, си Іэпэр иІыгъыу, гугъу къыздехьащ, и псэр сэркІэ итыфынущ, итІани и гум къыщІитхъыпэми, фІы сыхуигъэзэну, Іуэхур  зэхэзгъэкІыну сришэлІащ

* КІэухыр. ПэщІэдзэр нэгъабэрей 6-нэ номерым тетщ

гъуэгущIэ. Сыту къаруушхуэ хэлъ Мурат къысхуищIа лъагъуныгъэм! Пэжщ, фIыуэ узолъагъу, жиIэу зэхэсхакъым, ауэ сощIэ и гум илъыр. И нитIым къащIих бзийхэри къызэрызэплъ щIыкIэри ныбжьэгъугъэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэщ...

- УПСЭУ!!! Уэри мы илъэсыр сыт и лъэныкъуэкIи Тхьэм угъурлы пхуищI! – изогъэхьыж.

- Тхьэм жиIэ! – кIэщI дыдэу къотхэж.

Сыт иджы сщIэнур?! Дауэ сщIымэ, дауэ хъун? Щхьэ сымыгузэвэжрэ, щхьэ си гум пIейтеин щигъэта? Дауэ щымытми, Умар деж сымытхэу хъунукъым, си гум идэнукъым нэгъуэщIу, зэгуэрым дыщIызэрыгъэкIуэдар сягъэщ.

- ИлъэсыщIэмкIэ сынохъуэхъу! – си Iэпэхэр сысу, бауэкIэщI сыхъуауэ къызощыпри изогъэхь.

Къэтхэжыркъым. Телефоныр сIэщIэлъу сежьэурэ, сыIурехри, сожей. Пщэдджыжьым сыкъызэрызыщыууэ, соплъ – къэтхэжакъым. А! Си цIэр кIэщIэстхакъым, аращ къыщIэмытхэжар, имыцIыхухэм запищIэ хъункъым. ХьэлыфIщ. Iуэхукъым, и телефон номерыр щызиIэкIэ, иужькIэ сытхэнщ.

Ауэрэ, ИлъэсыщIэ махуэшхуэхэри блокI, еджэнми щIыдодзэж. Мы зы илъэс ныкъуэращ сэри къысхуэнэжар, ар нэзгъэсыжатэмэ, лэжьэн щIэздзэнт. Сыужэгъуащ еджэныр, си щIэщыгъуэжкъым. Пщэдджыжьым, еджапIэ сыкIуэу гъуэгу сытету, телефоныр къеуащ.

– Къысхуэгъэгъу, сыщыIатэкъыми нобэщ уи хъуэхъур къыщысIэрыхьар. Упсэу, уэри ИлъэсыщIэр угъурлы Тхьэм пхуищI, ауэ ухэт уэ? – къотхэ Умар.

– Тамарэщ ар.

– Томэ, си Томэ! Си мазэщIэ нур! Сыту си гуапэ хъуа! Дауэ сыкъэбгъуэта? Си гугъэр хэсхыжыпат, уи номерыр сфIэкIуэдати. Къызэрызгъуэтыжынур, къызэIысхынур сымыщIэу зыкъомрэ и бэлыхьым сиукIащ. Си гум хуабжьу укъэкIащ. Сыт пщIэхэр, дауэ ущыт?

– Псори фIы дыдэщ, соджэ. Уэ дауэ упсэурэ?

– Мис, Сирием сыщыIащ, концерт сиIащ. Ныжэбэ сыкъэсыжауэ арати, уи тхыгъэр куэд щIакъым къызэрыкIуэрэ. Си фIэщ хъужкъым! Сэ, Тхьэм жиIэмэ, гъэмахуэм сынэкIуэжынущи, дызэхуэзэну, дызэрыщIэну, дызэрымыгъэкIуэдыну сыхуейщ, си мазэ!

ГуфIэгъуэм си акъылыр зэрызэтримыхуным и ужь ситу, жэуапу хуэстхыжынум куэдрэ сегупсысащ.

– Уи адэжь щIыналъэр къожьэ! – жызоIэри, си жагъуэ зэрищIауэ щытари, афIэкI къэзгъэзэнукъым Къэбэрдейм, жиIэу зэрыгубжьари, къызипэса псори игу къэзмыгъэкIыжыфу, хузотхыж.

Абдеж щыщIидзэжащ Умар сэрэ ди зэрыщIэным. КIэщI-кIэщIурэ дызэхуэтхэу, и уэрэдыщIэхэр электроннэ пощткIэ къысхуригъэхьу, дызэрызэрыгъуэтыжам сригуфIэу щIымахуэри икIащ, гъатхэр къэсащ. Умар зэгуэрым къыщIызжьэхэлъауэ щытам сыщIэупщIэжыфыртэкъым, си насып зи кIапэ къэзубыдыжар сIэщIэкIыжынкIэ сышынэрти. Сэ Умар фIылъагъуныгъэ къысхуиIэщ, къысщIобэг, жысIэу схужыIэнутэкъым. Езым къысхужьэдэшыртэкъым, сэри япэ зизгъэщу, фIыуэ узолъагъу, схужеIэртэкъым. Пэжщ, щабэу, гуапэу, лъагъуныгъэм и ныбжь мащIэ хэлъу къызэпсалъэрт, къысхуэтхэрт, ауэ... Абы нэхъри си гупсысэхэр пIейтей ищIырт, делафэ щызэсплъыжри нэхъыбэжт.

Сыт къэмыхъуами, дауэ гъащIэм зыкъысхуимыгъэзами, Мурат, си ныбжьэгъу пэжыр, сщIыгъут. Сыт хуэдэ гуфIэгъуэ зэIущIэ си ныбжьэгъухэм ящIыгъуу сымыкIуами, Мурат си мыгъусэмэ, сфIэзэшыгъуэт, си закъуэу къысщыхъурт. Умар сэрэ дызытепсэлъыхьахэр жесIэжт, езыми чэнджэщ гуэрхэр къызитт, си Iуэху зэрызэхуэхъуным хущIэкъурт. Сыту и гум техуэрэ ар? Сэ схузэфIэкIынутэкъым апхуэдэу. «ГукIи псэкIи фIыуэ лъагъун» жыхуаIэрагъэнщ ар, уи псэм и щIасэм нэгъуэщIым насып дигъуэтмэ, абы ущыгуфIыкIыфу, уэ насыпыфIэ уищIмэ.

Япэм нэхърэ нэхъыфIыжу слъагъут Умар. ДызэпэIэщIэми, псэкIэ зыхызощIэ, къызбгъурытым хуэдэу къысщохъу. Зымахуэ Умар къитхам сригуфIат икъукIэ. Абы жиIэрт си сурэт хуезгъэхьар и анэм иригъэлъэгъуауэ икIи игу срихьауэ.

– Абы ауэ сытми уи гугъу хуищIакъым и анэм! Зыгуэр и гум къыпхуилъ къыщIэкIынщ, уи гугъэр хыумыхыж, хьи. Хэт ауэ сытми и анэм цIыхубз сурэт езыгъэлъагъунур?! – жиIэрт Iэминэ, ди фэтэрым хьэщIапIэ къэкIуауэ шей дефэу дыздэщысым.

– Арауэ пIэрэ-тIэ?! СщIэркъым сызэгупсысынур. Зэм и шыпхъум хуэдэу къызопсалъэ, зэми лъагъуныгъэ гугъу къысхуещI, зэми игу къысхуилъыр къызгурымыIуэу, тхыгъэ гуэрхэр къысхурегъэхьри, си гупсысэхэр зэтрехуж, – жызоIэ, Умар и сурэт блыным кIэрызгъэпщIахэм сеплъурэ.

– Сыт, ей, сщIэркъым, жыхуэпIэр? УеупщIу уеплъа? Зыгуэр къыбжиIэнуми пщIэркъым, – сытригъэгушхуэну хэтщ си ныбжьэгъум.

– Хьэуэ, Iей, сыт жыпIэр?! Апхуэдэ напэ сиIэкъым сэ, фIыуэ узолъагъури сыт абы теухуауэ къызжепIэфын, жысIэу сеупщIыну. Апхуэдэ хабзэ къежьа хъунщ, ауэ сэ къасщтэркъым ар, апхуэдэу сапIакъым. Тхьэм зэрыжиIэу хъунщ, си натIэ итым зы лъэбакъуэкIэ сыфIэкIынукъым.

– НатIэти лъакъуэти жыпIэурэ, уи нитIыр къижу уи насыпыр зыIэщIэбгъэкIыну-тIэ?! Ауэрэ, нэгъуэщI зыгуэрым и IэбжьанипщIыр хиукIэнщи, упыкIащ Умар.

– Хуейми хреукIэ, абы щыгъуэм дыкъызэрызэхуимыгъэщIар наIуэ хъуну аращ, нэгъуэщI зыгуэрым и Iэбжьанэхэмк1э иубыдыну иухауращ. ИкIи... апхуэдиз гъуэгуанэ зэпрыкIыфын Iэбжьанэ схуэгъэкIынукъым сэ, – жызоIэри, Iэминэ зэIуба шейр къыжьэдиутхыкIыжу согъэдыхьэшх.

– Ехьи, сыту уугъурсыз уэ! Езгъэхауэ жыпIэртэкъэ ар?! Ей, сыту уэрэд дахащэ зымахуэ къызэптар. Сыти жыIэ, ауэ макъ дахащэ иIэщ Умар. НэгъуэщIыпIэхэмкIи къыщыIуу зэхэсха си гугъэщ. Дэнэ кърахауэ пIэрэ? Ехьи, ди зэманым ину укъепсамэ, дэнэкIи щызэхахынущ.

– Тхьэ, зымахуэ езыр къызэлъэIури, радиом естам. Кърагъэтыну жаIащ. ИтIанэ, си ныбжьэгъухэми яIэрызгъэхьащ. Сыт хуэдэу псоми ягу ирихьа уи гугъэ! – сызыхуэарэзыжщ.

– Ей, си фIэщ хъуркъым мыбы цIэрыIуэ щыхъун папщIэ, уи тхьэкIумэхэм къыпхуфIимыщIэу! – жеIэ Iэминэ, и нэхэр ихузурэ.

– Хьэуэ, Iей, сыт жыпIэр?! Армырми цIэрыIуэщ ар! – хуэздэкъым.

– Ухуейми, еплъ! Тхьэ, иджыпсту си щхьэм нэсауэ арам ар. Уэ апхуэдэ хыхьэхэкI, цIыхугъэ узэриIэм папщIэ, зыкъыпкIэрищIэу, уи фIыгъэкIэ цIэрыIуэ хъуну хуейуэ аращ.

– Апхуэдэу жумыIэ, си фIэщ хъуркъым!

– Езым и къэралым щыцIэрыIуэщ. Къэбэрдей цIыхухэмрэ хьэрыпхэмрэ зыкъым, зэи зы хъунукъым. ПщIэжкъэ, ар мыбы щыщыIам ялъагъу мыхъуу щытащ. Езым и къару закъуэкIэ къэбэрдейхэм зэрапэмылъэщынур къыгурыIуати, къызэрыпфIэнар зыщигъэгъупщэжри, къокIужауэ аращ.

– Сэращ абы япэу тхар, къэзыгъуэтар, армыхъумэ езыракъым.

– КхъыIэ, абы зыри къикIыркъым, хэтми аракъэ?! Фызэрыгъуэтыжащ – аращ нэхъапэр. АдэкIэ сыт уигъэщIэнуми, и акъылым щиухуауэ щысщ ар! Ей, ар хьэрып къэралщ щалъхуари, щапIари, щыпсэури. Ахэр, минрэ адыгэми, хьэрып хьэл гуэрхэр яхэлъщ, нэпсейуэ, пцIы яупсу, фыз хьэлхэу. Абыхэм яхэтар ещхь мыхъуну ущыхьэт? Ар иджыри зырикIщ, адэкIэ нэгъуэщI зыгуэрхэри къигупсысыну си гум жеIэ.

– КхъыIэ, щыгъэтыж, куэдщ жыпIар! Си гугъэнтэкъым апхуэдэу цIыхум и щIыбкIэ ухуэпсэлъэфыну. УепсэлъылIакъым, и нэм ущIэплъакъым, и гум илъыр пщIэркъым, итIани ахэр жыбоIэ.

– Уэри нэсу пцIыхуркъым ар, хузэфIэкIынури хузэфIэмыкIынури пщIэркъым. Сыт-тIэ, мазэ зы-тIукIэ фызэхуэзамэ? КъэпцIыхуну ухунэсауэ жызбгъэIэнура?! ПщIэрэ дызэрызэщхьэщыкIыр уэрэ сэрэ? Уэ Умар фIыуэ хэлъым уогупсыс, сэ Iейуэ хэлъынкIэ хъунур къыпхузобжэкI. Сэри си гуапэ хъунутэкъым Азэмэт апхуэдэу хужаIамэ, ауэ сэ узиныбжьэгъущ, сытми хуэхьэзыру ущытмэ, нэхъ сфIэтэмэмщ. Мыщэ къамыукIам и фэр умыгуэш, жаIэ. Егупсыс, Томэ, егупсыс, – си Iэм щабэу къоIусэ Iэминэ.

Абы ирихьэлIэу Динэ къыщIохьэж, еджапIэм къокIыжри.

– Хэту пIэрэт фызэхэтIысхьэжауэ фыубыр фэ тIум? – гуфIэжу къыщIолъадэ пщэфIапIэм. – Сывгъашхэ псынщIэу, сомэжалIэ!

– Тхьэ, уи шыпхъужьым и щхьэр зэтес сщIыжу арамэ, – жеIэри, Iэминэ кIэщIу псалъэмакъ екIуэкIам Динэ щыгъуазэ ещI, сэри апщIондэху шхыныр согъэхуэбэжри, къытызогъэувэ.

Динэ шхэху, зыри жимыIэу щысащ. ИтIанэ мыр жиIащ:

– Зэманым псори игъэхъужу жаIэ. Ар пэжу къыщIэкIынщ, щыжаIэкIэ. Ауэ Томэ зэман куэд иIащ, Умар щыгъупщэжынуми щымыгъупщэжынуми. А зэман блэкIам щыщцымыгъупщакIэ, абы пыщIа гугъуехьу хъуар ишэчыну и натIэм ит хъунщ. Мы дунейм сыт къэмыхъуами, дауэ уи Iуэхухэм замыхъуэжами, псори апхуэдэу щытын хуейуэ, апхуэдэу хъун хуейуэ мэхъу. А гъуэгум зыгуэрым ухуишэнущ, ауэ уэ езыр зэран узыхуэмыхъуж къудей. Мес, псалъэм папщIэ, укъытричу, уи гум жиIэм уи акъылыр едаIуэри, Иорданым укIуауэ щытащ, ауэ Умар ухуэмызэу, уи нэгу зебгъэужьщ, ныбжьэгъу пэж къэбгъуэтри, укъэкIуэжащ. Абы куэд къыщыбгурыIуауэ щытын хуейщ уэ, Томэ. УцIыху губзыгъэщ, унэхъыжьщ, сэ узгъэIущыжыну сыхэткъым, ауэ уи гум жиIэм едаIуэ, уи акъылым жиIэми дэгу зыхуумыщI. Ныбжьэгъухэм теухуауэ... Мурат сэлам къуихыжащ.

Ахэр Динэ жимыIэми, псори сщIэжырт, зи гупсысэм сиукIри арат. Iэминэ и жьэр Iурыхуауэ Динэ йоплъри щысщ, Динэ сэ къызоплъ, сэ щхьэгъубжэм сыдоплъ. Псори щым дыхъуащ.

Тхьэмахуэм щIигъуат Мурат зэрызмылъагъурэ. ИкIи къэпсалъэкъым, икIи къатхэкъым, икIи къакIуэркъым. Сыту пIэрэ и гум темыхуар?! Щхьэ зыкъысхуигъэгуса? Пщыхьэщхьэм Мурат деж сопсалъэ:

– Дауэ ущыт, си жин хужь?! Щхьэ укIуэда, лэжьыгъэ куэд уиIэура хъунщ, – си макъыр нэхъ щабэу зэрыщытыным сыхэтщ.

– Уей, лэжьыгъи си куэдым икIи си гум укъэкIам. Ауэ... – щабэ дыдэу икIи гуапэу къызопсалъэ. И макъым гузавэ е укIытэ гуэрхэр хэлъу къысщохъу. Зэуэ щэху мэхъуж, жиIэну къригъэжьар нимыгъэсу.

– Сыт «ауэр»?

– СщIэркъым, сщIэркъым, Томэ! Уей, сымыщIэ. НэхулъэфI укъикI, – тредзэж телефоныр.

Сызэгупсысынури, сызэрыкъуаншэри, си ныбжьэгъу щIалэм жиIэну

зыхуеяри къызгурымыIуэу сыщысщ. Гупсысэ, Томэ, сыткIэ укъуэнша? КъэщIэж! Жэщ ныкъуэкIэ сымыжейуэ сыщысащ, Мурат и псалъэхэм сегупсысу. ИкIэм-икIэжым, нэсащ си щхьэм Iуэхум и пэжыпIэр. Умар сэрэ дызэрызэрыщIэм щхьэкIэ, зы дыхъуэжыну къыщыхъуу, езы Мурат и лъагъуныгъэм къыхуэнэжауэ, сэ сыфIэкIуэдыпа и гугъэу арат. Сыт сщIэнур, сыткIэ тезгъэуну си ныбжьэгъу лъапIэр? ГурыIуэгъуэщ лъагъуныгъэ куу къысхуищIар щIэхфэх зэрызыщимыгъэгъупщэжыфынури, гугъу зэрехьри, къызэрехьэлъэкIри, абы зэрыринэщхъейри. Ауэ сытыр си Iэмал? Сэ сыхуейкъым Мурат сфIэкIуэдыну, апхуэдэ ныбжьэгъу зэи згъуэтыжынукъым, ауэ Умари си гум схуигъэхуркъым. Мурати зыр естыфын хуэдэу сэ пситIрэ гуитIрэ сиIэкъым. Си псэри сигури Умар щитхьэкъуакIэ, Мурат къыхуэнэр си ныбжьэгъугъэращи, ар абы къомэщIэкI.

Уегупсысмэ, сэ Умар сызэримыгугъауэ къыщIэкIыжынуми сщIэркъым. Апхуэдиз зэманыр пщIэншэу, ауэ сытми згъэкIуауэ къыщIидзыжынри хэлъщ. Игъуэ нэсмэ, къэсщIэнщ. Зы лъэныкъуэкIэ согупсысри, езы Мураткъэ Умар сыпызыщIэжар?! Ауэ ари губзыгъагъэу ищIащ, арыншэу хъунутэкъым. Мы къомым сегупсысурэ сыхэзэрыхьыж нэхърэ нэхъыфIщ, пщэдей Мурат зыхуэзгъэзэнщи сепсэлъэнщ.

Нэху сыкъекIри, Мурат деж сытхащ: «Уи лэжьыгъэри бухауэ, си еджапIэри зэфIэкIауэ, ныщхьэбэ сыхьэтихым еджапIэ бжэIупэм сыщыножьэ. КхъыIэ, Мурат, къакIуэ!»

Сыхьэт ныкъуэ дэкIауэ, къотхэж: «Хъунщ». Куэдрэ егупсысащ.

И щхьэр пагэу Iэтауэ, ауэ и напIэхэр ехьэхарэ мыпIащIэу къысхуэкIуэрт Мурат. Япэу апхуэдэу слъагъуу арат. Сыту щIалэ дахэ-тIэ си ныбжьэгъур. Сэ абы сыщеплъкIэ, слъагъур ныбжьэгъут, ауэ иджыпсту къысхуэкIуатэр цIыхухъущ! ЦIыхухъу пагэщ. ЦIыхухъу лъагэ, зэIэщIэлъ, лъагъугъуафIэ дыдэ, хэкъузауэ бакъуэ, гъэсэныгъэ дахэрэ гу къабзэ щабэрэ зиIэ, зи псалъэ уфIэбэкъукI мыхъунщ. Куэд щIауэ сцIыху икIи сымыцIыхуххэ щIалэр къызбгъэдохьэ. Сэри си гупсысэхэм сахэзэрыхьыжауэ, сызэгупсысынури, къызэрезгъэжьэнури, сызытепсэлъыхьынури сщыгъупщэжауэ, Мурат и нэхэм сыщIоплъэ. Тхьэмахуэ къудейщ зэрызмылъэгъуар, ауэ сыту балигъ хъуауэ къысщыхъурэ. Зи дамэм сынэс-сынэмыс щIалэ абрагъуэм сыхудоплъей, гъатхэ дыгъэ бзий гуащIэри зэран къысхуэмыхъуфрэ си нэ фIыцIитIыр мыупIэрапIэу тезубыдауэ. Езыми зыри жиIэркъым икIи пыгуфIыкIыркъым. Сытым дежи зи Iупэхэр зэтежу, гуапэу гуфIэ щIалэрауэ зэрыпщIэжын щыIэкъым. Сыт хуэдэ лей мыгъуэ есхар мыбы?! И Iэр къеший, сэлам къызихыну. Сэри си Iэр и Iэгум изолъхьэ. ИмыутIыпщыжу иIыгъщ, зы псалъэ къыфIигъэкIыркъым, къызоплъ. Япэм Мурат мыпсалъэми, нэкIэ дызэрыщIэрт, дызэгурыIуэрт, ауэ иджыпсту зыри щIэслъагъуэркъым и нэхэм. Хьэуэ, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, куэд дыдэ щIызолъагъуэ, ауэ зыри къызгурыIуэркъым, схузэхэхыркъым. ИкIэм-икIэжым, схуэмышэчыжу, къызогъажьэ:

– Мурат... – адэкIэ зыри къысхуфIэгъэкIыжыркъым. Щэху дыдэу жысIа цIэм согупсыс, сыту цIэ дахэ! Мурат! Мурат! Мурат! Къытезгъэзэжурэ, сигукIэ жызоIэ си ныбжьэгъум и цIэ дахэр. Езым зимыгъэхъейуэ щытщ, си Iэри IэщIэлъщ. ЗэрекIупс и цIэри. Щхьэ нэгъуэщIынэкIэ сеплъын хуей хъуа нобэ Мурат?! Сыт ар къызыхэкIар, сыт хуэдэ къару ар?..

– Сыт? – си гупсысэхэр зэпеуд щIалэм.

Сыт абы и нэхэр, и плъэкIэр зэщхьыр? Сытым езгъэщхьын? Бгъэр щыплъэм деж, гупсысэ куу, акъыл жан, пагагъ щIэншэ хэлъу къыпщохъу.

Апхуэдэт Мурат и плъэкIэр, бгъэ пагэм хуэдэт. ЖысIэну сызыхуеяри сщIэжрэ?!

– Сытыт... жысIэнур?... СщIэжыркъым! – пэжыр жызоIэ.

– Сыту угъэщIэгъуэн уэ, Томэ, – гуапэу погуфIыкI Мурат. Иджы къэсцIыхужат си ныбжьэгъур, ауэ иджыри стеужыпатэкъым сызыхэхуа гупсысэ си гур зэхэзехуэн зыщIахэр.

– А! КъэсщIэжащ. Сыт уэ ущIэкIуэдар, ы? – иджыри къэс IэщIэлъа си Iэр къыIэщIызогъэкIыж, си шхужьым изогъэувэри, си щхьэр Iушэ сщIауэ соупщI.

– ПщIэрэ, Iуэху куэд сиIэщ...

– А уи Iуэхухэм уакъысхутемыпсэлъыхь, кхъыIэ. Iуэху, зыгъэпсэху уиIакъым уэ, си деж Iуэхур къэсамэ. Иджы сыт къыпщыщIыжар? Мурат, сэ уэ фIы дыдэу узоцIыху, ехьэкI щымыIэу къызжеIэ пэжыр. Сыт, Умар игъуэтыжащи, ныбжьэгъуи-жэрэгъуи хуеижкъым, жыпIэу ара?

– Хьэуэ, Iэу, сыт щхьэкIэ жысIэн. Сэ уэ фIы ухуэзгъэзэн си гугъэу упысщIэжащ абы. СигукIи си псэкIи насыпыфIэ ухъуну сыхуейщ, Томэ. Ауэ...

– Мис а «ауэращ» къызгурымыIуэр! КхъыIэ, сынолъэIу, Мурат, мы «ауэм» къибгъэкIыр къызжеIэ!

– ЕджапIэ бжэIупэм дыIугъэкIи, моуэ тIэкIу къэдгъэкIухь, кхъыIэ, – си Iэпэр еубыд, гъуэгу хуитым дытоувэри, щыму дрокIуэ.

– Сыт-тIэ?

– Томэ, уэ уи дежкIэ щэхукъым сэ уэ... сэ уэ фIыуэ узэрыслъагъур! КхъыIэ, укъыспэрымыуэу жызгъэIэ. Япэ дыдэу сызэрыпIуплъэрэ, фIыуэ узолъагъу. Сэ сщIэркъым адэкIэ сыт къэхъунуми, дауэ ди гъащIэ гъуэгухэр ухуа хъунуми, ауэ нобэ сэ сызыхуейр зыщ – уэ унасыпыфIэу, угуфIэу слъагъунырщ. Сытри сщIэнущ, Томэ, абы щхьэкIэ. Уэ ущыгуфIэнури, насыпыфIэу ущыщытынури Умар уиIэмэщи, гъащIэм фызэIэпигъэкIати, фызэпысщIэжащ. Тхьэм иухарэ, Умар уи насып хэлъмэ, сэ уэр щхьэкIэ сыгуфIэнущ. Уэ угуфIэмэ, сэ абыкIэ си гур загъэу сыпсэунущ. Мазэмрэ дыгъэмрэ фIыуэ зэрылъагъуу, ауэ зэхуэмызэфу, гугъу йохь, жиIэурэ псысэ дахэхэр къызжиIэжу щыташ си анэм сыщыцIыкIум. ПщIэрэ, Томэ, пщэдджыжь-пщыхьэщхьэкIэрэ зэрылъагъункIэ мэхъу ахэр. А зэман кIэщIым зэрызэрылъагъум къару къахелъхьэ тIуми, ирогуфIэ. Сэри жыжьэу ущыту услъагъумэ, си гуфIэгъуэу сыпсэунущ. Сэ уэ фIыуэ сыкъызэрумылъагъур сощIэ. Хьэуэ, Томэ, зыри жумыIэу сэ сыгъэпсалъэ. Сыхуитыххэу къыщIэкIынкъым мы иджыпсту бжесIэхэр бжесIэну, ауэ пщIэну сыхуейщ – сэ сыт щыгъуи фIыуэ услъэгъуащ икIи узолъагъу. Си псэри си лъагъуныгъэри уэращ зейр. Дэ дякум ныбжьэгъугъэ дэлъыжкъым. БжесIам и ужькIэ, ныбжьэгъукIэ сыноджэфынукъым. Сэ сыхуеякъым ахэр бжесIэну. Уэращ къызжьэдэзышар. Пэжыр жысIэнщи, зэ мыхъуми, зэ зыкъозгъэщIэн хуейти... Аращ, Томэ, сэ бжесIэнур. Узыншэу ущыт. Томэ, дызэхуумыгъазэ икIи дызумыгъэпсалъэ, – си нэкIур IитIкIэ еубыд, гуапэу си нэм къыщIоплъэри, къысхупогуфIыкI, итIанэ си щхьэр и бгъэгум ирекъузылIэ, IэплIэ къысхуещIыжри, мэбзэхыж. Си нитIым нэпсыр щIэзу, зэхэсхамрэ Мурат и нэм щIэслъэгъуамрэ си гум щIыхьауэ, си закъуэ уэрамыщхьэм сыкъытонэ, си IитIыр едзыхауэ.

Пэжщ, Мурат и зыIыгъыкIам лIыгъэшхуэрэ гъэсэныгъэрэ хэлът. Куэдым яхузэфIэкIынукъым ар. ЗыхэсщIэу МураткIэ зызохъуэж сэри. ГуитIщхьитI сыхъункIэ сошынэ. ЗэрыжиIауэ, езыри къатхэркъым, къакIуэркъым, сэри аращ. ИкъукIэ сигу къэкIащ.

Умар махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу къотхэ, е къопсалъэ. Гъуэгущхьит Iыр щызэхэкIым сыщыт хьэмэрэ сынэмысарэ иджыри?! Щхьэ си гупсысэхэр зэтекIа? ДэнэкIэ си гур кIуэну? Си гум жиIэм си акъылыр едэIуэну? Си гугъати Умар си лъагъуныгъэ закъуэу! Сэ сызыхуейр езыр къысхуей?

Гъэмахуэ мазэхэр къэсауэ, Умар сынокIуэж, жиIэри, хъыбар къигъэIуащ. Сызыхуейри сщIэнури сщIэжыркъым. Сыт сымыщIами, дэнэ сымыкIуами, дауэ зытезмыгъэуами, Умаррэ Муратрэ сегупсысыну сытым дежи зэман къысхудохуэ.

Махуэ псом си щхьэ си жагъуэу, унэм сыкъыщIэмыкIыу, сыкъыщIэмыплъу сыщIэсащ. Си щхьэр хьэлъэщ, схуэгъэхьейкъым. Куэд щIауэ псэху жыхуаIэр сщIэжыркъым: зы Iуэхум сыкъыпэрыкIмэ, адрейм сыпэрыхьэу сокIуэкI... Псом нэхърэ нэхъ схуэпэж, си щэхуу хъуар зыхуэсIуатэ си ныбжьэгъури куэд щIащ зэрызмылъагъурэ. Ар Iеищэу къызохьэлъэкI. Иджы си Iуэхухэм я ужь ситу сокIуэ... Дэнэ сыздэкIуэр? Хэт сызыхуэкIуэр? Сэ езыр сыхэт? Мы дуней нэхушхуэм срисыт? Мы си щхьэ узыр къызыхэкIар а гупсысэхэращ.

Губзыгъэхэм жаIэ зэманым псори хуэгъэхъужу. Зэманым дылъэщIэмыхьэу, дыкIэлъыпхъуэурэ блокI. Дауэ мыхъуами, цIыхухэм фIыуэ ялъагъу ар. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зэрытщIэщи, уIэгъэхэр егъэхъуж. Мыхьэнэ иIэкъым а уIэгъэр нэм къищтэми къыхуэмыщтэми. Ауэ тетщ дунейм зэманыр зыпэмылъэщ куэд. Псалъэм папщIэ – лъагъуныгъэ. Сыт абы зэманым хуещIэнур, лъагъуныгъэр уи гущIэ лъапсэм къикIмэ?! Уэ дунейм утекIыжами, лъагъуныгъэр къытенэнущ. Дауэ? Лъагъуныгъэм щIыуигъэгъэкIа уи нэпс щIым зыщIифахэм, псалъэ IэфI къыбжьэдишахэм ящIыгъуу къыщынэнущ мы щIым. Зэманми зыри и Iэмалыжкъым абы щыгъуэм. Сыту жыпIэмэ, щIым хэт нэпсыр зыщIыпIи хуэхьыжынукъым зэманым. Бахъэу уэгум дэкIуеймэ, уэшхыу къигъэзэжынурэ, щIым зыщIифыжынущ аргуэру. Уи псалъэ жьым зэрихьэхэр-щэ?! Зэманыр къэгубжьрэ ахэр дунейм трихужыну мурад ищIмэ, хьэршым ихьэжыну аращ. Дунейм нэхърэ нэхъ иныжым, зэман здэщымыIэххэм. Мыухыжыным!!! НэхъыфIыжкъэ?!

СыкъыпогуфIыкI.

Мыпхуэдиз гупсысэным си акъылыр зэримыгъэкIуэкI щIыкIэ, жьы къабзэкIэ сыбэуэнщ. Щхьэгъубжэр зэIузодз. Си нэхэр зэтызопIэри собауэ, сримыкъужу, сыгужьеяуэ. Жыжьэу хьэ банэ макъ къоIу. Iэгъуэблагъэм псы щежэх хуэдэкъым, ауэ псыIэрышэ макъ зэхызох. Си акъылыр зэкIуэкIыпа мыгъуэу ара?! Апхуэдизрэ нобэ унэм си закъуэ сыщIэсын хуеякъым, си акъылыр хызолъхьэ мы Iуэхум!

Жэщ ныкъуэми, нэхушхуэщ. Жэщу пщIэххэнукъым. Сыдэплъеймэ, мазэр хъуреишхуэ хъужауэ, исщ. Пшэ хьэлъэхэр къытрехьэ, ауэ яхущIэхъумэркъым мазэмрэ абы пэгъунэгъуу ис вагъуэ цIыкIумрэ. ГъэщIэгъуэныракъэ, зэи а тIур зэпэIэщIэ хъуркъым: пщыхьэщхьэм зэгъусэу къыщIокI, пщэдджыжьым зэгъусэу къуохьэж. ЛъагъуныгъэшхуэкIэ зэпха фIэкI пщIэркъым а тIур. Сыту пIэрэ апхуэдэу щIыщытыр? Сыдихьэхыпауэ соплъ. Зыр адрейм ехъумэжри, зэхуэгуфIэу зэдисщ.

А псом сытогупсысыкIри, Умар си гум къокIыж – си щхьэр зэгуэзытхъ упщIэ къомыр аращ къизылъхьар абы. Мо мазэмрэ вагъуэмрэ уеплъмэ, зэпэгъунэгъущ, ауэ илъэс мин бжыгъэ куэд дэлъщ а тIум я зэхуакум. А тIум дахуэдэщ дэри: ди гупсысэкIэхэри, ди дуней тетыкIэхэри, дэри дызэпэжыжьэщ. Ауэ дэ тIум ди зэхуакум, кхъухьлъатэкIэ уежьэмэ, сыхьэт

зыбжанэ дэлъу аращ. ЦIыхухэм я гугъэщ жып телефоныр къатщтэмэ, дызэрыщIэу, дызэрыхуейуэ ди Iэпэхэр зэрыубыдыфыну, ауэ сэ нэхъ сщIэркъэ абы и пэжыпIэр. Сэ Умар папщIэ, мо вагъуэ пщтырыр, сыщымышынэу, къесхьэхыфынут. Си гум хуилъ псалъэ IэфIхэр жесIэн папщIэ, зэи сыдэмыкIуэу, жьы сыхъуху сежьэфынут, къэслъыхъуэфынут, зэпэIэщIэ дащIми. Мы дунеишхуэр фIы и лъэныкъуэкIэ схъуэжыфынут, Умар иригуфIэн къудей щхьэкIэ. Ди якум дэлъ хы ФIыцIэми Iэпщэ защIэкIэ сызэпрысыкIыфынут, и нитIым сащIэплъэу и гум къысхуилъыр къэсщIэн, си упщIэ къомым я жэуапхэр къэзгъуэтын папщIэ... Ауэ... Мурат си нэгум къыщIоувэ, си гупсысэм абы деж зреч. Си гум лъыпсыр къыпыжу, тIууэ зэгуоч.

ТхьэмахуитI дэкIмэ, дызэрылъагъунщ, жиIэри, Умар хъыбар къигъэхьащи, сожьэ къэхъунум. Сыт хуэдэ увыпIэ Мурат си гъащIэм щиIэжынур абы и ужь? СщIэркъым. Щхьэгъубжэм сыIутщ, щIыIэми сисащ. Нэхулъэр зэщIетхъ. Уафэм пшэхэри текIыжащ. Мазэмрэ вагъуэмрэ къысхуэгуфIэурэ, зэгъусэу мэкIуэдыж. Сыт абыхэм къызжаIэну зыхуейр? Сытым и нэщэнэ мы уафэ бзыгъэр? Си щхьэр узыжкъым. Бзухэми я уэрэдхэр кърашащ. Къэушахэщ. Сэ сыгъуэлъыжыххакъым. ЗыкIи сешакъым. Дунейр къызэщIоушэ, дыгъэ плъыжьышхуэри хуэмурэ къыщыдокIуэтей къуэкIыпIэмкIэ. КъухьэпIэмкIэ мазэмрэ вагъуэмрэ Iэ къысхуащIыж хуэдэурэ, щокIуэдыжыпэ. Аракъэ мыухыж жыхуаIэжыр. Аракъэ лъагъуныгъэм и къежьапIэр, и гущэр. Мы дунейм зы мэскъал теткъым лъагъуныгъэ нур темыпсауэ. Сэри а нурым сыхэсщ, зызогъэпскIри. Си гум лъагъуныгъэр изщ, имыхуэжу.

Умар сэрэ дызэрызэгурыIуам тету, аэропортым сыкIуащ, къезгъэблэгъэжыну. Кхъухьлъатэри и чэзум къэсащ. Си гур схуэмыубыдыжу къоуэ. Апхуэдиз зэманкIэ сызэжьа, сыкIэлъыпхъуэу, сыкIэлъыжэурэ къысIэрымыхьар езыр-езыру къокIуэж. АпхуэдизкIэ согузавэри, сызэредзэ. Зыми яжесIакъым нобэ Умар къызэрыкIуэжыр, зыри къыздэсшакъым, зыми сытригъэунукъым. Мурат си гъусатэмэ, си Iэр иубыдынурэ, си гур нэхъ псэхунут. Ауэ си гъусэкъым. Мес, Умари къокIуэ, гуфIэжу. МодэкIэ зы гуп зэхэтщ, ахэм Iэ яхуещI. Ахэм къыщрагъэблэгъэжынукIэ, сэ щхьэ къызэджа? КъапщIэу, зыгуэрым мэлъыхъуэ нэкIэ. Сэрауэ пIэрэ? СаригъэщIыхуну ара и ныбжьэгъухэм хьэмэрэ, Iэминэ и жыIауэ, ныбжьэгъу нэхъыбэ иIэу цIыхум къыдалъагъумэ нэхъ къищтэу ара?! Сытегушхуэркъым абыхэм сабгъэдыхьэну, къохъусыж жысIэу Умар сыпежьэну. И нэхэм къарегъэжыхь, сыкъелъыхъуэ. Сэ зысхуэмыгъэхъеижу сыщытщ, си лъэр зэщIэнащ, си гур схуэмыубыдыжу къоуэ, си щхьэр мэуназэ. Сыхуейт Умар сыбгъэдыхьэну, сэлам есхыну... Хьэуэ, сыбгъэдэлъэдэну, зездзыну, IэплIэ быдэ есшэкIыну, ауэ... Си лъэр зэщIэнащ. Зыгуэрым сиIыгъщ. Сошынэ. Умар сыщошынэ. Сэ езыри сызыщошынэж. Аэропортым тет цIыху Iувым захызогъэгъуащэ, зызогъэпщкIу. Езыми гу къыслъитэну Iэмал иIэкъым. Къытесхащ а Iэмалыр абы. Си шынагъэм ттрихащ тIуми. Умар и ныбжьэгъухэм я гъусэу, къызэплъэкIыжурэ, аэропортым токIыж, сэри си щхьэр фIэлэлу унэм сокIуэж. Iуэхукъым, псом нэхъапэращи, къэсыжащ. АдэкIэ дызэрыщIэнщ.

– Дэнэ ущыIа? Сэ сыножьэри, сыщIэсщ, сымышхауэ. ИIэ, иIэ, дыгъашхэ, солIэ, – къыспожьэ Динэ. Сэри бжэр хузощIыжри, си пIэм сожыхь. Си нэр къижу, нэпсыр щIэзу Динэ соплъ. Езыри къэгузэвауэ, къызоплъ.

– Сыт къыпщыщIар? Зыгуэрым уи жагъуэ къищIауэ ара?

Зыри схужымыIэу, си дамэхэр дэуейуэ, согъ. Сумкэр сIэщIохури, си нэгур соубыд IитIкIэ, макъкIэ согъ.

– Къэхъуар сыт, зо?

– Умар къэкIуэжащ...

– НтIэ, ущIэгъыр сыт, хьи? Аратэкъэ узэжьар, къыпхуэмыгъэсыжу?!

– Арат, ауэ...

– Ей, уи гъыныр кIащхъэ щIыи, Iуэхур зыIутыр жыIэ.

Нэпсхэр слъэщIыжурэ, пэшым сыщIохьэ. Динэ, шхэныр щыгъупщэжауэ, си ужьым иту нокIуэ. Ерагъыу си лъэр шэнтжьейм нызохьэсри, сотIысэх.

– Уэху, сыту сеша, Динэ! Зыри сщIакъым, Iуэху хьэлъи злэжьакъым, ауэ си лъэр къысхуемыхьэкIыжу, сешащ. Си псэр поху. Сигури си псэри поху! Сыт щIауэ сежьэрэ, сыт хуэдиз гугъуехь стелъа, псори делагъэу сIэщIэщIауэ ара-тIэ?! Псори зыми щымыщу къыщIэкIыжауэ ара? Сыту сыкъэрабгъэ! Сыту сыделэ! Къыспежьэ, жиIэри хъыбар сигъэщIащ. Аэропортым сыкIуат, сыгуфIэжу. НэкIэ сыкъилъыхъуэу фэ еспльат, ауэ си пIэм сикIыфакъым. Зы гуп пежажьэри, IэплIэешэкIкIэ аэропортым къыщIашыжащ. Сэ зыми сыщымыщу, си щхьэ фIэлэлу сыкъытекIыжащ, – сызэщыджэу сыщысщ.

– СщIэркъым бжесIэнур, Томэ. Зэманым псори къигъэлъэгъуэнщ. Ежьэ, зыкъуигъэщIэнущ абы. НакIуэ, дыгъашхэ, – зыкъеIэтыж Динэ.

– Сышхэфынукъым, кхъыIэ, Динэ. Уэ кIуэ.

– Уа, сэ сыхьэтищ хъуауэ сыножьэ, уэ сышхэнукъым, жоIэ. Нобэ псом ушхакъым уэри, – си Iэр иубыдауэ, пщэфIапIэмкIэ селъэф. Сытыт сщIэнур, шей тIэкIу сефэри, зызгъэукIуриижащ. Си щхьэр щхьэнтэм зэрынэсу, сыIурихащ. Куэдрэ сыжеями мащIэрэ сыжеями сщIэркъым, ауэ зы зэман сыкъызэщыури, Динэ и псалъэмакъ зэхэсхащ.

– Сыт укъыщIэмыкIуэнур? Ар фIэгъэнапIэкъым, куэдрэ къаз къыумыхуэкIыу, къакIуэ... Ехьи, мыр гуауэм сфIиукIынущ. Езыр цIыху быдэу фэ тет щхьэкIэ, къарууншэ дыдэщ. Псэ махэщ, псалъэ закъуэкIэ и гур якъутэфынущ. КхъыIэ, мыпхуэдэ махуэм хыфIыумыдзэ... Сыт, езыр жыхуэпIэр? – си лъэ макъыр зэрызэхихыу, трубкэр трилъхьэжащ. Сэри си гум зыгуэрхэр щIыIэ-щIыIэу къэкIауэ Динэ соплъ.

– Хэт узэпсэлъар? ПцIы уупсыну и ужь уимыхьэ, псори зэхэсхащ.

– Томэ, кхъыIэ, укъэмыгубжь...

– Хэт узэпсэлъар?

– Муратщ...

– Сыт-тIэ узэрелъэIуар?

– КъакIуэу къыббгъэдэсыну, утригъэуну.

– СыткIэ сыхуейт?! Си напэ техын уи пщэ къралъхьа? Псори къызгуроIуэ, сифI къэплъыхъуэу аращ, ауэ щхьэ уелъэIуа мыгъуэ?! – пэжу, си гуапэ хъуатэкъым Динэ Мурат апхуэдэу зэрелъэIуар. Абы къызжиIахэм яужькIэ сыхуейтэкъым, зэрыжиIам тету си Iуэхур зэфIэмыкIауэ, сыIущIэнуи си хъыбар зэхихынуи. Сэ а псори Динэ жесIэжатэкъыми, зыри хищIыкIыртэкъым, армыхъумэ жриIэнуIатэкъым.

– Сыт щIыжумыIэнур? Дапщэрэ убгъэдэтIысхьэурэ ухуэгъа, ухуэтхьэусыха, утригъэуа?! Сыт фэ тIум къыфщыщIар, къызгурыIуэркъым. Фи яку дэлъыр сыт?

Iуэхум и пэжыпIэм, Мурат сэрэ диIа псалъэмакъым щыгъуазэ сщIащ Динэ.

– Псори гурыIуэгъуэщ иджы. Араи абы ауэрэ зыщIрилъэфыхьар, сынэкIуэнукъым, жиIэу. Сэ делэм хуэдэу сыщыхьащ, къакIуэ, жысIэри. Езы тхьэмыщкIэми къызиубыдылIэу, мыращ жиIэу, зыри жиIэфакъым.

– Аращ–тIэ... – си щIыбыр къэзгъэазэри, пэшым сыщIыхьэжщ, пIэм сыгъуэлъщ, си лъакъуэхэр зыщIэзупщIэжри, ныбэм илъ сабийм хуэдэу, зысшыхьащ.

ЕтIуанэ махуэми, ещанэми, еплIанэми Умар къэпсэлъакъым икIи къалэми щыслъэгъуакъым. Умар къызэрысыжрэ тхьэмахуэ хъуауэ, Иорданым къикIыжа си нэIуасэ щIалэ гуэрым сыхуэзат.

– Умар къэкIуэжащ, Томэ, пщIэрэ?

– Пэжуи? Сыту фIыт, Iей. СщIакъым, – си щхьэ теслъхьэркъым пэжыр жысIэну.

– Уей, арамэ-тIэ. КъыпщIэупщIат. Томэ слъагъунт, сыхуэзамэ здэнут, жиIащ. Езы Умар къызэрысыжу, а пщыхьэщхьэ дыдэм Iуащхьэмахуэ дэкIуеяуэ, зегъэпсэху, и нэгу зрегъэужь. АбыкIэ жып телефонхэр щылажьэркъым. Къехыжмэ, нэзгъэпсэлъэнщ, сызэрыпхуэзар жесIэжынщ.

– Тэмэмщ.

Ей, мы Iэмэпсымэ емынэр щымыIатэмэ, сытыт сщIэнур?! Гъуэгуанэ кIыхь зи яку дэлъхэр телефонкIэ зэрощIэ, зым и сурэтыр адрейм хурегъэхь, зэхуотхэ. Сэри си лъагъуныгъэр телефонкIэ зэтызоIыгъэ, абы сыкърегъэл. Сегъэнэжэгужэ икIи сегъэнэщхъей, сегъэгуфIэ икIи сегъагъ. Пасэрейхэр дауэ хъууэ пIэрэт? Зэхуэтхэу щытми, зыхуэптхам тхьэмахуэ е мазэ бжыгъэкIэ Iэрымыхьэу, и макъ зэхыумыхыу... Гугъу ехь хъунт, дауи. Дэ ди Iуэхур абыкIэ тыншщ, ауэ дэ езым зэIыдогъэхьэж, нэхъ гугъусыгъу дощIыж псори.

Зэман докIри, Умар къопсалъэ.

– Дауэ ущыт, Томэ? Сыкъызэрысыжрэ тхьэмахуэм щIигъуащ, ауэ занщIэу Iуащхьэмахуэ сыкIуэри, иджыри къэс сыщыIащ. Сыту дахэ Кавказ бгыхэмрэ къуршхэмрэ! Апхуэдэ зыми яIэкъым. Сыт пщIэхэр-тIэ? Щхьэ унэмыкIуарэт аэропортым?

– Соджэ, солажьэ. Уи жагъуэ умыщI, кхъыIэ, Iуэху гуэрхэр къыслъыкъуэкIри, сынэкIуэфакъым. Уэ дауэ ущыт, дауэ зыбгъэпсэхуа?

– СыкъалъхуагъащIэм хуэдэщ! Си нэгу зиужьащ. Томэ, услъагъуну сыхуейт. КхъыIэ, дызэхуэгъазэ. Мы тхьэмахуэм и кIэм сокIуэжри, нэхъ псынщIэу дызэхуэзамэ, здэнут. Нобэ пхущIыхьэну?

– Хьэуэ, нобэ хъунукъым, пщэдей шэджагъуэ нэужьым, – сыхущIыхьэми, слъагъуну сыпIэщIеижми, здэркъым, Iэминэ и псалъэхэр си тхьэкIумэм итщи.

– Хъунщ-тIэ, пщэдей сыхьэтитIым. Хъунукъэ?

– Хъунщ. Узыншэу, – адэкIэ жиIэнуIами семыжьэу, тызолъхьэж.

Согузавэри, си Iэбжьанэхэр пызошхыкIыж. Умари си гум илъщ, Мурат ныжэбэ сепщIыхьащи, си гупсысэм хэкIыркъым. Сыту пIэрэ си лажьэр? Хуэм-хуэмурэ, Мурат дежкIэ секIуэкIыж си гугъэщ. Ари сфIэемыкIущ. Си дэлъхум хуэдэу сыхущытащ, сытым дежи и дамэр къысщIигъакъуэу, сыхуэгъми, сыхуэбжэми сыкъыгурыIуэу къыздиIыгъащ, ишэчащ. Гъуэгу зэхэкIыпIэм сыщекIуалIэм, уи акъылкIэ хэплъэ, жиIэри, екIуэтэкIащ. Ар лIы хьэлщ. Сыту къаруушхуэ хэлъ-тIэ абы! Сэратэмэ, схуэшэчынутэкъым.

Жэщым сыжеякъым, пщэдджыжьми еджапIэм сыщIэмызагъэу, сыхьэтитIыр къэсащ. Псори тэмэмт, ауэ Умар сэрэ дыщызэхуэзэну щIыпIэмкIэ дызэгурыIуатэкъым. Ар иджыпстущ сигу къыщыкIыжар. Езыми сыту

зыри жимыIарэ е къимыщIыжарэ?! Абы сегупсыса къудейуэ, си жып телефоныр къозу. Сеплъмэ, Умарт.

– Томэ, дэнэ ущыIэ иджыпсту, си мазэщIэ нур?

– Иджыри еджапIэм сыщыIэщ.

– НтIэ, сэ уи еджапIэм пэмыжыжьэу шхапIэ гуэрым сыщIэсщи, къакIуэ, – жеIэри, здыщIэсыр къызгурегъаIуэ.

Езыр къыспежьэным и пIэкIэ, сэ ар зыщIэсым сыкIуэн хуейуэ къыщIригъэдзащ. Тхьэ, мылIэжын ар! Ерэхъу. Деплъынщ абы къикIынуми. Iэминэрэ Динэрэ хъыбар язогъащIэ. Куэд дэмыкIыу, тIури къэсащ. Iэминэ Азэмэт и гъусэтэкъым, и мыхабзэу. Сытым дежи зэкIэрыIужауэ къакIухьт, ауэ Азэмэт куэд щIауэ слъэгъужатэкъым. Ар иджыпсту си Iуэхутэкъым. ХъыджэбзитIыр гъусэ сощIри, шхапIэмкIэ доунэтI.

– Дэ дынэщIыхьэнкъым, мыбдеж дынэщожьэнщ, – жи Динэ. – Уэ зыгуэркIэ зыпIэжьэми, дыщытынщ. Еуэ, щIыхьэ.

– Хьэуэ, на! Си закъуэ дауэ? Хьэуэ, хьэуэ, си закъуэ сыкIуэфынукъым.

– Мыбы къыздилъэфахэри сыт, жиIэнуми пщIэрэ?! Еуэ адэ. Уэракъэ зэ сыIуплъатэмэ, псори къызгурыIуэнут, жызыIар?

– Сэращ, ауэ...

– Зыри ауэкъым! КIуэ.

– Дэ дыщытынщ, – си Iэр щабэу къещтэ Динэ.

Си лъакъуэхэм хьэлъэ гуэр кIэрыщIам хуэдэу, къызэхьэлъэкIыпэу сыщIобакъуэ шхапIэм. Ину псалъэхэу, дыхьэшхыжу зы гуп зэхэст. Умар и гитарэр иIыгъыу, дзапэ уэрэд кърищу абыхэм яхэсу щыслъэгъуам си гур ехуэхри си лъапэм нэсыжат. Лъыуэ сщIэтыр здэкIуар сымыщIэу, си Iэпкълъэпкъыр нэщIу къысфIэщIащ. Езыми гу къыслъитащ, къэгъазэ щыIэкъым. Умар зыкъеIэт, сэри сокIуатэ. ГуфIэжу къызбгъэдохьэри, сэлам гуапэ къызех. ТIури дызоплъыж, япэу къэпсэлъэн къытхэкIыркъым. Умар и нэгум зэрыгузавэмрэ зэрыукIытамрэ къищырт. Япэм сцIыхуа Умарым хуэдэтэкъым, и нитIыр аратэкъым, зэи сымылъэгъуауэ къысщыхъурт. Пэжыр пэжщ, зэрызихъуэжаищи щыIэтэкъым, ауэ сымыцIыху гуэрт си пащхьэм ит щIалэр. И нитIыр... Псом хуэмыдэу и нитIыр... Сыт къэхъуар, сыт зызыхъуэжар? Зыри къызгурыIуэркъым, зыри сыхуеижкъым. Си Iэпкълъэпкъри си псэри нэщI хъуауэ къысщыхъу си гугъэщ. Арагъэнт апхуэдизрэ сызэжьар. Сэ мащIэу сыпогуфIыкI, пагэу зысIыгъщ, къару гуэрхэр зыщIыпIэ къыкъуэсхыжауэ. И гъусэхэр, сыкъамылъэгъуам хуэдэу, я пэхэр Iэтауэ щысщ. ЗыкъащIэжу щIалитI къэтэджам сэлам къызахащ.

– ФызэрыцIыху, мыр Томэщ. Мыр Нартщ, мыр Самирщ, си ныбжьэгъухэщ. ТIури Йорданым щыщщ. Дэ псори дызэгъусэу дыкъэкIуащ. Мыхэр япэ дыдэу къакIуэу аращ Къэбэрдейм. Томэ уэрэджыIакIуэщ, тхакIуэщ, си... ныбжьэгъущ, – жьы дэхупIэ имыIэу мэпсалъэ Умар. Зы лъэныкъуэкIэ дыхьэшхэнт а дакъикъэр, зы лъэныкъуэкIи гъуэгу зыхэкIыгъуэт, нэгъуэщI лъэныкъуэкIи укъеплъмэ, къысфIэIуэхутэкъым зыри. ПсынщIэпсынщIэу сыкъызэрыщIэкIыжынырат сызэгупсысыр.

ГуIэгъуэт апхуэдиз зэманкIэ сызэжьа си лъагъуныгъэм и къуэпсыр куэд щIауэ гъужауэ къызэрыщIэкIар, апхуэдиз гуащIэрэ къарурэ зыхэслъхьа гухэлъхэр нэфу къызэрыщIэкIыжар. Хьэмэрэ къысщыхъурэ ар? ЦIыхур зыгуэрым щыщIэхъуэпсым, щыхущIэкъум деж абы къару кърет. А узыхуейр къыпIэрыхьа нэужь, уи Iэпкълъэпкъми уигуми загъэпсэхуж, нэгъуэщI зыми ухуэмеижу, уи гъащIэр абдеж щиухми уарэзы хуэдэу, зыгуэру къыпщохъу. Апхуэдэт си щытыкIэр. Ауэ си гъащIэр абдеж щиухыну

сыарэзытэкъым, атIэ си гум зигъэпсэхужыщэри, гуауэ псори икIыжщ, бэлыхьым щIыгъуу лъагъуныгъэри здрилъэсыкIыжауэ арат.

– Хьэуэ, хьэуэ, ущоуэ. Сэ сыуэрэджыIакIуэжкъым. Куэд щIащ ар къызэрызгъанэрэ. Абыхэм сыхэтыжкъым. Пэжщ, сыкъыпотхыкI инықъуэхэм, – сыпыгуфIыкIыу захузогъазэ щIалитIым. Умар щыти щымыти. КъысфIэIуэхужкъым.

– Пэжу, ар хьэлэмэт гуэрым, уей. СфIэфIщ пщащэм Iуэху куэд щызэблигъэкIыфым деж. Уэ уеджэрэ? – цIыху гуапэ хуэдэщ Нарт. Самир укIытэх гуэру къыщIэкIынщ, сыхуеплъэкIыху, плъыжьыбзэ мэхъу.

– НтIэ, соджэ. Мы гъэм къызоух.

– НтIэ, ар къаруушхуэкъэ, еджэнри тхэнри зэдэпхьыныр?! Тхэным зэман куэд ехь! Сэри си шыпхъур матхэри аращ щIэсщIэр. Къаруушхуэ бгъэкIуэд хъунщ, дауи?! – си гъащIэ псом сыкъицIыхуа хуэдэ, къызопсалъэ Нарт. Умар и IитIыр и бгъэгум щызэрыдзауэ щытщ, зэрызищIынури жиIэнури къыгурымыIуащэ хуэдэу. Си хущытыкIэм апхуэдэу зыкъридзэкIыжыну и гугъа хьунтэкъым. Зи Iуэхухэр зэхуэмыхъу гуэрым хуэдэу, и жьакIэм Iэ делъэ, и щхьэр егъэкIэрахъуэ. Дэнэ кIуэжа си гухэлъхэр? Щхьэ апхуэдэу зэ IуплъэгъуэкIэ захъуэжа псоми?! ФэрыщIыфэ къызиплъмэ-щэ? Си акъыл лъабжьэм зиудыгъуауэ щIэлъа пэжыр къыкIэщIэкIауэ арагъэнщ. Сытым дежи сщIэуэ къыщIэкIынт Умар си насып зэрыхэмылъыр, ауэ абы сегупсысыну сыхуэмеяуэ аращ.

– КхъыIэ, дыщывмыгъэту, девгъэтIысэх, – жи Нарт.

– Хьэуэ, сытIыс хъунукъым. МодэкIэ зыгуэрхэр къызожьэ. Фи хьэщIэгъуэр дахэ ухъу. Си гуапэ хъуащ фыкъызэрысцIыхуар. Сэ согуфIэ хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэр къыщыкIуэжым деж!!! Еуэ, Умар, узыншэу ущыт, си ныбжьэгъушхуэ! ЗыгуэркIэ уи Iуэху мыхъумэ е зыгуэр ухуэныкъуэ хъумэ, нэпсалъэ. ФIыкIэ! – жызоIэ, Умар зыгуэр зэрыхуэмыныкъуэнури, хуэныкъуапэми, сэрыншауэ зэрызэфIигъэкIыфынур сщIэми.

ЩIалэхэм сэлам язохыжри, шхапIэм «ТомэщIэу» сыкъыщIокIыж. Умар къыспидзыжын имыгъуэту, и нитIыр къыстримыхыфу, къыскIэлъыплъу къонэ.

– Уэху! ФынакIуэ, дывгъэкIуэж! – иджыри къэс хьэлъэ гуэр стелъауэ, зытездзыжам хуэдэу, си Iэпкълъэпкъри сигури псэхужат. Динэрэ Iэминэрэ, къэхъуар къагурымыIуэу, къызоплъ.

– Сыт а уи «уэхум» къикIыр? Сыт къэхъуар? – и IитIыр зэкIэщIэхауэ, Iэминэ къызоплъ, и нитIыр къиихуным хуэдэу.

– Псори зэфIэкIащ! – сыкъыпыгуфIыкIыурэ жызоIэ.

– Ей, уи щхьэм зыгуэр и лажьэу ара, ы? Нэхъ гурыIуэгъуэу упсалъэркъэ, зэгуэудыгъуэжь?! – тепыIэркъым Iэминэ.

– Томэ зыгуэр жиIамэ, жиIауэ аращ. ЗэфIэкIащ, жиIамэ, зэфIэкIащ. Абы зыри иджыпсту къыпыпхынукъым, Iэминэ. Ди деж дывгъакIуи, тIэкIу теужыху дежьэнщи, езым псори къиIуэтэжынущ итIанэ. ИджыпстукIэ ирегуфIэ. Куэд щIауэ и дзэлыфэр итIыжакъым мыбы. Неуэ, неуэ, – и Iэблэр еубыдри, дыхьэшхыурэ, Динэ Iэминэ Iуешри, япэ йощ, сэ я ужьым ситу унэм лъэсу докIуэж.

Умар къызэрысцIыхурэ нобэ япэу хуиту сыбауэу, сыгуфIэу, сыпсэууэ арат. Сыту сыхуэарэзыт Умар къызэрыкIуамкIэ, псори зэрызэхигъэкIамкIэ! Си лъагъуныгъэр гъэщIэгъуэнт, и кIэухыр нэхъ гъэщIэгъуэныжт. Зыри къэхъуатэкъым, абы щIыгъууи си гъащIэм зэрыщыту зихъуэжат. Си акъылым псори къыщыхъуауэ аращ, псори сэ къэзгупсысыжат, ауэ абы Iущ срихъуащ, куэд къызгуригъэIуащ. Си къарум къихьыну псори,

си гум и гъунэхэри, си псэм и зэфIэкIхэри, си акъылыр здынэсыфынури згъэунэхуат. Псом нэхърэ нэхъ къэхутэныгъэшхуэу къэслъытэр – си уасэр къэсщIат. Апхуэдизу сызыхудэплъейуэ, щихъым пэсщIу щыта Умар нэхърэ сызэрынэхъ лъагэжыр къызгурыIуат. Абы сригуфIэрт. Езыри къэмыпсалъэу, къэмытхэжу ежьэжащ. Пагэт. Сыт-тIэ, абы щхьэкIэ?! Гъуэгу махуэ, Умар!!!

Сыту IэфI хуитыныгъэр! Сыту уасэншэ!

Си гур хуит хъужа щхьэкIэ, Мурат хъыбар езгъэщIэну сыпIащIэртэкъым. Зыхуейр имыщIэжу къэнащ, зэ зыр жеIэ, зэм нэгъуэщI зыгуэр къыхеIу, жиIэнкIэ сышынэрти, зэман тIэкIу дэзгъэкIыну мурад сщIащ. Iэмал имыIэу Мурат псори хуэсIуэтэжынущ икIи къезгъэгъэзэжынущ, ауэ иджыпстукIэ сэри езыми зыдгъэпсэхумэ нэхъыфIщ. Сыт къэмыхъуами, сыт хуэдэ Iуэху димыIэми, сыт хуэдэ уIэгъэ ттемылъами, и хущхъуэр зыщ – зэманырщ. Чэнджэщ нэхъ пэж дыдэхэр къыпхуэзыгъэкIуатэри, Iущ узыщIри, уи къэкIуэнур зыIэщIэлъри аращ – зэманырщ.

ГъащIэм пищэжащ. Псори зэрыщытам хуэдэу къэнэжа хуэдэт, ауэ куэдым зихъуэжауи къыпфIэщIт. Псоми нэгъуэщIынэкIэ сеплъырт, нэхъ балигъ сыхъуауэ къысщыхъурт. ГъэщIэгъуэныракъэ, Мурат зыуи зыкъызигъащIэртэкъым, Умари къатхэртэкъым. Пэжыр жысIэмэ, Умар сегупсысыжыртэкъым. Сщыгъупщэжыпэт тIэкIу-тIэкIуурэ. Сыту пIэрэ-тIэ, Мурат дэгу-нэф зыщIищIар? Сэри, соукIытэри, сеупщIыфыркъым.

Апхуэдэурэ, зэманыр кIуэрт. Мурат зыкъысхуигъэныбжьэгъун щIидзэжат.

ЖаIэр пэжщ: сыт къэмыхъуми, ар Тхьэм зэриухам хуэдэущ къызэрыхъур. НтIэ, апхуэдэу щыхъукIэ, Умар ауэ сытми къэзмыцIыхуауэ арат?! Апхуэдэ гупсысэм утетмэ, Мурат сыIущIэу, машинэм сыкъыпэщIихыу, абы ныбжьэгъу къыщысхуэхъуну арат Умар сыщIыкIэлъыкIуар? Умар и гъуэгум сытету Мурат сыхуэкIуэу ара? Арамэ, щхьэ Iуэхур мыкIуатэрэ? Хьэмэрэ иджыри щэху гуэрхэр хэлъ мыбы? Умар дежкIэ есIуэнтIэкIыж хъумэ-щэ? Хьэуэ, хьэуэ, сыхуейкъым. Сэ абы гугъуехьрэ нэпсрэ фIэкI къысхуихьыркъым. Срикъуащ абыкIэ! Сыхуейкъым аргуэру.

**ЕплIанэ Iыхьэ**

## ГЪУЭГУ ЗАХУЭМ КIУЭ ЛЪАГЪУЭ

ЛэжьапIэфI дыдэ къэзгъуэтауэ сылажьэрт. АпхуэдизкIэ сфIэфIт си лэжьыгъэри, си ныбжьыр куэд щIауэ дэкIуэгъуэм нэсами, сыдэкIуарэт жысIэртэкъым, сылэжьэну фIэкI. Зы дакъикъэ Iуэхуншэу сыщыстэкъым. ЛэжьапIэ нэужьым унэм сынэсыжырти, сытхэрт. УэрэджыIакIуэхэр къызэлъэIуурэ, уэрэд стхыт. КIэщIу жыпIэмэ, Умар щызмыцIыхуа зэманхэм сыхыхьэжауэ арат. Ауэ иджы сынэхъ Iущт, сынэхъ балигът, куэд зылъэгъуат. Мурат куэдрэ щыму щытащ, сэри езым жиIэнум сежьэурэ тэлай дэкIащ. ИужькIэ хуэм-хуэмурэ дызэрыгъуэтыжащ.

Бжьыхьэпэт. Си лъэгуажьэм мащIэу фIэкI си кIагуэ хужь щIэрыпсыр сщыгъыу, зызмыгъэIейуэ автобусым ситIысхьащ. ЛэжьапIэм тIэкIу сыкъыкIэрыхуауэ сыкIуэу арат. СщIэрт ди унафэщIым ар къызэрысхуигъэгъунур, дыгъуэпшыхь си анэр къыщалъхуа махуэр дгъэлъэпIауэ арати, хъунут сыкъыкIэрыхуми.

– Ехьи, си лIэгъуэр къэсынущ, пхъурылъху згъэбэяуну къысхуимыхуэурэ. СощIэ, уи лэжьыгъэри хъарзынэ дыдэщ, ауэ цIыхубзыр зы-

хуалъхуар унагъуэращ, пIэным, лъхуэным... КхъыIэ, Томэ, гупсысэ. Илъэс тIощIрэ блыр мыбдеж щылъкъым! – жиIэри, зы баи къыщIигъужащ си саугъэтыр анэм щыIэщIэслъхьэм.

Сэ къызгурыIуэрт абы къызжиIа псори, акъылкIи гукIи сыхуэхьэзырт унагъуэ сихьэным. Пэжщ, Мурат сэрэ иджыри дызэхуозэ, ди хьэлхэм зэщхь куэд хэлъщ. Ауэ и жьэм къурт жьэдэлъым хуэдэщ МураткIэ зэджэм. Сышэ, жысIэу сыщыхьэн хуейуэ ара?! Срикъуащ сэ Умар щхьэкIэ си щхьэр зэрызгъэлъэхъшар. Уи натIэм итым зы лъэбакъуэкIэ уфIэкIынукъым, имытри Тхьэшхуэм къыпхутехынукъым. Мурат къысхуэмейуэ щытамэ, нэгъуэщI къиишэнт, къысхуеймэ, зыкъызигъэщIэнщ. И ныбжь нэсакъэ, илъэс щэщI хъуакIэщ.

Си блэкIар адэ жыжьэу зы зэман слъэгъуа пщIыхь шынагъуэ гуэрым хуэдэу, си гум къэкIыжырт. IэфIыгъэ куэди хэлъащ, сегупсысыжмэ. Абы сыкъегъэхуабэ мы бжьыхьэ махуэ щIыIэм.

ЛэжьапIэм сынэсащ. Куэд дэмыкIыуи си бжэм зыгуэр нытеуIащ.

– КъыщIыхьэ!

КъетIыркъам бжэр Iуихри, къыщIэбэкъуащ. Езыри къызоплъ, сэри соплъыж. Си Iэхэр ундэрэбжьарэ си лъакъуэхэр кIэзызу сыщысщ. Си нэхэр къысхутемыхыжу сыжьэхоплъэ. Ар дауэ? Пэжкъым ар! Пэжыну сыхуейкъым. КъэкIуар... Умарщ! Сыт мыгъуэм аргуэру укъихьа Къэбэрдейм? КъэкIуатэ хуэдэщ. Къызбгъэдохьэ. Сэри сыкъотэдж. Сыт жесIэнур, дауэ сепсэлъэну?!

– Дауэ ущыт, Томэ? УкъысхуэцIыхужакъым зэ IуплъэгъуэкIэ. БжэмкIэ сыщыуауэ пIэрэ, жысIэу сегупсысыжат. Сыту зыпхъуэжа илъэс зытIум. Уи щхьэцри сыту кIыхь хъуа, – жиIэурэ, щхьэц фIыцIэ си дамэхэм тепхъам къоплъ, и Iэр къеший, сэлам къызихыну.

Иджы ар адыгэбзэкIэ фIы дыдэу псалъэрт. Хьэлэмэтщ. Дауэ зригъэщIа?!

– Тхьэм уигъэпсэу, Умар, сыхъарзынэщ. Уэ-щэ? – и Iэр соубыд. Иджыпсту сыджэлэнущ жысIэу, сызэфIэт къудейщ.

– Уей, бжесIэн си куэдмэ, уэ зэман уиIэмэ. Хъунукъэ дызэпсалъэ?

Умар япэм пагэу, ткIийуэ щытащ. Иджы нэгуфIэ хъужауэ, си пащхьэм итщ.

– Сыт щIэмыхъунур?! Хъунущ. Ауэ нэгъуэщIыпIэ, нэгъуэщI махуэу хъунукъэ? – иджыпсту семыпсалъэмэ нэхъ къасщтэрт.

– Хьэуэ, сэ иджыпсту дызэпсэлъамэ нэхъ къэсщтэнут. Си зэман лейуэ сымыгъэкIуэду зезгъэсащ.

Сыту гъэщIэгъуэн, сэри сыапхуэдэт.

– Арамэ, хъунщ-тIэ. ЕтIысэх. Шей, кофе, зыгуэр уефэн?

– Хьэуэ, упсэу, сыхуейкъым.

– Сэ нышэдибэ сымышхэу сыкъыдэкIащи, сефэнщ-тIэ. КхъыIэ, къыздефэ! – си къарур къыспкърыхьэж хуэдэт. Ауэ гъущэу, пхъашэу сыхущытыну сщIа мурадыр къызэхъулIэртэкъым.

– Хъунщ-тIэ, Томэ, къигъахъуэ шей, нэхъ IэфIу зэхэщIауэ.

– Шэми шхуми, шатэ тIэкIу, жызыIам ещхь уохъури. Шей IэфI пфIэфIми, кофе нэхъ къапщтэми, хьэцыбанэ шей фIэкI щыIэкъыми, абы укъыхуэна си гугъэщ.

– НэхъыфIыжи а жыхуэпIэр, – жери, и Iэгухэр зэтригъауэурэ мэдыхьэшх.

– Е, инышэу умытхъэ, – жызоIэ. – Ди унафэщIыр къызбгъурысщ!

– Уэлэхьи, апхуэдэ Томэ сымыцIыхуа сэ! – жи, дыхьэшхыурэ.

ЗищIрэ хьэмэрэ апхуэдэу дыхьэшхэн гуэр жысIауэ ара?

– Сэри сыкъэуIэбжьат нетIэ укъыщыщIыхьам. ЗэрызысщIынур сымыщIэу сыкъэнат. Пэжыр жысIэнщи, узмыщIыхуххэу къысфIощI. Уи нэкIу дыдэр зэи сымылъэгъуауэ къысщохъу. Сыпщошынэ, Умар, – гушыIэнымрэ дыхьэшхынымрэ IэщIыб сщIыжат. Си гузавэри сщIэркъым здэкIуэжар, ауэ си бзэр къэутIыпща хъуат. Езыри къызоплъри щысщ, хъыбар хьэлэмэт гуэр жесIэжым хуэдэу.

– Апхуэдэу, пэжыр жыпIэу упсэлъэну щыбукъуэдиякIэ, сэри пэжыр бжесIэнщ. ЗэрыслъагъумкIэ, уэ балигъ дыдэ ухъуащ. Сыт сэри зызгъэделэу сыщыскIэ?! – и нэщхъыр зэхуокIуэ, и псэлъэкIэр ткIий мэхъуж. Япэ дыдэ сызэрыIуплъам ещхьыркъэпст. Аргуэру сыкъэгузэвэжащ.

– Сыт сщIар? СыткIэ сыкъуаншэ?

– Псом япэ бжесIэну сызыхуейращ – сэ адыгэбзэ зэзгъэщIащ уэр папщIэ.

– Ар сытым къыхэкIыу? – ди шей зырызыр къытезгъэувэри, Умар и пащхьэм сыкъитIысхьэжащ. И нэ фIыцIитIыр къыстреубыдэ.

– ЕтIуанэрауэ, мыбы сыкъыщIэкIуэжари уэращ, – си упщIэр зэхимыха хуэдэт.

Сэ зызущэхужауэ, зызудыгъуауэ сыщыст, си Iупсыр ерагъыу езгъэнэхыу, апхуэдизкIэ сышынати. Пэжщ, сыщышынэрт Умар. СщIэртэкъым ар къызыхэкIар, ауэ и нэм сыщIэплъэфыртэкъым. Си напIэр ехьэхауэ, щыму тэлайкIэ сыщысащ. Езыми зыри жиIэжыртэкъым, къызэплъ фIэкI. Апхуэдэу дыщысащ зыкъомрэ. Тхьэм ещIэ, сэ схуэмышэчу, япэу псэлъэн щIэздзэжын и гугъагъэнщ. Ауэ, нетIэ и псалъэр зэрызэпызудар фIэфI зэрымыхъуар къызгурыIуати, сыщымт.

– Угубзыгъэщ уэ, Томэ. Сыт и лъэныкъуэкIи. Япэу сызэрыпIуплъэу къэсщIат ар, ауэ тIэкIу ущыкIати, уи губзыгъагъэр щIихъумэрт. ИкIи... удахэщ. Пэжыр жысIэнщи, япэу дыщызэрылъэгъуам зыгуэркIэ сыппеуэну, сэ сэлъытауэ узэрызырикIыр уэзгъэлъагъужыну сыхэтащ. Сэ зэхэсхат уи цIэ ираIуэу уи уэрэдхэми седэIуат. Си гум ирихьат ахэр. Дызэрымылъагъу щIыкIэ усцIыхуат. Си къарумрэ си зэфIэкIхэмрэ здынэсыр си лъэпкъэгъухэм езгъэлъагъуну, къыздэгуфIэну си гугъэу Къэбэрдейм сыкъэкIуэжат абы щыгъуэ, уэ уощIэ. ДызэрызэрыщIа зэман кIэщI тIэкIур схурикъуат узэрыцIыху куур, псэ хьэлэл узэриIэр, уи гур зэрыкъабзэр къэсщIэну. Гухэлъ кууи пхуэсщIат, сыткIэ пцIыр щхьэпэ?! Ауэ си гур пхузэIузмыхыфу, си бзэр схуэмыгъэкIэрахъуэурэ, дызэIэпыкIыжа хъуащ. ФIыуэ узэрыслъагъур бжесIэну зызгъэхьэзыра къудейуэ, а къаугъэ мыгъуэ хъуным сыхэхуащ. Сэ сыкъуэншащ абы щыгъуэ, пэжщ. Сэ сесат дэнэ къэрал сымыкIуами сыщыщIэрыIуэу, сызыхуейр си жьэм къыжьэдамыгъэкIыу схуащIэу. Мыбы сыкъыщыкIуам згъэщIэгъуат си нэкIу дэнэ къэна, си цIэ къудейр зэрамыщIэр. Арат гузэрыдзэ сэзыгъэщIар. Псори цIыху Iейуэ къысщыхъурт. СызэрыцIыкIурэ си нэ къикIырт Къэбэрдейм сыкъэкIуэжыну, сыщыпсэуну, сыщагъэлъэпIэну, ауэ сыщыуат. Абы и мызакъуэу, нэгъуэщI Iуэху мыхъумыщIэ куэдми сыхэтащ а илъэсым къриубыдэу, а псори иджыпсту бжесIэну сыхуейкъым. Сэ къыспеуэфын щыцыIэм деж сфIэфIкъым. ЦIэрыIуагъэм и лъэныкъуэкIэ уэ хьэрхуэрэгъуу укъэслъытати, нэхъ гъунэгъуу узэзгъэцIыхуну, уи къарур здынэсыр зэзгъэщIэну сыхэтащ. Япэ махуэхэм апхуэдэущ сызэрыпхущытари, узджащ. Ауэ, зэманыр кIуэху, си мурадхэм захъуэжт, си гум нэхъри урихьт. Къэбэрдейм щыщ хъыджэбз щхьэгъусэ сщIымэ нэхъ къасщтэрти, нэхъыфIыжу узэзгъэцIыхун си гугъэу уи ужь сихьэну зыщызгъэхьэзы-

рым, къайгъэ къэсIэтщ, сызауэри, еджапIэм сыщIадзыжащ. Апхуэдиз-кIэ сыгубжьати, Къэбэрдейм ис цIыхухэр зы къэмынэу слъагъу хъуртэкъым. Уэри уахэтт абыхэм. Ари адрейхэм хуэдэщ, жысIэрт. Сэ сыцIыху пщтырщ, сыпагэщ, сыерыщщ, зэ зыгуэр жысIамэ, жысIауэ аращ. ЩIегъуэжи къэгъази щыIэкъым. Ар иныкъуэхэм деж икъукIэ зэран хуохъу цIыхум. Сэри къысхуэхъуащ зэран а махуэм. Абы къинэмыщIыж, фадэри хэтащ Iуэхум. Семыгупсысу уи жагъуэ сщIат. Абы къыщымынэжу, дызэхуэтхэн щыдублэжам зы псалъэкIэ згъэзэкIуэжыфакъым а псалъэмакъ мышыур. Сэ сыхуейтэкъым абы щыгъуэ а Iуэхум къытедгъэзэжыну. Сэ зэи си щхьэр згъэлъэхъшакъым, ауэ къысхуэбгъэгъуну сынолъэIу. ТелефонкIэ мы псалъэхэр, дауи, нэхъ жыIэгъуафIэщ, ауэ зэи бжесIакъым, зэгуэрым уи нэхэм сащIэплъэу зэрызызумысыжынур сщIэрти. Зэрыплъагъущи, иджыри къэс къэсшакъым (и Iэпхъуамбэ цIэншэр къысхуегъэлъагъуэ, Iэлъын илъкъым). ЗэрыжысIащи, зыгуэрым тезухуамэ, сылъэмыIэсауэ увыIэ сщIэркъым. Сэ куэд дыдэрэ сыгупсысащ, куэди къызгурыIуащ. Аращ сыкъыщIэкIуэжар!

Псалъэмакъыр къекIуэкIыху и нэхэр стримыгъэкIыу къызэплъащ. Си напIэхэр къэсIэтри, сэри си нэхэр тезубыдащ.

– Мыбы и пэкIэ укъыщыкIуэжам-щэ?

– Абы щыгъуэ телефонкIэ укъыщызэпсалъэхэм деж уи щытыкIэмрэ зэрызыпхъуэжамрэ схузэхуэмыгъэхъуу арат зыри щIыжызмыIар. Пагэу, усцIыхуаи узмыцIыхуаи жыпIэу укъысхущытати, сыхэзэрыхьыжат. Пэжыр жысIэнщи, си щхьэ мыгъуагъэ хуэзбгъэхьыжат. «Мы къесхьэжьа Iуэхум зыгуэр къикIыу пIэрэ?!» жысIэу, сегупсысыжат, къапщтэмэ. Зыми сримыщIысу зызбгъэлъагъужат. Си гугъат ди Iуэхухэр зэтеувэжыну. НэгъуэщI си нэгу къысхущIэмыгъэхьэу сыкъэкIуэжат – уэ сыпIущIэн, дызэрыIуэтэн мурадхэр сиIэу. Ауэ икъукIэ си жагъуэ къэпщIат. ИтIанэщ си щхьэм щынэсар – мыбы щыпсэу адыгэхэм фи пагагъэр тIукIэ мынэхъыбэмэ, зыкIи нэхъ мащIэтэкъым, дэ, хьэрыпым щыпсэухэм нэхъ. Зэгуэрым уи жагъуэ сщIати, ар лъэужьыншэ мыхъуауэ къыщIэкIат. Фэ фи хьэл, щытыкIэ, гъэсэныгъэ фиIэжщ. КъызэрыщIэкIымкIэ, ди гъэсэныгъэхэр зэхуэмыдэу арат. Лъэпкъ къэс цIыху зэран, шынагъуэ иIэхэщ. Къэбэрдейм фи «шынагъуэхэм» я фэ псоми фэсплъауэ арати, сызэрыщыуар къызгурыIуэжащ. Иджыщ къыщызгурыIуэпар. Сэ, е цIыхухэм фIыуэ сыкъалъагъу, е сыкъалъагъу хъуххэркъым. ТIум язщ. Мыбы псоми сыкъалъагъу хъуртэкъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сывэщхьтэкъым. Абы и щхьэжкIэ, Тхьэуэ сыфлъытэну сыхуейт. Абдеж фIыуэ сыщыщыуат. Сыт хуэдизу телефонкIэ фIыуэ дызэхущымытами, цIыхум и псалъэхэр къыщыбгурыIуэн, и нэм ущIэплъэу ущыпсэлъэн зэман къытхуихуатэкъым. Абы къыхэкIыу, уи пащхьэ фIы сызэрыщымыхъужыфынур къызгурыIуэри, си жьэр къэзмытIатэу, зэрыпхауэ сыкIуэжащ икIи сыкъыпкIэлъыгъуэзэжакъым, сыпщIэупщIэжакъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сыкъызэрыпфIэмыIуэхужыр къызгурыIуат. Абы икъукIэ дыркъуэшхуэ си гущхьэм къытридзат, ауэ, дауэ мыхъуами, уи нэгу сиплъэу сопсэлъэну сыхуейти, мис, сыкъэкIуэжащ. СыкъэкIуэжыпащ. Иджыпсту сыноплъри, къызгуроIуэ – уэ уи гум зэи сихуакъым икIи сыпхуигъэхунукъым. Зы зэман апхуэдизкIэ гугъу уехьати, укъызэрысIуплъэу зэуэ уи гур зэщыуауэ аращ. УщымэжэлIэIуам деж зэуэ куэд пшхы хъунукъым – уи лъатэм зэран хуэхъунущ. Абы хуэдэу аращ ари. Ар псори зырикIщ! Сэ уэ уи мурадыращ сызыхуейр. Аращи, Томэ, егупсыс. Ди пщэдейр уэращ зэлъытар. Егупсысауэ пIэрэ, щыжысIэ укъэзгъуэтынщ. Узыншэу ущыт. Шей IэфI дыдэ бгъэват, уп-

сэу, – къыпогуфIыкIри, зегъэкIуэдыж. Си жьэр Iурыхуарэ, жысIэнумрэ сызэгупсысынумрэ сымыщIэу сыкъыщIонэ пэш нэщIым.

ИлъэситI-щы и пэкIэ мы псалъэхэр Умар къызжиIатэмэ, сэ нэхъ насыпыфIэ дунейм темыту къысщыхъунут. Дамэ къыстекIэнти, сылъэтэнт. Ауэ иджыпсту, си нэгу щIэкIа псор щIэкIауэ, сигъэIущыжыну, сэ сыцIыхухъущ, уэ уцIыхубзщи, уи увыпIэр щIэж, жыхуиIэу, езыр псалъэщ, псалъэри, ежьэжащ, сэ хызимыгъалъхьэIауэ. Сыту зи гугъэжауэ ара? ЛIо-тIэ, фIыуэ силъагъумэ? Сэ фIыуэ слъагъуу, нэпсым жэщкIэ ситхьэлэу, си гур зэгуэчу, хамэ къэралым си псэр слъэфу сыщыкIуам, езыр дэнэ здэщыIар? Сыт и мыхьэнэж иджыпсту къызжиIа къомым? Езыр цIыхуу, сэ сымыцIыхуу ара? Е езым и гухэлъхэр нэхъ лъапIэ? Игурэ и щхьэрэ зэрызэтелъ абы! Сыпщыгъупщакъым, жи! Дэнэ щищIэрэ?! Укъэзгъуэтынщ... Хьа! Си уз сыкъэбгъуэтынщ. УкъыкIэрыхуауэ къыпщыхъуркъэ?! ЛъэщыгъэкIэ фIыуэ зызигъэлъагъужыфыну?!

Мыхэр жысIэу си щхьэр къэзгъэпцIэж щхьэкIэ, пэжыр пэжщ, си гур пIейтей хъуат, адэ, жыжьэ дыдэ къуэскуа си лъагъуныгъэм и кIапэ цIыкIур къиубыдри, къыкъуилъэфыжат. Сыту пIэрэ адэкIэ къыспэщылъыр аргуэру? Си акъылыр зэтес мэхъуж, щыжысIэм, къэсри псори зэIищIэжащ. Уо, ди тхьэ, сыту къаруушхуэ хэлъ, сыту лъабжьэшхуэ иIэ, сыту IэубыдыпIэншэ мы лъагъуныгъэр! АтIэми, уа, сыту фIыщэу слъагъурэ Умар! Сыту сигури си псэри хуэзэша а щIалэ нэ фIыцIэм. Дауэ сыхэзэгъэну мы тенджыз зызыхэздзэжам? Щхьэ гъащIэр къыздэджэгурэ мыпхуэдэу? Нобэ си гур хуохъуапсэ, хуопабгъэ, пщэдей си гур бгъэдокIыж. Иджы сытыр къыспэщылъ, сытыр си натIэ хъуну? Хьэмэрэ лъагъуныгъэм я нэхъ дахэмрэ я нэхъ къабзэмрэ и уасэр стауэ ара, ар Тхьэм къызитын ипэ къыхуэу?!

Къэзлэжьаи щыIэкъым а махуэм, си гупсысэхэр зэтар нэгъуэщIт. Пщыхьэщхьэм Динэ жесIэжащ псори. ФIэщщIыгъуейт ар – къыздикIари къыздихуари сымыщIэу, Умар си гъащIэм къыхыхьэжат, си пащхьэм итат, и мурадхэм щыгъуазэ сищIу. ПщIыхьу пIэрэ ар хьэмэрэ пэж дыдэу къэхъуа?!

– Сэ сщIэрт абырэ уэрэ фызэрызэхуэзэжынур, ауэ дапщэщми сщIэртэкъым. Иджы мис... – жеIэ Динэ.

– Дэнэт щыпщIэр, щхьэ узэгуэудыгъуэ уэри, ей?!

– Апхуэдиз щIэпшэчам зыгуэр кърикIуэн хуейт, итIанэ а фи иужьрей зэбгъэдэкIыжыкIэр кIэухым ещхьтэкъым. КIэ гуэр зимыIэ щыIэкъым. Мис, фыфейми иIэщ. Ауэ уэ абы ухуей?

– Сытым?

– Фи Iуэхум кIэ иIэну? Хьэмэрэ дяпэкIэ зыужьын щIидзэмэ нэхъ къэпщтэну? Сэ абы и жэуап къызумыт. Уэ зэтыж. Ауэ ерыщыгъэ, пагагъэ хэплъхьэу жэуапыр пумыхулыкI.

– КъызгуроIуэ. Си гум темыхуауэ аращ апхуэдэу къызэрызэпсэлъар. Ар пщIэрэ зэщхьыр? Анэм къилъхуар цIынэу хыфIидзэу, балигъ хъуа нэужь, си быныр къызэфтыж, жиIэу, ар зыпIам и деж кIуэм хуэдэщ.

– Пэжщ ари, Томэ. Сэ къызэрызгурыIуамкIэ, Умар унафэ ищIыну, цIыхури зригъэдэIуэну фIэфIщ. Ар цIыху лъэщщ. Уэри ущабэ цIыкIукъым, ауэ Умар IэджэкIэ нэхъ лъэщщ. Апхуэдэтэкъэ уэ узылъыхъуэу пхуэмыгъуэтыр?! Сэ Умар пхуэфащэуи ухуэфащэуи къысщохъу.

– Ей, лIо, септу ара мыбы? Зэ умыпIащIэ, сэ иджыри сегупсысакъым.

– НтIэ, егупсыс.

– Уэ аращ узыхуейр, сэ псынщIэ-псынщIэу, хэтми, зыгуэрым сыдэбгъакIуэу, уэри зипчыну, – содыхьэшх. – Сыту убзаджэ гуэр уэ!

– Аракъым-тIэ, сэ уэ фIы ухуэзэну сыхуейуэ аращ, – плъыжь къэхъуауэ и напIэр ирехьэх.

Пэжу, Динэ хьэзырыххэу щыст. Сэ къызэжьэу арат. Сэ куэдрэ жесIэрт абы къызэмыжьэу, хуеймэ, дэкIуэну, ауэ зэхихыну хуеиххэтэкъым ахэр.

– Сэ Умар сыдэкIуэмэ, фIы сыхуэзэну уи гугъэ?

– Аращ мы псори щIыбжесIэжыр. Си гугъэщ.

– Мурат-щэ?

– Ар уэ фIыуэ плъагъуркъым. Пэжщ, абы удэкIуэми, утыншынущ, ауэ фIыуэ умылъагъу цIыхухъум убгъэдэсыну... СщIэркъым.

– ФIыуэ слъэгъуауэ къысщыхъурт, ауэ нобэ Умар щыслъэгъуам, Мурат цIэр сщIэжыххэртэкъым.

– Мис аращ-тIэ! Мурат уи ныбжьэгъуфIщ, Iущщ, къыпхуэпэжщ, ауэ лъагъуныгъэмрэ ныбжьэгъугъэмрэ зэхыумыгъэзэрыхь. ФIыуэ плъагъур уи ныбжьэгъуфIмэ, абы нэхъ насып щымыIэу къызолъытэ. Уэ ущыхьэт Умар пхуэмыгъэныбжьэгъуну? Абы къизгъэкIыр...

– СощIэ абы къибгъэкIыр, Динэ, къызгурыIуащ. Сегупсысынщ! Зэ къэсцIыхун хуейкъэ Умар жыхуаIэр?! И ужь сихьэнщ. Мурат жесIэжмэ, нэхъ тэмэму къысщохъу ар. НэгъуэщI зыгуэрым къыхуиIуатэмэ, и жагъуэ хъунщ. Дауэ щымытми, къызожьэ ар сэ иджыри къэс.

– Ари хэлъщ, тхьэ. ЖеIэ-тIэ, апхуэдэу нэхъыфIщ. Ауэ уи гухэлъхэм я гугъу хуумыщI.

Абы тету Мурат сыхуэзэри, жесIэжащ. Зы псалъэ къыфIимыгъэкIыу, къызэдэIуащ. ИкIэм:

– Егупсыс, уэращ зи гъащIэр. Сэрыншауэ егупсыс. Сэ сыножьэнущ, – жиIащ.

АдэкIэ, абы дытемыпсэлъыхьмэ нэхъ къищтэу, псалъэмакъыр нэгъуэщIыпIэкIэ ириIуэнтIэкIащ. А дакъикъэм, апхуэдиз зэман щIауэ си ныбжьэгъу щIалэр, цIыхур зыхуэмеиж хьэпшып гуэрым езгъэщхьри, си жагъуэ щIэхъуэжат. Езыращ зи лажьэжыр, емынэм зэрехуэ – ар зыIурамылъхьэжщ! ФIыуэ сыкъилъагъуу жиIэрт, ауэ сыкъизэуртэкъым Мурат. Щхьэхуит сищIат. Сэ сыщхьэхуитыну сыхуеижтэкъым. Сыкъигъэгубжьат апхуэдэ щытыкIэм. КIуэ, нэгъуэщI IуэхукIэ ухьэлэлми, ужумартми, лъагъуныгъэм ахэр къезэгърэ?!

Пэжу, сегупсысу щIэздзащ. Зы лъэныкъуэкIэ, Умар фIыуэ солъагъу, адрей лъэныкъуэмкIэ Мурат си ныбжьэгъут, сыкъыгурыIуэрт, тынш дыдэуи сыдэпсэуну къыщIэкIынт, ауэ и щытыкIэр куэдрэ схуэшэчыну хъунтэкъым. ТкIиягъ лъэпкъ хэлътэкъым. ЦIыхухъур ткIийуэ, жиIэр пхигъэкIыу щытын хуейт. Сэ сфIэфIт апхуэдэу щытхэр. СщIэртэкъым адыгэ цIыхухъур пхъашэу, IэубыдыпIэншэу, зекIуэ мыкIуэжми, и пIэм имысу, пагэу, и гур лъагъуныгъэм хузэIухауэ, ауэ япэ къэсым и нэм щIимыIуу, имыгъэлъагъуэу щытын хуейуэ къыщIысщыхъур. Апхуэдэт Умар. Сэ абы фIыуэ сыкъилъагъурэ сыкъимылъагъурэ къызгурыIуакъым иджыри. Мес, Мурат зыкъысхуиумысат, ауэ зыри имыщIэу щысащ.

Умар сызэрыIущIэрэ тхьэмахуэ дэкIауэ, си лэжьапIэм нокIуэ аргуэру.

– Томэ, ныщхьэбэ зыщIыпIэ дыгъакIуи дыщыгъэс. Сынопсэлъэну сыхуейщ. Сэ угупсысэну зэман уэстащ. Иджы адэкIэ ди Iуэхур зэры-

хъунум дытепсэлъыхьын хуейщ, – къысхупогуфIыкI. Сыту щIалэ гуакIуэ! ЗанщIэу хъунщ жызмыIэу, тIэкIу зызгъэщIэгъуэнщ.

– СщIэркъым, тхьэ, сыхущIыхьэнуми.

– ПхущIэмыхьэу хъунукъым. Си къуэшыр пщэдджыжь Иорданым мэлъэтэж. Нобэ узригъэцIыхуну хуейуэ арат.

– Сыт жыпIэр? СыукIытэнущ, на, уи къуэшым и пащхьэ дауэ сиувэн?!

– Iэу, сыт абы укIытэгъуэу хэлъыр? Дэ ди дежкIэ зыгуэрым къишэну зыщигъэхьэзыркIэ, лъэныкъуитIымкIи я благъэхэр зэхуозэ, зэроцIыху, благъэ зызыхуащIынур зрагъэлъагъу. Томэ, си къэкIуэнур нэгъуэщIу, уэрыншауэ си нэгум къысхущIэгъэхьэркъым, сыхуейкъым къыщIэзгъэхьэнуи. Гугъу укъызэрыздехьари, пшэчари сощIэ. КхъыIэ, хуит сыкъэщIи, уи гъащIэр сыгъэгъэщIэращIэ, си лъагъуныгъэм уемылъэпауэ. СощIэ, Iэгъу, уэри уи гур къызэрысхуэмынэщIыр. Куэдщ уэри сэри дызэрыгупсысари дызэрежьари. Томэ...

Умар и щытыкIэмрэ жиIэхэмрэ сагъэшынэрт. Зэи сызримыхьэлIа гуэрым сыIущIам хуэдэу, икIи сфIэхьэлэмэтт, икIи и псалъэхэм шэч къытесхьэрт, икIи сэ си щхьэ сыхуимытыжу къысщыхьурт. Куэд дыдэрэ сежьат сэ Умар. Ауэ иджыпсту сымыделэ-сымыгубзыгъэу сыщытт, пщIыхьым сыхэт хуэдэт, си фIэщ хъурт икIи хъуртэкъым.

– Щхьэ сэ сакъыхэпха къалэшхуэм дэс мыпхуэдиз хъыджэбз дахэм? Мис ар къызгурыIуэркъым. Апхуэдизрэ сызэрыножьэр, гугъу сызэрехьыр щыпщIэкIэ, щхьэ хъыбар уимыIэу зыбгъэпщкIужат? Уэ пщIэрт сэ фIыуэ узэрыслъэгъуар. Уи жьэм къихь къыумыгъанэу къызжепIэщ, си жагъуэ пщIыри уежьэжат икIи зэман куэдкIэ зы письмо кIапэ, зы телефон цырхъ цIыкIукIэ уигу сыкъэкIакъым. Зэгуэрым си узыншагъэр хэслъхьэ пэтащ мы Iуэхум! Иджы укъэунэхужауэ, унафэ къысхубощI. Сэ апхуэдэу сыакъылыншэ дыдэкъым, си пIэкIэ зыгуэрым унафэ ищIыну хьэмэрэ си мурадхэм щIэмыупщIауэ, си гъащIэр яухуэну. Апхуэдэ ныбжьым ситыжкъым. КъомыхьэлъэкIмэ, абы и жэуап къызэт. ГурыIуэгъуэщ уэ уи унафэм къару зэрыхэлъыр, уи хьэлыр зэрыткIийр. Ауэ сэри сыцIыхущ, сыхьэпшыпкъым, – си пащхьэ исыр къэслъыхъуэу хамэ къэралыщI къызэрызэхэскIухьар сщыгъупщэжарэ сыкъэгубжьыжауэ сопсалъэ.

Япэм си гущхьэм щызэхуэсхьэсахэмрэ къысхуэнэжа нэпсхэмрэ иджыпсту къысфIыдривеижынкIэ сышынэрт. Къыслъихьа насыпышхуэри сымылъагъу хуэдэт. СхуэмышыIэжуи си нэпсхэр къысфIещэщэхащ. Сыхуейтэкъым Умар сыгъыу зыкъезгъэлъагъуну, ауэ схуэшэчакъым. Си гущхьэр зэгуэчырт. Иджыри къэс зэхуэсхьэса упщIэ къомым я жэуапыр къызэзытыфынур си пащхьэм итти, сыхуейт Iуэхум и пэжыпIэр, апхуэдиз щIэсшэчам и мыхьэнэр икIэщIыпIэкIэ къызжиIэну. И псалъэхэм я кууагъымрэ я купщIэмрэ къэсхутэну сыхуейуэ арат. КъызгурыIуэртэкъым мис апхуэдэу зэуэ зыкъыщIызэкъуихар. АпхуэдизкIэ губжьым си гур кърригъэкIуати, си нэкIур IитIкIэ субыдри, сызэфIэмытыжыфу сещэтэхын щIэздзащ. Абы Умар гу лъитэри, сыкъипхъуэтащ. Зэуэ зыкъэсщIэжри, зыбгъэдэзгъэкIуэтыжащ, шэнтымкIэ сетIысэхыурэ. ТIэкIурэ щыму дыщысащ. Сэ шэнтым сытесу, езыр хьэмбыIуу къызбгъэдэсу, си Iэр иIыгъыу. Си нэпсхэр згъэкIэщхъа нэужь, хуэму псэлъэным пищэжащ.

– Пэжщ, Томэ, жыпIахэр. Зы щIыпIэ дыщапIауэ щытатэмэ, нэхъ зэгурыIуэгъуафIэ дыхъуну къыщIэкIынт, ауэ ди гъэсэныгъэхэр зыкъым. Сэ си адэм сигъэсакъым цIыхубзым си гум хуилъыр хуэсIуатэу, сеубзэу, сехъуцацэу. Дэ, мухьэжырхэр, хабзэ ткIийхэм дыщIэту дапI. Уэ си гум

удыхьат, ауэ сызэрыббгъэдыхьэну лъэныкъуэр къысхуэмыгъуэтурэ, ди гъэсэныгъэхэр зэрымызым къыхэкIыу, си губжьым и зэрани хэлъу, дызэблэпсэлъыкIри, дызэIэпыкIауэ щытащ зы зэман. Абы и ужькIэ уэ уи щытыкIэ дыдэр зэзгъащIэу, укъэсхьэхужыну мурад сщIащ. Уи жагъуэ умыщI, ауэ си ныбжьэгъу къыпкIэлъыплъащ блэкIа илъэсхэм. Зы махуэ птеплъэкъукIакъым. Зы лъэбакъуэ имыщIэу пчакъым. Си гум ирихьт абы къызжиIэжхэр, – бзаджэу пыгуфIыкIащ Умар.

ЦIыху къыскIэлъыплъауи? Си лъэбакъуэ къэс ибжу, дэнэ сымыкIуами, сыт сымыщIами си ужь иту къикIухьауи? Ар сыту икIагъэ! Дзыхь къысхуимыщIу, зыгуэр си ужь къригъэуващ... Ар Умар дауэ хуэзгъэгъуну?! Сыт абы иужькIэ зыщыгугъыу къыщIэкIуэжар?! УпщIэхэм си щхьэр зэгуатхъырт. АпхуэдизкIэ сыкъэгубжьауэ си лъыр къэкъуалъэрти, сыкъыщылъэту щхьэ щIэзмыхужрэ мыр, зэи къызбгъэдэмыхьэну щхьэ жезмыIэрэ, дауэ ар хуэзгъэгъуну жысIэу сыкъызэкIуэкIат, ауэ Иорданым сызэрыкIэлъыкIуари хуаIуэтэжагъэнщ жысIэщ, абы сриукIытэжри, зысшыIащ. Си напIэр къысхуэмыIэту, сеупщIащ.

– Сыт нэхъ къыбжаIэжар?

– Псори. Зы къэмынэу. Сыщежьэжам щыщIэдзауэ иджыри къэс узэрыпсэуар.

Си напэр плъыжь хъуарэ, си Iупэхэр кIэзызу сыщыст. Си Iупэ кIэзызыр згъэувыIэн си гугъэу, седзэкъэжащ. Уз зыхэзмыщIэжу, сызэрифIэщкIэ седзэкъащ. Си напэр текIакъэ иджы!

– Хэт ар? Сэ сцIыхурэ? – си щхьэр зэрехьэхауэ, соупщI.

– Томэ, апхуэдизу умыукIытэ. Си фIылъагъуныгъэр згъэпщкIуу срагъэсами, сэри мы Iуэхум си еплъыкIэ хузиIэжщ. КъызэрыслъытэмкIэ, лъагъуныгъэр лъапIэщ. Псом нэхърэ нэхъ лъапIэщ. Ар утыкум къиплъафэ хъунукъым. Зыри зэран къыхуэмыхъун папщIэ, уи гум ибгъэлъын хуейуэ аращ. Ар зыхуэгъэзам и жагъуэ умыщIу, лей къытумыгъэхьэу, пхъумэу, уи гум илъыр псалъэ мышыухэмкIэ къипхыну иужь уимыту, хущытыкIэкIэ ебгъэлъагъумэ ар тэмэму собж. Аращ адыгэм и хьэлыр. Аращ сэ сызыхущIагъэджыкIар. Ар куэдым къагурыIуэркъым. Щхьэж зэрыфIэфIым хуэдэу, щхьэж нэхъ зэрыфIэтэмэмым хуэдэу ирегъэкIуэкI. Уэ уи щытыкIэр сэ сощIэри, си хьэлым укъытехуэну си гугъэщ. Дызэхуэфащэу дызэрыгъуэтауэ къысщохъу.

ИужькIэ жиIа псалъэхэр си жагъуэ сщIынрэ си гуапэ сщIынрэ сымыщIэу сыщыст. Сэ упщIэ естам и жэуап сымыгъуэтами, гъэщIэгъуэнт къызжиIахэр.

– СщIэркъым бжесIэнур, Умар. ФIэщщIыгъуейщ.

– СощIэ зэрыфIэщщIыгъуейр. Зэман диIэщ, Томэ. Сэ сыкъэкIуэжыпащ. Псори зэхэдгъэкIынщ, умыгузавэ. Зэ усфIэкIуэдыжыну сыхуейкъым афIэкI. Ныщхьэбэ сыхьэтиблым фи унэм сыныIухьэнщ, уэ хьэзыру щыс. Томэ, кхъыIэ, гуфIэ, сыту сфIэфI уи гуфIэкIэр! – жиIэри, псэншэ хуэдэ, щIыIэ хъужауэ Iэнэм телъ си IитIым къеIусащ. – Сыту уи Iэр щIыIэ! УпIыщIэрэ?

– Хьэуэ, – зэрызысщIынури жысIэнури сымыщIэу сыщыст.

– Томэ, сощIэ зэрыфIэщщIыгъуейр бжесIахэр. Умыгузавэ, сэ пщэдей къыздэкIуэ жысIэркъым, залымыгъи уэсхыну зызгъэхьэзыркъым. Сэ ар си щытыкIэу, си псэлъэкIэуращ. Япэ зизгъэщри, си мурадхэм щыгъуазэ усщIащ. Тэмэму сщIа къыщIэкIынкъым, ауэ... Зэман диIэщ, дызэсэнщ.

– Щхьэ апхуэдэу уигурэ уи щхьэрэ зэтелъ сэ стеухуауэ? – си щхьэр къызоIэтри, соупщI.

– Уэри уи гур къызэрысхуэмынэщIыр сощIэри аращ, – жеIэри, щIокIыж.

Сэ си Iэхэр кIэзызу сыщысщ. Бжэр къыIуехыжри, и щхьэр къыкъуегъэж, – Пщыхьэщхьэ сыхьэтихым, – жеIэри, мэбзэхыж. Хэт а псори абы жезыIэжар, хэт апхуэдизу набдзэгубдзаплъэу къыскIэлъигъэплъар? Умар и хьэлыр пщIэмэ, зыкIи гъэщIэгъуэнкъым си ужь зыгуэр къызэрыриутIыпщхьар...

ЗэрыжиIауэ, сыхьэтихым ныIухьащ. Бжэм зыгуэр къыщеуэм, Динэ Iуихащ, сэ иджыри си вакъэр лъыстIэгъэн хуейуэ сыщыст.

– Ехьи, ыту щIалэ дахэ! Уделэщ, уепэгэкIрэ хьэуэ, жепIэмэ, – пIэм зридзауэ, мэдыхьэшхри Динэ илъщ.

– Ей, уделэу ара, сыт ущIэдыхьэшхыр?

– Сыдыхьэшхыу аракъым, хьи, согуфIэ!!!

– Сыт хуэдэ гуфIэгъуэ плъэгъуар?

– Ей, кхъыIэ, а мыфэмыцхэмкIэ укъызэмыупщI. Сэ сощIэж уи напIэхэр къэпщыжауэ укъыщытэджу щытар, угъарэ уешауэ. Абы щыгъуэ узылъыхъуам уэ иджы укъигъуэтащи, согуфIэ, – зегъэкIэрахъуэри хэлъщ хъыджэбзышхуэр, и дзэлыфэр тIауэ.

– Хуэму, кхъыIэ. Зэхебгъэхынущ.

– Сэ си Iэбжьанэхэр пысшхыкIыу сыножьэнущ, укъысхуэмыгъэсыжу. Еуэ, ей, мор апхуэдизрэ зэбгъажьэмэ, ежьэжынщ аргуэру!

– Хьэуэ, тIасэ, сэ иджы ар зыIэщIэзгъэкIыжыну си мурадкъым, упсэу! – хэкъузарэ си фIэщ хъужауэ жызоIэри, сыкъыщIокI.

– Армыраи хабзэр?! СфIэфIщ апхуэдэу ущыщытым деж, – хуэм цIыкIуу къыскIэлъедзыж Динэ.

СыкъыщIэкIмэ, зэщыхуэпыкIарэ дыхумэ дахэхэр къыкIэрихыу щытщ Умар.

– Уэлэхьи, фи дэкIуеипIэхэм я задагъыр къэсщIам, – жи, дыхьэшхыу и Iэ ижьыр къысхуишийуэрэ.

– Сыту?

– Фи лифтыр лажьэркъым, Iэу.

– КъуищIэнущ ари!

– Хэт къызэзыщIэнур? – къыгурыIуэ хуэдэкъым си гушыIэкIэр.

– Лифтым, Iей!

– А! – мэдыхьэшх. – Хьэлэмэткъэ, ди гушыIэкIэ нэгъунэ зэщхькъым! НакIуэ, Мэжид шхапIэм къыщыдожьэ, – езыр япэ йощ, сэ и ужьым ситу ебланэ къатым дыкъох. СфIэфIщ блы бжыгъэр. СхуэфIщ!

– Ара уи къуэшым и цIэр?

– НтIэ. Уэ уи шыпхъум сыт и цIэр, сщыгъупщэжащ.

– Динэщ и цIэр...

Такси щытым и бжэр схуIуихри, сригъэтIысхьащ. «Уи адэра хъунщ, дауи, мыбы ухуезыгъэсар» си гум къэкIри, си дыхьэшхын къэкIуащ. Дыпсалъэурэ, шхапIэм дынэсащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, Умар цIыху тынш хъуат, япэрейм хуэдэу гугъусыгъуэжтэкъым.

Мэжид къыдэжьэу щыст, Умар зэрыжиIам хуэдэу. Дыкъызэрилъагъуу, къэтэджри къытпежьащ, сэлам гуапэ къызихащ.

– Дауэ ущыт, Тамарэ? ИкъукIэ си гуапэщ усцIыхуну. КъетIысэх моуэ.

Си цIэр зэрищIэр згъэщIэгъуащ, псори зэса ТомэмкIэ къызэмыджэу, Тамарэ зэрыжиIари си гуапэ хъуат.

– Тхьэм уигъэузыншэ, – къысхуигъэлъэгъуа шэнтым сотIысэх.

– Томэ, мыр си къуэш нэхъыжьщ, и цIэр Мэжидщ, – сегъэцIыху ар.

Мэжид икъукIэ цIыху щабэу, зэпIэзэрыту, Iэдэбу къыщIэкIащ. Умаррэ абырэ хьэлкIэ зэмыкIуалIэу къысщыхъурт. Мэжид псэлъэгъуфIт, гъэщIэгъуэн куэд жиIэжт, цIыхум пщIэшхуэ хуищIи хуэдэт. Умар цIыху пщтырт, къэлыбыныр бетэмалт, ауэ псэ хьэлэлт икIи гушыIэрейт. КъызэрыслъытамкIэ, и фIыр фIы дыдэт, и Iейр шынагъуэт. Умар зыгъэбийм сехъуапсэркъым. И фэр ирихынт, и гъащIэр жыхьэрмэ ищIыфынут. Апхуэдэ цIыхум ущышынэн хуейрэ, и дамэ щIагъым ущIэтмэ, укъыщIыхэщтын зэрыщымыIэм уи псэр дэтыншу щытын хуейрэ сщIэртэкъым. ЗэманыфI сыхуейт сэ Умар сесэным. Хьэкъыу спхыкIат – абы уIэрыхьамэ, пыщIа ухъуамэ, нэ къыптрищIамэ, уIэщIэкIынутэкъым.

Зы сыхьэт хуэдизкIэ Мэжид щысри, зыкъиIэтыжащ.

– Тамарэ, иджыри зэ жысIэнщи, си гуапэ хъуащ узэрысцIыхуар. Сэ уи цIэ фIыкIэ ираIуэу зэхэсхат икIи узэзгъэцIыхумэ нэхъ къасщтэу, аращ мыбы сыкъыщIэкIуар. СурэткIэ угуапэт, удахэт, услъагъури, нэхъ лъагъугъуафIэжу укъыщIэкIащ.

– Си сурэти плъэгъуауэ ара? – соупщI адрей жиIахэр зэхэзмыха хуэдэ.

– Мыбы жиIэм еплъ! Умар и пэшым сыщIыхьэмэ, уи сурэт фIэкI фIэлътэкъым блынхэм...

– Мэжид!.. – укIытэжауэ, и къуэшыр къызэригъэувыIэным хэтщ Умар.

– Хъунщ, хъунщ, зыри жысIэжыркъым. Аращ-тIэ, Томэ, узыншэу ущыт. Тхьэм фIыкIэ дызэхуигъазэ. Сэ пщэдджыжь жьыуэ сылъэтэжын хуейщи, зызгъэхьэзырыжынщ. Еуэ! – жеIэри, Мэжид йожьэж.

Сэри зыкъызоIэт, пщIэ хуэсщIу.

– Сыт хуэдэ си сурэт уи пэшым щIэлъыр? – сыпыгуфIыкIыурэ, соупщI Умар. Мэжид щызигъэцIыхуакIэ, апхуэдэу хъарзынэу дыщыщысакIэ, пэж хъунщ Умар и гум илъу къызжиIахэр.

– Сыт хуэди, – укIытэжа хуэдэщ.

– Умар, сэ псори къызгуроIуэ, ауэ апхуэдизу уи гум сыщилъкIэ, щхьэ зыкъызумыгъэщIарэ? НэгъуэщIым сыдэкIуатэмэ-щэ?!

– Уэри уи гум сыкъеуэрэт? Уи жьэкIэ къызжепIэну сыхуейщ ар. КхъыIэ, Томэ, къызжеIэ!

– Шынагъуэу укъеуэрт!

– МэгушыIэ аргуэру, – къыпогуфIыкI Умар, пэж дыдэ жысIа щхьэкIэ къэмынэу.

– Хьэуэ, сыгушыIэркъым. Укъемыуамэ, Иорданым нэс тездзэу сынакIуэрэт?! Си гум укъэкIати, зи мыхъу блэкIыу слъагъунщ, жысIэри, сынэкIуауэ арат.

– Арат? Емынэм Щамым сихуат абы щыгъуэ?! Ар сэ сщIатэмэ...

– НтIэ, укъыщыскIэлъыплъакIэ, си лъэбакъуэу хъуар щубжакIэ, си гум илъри пщIэн хуеящ.

– СощIэ. Зы зэман сызэрыпщыгъупщэжари сощIэ. Псори сощIэ, Томэ, зыри къэмынэу. Иорданым ущыIэу, машинэм уиукIыным тIэкIу иIэжу, щIалэ гуэрым укъызэрыригъэлари, ар иужькIэ ныбжьэгъуфI къызэрыпхуэхъуари, узышхуэ къофыкIыу жаIэу, узэрагъэщтари, уи псэм гугъуехьу телъари сощIэ. Ар къыщызжаIам сыкъэлъэтэну билет сымыгъуэту сыдэтащ. Ари Iуэхутэкъым, сыкъэсын, сыпIуплъэн, Iэ бдэслъэн къудей папщIэ сымыщIэн мы дунейм теттэкъым. Сэ а махуэм къысщыхъуат мы дунейм зы къуаншагъэшхуэ тетмэ, ар злэжьауэ – уэ ажалыр IэплIэ зэIухакIэ къыпхуэкIуэу, сэ фIыщэу узэрыслъагъур бжезмыIауэ узэрысIэщIэкIыр си зэрану.

Зэи сщыгъупщэжынкъым а махуэм си гум щыщIар! Апхуэдиз зэманкIэ уэри уи гур никъуэу щызгъэтауэ, сэри а къесхьэжьа Iуэхур делагъэу къыщIэкIауэ... ПсомкIи зызгъэкъуаншэт, уи псэущхьэ сымылъагъужу зыгуэр къыпщыщIатэмэ, мы дунейм теттэкъым ар зэрызыхуэзгъэгъужыфын! Ауэ уи узыр зэрымышынагъуэр къызжаIа нэужь си гур псэхужри, си зыгъэпщкIупIэм сыкъуэтIысхьэжат. Ари си етIуанэ щыуагъэу къыщIэкIынщ. Дауэ мыхъуами, псом нэхъапэр – иджыпсту уи нэгум сиплъэу, уи бэуэкIэр зэхэсхыу, уи нэ дахэхэм къащIих бзийхэм си гущIэм илъ гухэлъхэр къагъэнэхуу сыббгъэдэсщ.

– Апхуэдизрэ къыскIэлъыплъам сэ гу лъызмытэу къэнэнутэкъым. СцIыхуу къыщIэкIынщ. КхъыIэ, къызжеIэ хэтми!

– КхъыIэ, жызумыгъэIэ, Томэ!

– Апхуэдизу-тIэ, уи гур зэгуумыгъэуду, укъэкIуэжамэ, ди Iуэхухэр зэфIэкIынутэкъэ?! Нэхъ тынштэкъэ, Умар?

– Ари хъунут, ауэ, пщIэрэ, сэ цIыху куэдым си гур ящыкIат абы щыгъуэ. УэркIи сышынащ. Сэ сыхуейтэкъым абы.

– Сытыт апхуэдизу къуащIар? – си гум щIыхьэрт Умар и псэлъэкIэр.

– Мыбы сыкъыщыкIуагъащIэм, хъыджэбз гуэр сцIыхуат. Ар икъукIэ фIыуэ слъэгъуат, къэсшэн муради сщIат. Iэмал имыIэу Иорданым сыкIуэжын хуей хъури, тхьэмахуитIкIэ згъэзэжат. Си унагъуэм хъыбар езгъэщIащ. Къэсшэну сыхуейщи, си гъусэу Къэбэрдейм фынакIуэ, нэчыхь дывгъэтх, жысIэри, Мэжид зыкъезгъэщIащ, ди адэм жриIэжын хуэдэу. СыкъэкIуэжыным махуитI иIэжу, си ныбжьэгъухэм хъыбар къызагъащIэ, уи хъыджэбзым уэ унэм уиутIыпщыжауэ, хьэрып щIалэ гуэрым и гъусэу паркыр жэщи махуи зэхакIухь, жаIэри. А зы дакъикъэм мыбы сыкъэсыфыну щытатэмэ, а хъыджэбзри хьэрыпри псэууэ сIэщIэкIынтэкъым. ГуфIэгъуэ лъэпкъ зэрыщымыIэнур си унагъуэм къагурызгъаIуэри, сыкъэкIуэжащ. ЛIот езбгъэщIэнур?! Я гугъу сщIыжакъым. Къэслъыхъуакъым. Ауэ тIум яз къыспэщIэхуатэмэ, згъэгъунутэкъым делафэ къызэрызаплъар. Езыхэми акъыл тIэкIу яIэу, си хьэлыр яцIыхуу къыщIэкIри, зыкъыспэщIагъэхуакъым. Ар къыщыхъуар гъатхэрат. МахуитI-щы дэкIри, уэ усцIыхуащ. Сыгубжьауэ, си пэм гъуэзыр кърихуу, дызэрихьэлIауэ щытащ. Абы щыгъуэм а хъыджэбзым и фэ псоми есплъырт, псори апхуэдэу къысщыхъурти, уэри си нэм нэхъри лъы къытребгъэхьат, уи щхьэр лъагэу Iэтарэ уи пэр бгъэпIийуэ ущыслъэгъуам. Нэхъ тэмэму дызэпсэлъа нэужь, си гум уи дежкIэ зынигъэзащ. Ауэ иджыри дзыхь пхуэсщIыртэкъым. Махуэ гуэрым а зи гугъу пхуэсщIа хъыджэбзымрэ хьэрыпымрэ зэгъусэу къакIухьу паркым иту саIущIащ. Си губжьри тIэкIу стеужати, я гугъу сщIакъым. «Уэ псори пхузэфIэкIыу уи мыгугъэ, зумыгъэпагэ, Умар. Уэ хьэрыпхэр фIыуэ дыкъыумылъагъуми, уэ нэхърэ зыкIи зызгъэнэхъыкIэркъым, зызмыгъэнэхъыфIмэ. Мис, уи хъыджэбзыр къыптесхыфащ. Зыми уриIыскъым. Уи уасэр йохуэх!» – хьэрыпыбзэкIэ къэпсалъэри, къызипэсащ ахэр. Мис а махуэми, схуэмышэчыжу, хьэрып щIалэ сызыгъэпудыну иужь ихьар цIыху мыхъужыну паркым изубэрэжьыхьащ. Хъыджэбзри кIийуэ ежьэжри, зигъэкIуэдыжащ. ЗанщIэу паркым сыкъикIыжщ, шхапIэм сыкIуэри, фIыуэ сефащ. Хьэрып гъуамэм и ныбжьэгъухэм хъыбар яригъэщIати, зэхуэсри, сыкъагъуэтащ. АдэкIэ, уэ пщIэ хъунщ, дызэхэлъадэри, дызэзэуащ. МыдэкIэ куэдми ягу къысхуэплъырти, ар фIэгъэнапIэ ящIри, еджапIэм сыщIадзыжын папщIэ ямыщIа щыIэжкъым. «Хьэрып къэралхэм ущыцIэрыIуэмэ, дэ сыт абы худиIуэхур?! Уэ мыбдеж цIэ щыбгъуэтын

уи мыгугъэ!» жызыIахэри гъунэжщ. Нэхъыжьхэм ящыщу къысщыжамрэ си IэщIагъэр зигу дыхьэмрэ емэщIэкIащ. ФIыуэ сыкъэзылъагъу, тэмэму къысхущыт щIалэгъуалэм я зэфIэкIхэр сэбэп хъуакъым. Си фIэщ мэхъу мухьэжырхэмрэ къэбэрдейхэмрэ дяку дэлъ зэгурымыIуэныгъэ мащIэр уэсэпсу зэгуэрым зэрыкIуэдыжынур. Сэ сежьэфынущ абы. Зезгъэсащ сежьэфу! Аращ Iуэхум и пэжыпIэр, пщIэну ухуеймэ.

– Дауэ къыпщыхъурэ, хьи?! Сыту цIыху шынагъуэ куэд тет дунейм! – япэу зэхэсхыу арат Умар щыгъуазэ сызыхуищIа хъыбарыр. Псоми Умар къуаншэу жаIэрт.

– А псоми сыкъригубжьри, уэри уи жагъуэ сщIауэ щытащ, лажьэ уимыIэу. НтIэ, уи нэгу къыщIэгъэхьэт, уи мурадхэр зупх, узыщыгугъ цIыхум ахэр къуищIауэ, хэт жиIэмрэ, хэт и щытыкIэмрэ уи фIэщ хъужынут?! Сэ си гугъащ мыбыкIэ щыIэ адыгэхэр нэхъ гу къабзэу, гъэсауэ, хабзэ зэрахьэу. КъызэрыщIэкIымкIэ, нэхъыбэр хамэ хьэл хъуащ. Дэри куэд диIэщ хьэрыпхэм ещхь хъужауэ. Сэ уэ укъэсцIыхупэну Iэмал сиIэтэкъыми, си ныбжьэгъу щIалэ, мыбы щыщу, селъэIуащ къыпкIэлъыплъыну, уи щытыкIэ дыдэр, узиIысыр къысхуищIэну.

И хъыбарыр и кIэм щынигъэсым, и набдзэхэр дригъэуейри, и Iупэр къыIуигъэпкIащ.

– Мис аращ, Томэ, гъащIэм лъэныкъуэ куэд иIэщ. Псори бгъэунэхумэ, уи гур зэщоуэ, умыгъэунэхумэ, куэдым куэд хэпщIыкIыркъым. Ауэ къызгурыIуар зыщ – гугъу ехьым щиIуэтэжын зэман къыхуохуэ. А зэманыр ди деж къэсарэ къэмысарэ зэлъытыжар уэращ!

– Умар, си гум пхуилъ псори пщIэрэ?

– СощIэ, Томэ, сэ псори зыхызощIэ. Ауэ уи жьэкIэ къызжепIэу зэхэсхмэ, ар си дежкIэ уасэншэщ. УкъыздэкIуэну, Томэ?

– Умар... сщIэркъым бжесIэнур...

– Зы псалъэ закъуэ, Томэ. Е, хьэуэ, е нтIэ!

Умар зэрыщыт дыдэр иджыпсту къызигъэлъагъуу къысщохъу. И гум соплъэ.

– Зэ сегупсысэжатэмэ, нэхъыфIт. КхъыIэ, сыгъэгупсысэ. МазитI-щы пIалъэу къызэт. Хъункъэ? Хьэуи нтIэи бжесIэркъым.

– Хъунщ, арамэ. Содэ апхуэдэу. Дежьэнщ, – Умар гуфIэурэ къызоплъ. И нэхэри къолыдыкI, къогуфIыкI.

Сэри си гум гуфIэгъуэмрэ лъагъуныгъэмрэ имыхуэжу къысщыхъуу, зэми гурыщхъуэ гуэрхэр сщIырэ сыкъэнэщхъеижу, унэм сыкъешэж.

– Сыт? Сыт? ЖыIэ псынщIэу, дауэ фыкъызэфIэкIа? – Динэ зыкъызидзащ.

Сэри псори зэрыхъуар жызоIэж. Динэ мэгуфIэ, сэри си дзэлыфэр зэтехьэркъым. Си гупсысэхэр тIууэ зэщхьэщокIри, си нэгум гъуэгущхьитI къыщIоувэ. Зы гъуэгущхьэм Умар къысхуэгуфIэу, и нэгум кърихым и зэхуэдитIыр иджыри къызгурымыIуэу тетщ, адрейм Мурат щыму, и щхьэр ехьэхарэ, бгъукIэ зигъэзауэ щызолъагъу. Уэ фIыуэ плъагъури фIыщ, ауэ цIыхухъум нэхъыфIу укъилъагъумэ, абы нэхъ тыншу удэпсэуфыну жаIэ. Сэ Умар зэрыслъагъум нэхърэ нэхъыфIу сыкъилъагъурэ сыкъимылъагъурэ къысхуэщIэртэкъым. Ауэ Мурат езыр зэрыслъагъум нэхърэ куэд дыдэкIэ нэхъыфIу сыкъызэрилъагъур хьэкът. Хэт-тIэ нэхъыфIыр а тIум?! Хэт жиIэр нэхъ пэж, дэтхэнэм седэIуэну? Дауэ мыхъуми, си пщэдейрщ, си гъащIэрщ, си насыпырщ сыухуэр.

– Тхьэ, Томэ, сэри си Iэхэр зэтедзауэ сыщымыса, си цIыхугъэ хъыджэбз гуэрым деж сыпсэлъат нетIэ. Ар Тыркум къикIа адыгэхэм щыщщ.

Абы Умар фIыуэ ецIыху. Ахэр-тIэ, псори зэрощIэ, зэлъоIэс. Абы зэрыжиIамкIэ, тхылъхэр зыгуэрурэ зэхуагъэхъури, Умар мыбы къагъэIэпхъуащ. Умар унагъуэ ищIу ягъэтIысыжмэ, нэхъ къащтэу, цIыхубз гуэр и гум зэрилъыр ящIэрти, и къуэшыр къыщIагъури, и адэ-анэм къагъэкIуэжауэ аращ. КъызэрыщIэкIыжамкIэ, Умар Иорданым щыпсэужыфыртэкъым, Къэбэрдейр и гум къеуэрт, мыбыкIэ и псэр къеIэрт. Сэ Умар уэ пхуэгъэзауэ иIэ гурылъхэр къабзэу къысщохъу, сщIэркъым. ФIыуэ щыплъагъукIэ, езыри къыщыпхуейкIэ, и къуэшыр къуигъэплъыну мыбы нэс къыщишакIэ, зы фIыгъуэ гуэр къыфпэплъэу си гум жеIэ, тхьэ, Томэ. Щи, мыхэр псори тэмэм дыдэу, гукъэкI гуэрхэр имыщIын хуэдэу, Iэзэу, къыIэщIэзгъэкIащ си ныбжьэгъум. Умыгузавэ уэ! Уи нэ къижхэри игъэхьэж адэ. Ситу укъэрабгъэ гуэр! – жеIэри, зэгуэлъэлъу мэдыхьэшх. Тоужри, пещэж:

– Сытми, уи хъыбарым къыхощыр, хьэуэ, къыхопIиикI Умар къыщIэкIуэжар зэрыуэрар.

– Сэри си фIэщ хъуащ ар ныщхьэбэ. Псори тэмэм хъуж хуэдэщ, Тхьэм и шыкуркIэ, ауэ...

– Сыт? КхъыIэ, сумыгъэшынэ. СыдэкIуэнукъым, жыпIэмэ, сыкъэбукIащ!

– Ей, уэ иджыпсту уи щхьэ хьэмэрэ си щхьэ бгъейр? – си IитIыр си шхужьым изогъэувэри, сыкъолъ. Езыр мэдыхьэшх.

– Сэ апхуэдиз илъэс хъуауэ сыкъызыщыжа щIалэмрэ уэрэ фызэрызэхуэзэжам щхьэкIэ сыгуфIэу аращ. ЗыгуэркIэ а псори уи ягъэкIэ лъэлъэжмэ, сызэрыдэщIа къомыр хэкIуэдэжынущ, жызоIэри аращ. Ауэ, уэ узэгупсысари хэлъщ абы, – нэхъри матхъэ.

– Ситу уцIыху бзаджэ уэ, Динэ! Сэ уэ уапхуэдэ дыдэ си гугъакъым, – зыр зым епIэскIурэ дгъэкIылыжу, хъыджэбзышхуитIыр пIэкум дилъщ, додыхьэшхри.

Си закъуэтэкъым псэщIэ къызыхыхьэжар. Дини арат. ЖысIэну къезгъэжьари сIэщIигъэхужат. Мурат зэрыхъунум сегупсысауэ арат. Апхуэдизу гугъу къыздехьа, псэемыблэжу къысхуэпэжу щыта Мурат дауэ хъуну, сэ Умар сыдэкIуэмэ? Ар дауэ езым къыгурызгъэIуа хъуну?

Умар сэрэ зэдэдгъакIуэ зэманымрэ къызэдэтпсэлъымрэ тфIэмащIэу зэман дэкIащ. А зэманым къриубыдэу Мурат тIэу-щэ слъэгъуами аращ. Иныкъуэхэми телефонкIэ дызэрощIэ. Умар къэкIуэжри, Мурат екIуэтэкIыжыпат.

Бжьыхьэр и кIэм нэсарэ, уэс къэблагъэм и мэ щIыIэр къыпщIихьэу апхуэдэт. Махуэ гуэрым Мурат къопсалъэ:

– Томэ, сэ лэжьапIэмкIэ унафэ къысхуащIауэ, щIыпIэ жыжьэ сокIуэ. Илъэс зыбжанэкIэ къэзгъэзэжынукъыми, нобэ дызэхуэзэрэ иужь дыдэу дызэрылъагъужатэмэ, си гуапэ хъунут.

– Ар дауэ? АпхуэдизкIэ укъэтыну ара? – «иужь дыдэ» псалъэм мыхьэнэ естыркъым. Си гум щIыхьат си ныбжьэгъу лъапIэ, сыкъызыгурыIуэ, Динэ нэмыщI си мурадхэмрэ си щэхухэмрэ зыщIэ си акъылэгъур спэIэщIэ зэрыхъунур.

– Аращ-тIэ, сыт пщIэн? Лэжьыгъэр лэжьыгъэщ.

ДызэгуроIуэ сыхьэтитI дэкIмэ, дызэхуэзэну.

Хуэмурэ сыкIуэрт Мурат сыщыIущIэну дыщызэгурыIуам. Дауэ и нэгум сыщIэплъэну? Сыт жесIэну? Апхуэдиз зэман къыстригъэкIуэдауэ, зыри къимышэу сэ къызэжьэу щысащ. Иджы сэ нэгъуэщIым сыдэкIуэну сыгурыIуащ, Мурат и илъэс щэщIым кърубыдэу е бынкъым, е унагъуэ-

къым. Сыту сыцIыху гущIэгъуншэ сэ! Дауэ есщIэфа, щхьэ зыщызгъэгугъа?

ГъэщIэгъуэныракъэ, гъуэгущхьиплIыр щызэхэкI щIыпIэт дыщызэхуэзэн хуейуэ игъэувар.

Сыкъызэрысрэ дакъикъищ нэхъ дэмыкIауэ, си щIыбагъымкIэ шы лъэ макъ къыщызэхэсхащ. Хэт иджырей зэманым къалэм шыкIэ къыщызыкIухьыр?! Къалэ дэнэ къэна, къуажэхэм щыплъагъужыххэркъым. СыкъызэплъэкIмэ, сыт телъыджэ – сыщысимэджам сызэпщIыхьауэ щыта шур къокIуэ! КъакIуэртэкъым, къэлъатэхэрт, тIу хъууэ!

Сыздэжэнумрэ сыздэкIуэнумрэ сымыщIэжу, си лъэм бдзапцIэ гуэр фIэлъым хуэдэу, зызмыгъэхъеифу сыщытщ. Шухэр гъунэгъу къэхъуащ. ТIуми цей фIыцIэ ящыгът, щIакIуэ ятеубгъуат, я нэгур бащлъыкъкIэ гъэпщкIуат, я нэм фIэкI къыщIэмыщу. Къэсыпащ... Си пщIыхьым къыхэкIри, си пащхьэ нэхум къиуват си ажал фIыцIэр. Хьэуэ, кхъыIэ, иджыпсту си псэр хэвмых. Сэ Умар къэзгъуэтыжащ, Мурат нобэ гъуэгу жьыжьэ тезгъэувэн хуейщ. Нобэ си ажалыр щхьэ къыслъэщIыхьэн хуей хъуа мыгъуэ?!

Зыр шым къелъэри, къызбгъэдэлъэдащ. И щIакIуэр зыщихыу, къыстриубгъуэну къыщыкIуэтами зысхуэгъэхъеякъым. Зы лъэбакъуэ счатэмэ, сыджэлэнут, апхуэдизкIэ си лъэр щIэхурти. Зи мыхъу, си псэхэхым и нэм сыщIэплъэнщ, жысIэрэ сеплъмэ... Муратт! Арат нэ фIыцIэ сызыщIэплъар зейр. Сыщыуатэкъым. Арат ар зи нэр. Дэни къыщысхуэцIыхужынут. Иджыпсту абы, пшэ фIыцIэ хьэлъэм хуэдэу, гукъеуэшхуэт щIэслъа-гъуэр. «Си Томэ, си псэ закъуэ, си нэху, си гъащIэ!» – къызжиIэ хуэдэт абы псалъэншэу. Сыт хуэдизрэ и нэ фIыцIэ гуапэхэр къыстриубыдэурэ къызэплърэт?! НэкIэ къызэдэхащIэурэ сытригъэужырт, гугъуехь нэпс щыщIэзгъэкIхэм деж! Иджы...

ЩIакIуэр къызишэкIщ, щIым сыкъытриIэтыкIри, адрей шум сритащ. Мыдрейми шыплIэм тыншу сыдигъэзагъэри, зричащ.

Си гупсысэхэри зэхэзэрыхьыжауэ, си акъылым сикIын хуэдэу къысфIэщIу, си къэмэхын къакIуэурэ, зы щIыпIэ гуэрым шур къыщыувыIэри, шыплIэм сыкъыдахащ. ЩIакIуэр къыстрахри, жьы къабзэ щIыIэр къысIурыуащ. Абы нэхъ зыкъызигъэщIэжащ. СыздэщыIэр къызгурымыIуэу зыкъэсплъыхьри, шым тесу Умар щытт, и бащлъыкъыр зыIуихыжауэ. МыдэкIэ пщащэ гуэрхэми си Iэблэр яубыдри, куэбжэ зэIухам сыдашащ. Иджы псори къызгурыIуат. ПщIантIэм цIыху дэтхэмкIэ гурыIуэгъуэт нобэрей махуэм ахэр хуэхьэзыру зэрыщытар...

ФIэщщIыгъуейт, ауэ Муратт апхуэдиз зэманкIэ Умар къыскIэлъигъэплъар! Си щэхухэри, си гухэлъхэри, си мурадхэри, си нэпсхэри, си гукъеуэри, си гуфIэгъуэри – псори, псори зыхуэсIуатэу щыта си ныбжьэгъу пэжырат Умаррэ сэрэ дызэпызыщIэжар. Си лъагъуныгъэ, си щхьэ, жимыIэу, Умар хуиIэ ныбжьэгъугъэм, сэ къысхуиIэ лъагъуныгъэм я хьэтыркIэ, си псэр здэплъэм си Iэр лъигъэIэсауэ арат абы! Ар пщIэн папщIэ сыт хуэдэ къару уиIэн хуей?! Сыт хуэдэ гу пкIуэцIылъын хуей, уи щхьэ уебэкъуэжын папщIэ? Ар зы лъэныкъуэт. НэгъуэщI лъэныкъуи иIэт Iуэхум. Апхуэдиз зэманкIэ къызэрыскIэлъыплъар икIагъэу, ди ныбжьэгъугъэм къемызэгъыу къэслъытэрти, ар хуэзгъэгъуфынрэ хуэзмыгъэгъуфынрэ схузэхэмыгъэкIыу си псэр бэлыхьым хэтт. Ауэ, дауэ мыхъуми, Мурат лъагъуныгъэ къысхуищIат, сэр щхьэкIэ имыщIэн мы дуней дахэшхуэм теттэкъым. Езым зыкъыфIэмыIуэхужу, си насыпыр япэ иригъэщри, си гум схуимыгъэху щIалэм сыпищIэжащ!

СызэрыщIэхъуэпсам хуэдэу си хьэгъуэлIыгъуэри зэфIэкIащ. Зы-

щигъэгъупщатэкъым Мурат си хъуэпсапIэр: «Зэманыжьхэм зэращIу щытам хуэдэу, шыплIэм сыдэлъу сахьмэ, нэхъ къэсщтэнущ, «Мерседес»-кIэ сашэ нэхърэ!» Умар къэзыгъэдэIуари арат.

А махуэ дыдэм Мурат зызэщIикъуэри, щIыпIэ жыжьэ гуэрым кIуащ. Умар сэрэ ди хьэгъуэлIыгъуэми хэтакъым. Умари къыгурыIуа хъунт, Мурат и гум къысхуилъар, ауэ зы псалъэкIэ зыкъызигъэщIакъым.

ИужькIэ зэрызэхэсхыжамкIэ, ар зэрежьар и лэжьапIэм зыкIи пыщIатэкъым, ди Iуэхум и щхьэр хихауэ арат. Тхьэм ещIэ ар зэгупсыса псор, ауэ хьэкъыр зыщ – Умар сэрэ зэдэдгъуэта насыпым зэран къыхуэмыхъун папщIэ, тпэIэщIэ зищIащ. КъысхуищIа лъагъуныгъэм и жьы мащIи къызжьэхэмыуэу, Умар сыдэпсэумэ нэхъ къищта хъунщ!

Насыпым и уасэр инщ. Гугъут сэри Умар деж сызыша гъуэгур икIи къуацэ-чыцэхэм сэ жаным хуэдэу сызэхауIыхьат, ауэ си уIэгъэ псори зыгъэкIыжыфын лъагъуныгъэкIэ Тхьэшхуэр къысхуэупсэжат. А псом дерсу къыхэсхари, гъащIэм сызыхущIигъэджыкIам къыхэзгъэбелджылыкIари зыщ: сыт къэмыхъуми, ар Езым зэриухам хуэдэу къохъу. УхуокIуэ Абы уи натIэм кърийтхам! Iэмал имыIэу гъуэгуанэ пэжым утезыгъэувэн лIыкIуэ Тхьэм къыпхуегъакIуэ. Лъагъуныгъэри апхуэдэщ. Уи насыпмэ, ар къызэропсалъэ бзэр къыбгурыIуэнщ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид



**Хъыбархэр**

# Iэхъуэ лIыжьымрэ пщымрэ

Зы жылэ зы лIыжь цIыкIу дэсти, тхьэмыщкIэ дыдэт, бгъэдэлъ щыIэтэкъым.

– Iэхъуэу тхуежьэ, – къыжраIащ. – Iэхъуэу утхуежьэмэ, удгъэмэжэлIэнкъым.

Iэхъуэн щIидзэри, пщыхьэщхьэм къыщыдыхьэжкIэ зыгуэр кърат хъуащ лIыжь цIыкIум – шхын щыщIэжакъым. Апхуэдэу екIуэкIыурэ, пщыхьэщхьэ гуэрым и унэм Iэнэ лъакъуищ къыщIэхутауэ, Iэнэм махъсымэ кхъуэщын тету, зы мэжаджи телъу крихьэлIэжащ лIыжь цIыкIур. Махъсымэ кхъуэщыныр мэжаджэм дрифащ. Iэнэм тригъэувэжа къудейуэ, кхъуэщыным махъсымэр из къэхъужащ, зы мэжаджи къытехутэжащ Iэнэм.

Пщэдджыжьым махъсымэр мэжаджэм дрифри, къуажэ Iэщыр дихуащ лIыжь цIыкIум, пщыхьэщхьэм къыдыхьэжмэ, – кхъуэщыным махъсымэр изщ, зы мэжаджи Iэнэм телъщ. «Тхьэм и нэфI къысщыхуащ!» – жери лIыжь цIыкIур гуфIащ. Арати, Iэхъуэн щыпичащ абдеж: «Махъсымэрэ мэжаджэрэ сыщыщIэнукъым, сыт щхьэкIэ сыIэхъуэн?» – жери Iэхъуэ башыр жылэм ялъридзэжащ.

– Ар хъунукъым, – жаIащ жылэм. – Гъэр нэсакъым, хэт дгъэIэхъуэнур?

ЛIыжь цIыкIум жылэр зыхигъэзэгъакъым, махъсымэмрэ мэжаджэмрэ я гугъу яхуищIащ:

– Тхьэр къысхуэупсащ, дяпэкIэ шхын сыщыщIэжынукъым.

Жылэр зэчэнджэщыжри:

– Пщым бзэгу хуэтхьынщ, – жаIащ, – кхъуэщынымрэ Iэнэмрэ трихмэ, сыт ищIэжын?

Пщым бзэгу хуахьащ.

Кхъуэщынымрэ Iэнэмрэ лIыжь цIыкIум пщым хуихьащ. Пщыр щетIысылIэм, Iэнэм зы мэжаджэ къытехутащ, кхъуэщыным махъсымэр из хъуащ.

– Тхьэм и нэфI къызэрыпщыхуар слъэгъуащ, – къыжриIащ пщым. – Кхъуэщынымрэ Iэнэмрэ я хъер улъагъу. Сэри сыпхуэупсэнщ, – жери витIрэ жэм зэщIэсрэ къритащ.

ВитIыр щIищIэри, лIыжь цIыкIур мэкъуауэ кIуащ, мэкъу еуэ пэтрэ мэкъупIэм зы дыщэ джэдыкIэ къыщигъуэтащ.

ЛIыжь цIыкIум дыщэ джэдыкIэ къызэригъуэтар къащIащ жылэм, кIуэри пщым бзэгу хуахьащ.

Пщым лIыжь цIыкIур ириджащ.

– Тхьэм и нэфI къызэрыпщыхуар пэжщ, сэри сыпхуэупсэнущ, – къыжриIащ пщым, къыхуэупсэри лIыжь цIыкIур къиутIыпщыжащ.

Жылэр нэхъри жагъуэгъу къыхуэхъуащ лIыжь цIыкIум, пщым бзэгу хуахьащ:

– ЛIыжь цIыкIур къобзэджэкIащ: шылэ джэд зэриIэр къыпщибзыщIащ. Шылэ джэдым махуэ и зы дыщэ джэдыкIэ къекIэцI, – жари.

ЛIыжь цIыкIур ириджэри, пщым жиIащ:

– Шылэ джэдыр къысхуэхьи, сыгъэлъагъу.

Ху Iэбжьыб къиищтэри, мэкъупIэм кIуащ лIыжь цIыкIур, хур щипхъым шылэ джэд къэлъэтащ, шылэ джэдыр къиубыдри пщым хуихьащ.

– Тхьэр къызэрыпхуэупсар си фIэщ хъуащ. Сэри сыпхуэупсэнщ, сыткIи къызэлъэIу, – къыжриIащ пщым.

– СызэролъэIуращ, – жиIащ лIыжь цIыкIум. – Жылэм я жьэр егъэубыд: фыгъуэр зыхегъэн, бзэгу къыпхуэзыхь зумыгъэкIуалIэ. Я жьэр яубыдмэ, сахуэIэхъуэнщ.

Пщым и жыIэм фIэкIынт жылэр? Бзэгу яхьыжакъым абы и ужькIэ. Бзэгу щамыхьыжым, лIыжь цIыкIур Iэхъуэу ежьэжащ.

# ЛIымрэ щIалэ бзаджитIымрэ

ЗылI, витIыр щIищIэри, бэзэрым ежьащ, жэмыбгъэ иIэти, жэмыбгъэр ищэн мурад ищIауэ. Жэмыбгъэм и бжьэм кIапсэ иридзэри, гум кIэрищIащ, езыр гублащхьэм дэтIысхьэжащ. ЗдэкIуэм псы икIын хуейти, жэмыбгъэри витIри псы иригъэфащ, и гъуэгу теувэжри, дзапэ уэрэд къыхидзащ.

Мэзым къыхэтIысхьауэ щIалэ бзаджитI къеплъакIуэрт лIым.

– ВитIри жэмыбгъэри къыIэщIэдгъэкIынщ, – жиIащ щIалэ бзаджитIым я зым.

– Дауэ къызэрыIэщIэдгъэкIынур? – жиIащ адрейм.

– КъызэрыIэщIэдгъэкIынуращ: жэмыбгъэр гум къыкIэрыттIэтыкIынщи, уэ мэзым щIэпшэнщ, сэ выгум и ужь сиувэнщи, адэкIэ деплъынщ.

– Хъунщ, – жари зэгурыIуащ, загъэбгъунлъэри жэмыбгъэр гум къыкIэратIэтыкIащ, зым ар мэзым щIишащ, адрейр гум и ужь иуващ.

Зыкъом дэкIауэ, лIыр къызэплъэкIащ. КъызэплъэкIмэ – жэмыбгъэм и пIэкIэ и ужь зы щIалэ итщ.

– Жэмыбгъэр дэнэ кIуа? – жиIащ лIым, витIыр къигъэувыIэри.

– Сыт жэм? – и нэр къиж зищIащ щIалэм.

– Гум епхауэ къесшэжьа жэмыбгъэр?

– Жэмыбгъэ лъэпкъ слъэгъуакъым, сэращ уи ужь итар. Дзапэ уэрэдым сыдебгъэхьэхри, зыкъозгъэщIакъым – сыт щхьэкIэ зэран сыпхуэхъунт?

– Псы езгъэфа къудейт, – жиIащ лIым.

– Псыхъуэм къыдэбнауэ пIэрэ-тIэ? – жиIащ щIалэм.

– Арагъэнщ къысщыщIар, – жиIащ лIым. – Уэ, щIалэфI, си витIым схуакIэлъыплъ, сэ тезгъэзэнщи, жэмыбгъэр къэсхужынщ.

– СыздэпIащIэ щыIэкъым, витIми гуми сакIэлъыплъынщ укъэсыжыху, – жиIащ щIалэм.

ЩIалэр гум къыбгъэдинэри, лIыр псыхъуэм дыхьащ. ЩIалэ бзаджэр зэщэр арати, витIыр ихури кIэбгъу зищIыжащ, гур гъуэгум къытринэри.

Жэмыбгъэр дэнэ кърихыжынт лIым – и щхьэр къыфIэхуауэ псыхъуэм къыдэкIыжащ. Гум къыбгъэдыхьэжри, витIми хэкIыжауэ къыщIэкIащ.

# Акъылыншэр гъунэжщ

Зы лIыжь, пщIантIэм здыдэсым, и пхъумрэ и нысэмрэ пщэфIапIэм пкIэлъей щIахьауэ илъэгъуащ. «ПкIэлъейм сыткIэ хуей хъуа?» – жери игъэщIэгъуащ лIыжьым, бжэр Iухати, пщэфIапIэм щIэплъащ. ПкIэлъейр дапхъэм ираупсеяуэ ирихьэлIащ.

– Сыт фызыхэтыр? – щIэупщIащ лIыжьыр.

– Шатэм дылъэIэсыркъым, – къыжраIащ: дапхъэм тет шатэр, мэжаджэ хагъауэурэ яшхырт зэнысэзэпщыпхъум, пкIэлъейм теувауэ.

– Аркъым, шатэр къефхьэхрэ Iэнэм тевгъэувэмэ, хъуркъэ? – жиIащ лIыжьым.

– Ари пэжщ! – гуфIащ лIыжьым и пхъумрэ и нысэмрэ. – Абы ди акъыл хунэсакъым!

«Си пхъумрэ си нысэмрэ нэхъ акъылыншэ щыIэрэ щымыIэрэ зэзгъэщIэнщ», – жери лIыжьыр ежьащ. Гъуэгу здытетым, щIалищ ирихьэлIащ: щIалищыр зозауэри гъуэгущхьэм тетщ.

– Щхьэ фызэзауэрэ, сыт фхузэрымыгъэгуэшыр? – еупщIащ лIыжьыр щIалищым.

– Дэ дызэшщ, – къыжраIащ щIалищым. – Ди адэр дунейм щехыжым зы пыIэжь, зы щIопщ, зы Iэнэ, зы дзасэ къытхуигъэнащи, тхузэрыгъэгуэшыркъым: зэхудогуэшри, е пыIэр, е щIопщыр, е Iэнэр, е дзасэр лей мэхъу.

– Лейр зэшищым я зым пхъэидзэкIэ лъыфгъэс хъунукъэ? – жиIащ лIыжьым.

– Абы ди акъыл хуэкIуакъым, – жари щIалищыр гуфIащ. – Уэ тхуэщI пхъэидзэ.

Пхъэидзэ яхуищIри, адэм и щIэиныр яхуигуэшащ лIыжьым.

«Мыхэри нэхъ щIагъуэкъым», – жери лIыжьыр ежьэжащ. Зы теуэгъуэ икIуауэ, лIы гуп ирихьэлIащ: лIы гупым вы япхауэ джабэм далъэфырт.

– Выр дэнэ флъэфрэ? – игъэщIэгъуащ лIыжьым.

– Джабэм дыдолъэф, – къыжраIащ. – Сэр Iуащхьэм телъщи, выр дэтлъэфынурэ фIэдгъэжынущ.

– Догуэ, – жиӀащ лӀыжьым, – выр джабэм дэфлъэф нэхърэ сэр Ӏуащхьэм къефхьэхыжмэ нэхъ Ӏуэху зэфӀэкӀкъэ?

– Тхьэ доӀуэ, узахуэкӀэ! – гуфӀащ лӀы гупыр. – Абы ди акъыл зэрыхуэмыкӀуа!

«Мыхэр нэхъ делэжи», – жери лӀыжьыр ежьэжащ. Ежьэжри къуажэ гуэрым дыхьауэ, уэрамым зы фыз щрихьэлӀащ. Фызым зы нысащӀи щӀыгъущ, и Ӏэ ижьыр кхъуэщыным къинауэ.

– Мыр дэнэ пшэрэ, ди шыпхъу? – еупщӀащ лӀыжьыр фызым.

– Мы тхьэӀухудыр си нысэщ, и Ӏэр кхъуэщыным къинащи, Ӏэзэм деж сошэ. Ӏэзэр сэбэп къыхуэмыхъумэ, и Ӏэр кхъуэщыным къинэнурэ дыунэхъужа мыгъуэщ, – жиӀащ фызым.

– Аркъым, ди шыпхъу, мывэ хъурей къапщтэрэ кхъуэщыныр пкъутэмэ, уи нысэ тхьэӀухудым и Ӏэр хуит хъужакъэ? – жиӀащ лӀыжьым.

– Ари пэжщ! – гуфӀащ фызыр. – Абы ди акъыл хунэсакъым.

ЛӀыжьым абдеж къыщигъэзэжри, и унэ ихьэжащ: «Акъылыншэр гъунэжщ», – жери.

# Фэращ хеящӀэр

Зэшищ хьэщӀапӀэ ежьауэ гъуэгум здытетым, шы лъэужь къаӀэщӀэлъэгъуащ.

– Мы шыр хэт ишми, и нэ сэмэгур исыжкъым, – жиӀащ зэшищым я нэхъыжьым.

– Шым щэлъахъи илъщ, – жиӀащ зэшищым я курытым.

– ЩӀакӀуи теубгъуащ шым, – жиӀащ я шынэхъыщӀэм.

Гъуэгум зылӀ къащрихьэлӀащ зэшищым.

– Шы къыфӀэщӀэмылъэгъуауэ пӀэрэ? – къеупщӀащ лӀыр. – Гъуэгум сыщепсыхри, сыщхьэукъуэху, шыр къэкӀуэсащ.

– Уи шым и нэ сэмэгур исыжкъым, аракъэ? – еупщӀащ зэшищым я нэхъыжьыр лӀым.

– Исыжкъым, – жиӀащ лӀым.

– Щэлъахъэ илъ? – щӀэупщӀащ курытыр.

– Илъщ.

– ЩӀакӀуи теубгъуа? – щӀэупщӀащ нэхъыщӀэр.

– Теубгъуащ щӀакӀуи, – жиӀащ лӀым. – Си шыр флъэгъуауэ къыщӀокӀ!

– Тлъэгъуакъым, – жаӀащ зэшищым.

– Флъэгъуащ. Фымылъэгъуамэ, си шым и нэ сэмэгур зэримысыжри, щэлъахъэ зэрилъри, щӀакӀуэ зэрытеубгъуари дэнэ щыфщӀэрэ? Шыр фӀэщӀэкӀакъым, къызэфтыж. Дэнэ щывгъэпщкӀуар? – жери лӀым зэшищыр къыхигъэзыхьащ.

– Тлъэгъуакъым, дгъэпщкӀуакъым, – щыжаӀэм, зэшищыр хеящӀэм деж ишащ лӀым.

– Си шыр мы зэшищым яфӀэкӀакъым. Шыр гъуэгум щысфӀэкӀуэдащ. Си шым и нэ сэмэгур зэримысыжри, щэлъахъэ зэрилъри, щӀакӀуэ зэрытеубгъуари ялъэгъуащ, – жриӀащ хеящӀэм.

– Флъэгъуа? – къеупщӀащ хеящӀэр зэшищым.

– Тлъэгъуакъым, – жаӀащ зэшищым.

– Шым и нэ сэмэгур зэримысыжыр дэнэ щыфщӀэрэ-тӀэ? – къыхигъэзыхьащ хеящӀэм.

– ИжьырабгъумкIэ тет гъуэгунапщIэ удзыр ихъуати, шым и нэ сэмэгур зэримысыжыр къэсщIащ, – жиIащ зэшищым я нэхъыжьым.

– Щэлъахъэ зэрилъыр дауэ къэфщIа?

– Щэлъахъэ имылъатэмэ, шым и фIалъэ лъакъуэмрэ и кIэбдз лъакъуэмрэ я лъэужьыр зэрыувэнутэкъым, – жиIащ курытым.

– ЩIакIуэ зэрытеубгъуар дэнэ щыфщIэрэ?

– ЩIакIуэр шым и пхэщIым къекIуэтэхри гъуэгу сабэр илъэщIурэ здилъэфати, абыкIэ къэсщIащ, – жиIащ нэхъыщIэм.

– Мы зэшищым лажьэ яIэкъым, – жиIащ хеящIэм. – Уи шыр ялъэгъуакъым. Шым зыхыумыгъэкIыжынумэ, хьэм ямыш щIыкIэ лъыгъуазэ, – жери хеящIэм лIыр къиутIыпщыжащ.

«Мы зэшищыр цIыху губзыгъэщ, ныжэбэ си унэ изгъэсынщ», – жери мурад ищIащ хеящIэм. Зэшищыр хьэщIэщым иришэри, щынэ яхуригъэукIащ, хуигъэпщэфIащ, езыри ядэшхэри, хьэщIэщым икIыжащ. Жэщыбг игъэхъури, бжэщхьэIум къытеуващ хеящIэр: «Мыхэр IуэрыIуэдзщ, Iущщ, сакIэщIэдэIухьынщ», – жери.

Гъуэлъыжауэ здыхэлъым, зэшищым я нэхъыжьым жиIащ:

– ХеящIэм дигъэтхъа и гугъэжщ: ныщхьэбэ дигъэшха щынэлым хьэбзымэ къыхех.

– Я пIастэми хьэдэмэ къыхех, – жиIащ курытым.

– Езы хеящIэр тхьэкIумэ жьажьэщ, – жиIащ нэхъыщIэм.

Зэшищым якIэщIэдэIухьри, зэхихар гъэщIэгъуэн къыщыхъуауэ, бжэщхьэIум къытекIыжащ хеящIэр. Нэху игъэщри, мэлыхъуэр къриджащ.

– Дыгъуэпшыхь уэзгъэукIа щынэм и лым хьэбзымэ сыт къыщIыхихыр? – еупщIащ хеящIэр мэлыхъуэм.

– ПщызбзыщIащ, армыхъу щынэр къэзылъхуа мэлыр псэхэлIэ хъуати, хьэбзым щIэзгъэфурэ спIащ щынэр, – жиIащ мэлыхъуэм.

ПщафIэри къриджащ хеящIэм:

– Дыгъуэпшыхьрей пIастэм хьэдэмэ щхьэ къыхихрэ?

– Хугур къызэмэщIэкIати, кхъэм сыдыхьэри, мэшыщхьэ къэсфыщIат, – зиумысыжащ пщафIэм.

ХеящIэр зэшищым ялъихьащ.

– Щынэлым хьэбзымэ къызэрыхихри пIастэм хьэдэмэ къызэрыхихри къэфщIащ, фызахуэщ, – яжриIащ зэшищым. – АтIэ сызэрытхьэкIумэ жьажьэри дэнэ къыщыфщIа?

– УмытхьэкIумэ жьажьэтэмэ, укъыткIэщIэдэIухьынтэкъым, – жиIащ зэшищым я нэхъыщIэм.

– Тхьэ соIуэ, си пыIэкур къивудакIэ! – жиIащ хеящIэм. – Фэрат жылэм хеящIэ яхуэхъун хуеяр.

# ЩIалэ бзаджэ

Зы щIалэ бзаджэ ежьащ: «Гъуэгум зыгуэр сыщрихьэлIэмэ, схъунщIэнщ», – жери. Мэз лъапэ нэсри, чыцэм хэтIысхьащ. Чыцэм здыхэсым, выгу къилъэгъуащ. Гублащхьэм зы лIыжь дэсщи, мэщхьэукъуэ. ЛIыжь цIыкIум витIыр фIихун мурад ищIащ щIалэ бзаджэм. Лъахъстэн вакъитI лъыгъти, гъуэгум трилъхьащ, лъэбакъуищэ хуэдэкIэ зэпэщIихри. Езыр чыцэм хэтIысхьэжащ. ЛIыжьым и щхьэр къыщиIэтым, гъуэгум телъ лъахъстэн вакъэр илъэгъуащ.

– Вакъэ лъэныкъуэр сыту сщIын? – жери лIыжь цIыкIур вакъэм блэкIащ, лъэбакъуищэ нэхъ имыкIуауэ вакъэ лъэныкъуэм ирихьэлIащ.

Выгур къигъэувыIэри, лIыжь цIыкIур гублащхьэм къыдэкIащ.

– НетIэреймрэ мыбырэ зэгуэгъущ, згъэззэжынщи, вакъэ лъэныкъуэр къэсщтэнщ, – жери вакъэ лъэныкъуэм тригъэзащ лIыжь цIыкIум, выгур гъуэгум къытринэри. ЩIалэ бзаджэр зэщэр арати, витIыр щIигъэхури мэзым хихуащ.

ЛIыжьым къигъэзэжащ. ВитIыр игъуэтыжакъым. Щимыгъуэтыжым, лъахъстэн вакъитIыр ихьри и унэ кIуэжащ:

– Вы къэсхунщи, гур сшэжынщ, – жери.

Ежьэжауэ, шу гуп кърихьэлIащ лIыжь цIыкIум.

– Фысакъ, – яжриIащ шу гупым. – Гъуэгум дыгъу щызоуэ: си витIыр сIэщIагъэкIащ.

ЛIыжь цIыкIум къыщыдыхьэшхри, шу гупыр блэкIащ, псы Iуфэм нэсри епсыхащ, жэщ къатехъуати. Мэл яукIри, лэгъупыIэмпIэ зэфIадзащ. Шыр хъуным хаутIыпщхьащ, зы плъыр бгъэдагъэувэри.

– Сакъ! – жари плъырым и тхьэкIумэр хуаIуэнтIащ. – Шыр егъэхумэ, лIыжь цIыкIум дыщIэбгъэхьэжащ.

ЛIыжь цIыкIум и витIыр зыхуа щIалэ бзаджэр мэзым къыхэтIысхьауэ шу гупым къеплъакIуэрти, щIакIуэ зытриубгъуэри, шыр хэзыгъэпщ плъырым къыбгъэдыхьащ.

– Лыр ващ, – жриIащ плъырым, – уэ уедзэкъэху, сэ шыр хэзгъэпщынщ.

Плъырыр гупым яхыхьэжащ. ЩIалэ бзаджэм шыр къызэщIикъуэри, мэзым хихуащ.

Гупым щахыхьэжым, плъырым къеупщIащ:

– Шым щхьэ укъыбгъэдэкIа? – жари.

– ЩIалэ нэвгъэкIуати, шым къыпэрызнэри сыкъыбгъэдэкIащ, – жиIащ модрейм.

– НэдгъэкIуакъым! Шыр егъэхуащ! – жари зэрехьэжьащ. Гупыр шым лъыхъуэху, шыр быдапIэ щигъэзагъэри, щIалэ бзаджэм къытригъэзащ, лыр вати, лэгъупым къыхихри, лэпсым зы щIакIуэжь хидзащ, лыр фэм кIуэцIишыхьри, мэзым хыхьэжащ.

Нэху щыху шым лъыхъуэри, гупым къагъэзэжащ: шыри ягъуэтыжакъым, лыми хэкIыжауэ къыщIэкIащ.

– Зив яхуа лIыжь цIыкIум дыщIэнэкIащ, – жаIащ гупым. – Нэхъеиж къызыщыщIар дэращ, – жари ежьэжащ, щхьэж и уанэ и плIэм ирилъхьэри.

ЛIыжь цIыкIум и витIымрэ шу гупым я шымрэ къихури, щIалэ бзаджэр нэхущым я пщIантIэ дыхьэжащ.

# ШыкъумцIийрэ лIы сырыхумрэ

Зы лIыжь, и лIэгъуэр къыщысым, къуищ иIэти, игъэтIысри уэсят къахуищIыжащ:

– МылъкуфI къыфхузогъанэ, къыфхуэзгъанэр фхузехьэнукъым, апхуэдэщхьэ ффIэткъым. Си мылъкур фшхыжынурэ, къулейсыз фызэтехъуэнущ. Ныбэм фрихужьэнщи, лIыщIакIуэ фежьэнщ. ЛIыщIакIуэ фежьэмэ, лIы сырыху деж фемыкIуалIэ: фыщIегъуэжынщ.

И къуищым апхуэдэ уэсят къахуигъанэри, лIыжьыр дунейм ехыжащ.

Я адэм и мылъкур щIэх дыдэ къаIэщIэухащ зэшищым: зэрашхын фIэкI,

зэрызэрахьэнрэ зэрызэрагъэзэхуэнрэ пылъахэтакъым. Зыри къащыхуэмынэжым, зэшищым я нэхъыжьыр лIыщIакIуэ ежьащ. ЗыгъэлIыщIэн лъыхъуэурэ, лIы сырыху ирихьэлIащ.

– Сэ узгъэлIыщIэнщ, – къыжриIащ лIы сырыхум. – Зы выгъашхэ сиIэщи, схуэбгъэхъунщ. Гъатхэр къихьэрэ кIыгуугур къаджэмэ, ар зэхудипIалъэщи, апщIондэху схуэбгъэхъумэ, жэм зэщIэс уэстынщ. Мыри зэдгъэухылIэ: усхуэлIыщIэху, укъэтэмакъкIэщIрэ угубжьмэ, уи щIыбым фэлъырищ дэсхынущ, сэ сыгубжьрэ – си щIыбми фэлъырищ дозгъэхынщ.

– Хъунщ, – жери щIалэр еувэлIащ, и адэм къахуигъэна уэсятыр игу къэкIыжакъым, ныбэм ирихужьати.

– Хъунумэ, выгъашхэр бом щIэтщ, дэхуи, гъэхъуакIуэ, – къыжриIащ лIы сырыхум.

Выгъашхэр дихуащ лIыщIэм. ХъупIэм щихьэм, выгъашхэр цIыври IэщIэкIащ. Пщыхьэщхьэ хъуауэ щIалэр къыдыхьэжащ.

– ПсэхэлIэ хъун выгъашхэр сIэщIэкIащ, – жиIащ щIалэм. – Нобэ лъандэм солъыхъуэри згъуэтыжыркъым. Хьэм иушх уи выгъашхэр!

– Ыхьы, угубжьа? – жиIащ лIы сырыхум, зэрызэгурыIуати, и щIыбым фэлъырищ дихри, щIалэр кърихужьэжащ.

Зэшищым я курытыр ежьащ итIанэ. ЛIы сырыхум ирихьэлIащ ари. Выгъашхэм щигъэгубжьым, абы и щIыбми фэлъырищ дихащ.

Зэшищым я нэхъыщIэр ШыкъумцIийти, абыи ежьэн мурад ищIащ.

– Уежьэмэ, лIы сырыхум зрумыгъэхьэлIэ, – къыжраIащ и шынэхъыжьитIым.

– Сэри сысырыхущ, дызэгурыIуэнщ, – жери ШыкъумцIий лIыщIакIуэ ежьащ. ЛIы сырыхум щрихьэлIэм, къыжриIащ:

– Си выгъашхэр гъатхэ пщIондэ схуэбгъэхъунщ. Гъатхэр къихьэу кIыгуугур къэджэху бгъэхъумэ, жэм зэщIэс уэстынщ. Выгъашхэм укъигъэтэмакъкIэщIрэ угубжьмэ, уи щIыбым фэлъырищ дэсхынущ, сэ сыгубжьрэ  – ар дыдэр къызэпщIэнщ.

Ар зэраухылIэри, ШыкъумцIий лIы сырыхум деж еувэлIащ. Выгъашхэм и хьэлым щыгъуазэ хъуагъэххэти, цIыхур зэгъэжа нэужь, бжэгъу къищтэри, ШыкъумцIий бом щIыхьащ, выгъашхэр ирипхри, нэху щыху бом щIиубэрэжьыхьащ. Нэху щыри, выгъашхэр хъупIэм ихуащ ШыкъумцIий. ЦIывын дэнэ къэна, и лъэр зэблихыфакъым выгъашхэм. Пщыхьэщхьэм кърихулIэжащ, бом щIигъэхьэжри, ирипхащ. Жэщым, бжэгъу цIынэр трикъутэху, бом щIиубэрэжьыхьащ аргуэру.

Выгъашхэр зэрыткIум гу лъитащ лIы сырыхум, арщхьэкIэ губжь хъунутэкъыми, зы псалъэ жиIакъым.

Жэщ къэс бом щIиубэрэжьыхьурэ, выгъашхэм кIэ иритащ ШыкъумцIий: псэхэлIэ хъуащ.

– Выгъашхэм упыкIащ, – жери лIы сырыхум деж кIуащ ШыкIумцIий.

– Уанэ мыгъуэр тезылъхьэн, сыбгъэунэхъуащ! – къыщIэгубжьащ лIы сырыхур.

– Ыхьы! Угубжьа? – лIы сырыхум екIуэтэлIащ ШыкъумцIий.

– Сыгубжьакъым, зэпыту укIуэ выгъашхэр, – жери лIы сырыхум щIилъэфыжащ.

– Иджы сыт сщIэнур? – еупщIащ ШыкъумцIий.

– ПщIантIэм дэт, уи пщэ къыдалъхьэIамэ, блэжьынщ: кIыгуугур къэджэху зэхудипIалъэщ, – къыжриIащ лIы сырыхум.

ПщIантIэм дэуващэ, и пщэ къыдалъхьэр елэжь ШыкъумцIий. Абы тетурэ, лIы сырыхум хьэщIэ къыхуэкIуащ.

– Мэл укI, – и пщэ къыдалъхьащ ШыкъумцIий.

– Дэтхэнэра сыукIынур?

– Чэтыбжэр Iухи, «маI!» жызыIэр укI, – къыжраIащ.

ШыкъумцIий чэтыбжэр щыIуихым, «маI!» жари мэлхэм я щхьэр къаIэтащ. Чэтым зы мэл къыщIинакъым ШыкъумцIий: псори фIигъэжри, зы игъэващ. ХьэщIэр ежьэжа нэужь, лIы сырыхур и лIыщIэм еджащ:

– Мэлыр дэхуи, гъэхъуакIуэ, – жери.

– Мэл уиIэжкъым, уи мэл хъушэр сыукIащ, – жиIащ ШыкъумцIий.

– Дауэ зэрыбукIар? – и нэр къиихуащ лIы сырыхум.

– «МаI» жызыIэр укI жыпIати, чэтыбжэр щыIусхым, псоми «маI» жаIати, сыукIащ. ХьэщIэм зы мэл ебгъэшхащ, адрейхэр чэтым щIэлъщ.

– Уанэ мыгъуэр тезылъхьэн, сыбгъэунэхъуащ! – губжьащ лIы сырыхур.

– Ыхьы, угубжьа? – лIы сырыхум жьэхэкIуэтащ ШыкъумцIий.

– Сыгубжьакъым, – жери лIы сырыхум щIилъэфыжащ. – Мэлым сыкъыхуэна уфIэщIрэ?..

– Иджы сыт сщIэнур? – жиIащ ШыкъумцIий.

– ПщIантIэм дэт, пщIэн бгъуэтынщ, – къыжриIащ лIы сырыхум. Ар къыжриIа щхьэкIэ, и лIыщIэр къызэрыIуигъэкIыжынт и щхьэм илъыр. АрщхьэкIэ Iэмалыншэт: кIыгуугур къэджэху я пIалъэт.

ЛIы сырыхум и фызыр игъэIущащ:

– Жыгыщхьэм итIысхьи, кIыгуугу макъ зыщI; зэдухылIа пIалъэр къэсащ жысIэнщи, ди лIыщIэр си натIэм изгъэкIынщ.

АбыкIэ зэгурыIуэри, фызыр жыгыщхьэм итIысхьащ.

– КIыгуугу! КIыгуугу! – кIыгуугу макъ зищIри къэджащ фызыр.

ШыкъумцIий пхъэ икъутэрти:

– Гъатхэр къимыхьэ щIыкIэ дэнэ укъикIа? – жери жыгыщхьэм ис фызым джыдэр ириутIыпщащ.

– Емынэунэ хъун, сыбгъэунэхъуащ! – жери лIы сырыхур унэм къыщIэжащ, и фызыр ШыкъумцIий жыгым къыщриудыхым.

– Ыхьы, угубжьа? – жиIащ ШыкъумцIий.

– Сыгубжьа дэнэ къэна, уи щхьэр зэгуэзудынщ! – жиIащ лIы сырыхум.

ШыкъумцIий зэщэр арат: лIы сырыхур щыгубжьым, зэрызэраухылIати, и щIыбым фэлъырищ дихри, къежьэжащ, жэм зэщIэси къыздихури.



ІЭЩЫЖ Борис

**Рассказхэр**

# Лъагъуныгъэм и шхэпс

Ибрэхьим нэхъ зыщышынэ дыдэр къэхъуащ: гъунэгъу бий нэхъ илъагъу мыхъу щыІэтэкъыми, нобэ и гъунэгъур унажэ къежэкІри къыщыхьащ:

– Уи унэ щІыбым дэт дэшхуейр Іупхыну дапщэрэ бжесІа?! Бжьыхьэ хъуамэ, абы тхьэмпэу пытыр си пщІантІэм ныдепхъэ жьыбгъэм, ар си щхьэгъусэм епхъэнкІыж! Ар хэт къыпхуэзыдэнур?! АфІэкІа зы сыхьэтыпэ сыножьэжынукъым, иджыпсту дэкІуеи слъагъуурэ къеупщІэтэх! – уафэм сабэ дрепхъей.

– Тхьэм щхьэкІэ, щІалэр къэсыжыху тІэкІу умыпІэщІэж, еджакІуэ щыІэщи, щэбэтым къызэрысыжу пІалъэ къыхэзгъэкІынкъым, абы щхьэкІи дызэщумыгъэхьэ, уэри улІыжьщ, сэри сыщІалэжкъым. А къыспэбубыдыр ди къарум къимыхьын Іуэхущ, – жиІа щхьэкІэ, Ибрэхьим къедэІуакъым и гъунэгъур.

– Сыт мыгъуэ мыбы ди къарум къимыхьын Іуэхущ жыхуиІэр! Уэзгъэлъагъунщ ар сэ иджыпсту си къарум къихьрэ къимыхьрэ, сынэсыжу си джыдэ жаныр къэсщтэху фІэкІаи пІалъэ естынкъым, – жиІэурэ щІэпхъуэжащ и гъунэгъур.

Иджы Ибрэхьим йокІукІ-къокІукІри унэм щІэтщ, джыдэ макъ зэхихыхукІэ зызэхуишэу, езыра хуэдэ зытехуэр. КъыщІэкІынуи тегушхуэркъым, псалъэмакъыр нэхъ куу хъунущ, ар зи губжьыкІэм джыдэр къриутІыпщынкІэ тІэу еплъынкъым. А псор зэригъэзахуэу здэщытым, гъунэгъу лІыжьым и щхьэгъусэр къежэкІащ, и щхьэцыр кърифыщІыкІыжу:

– Е ИбрэхьимылІэм ихьын! Уигу гъэзагъэ иджы, си лІыжьыр уи жыгым къехуэхри иукІащ!

Ибрэхьим къыщІэжмэ – и гъунэгъур зэрагъэзэхуэжауэ щылът...

Абы и ужькІэ Ибрэхьим а къуажэм куэдрэ дэсыжакъым, и щІалэмрэ и щхьэгъусэ сымаджэмрэ щІыгъуу нэгъуэщІ къуажэ Іэпхъуащ. А къэхъуар къэхъуауэ дауи дэсыжынт, нахуэми щэхуми цІыхум жаІэнур ищІэрт, езыри лъэпкъышхуэ дыдэтэкъым... Зэрыса куейми къыщыувыІакъым Ибрэхьим, нэхъ жыжьэу нэхъыфІщ жиІэри, кІуэри Шэрэдж Іуфэ Іут къуажэ гуэрым и кІэ дыдэм зы унэ цІыкІу щищІри, псы Іуфэм ІутІысхьащ, игъащІэ лъандэрэ бжэныхъуэу щытати, и ІэщІагъэри къигъуэтыжащ. Ауэ зыхэтІысхьа жылэм ар куэдрэ щыбжэныхъуакъым, къыщыІэпхъуа гъэм и щхьэгъусэр дунейм ехыжри, езыри кІэлъыкІуащ...

И щІалэ Джэрий и закъуэ дыдэу къыщынэм, игу къыщІэзымыубыдащэ еджэныр хыфІидзэжри, и адэм къыщІэна лэжьыгъэм пэрыуващ. Арыншами, зэрыщІыкІурэ абы фІыуэ илъагъуырт губгъуэмрэ и адэшхуэм фэеплъу къыхуигъэна бжьамиймрэ. Джэрий и къамыл бжьамийм еуэу иригъажьэмэ, и зэшри и гукъеуэри щхьэщех, аращ тезыгъэури махуэ псом. Абы кърикъэкІ макъамэхэмрэ уэрэдхэмрэ къыщІодэІу жыпІэнщ губгъуэм

къуалэбзуурэ итыр, еуэу зэрыхуежьэу, дэнэ лъэныкъуэкIи къилъэтыкIыурэ, гъунэгъу зыкъыхуащI къыфIощI.

И бжьамийм кърigъэкI къафэм къыдэфэжу Шэрэдж бжьэпэ бжэн щызыгъэхъу щIалэм сыткIэ ищIэнт псы Iуфэм Iут унэ зэтетышхуэм и щхьэгъубжэр къызэIуидзурэ къуажэ псом уей-уей щыжезыгъэIэ хьэрычэтыщIэм и пхъур къыкIэлъыплъу. Я унэ зыри щыдэмысхэм деж Масирэт къыдожри псыIуфэ къуацэм хэту бжэныхъуэм къопщылIэри игу пэщыху и къафэхэм щIодэIу икIи зыми зыкъримыгъэлъагъуу мэкIуэж. Апхуэдэу имыщIуи махуэ щIагъуэ къанэркъым. Япэхэм щыгъуэ абы и псэр зыхьэхуу щытар бжэныхъуэм и бжьамийм кърigъэкI макъамэхэрат, иджы, нэхъ гъунэгъуу бгъэдыхьэ зэрыхъурэ, езы щIалэми дихьэх хъуащ...

Зы махуэ гуэрым Масирэт мурад ещI бжэныхъуэм нэхъ гъунэгъуж зыхуищIу и бжьамийм кърigъэкI макъамэхэм хуиту едэIуэну. Къуацэчыцэхэм хэтурэ, абы Джэрий зытес бгы бжьэпэм Iэгъуэ зыхуещI, бгым дэкIыну щыхуежьэм, мывэшхуэ зытеувар къыхохури, мывэкIэщхъхэр къещэщэхыу хуожьэ. Щыгум тес бжэныхъуэм зэхихынтэкъэ макъыр? Бжьамийр зригъэтIылъэкIрэ къеплъыхмэ, псы Iуфэм зы хъыджэбз тхьэIухуд Iулъщ, и щхьэц фIыцIэр псым хищIэу, езым мывэ зыбжанэ телъу. Къежэхрэ еплъмэ, хьэрычэтыщIэм ипхъурат. Зэтэкъым ар Джэрий унэ зэтетышхуэм дыхьэжу зэрилъэгъуар. Хъыджэбзым мывэу телъыр щтэIэщтаблэу къытридзыжрэ гужьеяуэ и бгъэм едаIуэмэ, и гур къеуэрт.

«Псэущ! Псэущ! Сыту фIыт!» – жиIэри къэгуфIащ щIалэр икIи псым IэгукIэ къыхихыурэ и напэр хуитхьэщIащ, теудахэм хуэсакъыурэ. ИтIанэ и псылъэм ит псым щыщ иригъэIубурэ, Масирэт тIэкIу зыкъещIэж, и нэхэр къызэтрех, ауэ здэщыIэр къыхуэгубзыгъыжыркъым, бжьамияпщэ бжэныхъуэри къыщхьэщытщи, пщIыхьэпIэми нахуапIэми къыхуэщIэркъым. Къэтэджыну къоIэ, арщхьэкIэ, и лъакъуэ лъэныкъуэр къыхущIэмыувэу, узым егъэдзыхэри мэджэлэж, и нэхэри зэтрепIэж. Джэрий ар къещтэри хуэсакъыпэурэ удзыпцIэм хегъэгъуалъхьэ, абы еплъу здэщысым, мы дуней зытетыр пщIыхьэпIэу илъагъуу къыщохъу. ИтIанэ и хъуржыным илъ бжьамийр кърехри макъамэ дахэ кърегъэкI, езыри абы къыдофэ. Абдежым, зэрыхъуар имыщIэу, мыIэрысэ хъуам хуэдэу зи нэкIущхьитIым плъыжьыгъэ къыщIэлъэдэжа хъыджэбзым ба хуещI, Масирэт и нэхэр къызэтрех.

– Сэ дэнэ сыздыщыIэр? Уэ ухэт?

– Шэрэдж Iуфэ уIулъщ, удзыпцIэ щхъуантIэм ухэлъу.

– АтIэ уэ ухэт?

– Сэ сы-Джэрийщ, сыбжэныхъуэщ.

– А-а. Сэ мыбы сыкъэзышар уи бжьамийм и макъ дахэращ.

– Си бжьамийми?

– Уи бжьамийми... уэри...

– Апхуэдэу щытмэ, сэ уэ фIыуэ сыкъэплъагъуу къыщIэкIынущ.

– Узолъагъу!

– Сэри уэ... – аргуэру ба хуещI и напэм. – Хэт уэ къызэроджэр, къызжеIэт?

– Масирэт!

– Масирэт! Фи унэр псы Iуфэм Iут унэ зэтетышхуэракъэ?

– Аращ.

– Иджы дауэ зэрыхъунур, сэ си зэранкIэ уэ мыбы укъакIуэу уи лъакъуэр бгъэузыжауэ фи деж къэщIэмэ?

– Абы щхьэкIэ умыгузавэ, псым сызэпрыхыжи сыхьыж. Си закъуэ

сыкIуэжыфынукъым. Плъагъуркъэ, си лъакъуэ лъэныкъуэр къыздэбзыжыркъым.

Джэрий, ар псым зэприхыжын дэнэ къэна, щIым и гъунэм нэси ихьыфынут иджыпсту, Масирэт жиIэ закъуэмэ. ИтIани и псэм гузэвэгъуиблыр телъу псым зэпрех, хъыджэбзыр здихьыжым нэсмэ, къыжраIэнум ирогузавэ...

Унэ зэтетышхуэм нэсри, куэбжэм тегъэпщIа мет плъыжьыр трипIытIащ, дакъикъи емыжьэу зы цIыхубз лъагъугъуафIэ гуэрым бжэр къызэIуихащ.

– Масирэт и анэр уэра?

– Сэращ! Сыт мы си хъыджэбзым къыщыщIар? Мыр уэ къэпхьыжынкIи щхьэ хъуа, бжэныхъуэжь цIыкIу?

Мор бжэныхъуэжь цIыкIуцIэ къызэрещар и жагъуэ хъуа пэтми, щIалэм абы фэкIэ зыкъригъэщIакъым.

– Мыр псыхъуэм щыджэгуа хъунщ, сэ слъэгъуакъым. Мывэ къыгуэуам и макъыр зэхэсхыу сыщыдэлъэдам, псы Iуфэм Iулът, мывэхэр къытещэщэжауэ. И лъакъуэ лъэныкъуэр игъэузыжащ, езыр къэкIуэжыфынутэкъыми, къэсхьыжащ.

– Уи нэхэр къызэтехыт, си хъыджэбз цIыкIу. Дэнэ деж нэхъ игъэузар?

ФIыуэ илъэгъуам и IэплIэм унэм къэсыжыху зыщызыгъэфIа Масирэти и нэхэр хуэмурэ къызэтрех.

– Си лъакъуэри, ситхри мэуз, мамэ, – жеIэри, и нэхэр зэтрепIэж.

ТIури хуэсакъыурэ, Масирэт ирагъэгъуалъхьэ гуэщым щIэт диваным.

– Уэ иджы хуит ухъужащ, бжэныхъуэжь цIыкIу, сэ иджыпсту дохутыр къездджэнщ, – жиIэурэ и хъэлатым жып телефоныр кърех Масирэт и анэм.

Абы лъандэрэ мазэ дэкIащ. ЦIыхухэм бжэнхэр къызэрыдахуу, псы Iуфэм Iутурэ ахэр пщэдджыжь къэс Джэрий къуажапщэмкIэ дрехуей, унэ зэтетымкIэ дапщэрэ мыплъэми, и хъыджэбзыр илъагъуркъыми, и гур Iэджэми мажэ, ауэ фIы лъэпкъкIэ гугъэркъым.

Масирэт сымаджэщым щIэлъыху, и анэр еупщIакъым ар бжэныхъуэжь цIыкIум къихьыжынкIэ щIэхъуам, ауэ къызэрыщIэкIыжу пкърыупщIыхьащ. Езыми абы пцIы къыхуиупсакъым:

– Мамэ, сэ абы деж сызышар бжэныхъуэм и бжьамийм къригъэкI макъамэ дахэрщ. Абы сыщIэдэIум-сыщIэдэIуурэ, сыдихьэхри, макъамэ игъэIум хуэдэу, езыри си гумрэ си псэмрэ къыдыхьащ, аращ фIыуэ слъагъури, армыхъу папэрэ уэрэ сызэвгъэшэну жыхуэфIэ щIалэракъым, зигъэщIэгъуэну махуэ къэс ди деж «Мерседес»-кIэ къыIулъадэурэ сызэгуигъэпу... Ар си адэм и ныбжьэгъу хьэрычэтыщIэм и къуэми, абы щхьэкIэ нэхъ лейуэ сеплъынукъым, си гум къыщимыщтэкIэ...

– Мис иджы къызгурыIуащ дэ бжетIэхэр уи тхьэкIумэм щIимыхьар. Щхьэ къыбгурымыIуэрэ уэ фIы ухуэзэмэ зэрытфIэфIыр, узыхуей бгъуэту упсэумэ нэхъ къызэрытщтэр? ЦIыхум сыт къытхужаIэн, уи адэм хуэдэ хьэрычэтыщIэ мы къуажэ кIыхьым дэмысу, уэ бжэныхъуэм удэкIуэмэ? Ди напэр текIакъэ? Ди напэ техын уи пщэ къина? Уэ гугъу узэрехьынур-щэ? Абы и унэ лъэбышэм сыт напэр уиIэу укъыщIэкIыу цIыхум уахыхьэну, мыпхуэдэ унэ зэтетым укъыщыхъуауэ, ущагъэсауэ? Абы щхьэ уемыгупсысрэ?

– Сегупсысащ, мамэ! ИкIи сыхущIегъуэжыркъым. Мамэ, фIыуэ слъа-

гъум сыт хуэдэ гугъуехь дэсшэчми, сэ къызэхьэлъэкIынукъым, ар шэчыгъуафIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, фIыуэ слъагъум сригъусэнущ.

Зэанэзэпхъум я псалъэмакъым адэри кърихьэлIэжати, Масирэт яхутечакъым жиIам.

ЕтIуанэ махуэм тридзэри, ар бжэныхъуэм деж кIуащ, и адэ-анэр лэжьакIуэ зэрыдэкIыу. Джэрий, бжэнхэмрэ мэлхэмрэ егъэзыпIэм иригъэзауэ езыр жыг жьауэм щIэст, тIэкIуи щхьэукъуэу. Масирэт кIуэри абы бгъэдэтIысхьащ къимыщIэу. Иджы хуэдэу абы зэи къыхуихуатэкъым апхуэдизрэ зи макъамэ дахэм щIэдэIуам и нэгум хуиту иплъэну. Зыщимыгъэнщ Iу йоплъ, къигъэушынуи игу къэкIыххэркъым. Йоплъри-йоплъ, йоплъри-йоплъ, мо щIалэ къамылыфэ пащIапцIэм хидзыну зыри дилъагъуркъым, и нэгум дыгъэр къыщопс, ара хъунщ узэгуакIуэр дахэщ щIыжаIэжри. УкIытэр къытокIуэ, ахъумэ Масирэт абы и нэкIущхьитIыр бакIэ щIигъэнэнут иджыпсту, итIани къыщыушынум поплъэри щысщ, еплъынкIэ зыщигъэнщIыркъым. Джэрии а зэрыхилъэфа тIэкIум Масирэт епщIыхьу къыщIэкIащ. «Масирэт, Масирэт», – жиIэурэ, пщIыхьым хэту щыджэм, мыдрейми, «Сыт, си псэ?» – жиIэри и щхьэц Iув къехуэхар и Iэпэ щабэхэмкIэ худрилъэщIеящ. Джэрий пщIыхьэпIэм занщIэу къыхэкIыжащ.

– Масирэт! Мыр дауэ! Иджыпсту си пщIыхьэпIэм ухэту сынođжа къудейуэ арат, уэ укъэсащ, ар дауэ къызэрыбгурыIуэнур?

– Сыкъэсащ, укъызэджати. Мазэ мэхъу уэрэ сэрэ дызэрызэрымылъагъурэ. – Абы Джэрий зредзри ба хуещI.

– Сэ ар илъэсу къысщохъу, Масирэт. Губгъуэм ситу сэ бжэн згъэхъуми, си гур фи куэбжэпэм Iутщ жэщи махуи, укъэкIуэжу укъыщыдэкIынум поплъэри.

– Сэри сымаджэщым сыщIэлъыху сигури си псэри уи дежкIэщ здэщыIар, Джэрий. СыкъыщIэкIыжати, зафIэзгъэпщкIури сыкъэкIуащ уи деж. Джэрий, си адэми си анэми яжесIащ фIыуэ узэрыслъагъур, ауэ ахэр арэзыкъым уэ сыбдэкIуэну. ХьэрычэтыщIэ гуэрым и къуэм сратыну я гугъэщ. Сэ абыхэм ягурызгъэIуащ фIыуэ сымылъагъум сазэрыхудэмыкIуэнур. Дегъэгупсыс, дауэ тщIымэ нэхъыфI?

– Масирэт! Сэри сощIэ абыхэм арэзыуэ укъызэрызамытынур, ауэ уэ усфIэкIуэдмэ, сэ насыпыншэ сыхъунущ, абы си кIуэдыр къикIынущ. Уэрэ сэрэ фIыуэ дызэрызэрылъагъурщ псом нэхърэ нэхъыщхьэр. Пщыхьэщхьэ фи тетIысхьэпIэм къытетIысхьи, си ныбжьэгъум и маршынэ псынщIэмкIэ дыныIулъэдэнщи, укъэтхынщ, абыхэ я дежи ущызгъэпщкIунщ. Уэ уи лъыхъуакIуэ абыхэм къажыхьыху, дэ нэчыхь едгъэтхынщи...

Махуищ докIри, хьэрычэтыщIэм ипхъу ямыгъуэтыжыр бжэныхъуэм и пщIантIэм дэту ялъагъу. Арыххэуи къадыгъуж, бжэныхъуэр губгъуэм ит зэпытти, дапщэрэ «ядыгъуэжами» Масирэти къэкIуэсэжырт. Сабий игъуэтри, ар къызэрыдэкIуэтейуэ, ари «ядыгъуу» ирагъэжьащ. Ауэ, сыт ямыщIэми, сыт къыхуамыщэхуми, сабийр къахудэхьэхыртэкъым.

И адэм и бжьамий макъыр Шэрэдж Iуфэ къызэрыщыджэу, къыдэжырти я унэ къэкIуэжырт. Губгъуэм итт, и адэм игъэIу макъамэ дахэм къыдэфэу, сыт нэхъри ар нэхъ къищтэрт. ЩIалэ цIыкIур дунейм къызэрытехьэрэ Джэрийрэ Масирэтрэ гурэ псэкIэ нэхъ зэгъунэгъуж хъуат, ар «ядыгъуамэ» тIури нэху щыху мыжейми, унажи жэхэртэкъым «зыдыгъуахэм» я деж – ящIэрт Iэмал зэригъуэту къазэрыIэщIэкIынур.

Зы махуэ гуэрым, пщIантIэм къыдамыгъэкIыну куэбжэр ягъэбыдэу унэм щIэтIысхьэжа адэшхуэ-анэшхуэм ямыщIэу, пщIантIэм джэгуу дэт

хуэдэу закъригъэлъагъури, щIалэ цIыкIур куэбжэ лъагэшхуэм къыдэпщеящ, шэнтитI зэтригъэувэри. Къыщыщхьэдэхым, куэбжащхьэм фIэт шабзэпэ папцIэхэм ящыщ зым и джанэкIэр фIэнэри, къыпылэлу къэнащ. ЩIалэ цIыкIур икIи гъакъым, икIи джакъым, сызэхахынущ нанэрэ дадэрэ жиIэри. ЩIалитI кърихьэлIэу къыщыфIахыжым, яхудыхьэжын идакъым, «Сэ папэ деж сыкIуэжынущ», – жиIэри, заIэпиудри псыхъуэм яфIыдэлъэдэжащ. Къалъыхъуэу щыщIадзэм, нэрыплъэ зыIыгъ адэшхуэм къилъэгъуащ псыхъуэм дэлъэдэжа щIалэ цIыкIур и адэм и ужьым иту къуажэм зэрыдыхьэжыр, бжэныпэм итрэ бжьамийм игъэIу макъ дахэм къыдэфэу. Масирэт и адэм фоч зэгуэтыр къищтат, ауэ къызэрищта дыдэм хуэдэу псынщIэуи игъэтIылъыжащ, папщэрэ щатэу. Сыт хуэдизу губжьым имыубыдами, хулъэкIакъым макъамэ къэIур зэпиудын, апхуэдизкIэ гумрэ псэмрэ дыхьэрти... Абы и ужькIэ Масирэт и щIалэ цIыкIур зэи ядыгъужакъым.

Джэрий и гум уэху щыжиIэжым, Шэрэдж къиури я унэр ихьащ. Адыгэ къуажэ дэсхэти, адыгэ хабзи къыкIэлъызэрахьащ. Унэ гуэр ящIыху щIэсыну я гъунэгъухэм ящыщ зым зы пэш хуит къахуищIащ. Къэралри къадэмыIэпыкъуу къэнакъым. АхъшэфI хуагъэзат я унэ псым ихьами, унэ зэтетышхуэ къагъэуващ. Абы ирихьэлIэу Масирэт и адэмрэ и анэмрэ я унэ зэтетыр ямыщэжынкIэ Iэмал имыIэу Iуэху къалъыкъуэкIащ, щIы-хуэшхуэ къатехуэри. Унэ къащэхужыну щахулъэмыкIыжым, я малъхъэм и гъунэгъуу унэ лъэбышэжь цIыкIу гуэрым фэтэру щIэтIысхьахэщ.

«Дызэвмыгъэбий, лей фэтхамэ, къытхуэвгъэгъу», – жаIэу, Джэрий и щыкъу анэмрэ адэмрэ къыщыхуэкIуэм, уэим ищIакъым, псалъэ жагъуи яжриIакъым, кърашIауэ хъуари игу тригъэхуащ, и щхьэгъусэмрэ и сабиймрэ я хьэтыркIэ. Ара хъунщ, мылъкур уэсэпсщ, сабийр лъагъуныгъэм и шхэпсщ, щIыжаIэр.

# Жэнэтбзу

Илъэсым щIигъукIэ сымаджэщым щIэлъауэ Лейла цIыкIу къыщIашыжащи, и шыпхъу нэхъыжь Мадинэ мы дуней гуфIэгъуэр иIэщ. ЦIыкIуми инми яхуэмыувыIэжу, и IитIыр бгъэ дамэу шэщIауэ, и шыпхъур къелъэтыхь, ари щIэвууэжу. Ар абы сыт хуэдэу хуэзэшрэт мор сымаджэщым щыщIэлъым, и анэми зэзэмызэххэ фIэкIа здишэртэкъым. Дауи здишэнт, здишамэ, къыхущIэкIыжыртэкъым. И шыпхъу цIыкIум зришэкIырти, зичэтхъэжу гъырт, дохутырхэри, щIэлъхэри зэхуигъэжэсу. Иджы и гур псэхужащ, и шыпхъум доджэгури щысщ. Абы сабий хьэпшыпу къыхуащэхуам хуэдиз Мадинэ зэи илъэгъуауэ ищIэжыркъым. Зэ зыр хуеший, зэ адрейр, езы цIыкIуми къыхихынур къыхуэщIэркъым, и щхьэр хэунэзыхьаци. И анэри ахэр зыщIэс пэшымкIэ щIэх-щIэхыурэ къоплъэ.

– Мадинэ! Лейла куэдрэ бгъэджэгуи зэгуэбгъэпи хъунукъым, абы дохутырым къыжриIащ нэхъыбэрэ пIэм хэлъын хуейуэ. Ар дапщэрэ ныбжесIэну?!

– Мамэ, кхъыIэ, тIэкIунитIэрэ дыгъэджэгуж. ИтIанэ тIури зэгъусэу дыгъуэлъыжынщ. Сэ абы и лъэпагъымкIэ сыкъэгъуэлъынщ. Зэгуэзгъэпынкъым. ХъунIэ, мамэ?

И анэми, «хъунщ» жиIэурэ щIокIыжри, и Iуэху пэроувэж.

Дохутырхэм къыжраIат абы къыхуащIэфыну псори къыхуащIэри

къратыжауэ, арщхьэкIэ Лейла зы махуэм нэхърэ къыкIэлъыкIуэм нэхъ Iей хъурт, зэрыцIыкIум нэхърэ нэхъ цIыкIуж хъуат. Иджы абы и фэр бжьыхьэ жэп гуащIэм зи псыр щIихуа пщIащэу гъуэжьт. ТхыцIэкIэ телъурэ ешмэ, зыгуэр дэIэпыкъуурэ щхьэгъубжащхьэм трагъэтIысхьэрти, блэкIхэм еплъу тест. Куэдри яхутесыртэкъым апхуэдэу, къаруушэ хъуа цIыкIур щIэх дыдэу къэлъаIуэрт пIэм яхьыжыну. Куэдри екIуэкIакъым апхуэдэу. Зы пщыхьэщхьэ гуэрым къызэIыхьэщ аби, хьэблэр зэхуигъэжэсащ. Дохутыри къраджащ, архьэкIэ къахуегъэлакъым.

А жэщым Мадинэ жейм езэгъакъым. Гъунэгъухэми, и анэ-адэми яхуэмыгъэувыIэжу гъырт, и шыпхъу цIыкIур зэримыIэжыр апхуэдизкIэ игу щIыхьати. Щыдахым щыгъуи гъыурэ и гур къекIуэри, дохутыр къраджэн хуей хъуащ. Иджы Мадинэ Iэджэрэ къыхуохуэ жэщхэм къызэфIэтIысхьэжурэ щыгъ. И анэри, ар зэригъэудэIужыным хэту, жэщхэм къэтэджыжурэ йодэхащIэ:

– Си хъыджэбз нэху цIыкIу, сыт ущIэгъыр? Уи шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIур пщIыхьэпIэу плъагъуу, укъэушу умыгъуэтыжауэ ара? Ар жэнэтым щыIэщ, Алыхьым жиIэмэ, жэнэтбзу цIыкIу хъунурэ къытхуэлъэтэжынущ. Плъагъунщ ар уи щхьэгъубжащхьэм къытемытIысхьэжмэ, сыгъашхэ жиIэу. Уэри ар бгъэшхэнщ. ИтIанэ дэнэ укIуэми накIуэу ежьэжынущ...

Мадинэ и анэм къыжриIахэр и фIэщ мыхъуу къэнакъым. Ауэ щIэхщIэхыурэ елъэIурт «Лейла къыщылъэтэжыну махуэр къызжеIэ», – жиIэурэ. Анэми ар зыщхьэщигъэкIырт, пIалъэ гуэрхэр къыхуигъэлъагъуэурэ.

Мадинэ и анэм жэнэтбзум и гугъу къызэрыхуищIрэ зы пщэдджыжь къыигъанэртэкъым дэкIын япэ щIакхъуэ щыкъуей тIэкIу щхьэгъубжащхьэм тримылъхьэу, си шыпхъу цIыкIур жэнэтбзу хъуауэ къэлъэтэжрэ и шхын имыгъуэтмэ, зигъэгусэу лъэтэжрэ къимыгъэзэжыххэмэ, жиIэрти. Школым къикIыжрэ щхьэгъубжащхьэм еплъмэ трилъхьам щыщу зыри телъыжтэкъым. Щхьэгъубжэм деж къыщыт жыгми зы бзу тестэкъым. Абдеж нэщхъей къэхъурти, ар унэм хуэм дыдэурэ щIыхьэжырт, зыгуэрым и жагъуэ къиищIа нэхъей.

Зы пщэдджыжь гуэрым, и зыгъэпсэхугъуэ махуэу ирегъэхьэлIэ Мадини, щхьэгъубжащхьэм щIакхъуэ щыкъуей трелъхьэри мэтIысыж, махуэ къэс трилъхьэр зышхыр къиищIэну. Куэдрэ пэплъакъым – зы жэнэтбзу цIыкIу къэтIысщ аби, щIакхъуэ щыкъуейхэр трищыпыкIыу хуежьащ. КъэгуфIэщауэ хъыджэбз цIыкIур пэшым щIожри и анэм йоджэ. КъыщыщIишэм хуэм дыдэурэ щIыхьэнуи йолъэIу, имыгъэщтэн щхьэкIэ. Уэ жыпIахэр пэж хъуащ жыхуиIэу, и анэм и IэплIэм зрешытIэ, бзу цIыкIум дежкIэ плъэурэ.

Арати, жэнэтбзу цIыкIур къеуэсащ Мадинэ, ириту хъуари ещып. И пэгун плъыжь цIыкIур къиищтэу псыхьэ щыкIуэм дежи абы жэнэтбзу цIыкIур щхьэщытщ, къыщыкIуэжми апхуэдэщ.

Адрей къыкIэлъыкIуэ зыгъэпсэхугъуэ махуэм мэракIуэхьэ макIуэ Мадинэ, зыми зыри яжримыIэу. ЗдэкIуэнур жыжьэтэкъым, псы цIыкIум узэрызэпрыкIыу я къуажэбгъум деж щылъ губгъуэшхуэрт. Абы щыкIуэми пщэдджыжьым игъэшха жэнэтбзу цIыкIур Мадинэ и ужь имыувэу къэнакъым. Удз нэхъ лъагэхэм къытетIысхьэурэ бзуубзэкIэ зыгуэрхэр къыжреIэ, абы щыгуфIыкIыурэ, езыми мэракIуэ къещып. ИтIанэ, бзум зэуэ зеIэтри ипэмкIэ къотIыс, и кIэ цIыкIур къыхуегъэджэгу. Мадинэ абыкIэ кIуэмэ, мэракIуэ нэхъыбэу къегъуэт, къигъуэтхэри нэхъ пIащэщ. ЩIэх дыдэуи Мадинэ и пэгуным из хъуащ. КъэкIуэжыну къожьэжри, жэнэтбзу

цIыкIур къэкIуэжыркъым, и бзэрэбзэныр нэхъ ин ищIауэ, мэз лъэныкъуэмкIэ мэлъатэ, къотIысыж, мэлъатэ, къотIысыж. Мадини хуейтэкъым и «шыпхъу цIыкIур» къигъанэу кIуэжыну. Щытщ, ищIэнур имыщIэу увыжауэ бзум еплъу. Бзуми и кIэр къыхуегъэджэгу, къобзэрабзэ, аргуэруи мэз лъэныкъуэмкIэ лъатэ хуэдэу зещI, къотIысыж. Мадинэ и щхьэм гупсысэ Iэджи щызэблож. ИтIанэ игу къокI: «Мыр къыздилъэтыкIыжа жэнэтыр сигъэлъагъуну сриджэу къыщIэкIынщ, щхьэ сымыкIуэрэ?» – жи. Ар здэлъатэ лъэныкъуэмкIэ еунэтI.

МакIуэри-макIуэ, макIуэри-макIуэ. Жэнэтбзу цIыкIум и ужьым иту кIуэурэ щешым, япэ зыхуэза жыгым и щIагъым щIэтIысхьащ, арыххэуи Iурихащ.

МыдэкIэ и анэ-адэм къажыхь, я пхъум лъыхъуэу. Хьэблэр щIащыкIыу щамыгъуэтым, шууищ ирагъэжьащ губгъуэмрэ мэзымрэ щIащыкIыну.

Пшапэ зэхэуэгъуэ хъуауэ, мэзым пхъэгъэсын къизыш я гъунэгъу лIыжьым къелъагъу гъуэгубгъум пэмыжыжьэу щыт жыгым хъыджэбз цIыкIу жейуэ щIэлъу. Бгъэдыхьэрэ еплъмэ – Мадинэщ.

– Мыбы нэс щхьэ укъэкIуа, си хъыджэбз цIыкIу? – жеIэри зэрыжейбащхъуэу къещтэри пхъэ гъурым и щIыIум тридза шыудз цIынэм хегъэгъуалъхьэ, и мэракIуэ пэгунри пхъэ кIапэм фIедзэ. Къызыдыхьэж хьэблэр щызэрызехьэкIэ, лIыжьым къищIэнтэкъэ ахэр зылъыхъуэр? ЦIыхухъуи цIыхубзи къыбгъэдыхьэурэ къоупщI:

– Мадинэ цIыкIу щыплъэгъуагъэххи а укъыздикIыжамкIэ?

– Слъэгъуакъым, – жи лIыжьым.

Мадинэ и адэр къыбгъэдохьэ, ауэ абыи жриIэркъым зыри. АрщхьэкIэ ар фIэгуэныхь мэхъури, и тхьэкIумэм йохъуцацэ:

– Сыпхуэхэшэнщ!

– Иджыпсту, сэри зэхэсхыу, къыббгъэдыхьауэ хъуам слъэгъуакъым яжепIащ. Иджы сыпхуэхэшэнщ жыбоIэ, ар дауэ къызэрыбгурыIуэнур?

– Мис а зэрыжысIа дыдэм хуэдэу. Сыпхуэхэшэнщ, бжесIащи, сыпхуэхэшэнщ. КIуэи зы гъэлъэхъу къашэ.

– Гъэлъэхъур Iуэхукъым, си пхъур къэпшэжынумэ.

– Къэсшэжауэ бжы. КIуэи мо си пхъэгум теубгъуа кIагуэжьым и щIагъым щIэплъэт.

Ар и къэгъуэтыжыкIэу Мадинэ къагъуэтыжащ. Ауэ нобэр къыздэсым зыми ищIэркъым жэнэтбзу хъуа и шыпхъу цIыкIур здэлъэтэжа жэнэтым кIуэну Мадинэ ежьауэ зэрыщытар.

◈ ◈ ◈

***Ди тхыдэ жыжьэм къыхэIукI макъ***

# Псыжь адрыщI щыщ хъыджэбз

**Мы тхыгъэр Мэзкуу дэт университетым 1836 гъэм щытрадзауэ щытащ. Зытхам и цIэ-унэцIэр щIидзакъым, абы и пIэкIэ «Кавказым щыпсэу цIыхум зэхилъхьа роман» жиIэу щIитхащ. Адыгэ еджагъэш-**

**хуэ, къэхутакIуэ Тыгъуэн Рэшад зэрыхуигъэфэщамкIэ, рассказыр зи Iэдакъэ къыщIэкIар а лъэхъэнэм псэуа щIэныгъэлI, тхакIуэ Къуэдзокъуэ Лэкъумэнщ.**

Тенджыз къэукъубеям хуэдэт нэпкъ задитIым я зэхуакум нэр темыпыIэу, къибыргъукIыу щежэх Псыжь и Iэуэлъауэ макъыр. КъухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ къикI жьышхуэр бжьэпэ лъагэмрэ абы кIэрыт жыгхэмрэ я зэхуакум щыетат. Жьыр апхуэдизкIэ хъийм икIати, жыгыщхьэ лъагэхэр щIым нэс иришэхырт. Ауэ абы и фий макъыр зэзэмызэ щIахъумэрт а щIыпIэм щыпсэу хьэкIэкхъуэкIэхэмрэ къуалэбзухэмрэ я гъуахъуэ, кIий макъ шынагъуэхэм. Уафэ лъащIэм щызэрызехьэ пшэ фIыцIэжь Iэрамэхэм закъуэтIакъуэххэрэ фIэкI къыкъуагъэплъыртэкъым зи бзий дыжьыныфэхэмкIэ ихъуреягъыр къэзыгъэнэхуну хущIэкъу мазэр.

А жэщ шынагъуэм бжьэпэм и щыгу дыдэм тест зы щIалэщIэ, и щхьэр къыфIэхуауэ. Ар зи гуапагъэмрэ хьэлэлагъымкIэ Кавказым къыщцымынэу, Европэми Азиеми къыщацIыху, шы гуартэ бжыгъэншэхэр зиIэ, нэгъуэщI хъугъуэфIыгъуэхэри зи куэд пщы Мысост и къуэ Iуслъэадт. Езыр щIалэ зэкIужт, бжьыфIэт, и лIыхъужьыгъэм пасэу цIэрыIуи ирихъуат. Iуслъэад и гупсысэр зыIыгъыр фIыуэ илъагъу пщащэрт, ТIасэт, ар къигъанэу лъыгъажэ зауэм жэщыбгым Iухьэн зэрыхуейрт. ТIасэ и адэ Щолэхъуи цIэрыIуагъкIи къулеягъкIи Мысост къыкIэрыхуртэкъым, шы завод зыбжанэ иIэт. ПщитIыр куэд щIауэ зэныбжьэгъут икIи зым къуэ, адрейм пхъу къыщыхуалъхум, зэгурыIуат благъэ зэрыщIыну.

ЖыжьэжтэкъыМ ныбжьыщIитIыр зэрагъэшэну зэраухылIа пIалъэри, ауэ ар къэмысу я щIыналъэм къиужьгъа бий шынагъуэм хэкум цIыхухъуу исыр пэщIэувэн хуей хъуащ. Зауэр къызытехъеикIар адыгэщIым кърагъэтIысхьа къэзакъ жылагъуэхэм шэрджэсхэр теуэу зэрыщIадзарт. Мыхъужын уз къызэуэлIа пащтыхь Александр ар щызэхихым, Кавказым щыIэ корпус щхьэхуэм и Iэташхьэм унафэ хуещI шэрджэсхэм тезыр ятрилъхьэну, ахэр пащтыхьым хуэпэжу дяпэкIи зэрыщытынумкIэ аргуэру тхьэ яригъэIуэну.

Псы толъкъунхэм я Iэуэлъауэри, жьым и фий макъри, дакъикъэ къэс дунейр зыгъэзджыздж уафэхъуэпскIымрэ уафэгъуагъуэмри, къуалэбзухэм, хьэкIэкхъуэкIэ Iэлхэм я гъуахъуэ макъри зэхихыртэкъым Iуслъэад, абы и нитIыр теплъызат фIыуэ илъагъу ТIасэ зыдэс жылагъуэм икIи и щхьэ хуэпсэлъэжырт: «ТIасэ, ТIасэ, бгыжь щIыналъэм ипхъу ТIасэ, си гъащIэр щхьэузыхь зыхуэсщIын си тхьэIухуд. Иджы сэ уэ IэщIыб узмыщIу хъунукъым... Хэт ищIэн, игъащIэкIэ дызэрымылъагъужынкIи хъунщ... Зауэ гущIэгъуншэ! Си ТIасэ афIэкI сымылъагъужмэ, уэращ зи лажьэр».

Абдежым Iуслъэад ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ маплъэ: «Ар сыт гъэщIэгъуэн! Си дежкIэ къэзыунэтIа хужьыгъэр сыт псэущхьэ? Дамэ тети хуэдэщ. О ди Тхьэшхуэ! Си ТIасэ иджыри зэ сыIубгъэплъэжыну пIэрэ? Ар насыпышхуэт си дежкIэ... СыIубгъэщIэжу игъащIэкIэ дызэбгъэдэпшыжыну ара?»

Хужьыгъэр хуэм-хуэмурэ гъунэгъу къохъу, къос. Iуслъэад илъагъур и фIэщ хъуркъым.

– ТIасэ, уэра?

– Сэращ!

НыбжьыщIитIым IэплIэ зэрашэкI.

– Iуслъэад, си псэм хуэдэ, узмылъагъуу, сыпщIымыгъуу сэ... сэ зэман куэд схудэхынукъым... Моуэ дегъэтIысэх, сешащ.

Пщащэм и щхьэр щIалэм и дамэм ирегъэщIри щэху нэпс щIегъэкI.
– ТIасэ, угъыу ара? КъызжеIэт, сыт щхьэусыгъуэ нэпс щIыщIэбгъэкIыр?
– Ара къызжепIэнур? Сэ сымыщIэ уи гугъэрэ урысыдзэмрэ фэрэ фяку лъыгъажэ зауэ гуащIэ зэрыщекIуэкIынур? Уэ бгъэлъэгъуэну лIыхъужьыгъэм, гъэр уащIынкIэ е укъаукIыпэнкIэ зэрыхъунум сыпэплъэу сыщысын уфIэщIрэ? Апхуэдэу къыпщыхъумэ, ущоуэ. Сэ уэ пщIыгъуу сыпсэуну е сылIэну сыхуейщ. СыIухьэнущ уи гъусэу зауэм. Уэ сыббгъурыту сызэуэнущ. Зы биишэм е зы сэшхуэм дыкъыхрегъащIэ тIури. Абы щыгъуэщ, сыпщIыгъуу псори бдэзгуэшмэщ сынасыпыфIэу щыслъытэжынур.
– ТIасэ, Тхьэшхуэм къигъэщIа тхьэIухуд! Си гъэфIэн дахэ! Дауэ уэ уи адэ-анэр къэбгъанэу апхуэдэ зауэ шынагъуэм узэрыIухьэнур? Топ уэ макъхэр зэхэпхмэ е апхуэдизылъ ягъэжэнур плъагъумэ, уилIыкIыни. Хьэуэ, хъунукъым а жыпIэр! Зауэр иухыхукIэ унэм ущIэсмэ нэхъыфIщ. Тхьэр гущIэгъулыщ, зауэ нэужьым уэрэ сэрэ дызэхуихьыжынщ икIи насыпыфIэу дызэдэпсэунщ.
– Хьэуэ, Iуслъад, си псалъэм сепцIыж хъунукъым. Сэ Тхьэм псалъэ быдэ естащ уздэкIуэм сынэкIуэну, пщIэр бдэсщIэну ...
Ауэрэ жэщыбг мэхъу. ФIыуэ зэрылъагъуитIыр къуалэбзум хуэдэу мэбзэрабзэри зэбгъэдэсщ, зызэщамыгъэнщIу. Абдежым хъыджэбзыр зэуэ щым мэхъури зэщIодэIукI.
– Сыт ар, ТIасэ?
– ДаIуэт, зэхэпхыркъэ хъийм икIауэ хьэкIэкхъуэкIэхэр зэрыгъуахъуэр, жэщ къуалэбзухэр зэрыетар, къуажэхьэр зэрыкъугъыр? А псор нэщэнэфIкъым, ди псэр щыттыну пIалъэр къэблагъэу арщ.
– Ахэр урысыдзэр зэрыхэдгъэщIэнум я нэщэнэмэ-щэ?
– Си фIэщ хъуркъым. Абы дзэшхуэ яIэщ, Iэщэ шынагъуэ я куэдщ, а дзэр зыпэмылъэща гуэри щыIэу сщIэркъым.
Абдежым, адрей макъ псори щIихъумэу, накъырэхэм, бжьамийхэм, бэрэбанхэм я макъ лъэщ къоIу. Iуслъадрэ ТIасэрэ къыщолъэтри IэплIэ зэрашэкI. Пщащэр йохъурджауэ фIыуэ илъагъу щIалэм:
– Уэ бжьыхьэ тхьэмпэу уокIэзыз. Сыту умыукIытэрэ зауэлI лIыхъужьыр! Зауэ гуащIэмрэ лIэныгъэмрэ апхуэдизу уащышынэу ара?
– ТIасэ, сэ уэращ сыщIэшынэр ...
– Псыжь адрыщI щыщ сэ хъыджэбзыр урысхэм я Iэщэм сыщышынэуи? Си шабзэри, си джатэри, си къамэри бийм хуэгъэпсащ, си псэр пытыхуи абы я Iэщэ къыплъэзгъэIэсынкъым, ди хуитыныгъэри ттырахынкъым. НакIуэ, Iуслъад, дахэхьэнщ бийм пэувынухэм: е датекIуэнщ, е лIыгъэ тхэлъу ди псэр ттынщ!
НыбжьыщIитIыр IэпэзэрыIыгъыу бжьэпэ лъагэм къохри я лъэпкъэгъухэр щызэхуэса аузым дохьэ. Ди зауэлIхэм Iуслъад къыщалъагъум, гуфIэ макъ къаIэт икIи, ар я шу пашэу бийм пэщIэувэмэ, текIуэныгъэ къызэрахьэнур я фIэщ зэрыхъур къыжраIэ. А гупыр зауэлI хэплъыхьа защIэт. Афэ джанэ ящыгът, гъущI таж ящхьэрыгът, я нэм фIэкI къыщIэмыщу, я нэкIури гъущI хъаркIэ щIэхъумат. Iуслъад я пашэу ахэр зэтэкъым икIи тIэутэкъым бийм зэрыпэщIэувар.
Арати, лъэныкъуитIыр гъунэгъу зэхуохъури, зэхэуэ гуащIэр яублэ. Iуслъад и гупым бийр лъэрыщIыкI ящIырт, абы щыгъуэми езыхэм яхэщIыр мащIэт. Абдежым зэуапIэм къыIуохьэ Тэн лъэныкъуэмкIэ къикIа къэзакъ полкыр. А дзэм щыщ хорунжэ щIалэм гу лъитат Iуслъад и зауэлIхэм урысыдзэм хьэлэчыпцIэр зэрыхалъхьэм. Светловскэ зи унэцIэ а зауэлIыр

щIалэ къекIут, Геркулес хуэдэу пелуант, шынэ жыхуаIэр ищIэртэкъым. Хорунжэм телъыджэ щыхъуат Iуслъадрэ абы къыбгъурыт зауэлIымрэ лIыгъэ ин зэрагъэлъагъуэр.

И шым мэшэсри, Светловскэр щIопхъуэ я дзэр хьэлэч къызэтезыщIэ зауэлIитIым я дежкIэ. АрщхьэкIэ, а тIур щызауэ щIыпIэм щынэсым, зым фIэкI илъагъужыркъым. Къэзакъ щIалэщIэр абы поув. Я шитIыр гъунэгъу зэхуохъу, хъуаскIэ къакIэрылъэлъу, я джатэхэр ягъабзэ. ИтIанэ, сытми, Светловскэм зешэщI, къарууэ иIэр зэхуехьэсри и джатэмкIэ йоуэ къыпэщIэтым и тажым. ГъущI пыIэр тIууэ зэгуоху, шууейр къохуэх. Дыгъэм хуэдэу лыд абы и нэгу дахэм лъыкъуалэр къежэхырт. Светловскэр шым къолъэри, и бийм щхьэщохьэ, дэIэпыкъун мурадкIэ. И афэ джанэпщэр къегъэлалэри, хигъэщIам зэрыIуплъэу и бзэр еубыд: ар пщащэ тхьэIухудт.

Асыхьэтым къыIулъэда къэзакъ шууиплIым Светловскэм унафэ яхуещI уIэгъэ зытелъ бзылъхугъэр икIэщIыпIэкIэ лагерым нагъэсыну. Езыри абыхэм я ужь йоувэри хъыджэбзыр зыщIахьа шэтырым щIохьэ...

Дохутырым пщащэр гупсэхуу зэпеплъыхьри, зэрылIыкIын фэбжь зэрытемыхуар, зэригъэхъужыфынур жеIэ. Хорунжэм ар щызэхихым, и гур къогуфIыкI, и Iэпкълъэпкъыр дэрэжэгъуэм зэщIещтэ. Дохутырым фэбжь зытелъ щIыпIэхэр егъэкъабзэ, епхэри, щIэкIыпIэмкIэ щиунэтIым, Светловскэм къыжреIэ апхуэдэ тхьэIухуд игъащIэм зэрыримыхьэлIар. ИкIи хущхъуэ гуэрхэр къихьыну щIокI.

Светловскэр йоплъ хъыджэбзым. Абы илъэс 16 нэхъыбэ и ныбжьынтэкъым. Бгы псыгъуэт, тIэкIу хуэщхьэпэлъагэу пIэрэ жыпIэну апхуэдэт. ЗыкъимыщIэжа пэтми, и нэгум нурыр кърихырт, и набдзитIыр псыгъуэт, и нэбжьыцхэр кIыхьт. Пщащэм и дахагъэм хьэщыкъ ищIа Светловскэр и щхьэ хуэшхыдэжырт: «О-о, ди Тхьэшхуэ, сыту дахащэ! Си джатэр дауэ къыхуэсIэтынкIэ хъуа мыпхуэдэ тхьэIухудым? Мыр тездза уIэгъэм илIыкIмэ, шыгъушыпсыпIэм сыхэту си гъащIэр схьыни».

Дохутырыр къосыж, хущхъуэ гуэрхэр хъыджэбзым ирехьэлIэри, зыкъом дэкIа нэужь, сымаджэм и нэхэр къызэтрех икIи къыщхьэщыс лIы мыцIыхуитIыр щилъагъум, къыхоскIыкI:

– Дэнэ сыздэщыIэр? ДэнщыIэ си Iуслъад? Си Iуслъад, уэ... уэ ди бийхэм, чыристэнхэм, ухагъащIэри сэ гъэр сащIауэ аращ.

И IитIыр и нэхэм Iуелъхьэри, зэщыджэу магъ.

– Зэ увыIэ, пщащэ дахэ, уэ уIэгъэ птелъщ... Пэжу, чыристэнхэм я дежщ уздэщыIэр. Ауэ умыгузавэ, зи IэмыщIэ уихуар цIыхуфIхэщ. Узэрыхъужуи а уи гупсысэр зыIыгъым узэрыIуагъэщIэнум иужь итынухэщ.

– ЖыпIэр пэж? ТхьэмыщкIагъэ къызытепсыха, нэгъуэщI дин зыIыгъ цIыхум чыристэнхэр гущIэгъулыуэ хущытуи? КъызэдаIуэт, чыристэн щIалэ! Уи нэгум угъурлагъи гуапагъи изолъагъуэ, ауэ уи бзэ IэфIымкIэ си гузэвэгъуэр пIалъэкIэ сщхьэщыпхыну ухэмыту пIэрэ? Уэ пцIыхурэ шэрджэс бзылъхугъэхэр? ПщIэрэ абыхэм я хэкур, я Iыхьлыхэр, я гум щагъафIэхэр я псэм нэхърэ нэхъыфIу зэралъагъур? Уэ уи жыIэм щIагъыбзэ щIэлъмэ, уи псалъэм бзаджагъэ хэлъмэ, уи гъэру сыщыт пэтми, узэрыхуей сыпхуэхъун уи гугъэми, ущоуэ. Сигуми, си псэми, си гъащIэми хуитыжыр сэращ... Иджы къехьэкI-нехьэкI хэмылъу къызжеIэ: дэнэ щыIэ си Iуслъад? Псэу?

– Iуслъад жыпIа? Хэт ар? Сэ апхуэдэ сцIыхуркъым.

– Ар си щауэрщ, си щхьэгъусэ хъунурщ, си дыгъэрщ. Дунейм сыщIытетырщ.

– Сэ ар сцIыхуркъым.

– А щIалэр афэ джанэ зыщыгъа зауэлI гупым я дзэзешэщ. Дэ тIур дызэщIыгъуу дызэуащ. ИужькIэ и Iуэху дауэ хъуами сщIэркъым. Ар Мысост пщым и къуэщ.

– Мысост пщыми? Ар щхьэ епцIыжа-тIэ ди пащтыхьым ирита псалъэм?

– А псор сэ сщIэркъым. КъызжеIэт, уэ абы и хъыбар къысхуэпхьыфыну хьэмэрэ ...

– СхузэфIэкI къэзгъэнэнкъым. Ауэ зэ умыпIащIэ, зауэм и лыгъэ пщтырыр иджыри упщIыIуа щIыкIэкъым.

– Чыристэн щIалэ! УзэрыпсэхьэлэлыР лIыхъужьыгъэкIэ гъэнщIа уи нэгум, уи нэхэм къызжаIэ. Муслъымэн хъыджэбз тхьэмыщкIэр къэбгъэпцIэн мурад уиIэ хуэдэкъым уэ. Къэший уи Iэр. Ди зэныбжьэгъуныгъэм и щыхьэту ди Iэхэр зэрыдгъэгъэубыди тхьэ къысхуэIуэ а щIалэр псэууэ щытмэ, къебгъэлыну, сэри хуит сыхъужын папщIэ усхуэлъэIуэну.

– Тхьэ пхузоIуэ, си пщащэ дахэ, си гъащIэр щIэстами, уи лъэIур пхуэзгъэзэщIэну!

– Хъунщ, иджы си фIэщ пщIащ. Сигури мамырыжащ ...

Хуэм-хуэмурэ ТIасэ и уIэгъэр кIыжащ, ауэрэ, уеблэмэ Светловскэмрэ дохутырымрэ есэжащ. И нэгум лъы къыщIэлъэджа нэужь, ар нэхъ дахэж хъуат. Абы еплъу, и нэгур зэхэуфауэ щыст Светловскэр. Зэрынэщхъейм, гупсысэ гуэрхэм гъэр зэращIам щхьэкIэ хъыджэбзыр зэзэмызэ щIэнакIэрт къэзакъ щIалэм:

– ФIыуэ плъагъу уи пщащэр зэрыппэIэщIэра къыщIэкIынщ уэ ущIэнэщхъейр.

– Хьэуэ, си псэм хуэдэ ТIасэ, сэ сиIакъым фIыуэ слъэгъуа хъыджэбз. Нобэр къыздэсми лъагъуныгъэр зищIысыр сщIакъым... Иджы зэрымыщIэкIэ сыхуэзащ апхуэдэ пщащэ. Си гур итхьэкъуащ а тхьэIухудым, ауэ сыт, си гъащIэм и фIыгъуэ дыдэу сыхуэлэжынущ... Ей, ТIасэ, ар сытым хуэдэу гуауэ – фIыуэ укъалъагъуным уи гугъэр хэпхыжауэ улIэжыныр...

Светловскэм и нэпсхэр къудамэ зырызу и нэм къытелъэдащ.

– Си зиусхьэн, угъыу ара? Сыту умыукIытэрэ? ЗауэлIыр апхуэдэу щхьэ удзыхэ? Уи гур умыухыж. Уэ иджыри насыпыфIэ ухъунуми пщIэркъым. Сэращ тхьэмыщкIэр...

ТIасэ псэкIэ зыхищIат Светловскэр хьэщыкъ къызэрыхуэхъуар. Езыми щIалэр фIыуэ илъэгъуат... дэлъхум хуэдэу. Ауэ пщащэм игури и псэри здэщыIэр Iуслъад дежт...

Зы махуэ гуэрым ТIасэ Светловскэм йолъэIу е Iуслъад, е и адэм деж ишэжыну, ар игъэзащIэмэ, тыгъэ лъапIэхэр къызэрыхуащIынури жреIэ.

– ТIасэ, апхуэдэу щхьэ угущIэгъуншэ? Сыт тыгъэ зи гугъу пщIыр! Дунейм хъугъуэфIыгъуэу телъыр къызэпткIэ сыт и мыхьэнэж, уэ ущызмылъагъужынукIэ... Ауэ уэста псалъэм сытетынщ. ТIасэ, а щIалэр мыпсэужмэ, сыт адэкIэ... адэкIэ пщIэнур?

– Ар уэ плъагъунщ. КъэпщIэнщ уи ныбжьэгъугъэм сыхуэфащэрэ сыхуэмыфащэрэ!

Уэсым хуэдэу хужь и IитIыр ТIасэ щIалэм и пщэм ирешэкIри, и нэкIум щабэ дыдэу ба хуещI. Абы иужькIэ Светловскэм зиIэжьэжакъым. Ежьэщ, махуэ зыбжанэкIэ къэтри къигъэзэжащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, Iуслъад уIэгъэ хьэлъэ телъу я жылэм нагъэсыжат. Ар къыщищIэм, ТIасэ къэзакъ щIалэм йолъэIу икIэщIыпIэкIэ и хэкум ишэжыну. ЙолъэIу и нэпситIыр

псыхьэлыгъуэу къежэхыу. Ар щилъагъум, Светловскэр къодзыхэ икIи жэщ зэрыхъуу зэщIыгъуу щэху цIыкIуу йожьэхэри хъыджэбзым и адэр зыдэс жылэм пэмыжыжьэу къыщыт бгыжьым нос. ТIасэ и IитIыр уафэмкIэ еший, зрегъэзыхри и адэжь щIыналъэм ба хуещI, и хэкум къэзышэжа щIалэм псалъэу щыIэм я нэхъ дахэр лъегъэс.

– Си псэр зэзгъэшхын си ныбжьэгъу пэж! Мо бгъуэнщIагъыр плъагъурэ? Абы кIэщIэс си жылэжьым сыкIуэу къэзгъэзэжыху къыспэплъэ. Сэ Iуслъад и хъыбар къэсщIэнщ. Ар мыпсэужмэ, сэри дунейм сыщIытетын щыIэжкъым... Къызэжьэ, сэ мыгувэу къэзгъэкIэрэхъуэжынщ.

И пхъум къыщигъэзэжым, Щолэхъупщыр гуфIэнтэкъэ?! Ар ажалым къезыгъэлам тыгъэ лъапIэхэр хуищIыну псалъэ быдэ ет. Ауэ и адэм и унэм ТIасэ къыщещIэ и щIалэ Iуслъад къытехуа уIэгъэ хьэлъэхэм зэрахьари, и адэжьхэм я кхъэм зэрыщыщIалъхьэжари. Хэку псор абы зэрыхуэщыгъуэри и псалъэмакъым къыхигъэщащ Щолэхъупщым. А хъыбар гуауэр щызэхихым, ТIасэ и IэпкълъэпкъыР зэщIэкIэзызащ, и щхьэр кIэрэхъуащ, и гур къекIуэу къэмэхынми зымащIэщ иIэжар. Ауэ и адэм зыкъримыгъэщIэн щхьэкIэ зызэтриубыдэжащ. И унагъуэм щIэсхэм, и Iыхьлыхэм яхуэзэжа нэужь, ТIасэ щIохьэж и пэшымкIэ... Нэхущ зэрыхъуу къамэ къещтэ, и щыгъын щIагъым щIегъапщкIуэри Светловскэр къыщигъэна щIыпIэм егъэзэж.

– Куэдрэ узэзгъэжьа? Уэ пщIэркъэ, апхуэдиз лъандэрэ умылъэгъуа, узыхуэзэша адэ-анэр уаIуплъэныр насыпышхуэщ. Сэ ахэм ягу фIы яхуэсщIри, уи деж сыкъэкIуэжащ.

Хъыджэбзым Iэрыгъ Iэлъын лъапIэр зыIэрехри щIалэм и Iэпэм IэретIагъэ:

– Мис, си ныбжьэгъу пэжу игъащIэкIэ узэрыслъытэнум и щыхьэту, мыр фэеплъ пхузощI. Иджы къызжеIэт, уэ фIыуэ сыкъэплъагъурэ?

– Си гъащIэм нэхърэ нэхъыфIу узолъагъу, ТIасэ...

– НтIэ, си гъусэу накIуэ Iуслъад и кхъащхьэм.

– Iуслъади? Ар... мыпсэужу ара?

– Псэужкъым... НакIуэ.

Светловскэм и Iэпэр еубыдри, ТIасэ макIуэ фIыуэ илъагъур зыщIэлъ кхъэм. И кхъащхьэр къызэригъуэтуи зэщыджэу йощэтэх. ТIэкIу зэрызэтесабырэжу, зыгуэрым жриIэми, и щхьэ хужиIэжми умыщIэу, мэIущащэ:

– УзиIэжкъым... УсIэщIэкIащ си гурыфIыгъуэр. ЩIы фIыцIэжьым укIуэжащ... Зэхэпхыркъым си щэIу макъри, бэлыхьу згъэвыр зыхуэдизри пщIэркъым... Сыт сэ дяпэкIэ къэзгъэщIэнум и мыхьэнэжыр?..

ТIасэ къызэфIоувэж, и нэпсыр щIелъэщIыкIри нэщхъейуэ къеплъ Светловскэм жреIэ:

– Си ныбжьэгъу, ажалми сыкъыIэщIэпхащ, хуити сыкъэпщIыжащ. Си жылэжьри, си адэ-анэри сыбгъэлъагъужащ. Уэ къысхуэпщIа псор Тхьэшхуэм щыгъупщэнкъым, къыпхуэупсэжынщ... Къысхуэгъэгъу, ауэ фIыуэ слъагъур сыщимыIэжкIэ... сэ гу лъыстат, къэсщIат фIыуэ сыкъызэрыплъагъур, ауэ... ауэ Iуслъад сэрэ дяку дэлъ тхьэрыIуэм сепцIыж хъунутэкъым. Уи фIэщ щIы: апхуэдиз бэлыхь къызытепсыха сэр нэхърэ нэхъ хъыджэбз насыпыфIэ уэ щхьэгъусэу къэбгъуэтынщ... Сэ Iуслъад сыIумыщIэу хъунукъым. Iуслъад, сынокIуэ уи дей!..

ТIасэ и къамэр напIэзыпIэм къызыкъуепхъуэт, и гущхьэм хеIужри Iуслъад и кхъащхьэм тоджалэ. Ар щилъагъум, Светловскэр къомэхри ТIасэ и бгъумкIэ щохуэх...

... Светловскэм зыкъыщищIэжар Щолэхъу и пхъум и лъыхъуакIуэхэм я лъэр а щIыпIэм къахуса нэужьщ. ТIасэ зыукIар арауэ ягъэуври, пщым и пащхьэ ирашащ. Ауэ Щолэхъу Iуэхум и пэжыпIэр къыщищIэм, зэщIыгъуу хъыджэбзыр ягъеижри щIалъхьэжащ...

Пщым и гугъат Светловскэм тыгъэ лъапIэхэр хуищIу иутIыпщыжыну, арщхьэкIэ щIалэм идакъым. И хэкум игъэзэжри, къыщыщIар адэ-анэми, и ныбжьэгъухэми къахуэмыщIэу, щхьэлажьэ хъури, махуэ бжыгъэ фIэкIа мыпсэужу дунейм ехыжащ.

***ЗэзыдзэкIар* МЫЗ Ахьмэдщ**

# Пшыналъэ



## УЭРЭЗЕЙ Афлик

### *УсэщIэхэр*

**Зегъэкъэбзэжыфыр псым езыр-езыру,**
**Уэгъу нэужьми къокIыжыф къэкIыгъэр,**
**Уэлбанэр еух, дунейм зеукъэбзыжри,**
**Аргуэру къытопсэжыр щIылъэм дыгъэр.**

**ЗэгурыIуэжу зэдокIуэкI дунейр,**
**Зэхамыдзыжу – мыр ууейщ, сысейщ.**
**А псори зришэкIрэ кърищэкIыу,**
**ЩIыр мэкIэрахъуэ, жагъын къыхимыгъэкIыу.**

**КъыщIокIыр мазэр, зэм мазэхэу, зэм мазэгъуэу,**
**КъотIысхьэ жэщ къэсыхукIэ уафэм вагъуэр,**
**Иредыгъэпс дунейр е ирепшагъуэ,**
**Махуэщlэ къэс сыIуощIэ сфIэщIэщыгъуэу.**

**ЦIыху цIыкIуми къыщекIухьыр ЩIы хъурейм,**
**КъыфIэщIыжауэ псори езым ей.**
**КъигъэIурыщIэ и гугъэжу мы дунейр,**
**Илъагъуу хъуам цIыхугур хуонэпсей.**

**Зэрахабзэу, уэшхыр къошхыр, уэсыр къос,**
**Мы гупсысэм сегъэхыщIэ махуэ къэс:**
**Дэ дытемытуи, ЩIыр кIэрэхъуэфынущ,**
**ЩIыр мыкIэрахъуэу, дэ дытетыфыну?!.**

### КЪРУУКЪУЭ

**Къруукъуэ и джабитIри**
**Къру кIуапIэт, къру абгъуэт.**
**Къруукъуэ дэлъэтыкIти,**
**Ягъэбжьыфlэт ахэм губгъуэр.**

**Щыдэсам кърур мы къуэм,**
**Уэшхри гуапэу кърикIыхырт.**
**Уэшх нэужьым лэгъупыкъур**
**Уэгум хищIэрт щхъуэкIэплъыкIэу.**

**Махуэ гуэрым кърупашэм**
**Кърy гупыр сатыр щимэу**
**Къуэм къыдешри, ирешажьэ**
**Хуабэ лъыхъуэу, щIыпIэ жыжьэм.**

**Алъандэм ежэхащ псы Iэджэ,**
**Гъэ Iэджи зэблихъуащ зэманым.**
**Дыхуэзэшауэ, кърy къаджэм**
**И макъ тхьэкIумэм къыщиIуэным.**

**Ауэ къэкIуэжыркъым кърур,**
**Къихьэжкъым уэгум сатыр щимэр.**
**КъаIэщIэухэу я къарур,**
**Къинауэ пIэрэ псыншэу къумым?**

**Кърyукъуэ кърy щымыкIииж,**
**Кърyукъуэ дыхьэ лъагъуэр зэщIокIэж.**
**НэщхъыфIэжкъым, япэм хуэдэу, Кърyукъуэ,**
**Япэм хуэдэу, къыщищIыжкъым лэгъупыкъур.**

**Зэман блэкIам и гугъэ къуэпсыр**
**ДымыутIыпщыжрэ дыкъуэсу**
**ДыкъуопсэукIри, дыкъэмыскIэу**
**Кърум дапоплъэ гъатхэ къэскIэ.**

**Кърyукъуэ, Кърyукъуэ,**
**Уи кърyхэр дэнэ пхьа,**
**Кърy пашэм игъэжакъуэу,**
**ХамэщI уэгу игъуэщыхьа?**

*** * ***

**Пщащэр мэIущащэ, мэIущащэ,**
**Хэщыпыхьурэ, къелъыхъуэ псалъэ IэфI,**
**Къигъуэтами псалъэ IэфIхэр пщащэм,**
**Темыгушхуэ - зыри жимыIэф.**

**Хьэщыкъ зыщIа щIалэм фIитхьэкъупэ и нэр,**
**НапIэр ирехьэхри, егъэпщкIуж,**

**Ауэ напэр фӀэсу къызэщӀэнэ**
**НэкӀущхьитӀыр хуэмыгъэункӀыфӀыж.**

**И укӀытэм щыукӀытэж нэхъей,**
**Ӏэнкун пщащэм соплъри, согупсыс:**
**КъызэрытхуигъэщӀрэ мы дунейр**
**ЩӀыр зэтезыӀыгъэр цӀыху нэмысщ.**

**Зи нэмысым щӀэхъукӀыжыр тхьэӀухуд**
**Ди къэкӀуэнум жылапхъэу хухах...**
**Щауэми къегъуэтыр псалъэфӀ куэд,**
**Ауэ нэхъ зыхуейр къыхухэмых.**

**Гумрэ гумрэ щэхуу щызэрыщӀэм,**
**Псалъэ псори зэуэ мэхъур лей.**
**Соплъ ныбжьыщӀитӀми зыхызощӀэ:**
**Иджыри кӀэрэхъуэнущ ЩӀы хъурейр.**

* * *

**Гу тепыӀэншэ зэгъапӀэншэр,**
**КъезэвэкӀыжу зэрылъ бгъэр,**
**Хэлъатэм мы дуней гъунэншэм,**
**Гупсысэ жэрхэм ящӀыр гъэр.**

**Зы вагъуэм икӀрэ, зы вагъуэм**
**Щепсыхыу, хьэршыр щӀепщыткӀ.**
**Нэм къыхуэлъагъуи къимылъагъуи**
**Гум гулъытэншэу блимыгъэкӀ.**

**Къуэладжэ къэс щызэхэзоуэ,**
**ДурэшплӀэрэшхэр къехущыхь,**
**И пшапэр зэи зэхэмыуэу,**
**Гу лъынтхуэр гъуэгум трешыхь.**

**Гу гъэзэгъэгъуэ лъыхъуэ защӀэу,**
**Щыпхишырт лъагъуэ гъуэгу мыпкӀам,**
**Егъэлеяуэ псэм пэӀэщӀэ**
**Зэрыхъур и гум къыщыкӀам.**

**ИкӀи абдеж къещӀэжыр гум:**
**Псэм и мыгъусэм, и къарур**

Зэрыщыжэщӏыр псынщӏэу гъуэгум.
Гъуэгу кӏыфӏым псэрщ хуэхъуфыр нур…

Къытоувэжри адэжь лъагъуэм,
Къокӏуэж, псэ лъахэм къыхуэпабгъэу.
Къыщегъуэтыжри гузэгъэгъуэ,
Ар йотӏысхьэж аргуэру и бгъэм.

ЖьанIэ



# Гугъуехьхэр зи натIэу тхэным бгъэдэта

ЩакIуэ Талъостэн Исхьэкъ и къуэр 1890 гъэм январым и 14-м Шэджэм Езанэм щыщ мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыщалъхуащ. 1917 гъэм екIуэкIа Октябрь революцэм и пэкIэ абы къуажэм класситI школыр къыщеух. 1918-1920 гъэхэм дзэ плъыжьым къулыкъу щищIащ. 1920-1924 гъэхэм ар щоджэ адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр курсхэм. ИтIанэ ЩакIуэм Ростов къалэм къыщеух журналистхэм я курсхэр икIи 1929 гъэ пщIондэ «Социалистическая Кабардино-Балкария» газетым и редакцэм щолажьэ. 1932 гъэм къыщыщIэдзауэ 1937-м нэс, и узыншагъэри и Iуэхухэри зэIыхьэху, - Талъостэн тхылъ тедзапIэм и редактору мэлажьэ. Советскэ лъэхъуэщхэм куэдрэ хьэзабышхуэ щызыгъэва, нэмыцэхэми ямыгъэтынша ЩакIуэм узыншагъэ имыIэж пэтми, абы лэжьэн-тхэн зэпигъэуакъым 1972 гъэм дунейм ехыжыху.

1923 гъэм къыщыщIэдзауэ печатым къытохуэ Талъостэн и IэдакъэщIэкIхэр. Абы тхэн зэрыщIидзар усэкIэщ. Ар тотхыхь япэм мэкъумэщыщIэхэм яIа псэукIэ хьэлъэм («Iэхъуэ», «Къуажэхь»), Октябрь революцэм и ужькIэ цIыхухэм я гъащIэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм («Совет щIэблэ», «Трактор», «Гъубжэ уадэ», «Колхоз пщыIэ»).

Иужьрей илъэсхэм абы итхащ «Алий цIыкIу» повестыр, сабийхэм папщIэ рассказ куэд, ауанышI усэ зыбжанэ. 1959 гъэм щхьэхуэу къыдокI сабийхэм щхьэкIэ итха усэхэр, рассказхэр щызэхуэхьэса тхылъыр, «Iуащхьэмахуэ» журналым гъуэгу щызыгъуэту иужькIэ тхылъ щхьэхуэу къыдэкIауэ щыта «Алий цIыкIу» повестыр.



# Лъэужьыфl къэзыгъэна

МафІэдз Сэрэбий Аруан районым хыхьэ Джэрмэншык къуажэм 1935 гъэм январым и 23-м къыщалъхуащ. Къуажэ школыр къиуха нэужь, 1950-1954 илъэсхэм Налшык дэт педучилищэм щеджащ. Ар къиухри, 1954 гъэм пэщІэдзэ классхэм щригъэджэну я къуажэ игъэзэжащ. Зы илъэс фІэкІа мылажьэу, КъБКъУ-м 1955 гъэм щІотІысхьэ.

Университетым щыщІэса гъэхэм къриубыдэу МафІэдзым къыхихакІэт илъэс куэдкІэ къэхутэн хуей темэр – адыгэхэм пасэ зэман лъандэрэ зэрагъэпэща дуней лъагъукІэр, къадэгъуэгурыкІуа Іуэху бгъэдыхьэкІэр, адыгэ хабзэр. Ар икъукІэ темэшхуэт. ЩІэи гъуни зимыІэжт. Сыт хуэдэ къэхъукъащІэми адыгэхэм екІурабгъу къыхуагъуэтыфырт. ИкІи МафІэдз Сэрэбий емышыжу зэхуихьэсыжу, иджу щІедзэ ди адэжьхэм я фэ зэтплъ нэпкъыжьэхэр. А лэжьыгъэр нэхъ хэкъузауэ МафІэдзым иригъэкІуэкІ мэхъу ар щІэныгъэхутэ институтым щыкІуа 1969 гъэм къыщыщІэдзауэ. 1974 гъэм Миклухо-Маклай и цІэр зэрихьэу этнографиемкІэ Мэзкуу дэт институтым щыпхегъэкІ и кандидат диссертацэр. Ар зытеухуар адыгэхэм сабийхэр гъащІэм, псэукІэм зэрыхуагъэхьэзыр Іэмалхэрт. Нэхъ кууэ а темэр иджу щІедзэ Сэрэбий. Абы и щыхьэтуи къэхутэныгъэ лэжьыгъэ зыбжанэ дунейм къытохьэ, 1989 гъэм тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор цІэри къыфІащ.

МафІэдз Сэрэбий ди республикэм щыцІэрыІуэ еджагъэшхуэхэм ящыщу щытащ. Абы къыдэкІуэуи ар тхакІуэ гъуэзэджэт. МафІэдзым и тхыгъэ купщІафІэхэр куэдрэ къытехуэрт «Іуащхьэмахуэ» журналым, газетхэм, тхылъ щхьэхуэуи къыдэкІхэрт. Абыхэм наІуэу къагъэлъагъуэрт МафІэдз Сэрэбий езым и темэ, и хъэтІ иІэжу къэбэрдей литературэм къыхыхьа тхакІуэу зэрыщытыр. Абы и къалэмыпэм къыщІэкІащ рассказхэр, повестхэр, романхэр. Абыхэм ящыщщ «ЩакІуэм и хьэщІэ», «ЩІакІуэ фІыцІэ», «Шыдыгъу», «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ», нэгъуэщІхэри. Мис ахэри тхыдэм теухуа и лэжьыгъэшхуэхэри къалъытащ МафІэдзым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтхэр къыщыхуагъэфащэхэм щыгъуэ.

Адыгэ тхыдэм, литературэм зи лъэужьыфІ къыхэзына МафІэдз Сэрэбий 2007 гъэм дунейм ехыжащ.



# Адыгэ щэнхабзэм псэемыблэжу хуэлэжьащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым културэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэу щыта Къуэдзокъуэ Хьэсэн Бахъсэн районым хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм 1935 гъэм февралым и 18-м мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыщалъхуащ.

И ныбжьыр илъэс зыщыплIым фIэмыкIауэ, и адэ-анэр фIокIуэд. Зеиншэу къэна щIалэ цIыкIур 1945 гъэ пщIондэ щыIащ и адэ къуэшым деж. А гъэ дыдэм Хьэсэн сабийхэм я унэм (детдомым) ират. 1950 гъэм абы классиблыр къыщеух, иужькIэ еджэным щыпещэ республиканскэ школ-интернатым. 1953-1958 гъэхэм Хьэсэн щоджэ артистхэр щагъэхьэзыру Луначарскэм и цIэкIэ Мэзкуу дэт къэрал институтым и актерскэ факультетым.

Налшык къигъэзэжа нэужь, ар щолажьэ Къэбэрдей театрым. 1961-1962 гъэхэм Хьэсэн щэнхабзэмкIэ министерствэм и инспектор нэхъыщхьэу ягъэув. 1962 гъэм щегъэжьауэ дунейм ехыжыху (1996 гъэ) Хьэсэн иролажьэ гурэ псэкIэ езыр сыт щыгъуи дызыхьэхыу щыта журналист IэщIагъэм: 1962-1969 гъэхэм «Советская молодежь» газетым, 1969-1996 гъэхэм телевиденэм.

Мис абыхэм яужькIэ зи гупсысэри зи къалэмри жан хъуа Къуэдзокъуэр нэхъри тогушхуэ куэд щIауэ фIыуэ илъагъу художественнэ творчествэм псэемыблэжу бгъэдэтыну. ИкIи ар щымыуауэ къыщIокI: тхылъ щхьэхуэурэ къыдэкI мэхъу абы и рассказхэр, повестхэр, усыгъэхэр.

Хьэсэн зыкъигъэлъэгъуащ зэдзэкIакIуэ Iэзэуи. Абы зэридзэкIа пьесэхэм ящыщщ: Шекспир и «Отелло», Мольер и «Жорж Данден»-р, Лопе де Вега и «Овечий источник»-р, О Нил и «Последняя остановка»-р, нэгъуэщIхэри.

НэгъуэщI бзэхэмкIэ ятхахэр адыгэбзэкIэ зэридзэкI къудейм къыщымынэу, Хьэсэн адыгэ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэри урысыбзэкIэ зэридзэкIащ. Абыхэм ящыщщ IутIыж Борис и «Тыргъэтауэр», Къардэнгъущ Зырамыку и «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ», Мысачэ Петр, Елгъэр Кашиф сымэ я тхыгъэхэр.

Хьэсэн и очерк хьэлэмэтхэр куэдрэ газетхэм, журналхэм къытехуащ, тхылъ щхьэхуэу къыдэкIащ. Мис ахэращ Къуэдзокъуэ Хьэсэн и цIэр ди щэнхабзэм фIыкIэ къыщIыхэнар.



# Зи сабий усэхэмкIи уэрэдхэмкIи цIыкIухэр къыдэзыхьэх

Щоджэн Леонид Сулимэн и къуэр Бахъсэн районым хыхьэ Куба къуажэм 1935 гъэм январым и 25-м къыщалъхуащ.

Курыт еджапIэр къиуха нэужь, Леонид дзэм къулыкъу щещIэ. ИужькIэ Донбасс макIуэри шахтэм щолажьэ. Лэжьыгъэм щIапIыкIа щIалэр зыпэрыува IэнатIэ гугъум жыджэру пэрытщ. КъызэрыгуэкI лэжьакIуэу щIедзэри, бригадэм, итIанэ участкэ иным и унафэщIу ягъэув. И цIэр фIыкIэ къаIэт, цIэрыIуэ мэхъу. Ауэ щIалэр жыджэр, гуащIафIэм и псэр нэхугъэ гуэрым хуэпабгъэрт. Ар гъащIэр IэфIыгъэкIэ зыгъэнщI, зыгъэхъуапсэ щIэныгъэрати, зыщалъхуа щIыналъэм къокIуэжри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIотIысхьэ.

Щоджэныр зэрылажьэм хуэдэурэ йоджэ. ИужькIэ егъэджакIуэ IэщIагъэм пэроувэ. ЦIыкIухэр фIыуэ зылъагъу, абыхэм я псэм щыщIэр, ягъэвыр фIыуэ зэхэзыщIыкI щIалэр тхэным дехьэх. Сабийхэм яхуэтхэу щIедзэ. Усэхэр, къуажэхьхэр, хъуэрыбзэхэр, псысэхэр зэхелъхьэ. Адыгэбзэр школым зэрыщрагъэджым теухуа тхыгъэхэр газетхэм къытрырегъадзэ, радиокIэ кърегъэт, зэхыхьэ-зэIущIэхэм къыщопсалъэ. Егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ лэжьыгъэм псэ хьэлэлу зэрыбгъэдэтыр къалъытэри, абы къыхуагъэфащэ «За доблестный труд» медалыр.

Леонид тхылъеджэхэм нэхъыбэу къызэрацIыхур сабий усакIуэущ. Ауэ композиторхэу Даур Аслъэн, Къэбэрдокъуэ Борис, Балэ Мухьэдин, Къардэн Хьэсэн сымэ я гъусэу абы уэрэд куэд итхащ. Псом хуэмыдэу цIэрыIуэ хъуащ «Къру шырхэр», «КIэпхъ», «Бэдж», «Псынэ», «Гъудэ», «Ди бзэр», «Нэпсей цIыкIу», «Мыщэ мышынэ», «ЩакIуэ Iущ», «Вакъэжь», «Хэт сыт жиIар» жыхуиIэхэр. Псори зэхэту Леонид итхащ сабий уэрэду 200-м щIигъу. Ахэр радиокIэ, телевиденэкIэ щIэх-щIэхыурэ къат.

Щоджэным и сабий усэхэр цIыкIухэр щагъасэ щIыпIэхэми, пэщIэдзэ еджапIэхэми, еджапIэ нэхъыщхьэхэми (университетымрэ абы хыхьэ колледжхэмрэ) щадж. Леонид и усэхэр щызэхуэхьэса тхылъ зыбжанэ дунейм къытехьащ. Апхуэдэхэщ «Лъэмыж» (1987), «Къру шырхэр» (1993), «Псей щхъуантIэ» (1996), «Моцэрэ Бацэрэ» (2001), «Уэрэдхэр» (2003), «Мэдэ цIыкIу» (2006), нэгъуэщIхэри. Абыхэм къадэкIуэуи, Леонид и тхыгъэхэр ихуащ школхэм зэрыщрагъаджэ хрестоматиехэм. Тыркуми адыгэбзэкIэ къыщыдэкIащ абы и сабий уэрэду 127-рэ зэрыт тхылъ.

Щоджэныр сабийхэм яхуэтхэ къудейм къыщымынэу, пэщIэдзэ классхэр школым адыгэбзэкIэ зэрыщеджэну тхылъхэри хъарзынэу зэредзэкI.

Щоджэн Леонид Урысейм и ТхакIуэхэми Журналистхэми я союзхэм хагъэхьащ.

Сабий усакIуэ, республикэм и общественнэ гъащIэм жыджэру хэт, цIыху гуапэ, зэпIэзэрыт, ди ныбжьэгъуфI Щоджэн Леонид и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуащи, ди гуапэу дохъуэхъу узыншагъэшхуэрэ творческэ ехъулIэныгъэрэ иIэу иджыри куэдрэ тхуэпсэуну, тхуэлэжьэну.

**АБАЗЭ Албэч,** *КъБКъУ-м и доцент*

# ЩОДЖЭН Леонид

## МЫЩЭМРЭ МАЩЭМРЭ

**— Мыщэр**
**Мащэм**
**Ищэта?**
**— Ищэтащ.**
**— Мыщэр**
**Мащэм**
**Къипщыжа?**
**— Къипщыжащ.**
**— Иджы Мыщэр**
**Нэхъ Iущ хъуа?**
**— Нэхъ Iущ хъуащ.**
**— Иджы Мыщэр**
**Нэхъ сакъ хъуа?**
**— Нэхъ сакъ хъуащ.**
**Иджы Мыщэм**
**Мащэм къыпекIухь.**

## ЦЫЖЬБАНЭ

**Ей, Цыжьбанэ,**
**Банэ,**
**Ей, Цыжьмастэ**
**Мастэ,**
**Мастэ къомыр**
**Сыту пщIыну,**
**Сыт а къомыр**
**ЗэрыпщIынур?**
**Хъуну щытмэ,**
**КхъыIэ,**
**Мастэ тIэкIу**
**Къызэщэ,**
**Мастэ къэскIэ**
**Апэсищ уэстынщ,**
**ПщIэншэуи зы джанэ,**
**Джанэ пхуезгъэдынщ.**

## ЖЬЫНДУ МАКЪ

**Жэщ кIыфIыр**
**ФIыцIабзэщ,**
**УдэIуами,**
**Сабырыбзэщ.**

**Ауэ дэнэ**
**КъыздикIар,**
**Жьынду макъыр**
**КъыздикIар?**
**Сыту пIэрэ**
**Ар къыщIэджэр,**
**Хэту пIэрэ**
**Зэджэр?**
**ДеупщIамэ,**
**КъыджиIэнт,**
**Ар зыхуейр**
**КъэтщIэнт.**
**Ауэ, уэли, зэкIэ,**
**Жьындуубзэ**
**Сэ сымыщIэ,**
**ЗыщIэ щыIэу**
**ПщIэмэ,**
**КхъыIэ,**
**СхущIэупщIэ.**

## ДИНЭ ИДА ДЖАНЭР

**Динэ ида**
**Дарий джанэр**
**Гуащэ цIыкум**
**ЩитIэгъащ,**
**Ауэ Динэ**
**Ида джанэр**
**Гуащэ цIыкIум**
**ХуэкIыхь хъуащ.**
**Мис итIанэ**
**Джанэ кIыхьым**
**Динэ бостей**
**ФIищыжащ.**

## БАЖЭМ ЖИIЭР

**Фымышынэ,**
**Фымышынэ,**
**Дзыгъуэ шырхэ,**
**Фымышынэ.**
**Анэм, Адэм**
**ФемыдаIуэ,**
**Сэ нывжесIэм**
**ФыкъедаIуэ...**
**Жэщи махуи**
**Фымышынэу,**
**Мэз дахащэм**
**Фыщыджэгу.**
**Хэт сэ**
**Дзыгъуэ сшхауэ**
**Фэ къывжезыIар?**
**«Бажэм сишхащ!» — жиIэу**
**Хэт нэкIуэжар?**

## ГУАЩЭХЭР НЭЩХЪЕЙЩ

**Щхьэ нэщхъей,**
**Щхьэ нэщхъей?**
**Хьэфэ мыщэр,**
**Къупщхьэ гуащэр**
**Щхьэ нэщхъей?**
**Нобэ КIуцэ**
**Школым макIуэ,**
**Хъуащи ар**
**ЕджакIуэ,**
**Абы щхьэкIэ**
**Къупщхьэ гуащи,**
**Хьэфэ мыщи**
**Нэщхъей хъуащ.**
**«Иджы дауэ**
**Дыхъужыну,**
**Иджы хэт**
**Дигъэджэгуну?» —**
**ЖаIэхэу зэхэсщ,**
**Нэщхъейхэуэ**
**Зэхэсщ.**

## «НАУ!» – ЖЫЗЫIЭР ХЭТ?

«Нау» жызыIэр
Къахуэмыщlэу,
Классым щIэсхэр
Мэдыхьэшхыр.
Егъэджак|уэр
Лъыхъуэ щхьэкIэ,
«Нау» жызыIэр
Имыгъуэт,
Сыт имыщIэм,
Имыгъуэт.
Ауэ, пщIэрэ,
«Нау» жызыIэр
Си гуфIакIэм дэсщ.
ИкIэм сеIэм,
ЖеIэ «Нау»,
СемыIэжмэ,
Мэбэяу.

## УЭЛБАНЭ

Щыблэр
Уафэм
Къыщоджэгур,
Уэшхыр
ЩIылъэм
Тоджэгухьыр.
Жьышхуэм
Жыгхэр
Егъэсысыр.
Сэ щхьэгъубжэм
Сыбгъэдэсу
Бзу шыр цIыкIухэм
Согупсыс:
Заудыгъуауэ
Исхэщ, абгъуэм,
Лъэтэфыну яхэмыт.
Уэшхыу къешхыр
Ятолъадэ,
ЯхуэсщIэну мыгъуэр сыт?

## КЪУРШЫБГЪЭ

Ей, Къуршыбгъэ,
Къуршыбгъэ,
Ей, къуршыбгъэу
ГъащIэ кIыхь,
Уэгум иту
Махуэр зыхь,
Зи нэр жану
Зызыплъыхь.
Ей, къуршыбгъэ,
Къуршыбгъэ,
Иджы, хъуну щытмэ,
ЩIылъэм
Зэ къехыж,
Уэгум щыплъэгъуахэр
Псори
Сыгъэтхыж.

## ШЫПСЭ

– Мэзым щакIуэ
Зэ сыкIуауэ
Мыщэжь гуэрым
Сыхуэзащ.
– СлIожь-тIэ,
Ухуэзамэ?
– Зэ къедаIуэ, Iэу,
Сыхуэзати,
Сыгузавэу
«Дауэ ущыт?» – жысIати,

**«Лъакъуэкӏэ» — жиӏащ.**
**Уи фӏэщ хъуркъэ?**
**— Мэхъур, мэхъур,**
**Сыт щӏэмыхъур?**
**Мыщэм, дауи,**
**Лъакъуэ щӏэтщ,**
**Ауэ уэ уи шыпсэм,**
**Уэли, лъакъуэ**
**Лъэпкъ щӏэмыт.**

## ЩАКIУЭ

**Щакӏуэ, щакӏуэ,**
**Щэкӏуэрей,**
**Щакӏуэ, щакӏуэ**
**Мэз кӏуэрей.**
**Уи фочыжьыр**
**Умыгъауэ,**
**Хьэкӏэкхъуэкӏэм**
**Уахэмыуэ.**
**Уи фочыжьыр**
**Бгъэуэн хуеймэ,**
**Уафэм дэгъэуей.**
**Уи фоч макъыр**
**Зэхахамэ,**
**Хьэкӏэкхъуэкӏэр**
**Щӏэпхъуэжынщ.**
**Я шыр цӏыкӏухэри я гъусэу**
**Щтапӏэ ихьэжынщ,**
**Уэри гуэныхьыншэу**
**Унэм укӏуэжынщ.**

## ЕДЖЭРЕЙ

**Еджэн зыфӏэфӏ**
**Еджэрей**
**Зэрыцӏыкӏурэ**
**Еджэрейщ.**
**Тхылъ зэджэни**
**И куэдӏейщ.**
**Школым кӏуами —**
**Аргуэрыжьщ,**
**Къэкӏуэжами —**
**Ар тхылъ йоджэ,**
**Псым щыхэсми —**
**Тхылъ йоджэ,**
**Шыдым тесми —**
**Ар тхылъхэм йоджэ,**
**Куэд еджахэм**
**Я зэпеуэм**
**Ягъэкӏуати —**
**Ятекӏуащ,**
**Саугъэт ахъшэу**
**Къратамкӏэ**
**Тхылъ гъунэжу къищэхуащ.**

## МЭДЭ И ДЭР

**Ӏэштӏым хуэдиз**
**Хъууэ**
**Сэ зы дэшхуэ**
**Къэзгъуэтащ,**
**Ауэ ар**
**Сымышхыу**
**Пщӏантӏэм щыхэссащ**
**Гъэщӏэгъуэнкъэ, —**
**Ар къэкӏащ,**
**Дахэ дыдэуи**
**Дэкӏеящ.**
**Иджы Дадэ**
**Си дей жыгыр**
**Фӏы дыдэу елъагъур,**
**— Мэдэ и дейщ, — жери,**
**Хэт дыдей**
**Къэкӏуами —**
**Ар ирегъэлъагъур.**



# Iэзэу куэдым хэзагъэ

Зи къалэмыпэм усэхэри, поэмэхэри, рассказхэри, повестхэри, романхэри, кинофильмхэм я сценариехэри, статьяхэри къыщIэкI Жылэтеж Сэлэдин фIыуэ зымыцIыху щIагъуэ ису къыщIэкIынкъым Къэбэрдей-Балъкъэрым. Аркъудейкъым – сабийхэм папщIэ абы триха фильмхэр щIыпIэ куэдым цIэрыIуэ щыхъуащ. Ахэр Iэджэрэ къагъэлъэгъуащ икIи къагъэлъагъуэ телевиденэ зыбжанэм. Художественнэ творчествэм и сыт хуэдэ жанрми хуэIэкIуэлъакIуэ Жылэтежым и Iэмрэ и псэмрэ зэIусэхэр гъащIэ кIыхь мэхъу, илъэс куэд лъандэрэ емышыжу зыхуэлажьэ лъэпкъ щэнхабзэр зыгъэбжьыфIэщ, езыгъэфIакIуэщ, абы сыт щыгъуи къыхуэщхьэпэнщ Сэлэдин и IэдакъэщIэкIхэр. Ахэр куэд, икъукIэ куэд Iей мэхъу.

А псори дэгъуэу къызэхъулIэ Жылэтеж Сэлэдин 1940 гъэм январым и 18-м Аргудан къуажэм къыщалъхуащ. И ныбжьыр къэсри, школым щIэтIысхьащ. Сабий гурыхуэр пасэу дихьэхащ литературэм. Щапхъэу ягъэлъагъуэу тхылъ куэд зэреджэр, дауи, абы къыхуэщхьэпащ школыр фIыуэ къиухын папщIэ. Ар 1961 гъэм щIотIысхьэ КъБКъУ-м тхыдэмрэ филологиемкIэ и къудамэм. Абы илъэсищ хуэдизкIэ щеджауэ заочнэ отделенэм зрегъэдзри, лэжьэн щIедзэ. А зэрылажьэм хуэдэурэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрегъэгъуэт. Я къуажэ школым егъэзэжри егъэджакIуэу щолажьэ. А илъэсхэм щыгъуэщ Сэлэдин творческэ лэжьыгъэм щыдихьэхыпар. Усэхэр, рассказхэр зытх щIалэм и гур куэдым хуэпабгъэрт. АдэкIи еджэн зэрыхуейр зыщигъэгъупщэртэкъыми, ар щIотIысхьэ Iэджэм я хъуэпсапIэу, ауэ икъукIэ зыщIэтIысхьэгъуейуэ Мэзкуу дэт еджапIэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщ зым: артистхэр, сценаристхэр щагъэхьэзырым (ВГИК-м). Сценарист IэщIагъэм хурагъэджа адыгэ щIалэм ари ехъулIэныгъэкIэ къеух 1972 гъэм. А илъэс дыдэм Жылэтежым лэжьэн щыщIедзэ Кавказ Ищхъэрэм ейуэ Орджоникидзе (Владикавказ) къалэм щыIэ киностудием. Творческэ зэфIэкIышхуэ зиIэ Сэлэдин редактору абы щылэжьащ 1976 гъэ пщIондэ. ИтIанэ Налшык къегъэзэжри, Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм редактору мэув. Илъэс тIощIым щIигъукIэ зыIута

а ІэнатІэм журналист цІэрыІуэ щыхъуащ Жылэтежыр. Абы игъэхьэзыр икІи Іэзэу езым иригъэкІуэкІыж нэтынхэр купщІафІэт, я къэухьыр инт. Удэзыхьэхыу узэплът икІи узэдаІуэт.

Телевиденэм зэрыщылэжьа зэман кІыхьым кърибудэу ар кууэ щыгъуазэ хъуащ ди республикэми къэралми щекІуэкІ общественнэ лэжьыгъэхэм, Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм. Ар куэдрэ яІущІащ зи ІэщІагъэрэ лэжьыгъэкІэ зэхуэмыдэ цІыху Іэджэм. Мис а псори къыхуэщхьэпащ усакІуэ, тхакІуэ, сценарист, журналист Жылэтеж Сэлэдин и творчествэм зиузэщІын, зишэщІын папщІэ. Іуэхур апхуэдэу зэрыщытыр нэрылъагъу пщыхъунущ абы и тхылъхэр (ахэр 12 мэхъу) гупсэхуу щІэбджыкІа нэужь. Абыхэм ятелъщ Сэлэдин и дамыгъэ. Ахэм яхолъагъуэ Жылэтежыр нэгъуэщІхэм къазэрыщхьэщыкІ гупсысэкІэ, дуней еплъыкІэ зэриІэр. Абы и адыгэбзэ къулейри шэрыуэщ. Езым ещхьыжу щабэщ, Іэсэщ. Аращ ар сабийхэми псэлъэгъу щІахуэхъур, тыншу щІагурыІуэр. Адыгэ нарт хъыбархэм къыхихыурэ абы сабийхэм папщІэ триха фильмхэр ди щэнхабзэм и зы къудамэщІэщ, щІэщыгъуэщ, ахэр урысыбзэкІи адыгэбзэкІи щІэх-щІэхыурэ къыщаткІэ, цІыкІухэр телевизорым къыпхубгъэдэкІынукъым. ИкІи яужэгъуркъым. Ар Іэзагъэм и нэщэнэщ, и Іэужьщ. А Іэзагъэр Жылэтежым и творчествэ псом хыдолъагъуэ. Аращ абы щытхъу тхылъхэр, дамыгъэ лъапІэхэр къыщІыхуагъэфащэр, псалъэ гуапэ куэд къыщІыхужаІэр.

Жылэтеж Сэлэдин Урысей Федерацэм и творческэ союзищым хэтщ: ТхакІуэхэм, Кинематографистхэм, Журналистхэм. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми нобэми жыджэру холэжьыхь зи ныбжьыр илъэс блыщІ ирикъуа Жылэтежыр. Ар ди «Іуащхьэмахуэ» журналми нэхъыбэ дыдэрэ къыхуэтхэхэм ящыщщи, редакцэм щылажьэхэри и ныбжьэгъу тхакІуэу хъуари Сэлэдин дохъуэхъу куэдрэ узыншэу тхуэпсэуну, дяпэкІи и тхыгъэщІэхэмкІэ дигъэгуфІэну.

◈ ◈ ◈

# ЖЫЛЭТЕЖ Сэлэдин

## ЛЪАПСЭЖЬ

**Аргуэру, мис, сыкъохьэж лъапсэжьым.**
**ПпэІэщІэ сыхъуухункІэ сыпхуозэш...**
**КІуэдыжыпа-тІэ дэ ди лъэпкъ хабзэжьыр?**
**Жьэгу мафІэр ужьыхауэ сыпхуозэж.**
**Мэзэшыр унэр, пщІантІэри мэщыгъуэ,**
**Псэ хэтыж жыг пэзазэми пфІэмыщІ...**
**Дэ ди пщІантІэшхуэм, удз гъэгъа нэгъуни,**
**ЩыІащ дахагъэм зыри щыпамыщІ...**
**Нэхъапэм, сыкъэкІуэжми сэ жэщ никъуэм,**
**Ди хьэ гумащІэм зыкъысщимыгъэнщІт,**
**Ар гуфІэрт, хишу и хьэ банэ макъыр —**
**Унагъуэм си хъыбар яригъэщІэнт.**
**КъызэрыщІэххэрт си анэр япэ иту —**
**Унагъуэр ини цІыкІуи къыспежьэнт,**

**Хэти си гуапэ сэ къищIыну хэту**
**Хъыбар гуфIэгъуэкIэ ахэр къысIущIэнт…**
**Иджы псэ хэту пщIантIэм зыри дэскъым —**
**Хьэ цIыкIури Iэджэ щIауэ щIэтлъхьэжащ.**
**Жьгъырууэ сабий макъри хадэм изкъым —**
**Балигъ хъуа быныр я Iуэху хыхьэжащ.**
**Схуэпсэу си анэр — къалэм дэсщ си гъусэу,**
**Абы жьэгу мафIэр имыгъэужьых.**
**Лъапсэжьыр абы игу къихьат дыгъуаси,**
**Ныжэбэ сэри сепщIыхьащ нэху щыху.**
**Гъэгъахэм сатхьэкъуауэ ситт жыг хадэм,**
**Бжьэ цIыкIухэм я ву макъым сыщIэдэIут,**
**Ерагъыу сщIэж къудей си адэр**
**Зы гъэгъа цIыкIу естыну къызэлъэIут…**
**Си анэм гъэгъа IэплIэ къыхихт хадэм,**
**Удзхэр си адэм и куэщI ирилъхьэнт,**
**Зэм ахэр къыIихын имыдэу адэм,**
**Си анэм къыхуэупсэу IэщIилъхьэнт…**
**ИтIани си псэр псэхут, си гуфIэгъуэшхуэт,**
**Гъэгъам и епэрымэм сигъэнщIат.**
**Лъапсэжьым сэ зэгуэр сыщымыгушхуэу**
**Къэхъуауэ сщIэжкъым мы сэ къэзгъэщIам.**
**Иджыри сыхуопабгъэ ди лъапсэжьым,**
**Си гуауи сифIи сфIэфIщи хуэсIуэтэн,**
**Сэ щIы зэпысчу абы сыкъэсыжым,**
**Мы си гум жьы дэхупIэ егъуэтыж.**
**Аргуэру, мис, сыкъохьэж лъапсэжьым.**
**ПпэIэщIэ сыхъухункIэ сыпхуозэш.**
**Къыспежьэн дэмысыжми мы пщIантIэжьым,**
**СыкъэкIуэжамэ уи деж, сопсэхуж.**

## АДЭШХУЭМ И ФЭЕПЛЪ

**Шыхулъагъуэр и гъуазэу,**
**Есауэ и гъуэгуу,**
**Гъуэгу нэпцIкIэ адэшхуэм**
**Шы къихут.**
**Мышхами дыгъуасэ,**
**Мыгъуащэу лIы къуэгъур**
**Къургъакъхэм, уэшх къешхми,**
**КъапхыкIт.**
**И хуарэр мыгъасэу,**
**Сэхъуарэ ныкъуакъуэу,**
**Къепсыхмэ, игъашхэу**
**Нэху къекIт.**
**ХэIэжмэ зэ мазэр,**
**Нигъазэм-къигъазэу,**
**Ар Iуэхум тегушхуэу**
**Нэтэджт.**
**И лIыгъэр и гъусэу,**
**Псэхугъуэ имыщIэу,**

**ЩIэкIукIыу шым тесу**
**Нежьэжт.**
**Езыр щхьэмызагъэу**
**ЗекIуэным есауэ,**
**Псэу Iутыр зыхэлъыр**
**Арат.**
**Борэни, уэтIпсытIи,**
**Жэщыбги, нэхумыщи**
**ЩыщIичэ щымыIэу**
**Жыджэрт.**
**Щыжэщи, щымахуи,**
**Гъэмахуи, щIымахуи**
**Гъэхуауэ и Iуэхур**
**ИщIэжт.**
**Гъуэгуанэрт и гъащIэр**
**ЩIэщыгъуэ щызыщIыр —**
**Гъуэгу тету игъащIэм**
**Псэуащ.**
**Шыхулъагъуэр зыдз нэхум**
**Зы вагъуэ нэхъ нэхуу**
**Хэтщ гуапэу, соцIыхур**
**А зыр.**
**А зыр си адэшхуэм**
**Фэеплъ къысхуищIауэ,**
**Ар сиIэщ, сэ сеплъу**
**Езым.**

## НАПЭ

**Ахъши, фIыгъуи,**
**нэгъуэщI гуэри**
**Пэмыхъуну напэм!**
**ЛIы хуэдэлIым псэри гури**
**Къуитыфынущ япэ!**
**Мис аракъэ щIакIуэ кIапэм**
**Лыхэр нышIыхуэкIуэр,**
**ЦIыхур и пщIэр иIэ напэм**
**СыткIи ирагъэкIур…**
**Напэр — напэщ!**
**Напэр — лъапIэщ,**
**Напэр сытми япэщ!**
**Ухуэзышэр щIакIуэ кIапэм**
**Егупсыс — уи напэрщ!..**
**Ахъши, фIыгъуи,**
**нэгъуэщI гуэри**
**Пумылъыт уэ напэм.**
**ЛIы хуэдэлIым псэри гури**
**Къуитыфынущ япэ!**

## ПЩЭДДЖЫЖЬЫР ХЫ IУФЭМ

**Дунейм и напIэр къызэтрихым**
**Дыгъэшхуэр ещхьу къыщIэкIуэтырт,**
**Абы дунейм зыкъыхурихыу**
**ПфIэщIу щIы къуапэм зыщиIэтырт.**
**И дыгъэ бзийхэр ещхьт нэбжьыцу**
**Нэ пIащэм екIуу къыщхьэщытым,**
**ЩIы дызытетым хуэдизыпсу**
**Хэхъуэну пщыхъут дыгъэм и нету:**
**Ар хэхъуэрт слъагъуу, плъыжьу къэплъырт —**
**ЗыхэсщIэрт абы и хуабагъэр.**
**Сэ ситхьэкъуауэ абы сеплъырт —**
**Хигъахъуэрт ЩIЫЛЪЭМ и гуапагъым.**
**Дыгъэм и ныбжьыр хэджэгухьырт**

**Мо хы мамырым и псы гъуджэм,**
**Бзийхэм псы щхьэфэр ягъэтхытхырт,**
**Толъкъунхэр папщэу къэст псы ныджэм.**
**Пщэдджыжьыр бзыгъэу къэушакIэт,**
**ФIыкIэ цIыху псори къигъэгугъэу,**
**Мо хы есари ихъуу-ипкIыу**
**Нэхъ Iэсэ хъуакIэт зимыгъэхъуу.**
**ПопщIыпщIыр дыгъэм мывэ жьгъейхэр,**
**Еплъыт - дыщэ хьэдзэхэу къыпфIощIыр,**
**Ахэр ныджэм щабэу щохъейхэр,**
**Хы ткIуэпсхэр хуэму щыжэщIыжкIэ.**
**Мо псыщхьэм тесу хы тхьэрыкъуэр**
**А хышхуэм щосыр иримыкъуу,**
**Къыу къэгъуэщахэр зэрызекъуэу**
**ТотIысхьэ хышхуэм ирамыкуу...**
**ЦIыху къэскIэ ныджэм и псэр къехьыр,**
**ГуфIэжу ЦIЫХУХЭР зэрызехьэу,**
**Бжьэ матэу ахэр къэпщIа хуэдэ**
**ГуфIэжу хышхуэр зэхаутэ.**
**Зи бзи зи хабзи зэтемыхуэ**
**ЦIыхухэри нобэ зэроцIыхур —**
**ЩIЫМ и IэфIыр зыхуэIумахуэр**
**ИригуфIэу зэрыцIыхум.**

## ХЫР МЭБАУЭ

**Мазэм и нурыр псым хеутхэ —**
**Хыр псэхуу, щхьэхыу, бауэу щымщ...**
**Мазэм и бзийхэм ягъэтхытхми,**
**Ар жэщ мамырым щысабырщ...**
**КъыхобыргъукIыр хым «Iуащхьэшхуэ»,**
**Ар утхэу дэнэкIи мэлъей,**
**Зыкъыхичыну псым тогушхуэ —**
**Псэ хэту бауэ ар нэхъейщ.**
**Мо толъкъунышхуэм зиIэтащи,**
**ЛъэкI къимыгъанэу зеутхыпщI,**
**ЩIыкъыкъ-сыкъыкъыу «къыпыщэщхэр»**
**НэхупцIапцIэу пфIощIыр хигъэщэщ.**
**Iэпкълъэпкъ зэшахэр хуит хъужауэ**
**Толъкъун къарухэр зэрызохьэ,**
**Мо хы жеяр къэушыжауэ,**
**Псэуну гугъэ и гум къохьэ.**

**Губжьауэ хышхуэр къоуэ ныджэм.**
**Пэпщэжу, хуэму йокӀуэтыж.**
**Имыгъуэтауэ зыхуей Іэджэр**
**Къелъыхъуэ. И псэм хуимытыж.**
**Ешащ. Мэбауэ. Хыр мэпапщэ.**
**ЩэІужу ткІуэпсхэр зэбгырепхъ.**
**Толъкъуным и гукъеуэр дапщэ?**
**ГуІэжу псышхуэр зэпыретхъ.**
**МэІэпхъуэр. Абы къеущыхьыр,**
**Игъуэт хуэмыдэ щыпсэун,**
**ИмыщІэ пэтми и щхьэр здихьыр,**
**Къилъыхъуэ хуэдэ щІэпсэун.**

* * *

**Уэ уи ІэгуитІыр дыгъэм ещхьщ —**
**ЩІым телэжьыхьурэ тхъуэплъ къэхъуауэ,**
**Гуапагъи куэду япкърылъщ,**
**Іэнэгу ар цІыкІухэм яхуэхъуауэ.**

**Сэлам епхыну уІэбэху**
**Уи Іэгу къэжмыжхэр Іэм зыхещІэ,**
**ИтІани щІым ар теІэбэху**
**Къыщохъур щабэу едэхащІэ.**

## КЪАМЭ

**АнэнэпІэсым къыдихауэ**
**Ищэжт си адэм иІа къамэр,**
**Абы сыщеплъкІэ нэпс къысфІекІуэр**
**СхуэгъэпщкІукъым, гухэ сыкъэхъуащи,**
**Ар ещхьт ди дадэ и Іэ щІыІум**
**Телъа лъынтхуэшхуэ зэблэдзахэм.**
**Абы къыхэщырт дыщэпс лыдхэр,**
**Лъэпкъым и къуэпсу зэрыдзахэр.**
**Ар си мылъхуанэм къысхуимыдэу**
**Кърат и уасэм йоплъ нэпсейуэ...**
**АнэнэпІэсым къыдихауэ**
**Ищэжт си адэм иІа къамэр.**

**Анэнэпӏэсыр нэхъри хамэ**
**Къысщыхъути — батэрт си гукъанэр:**
**Цӏыхугъэу, лӏыгъэу хэлъыр лъэпкъым**
**Ищэжу сщыхъурт щӏыгъуу къамэм.**
**— Ухуеймэ, щэж ди мылъку илъэпкъыр**
**А лъэпкъ дамыгъэр къысхуэгъанэ! —**
**Сэ си гупсысэр къримыдзэу,**
**Анэнэпӏэсым къыдихауэ**
**Ищэжт си адэм иӏа къамэр.**
**— Сыт уэ щӏумыдэр хьэзаб къомым**
**Абы си лъэпкъыр къыхихауэ?..**
**Къэгубзыгъыжыт цӏыхухъу напэр**
**Абы и лӏыгъэм хуэкъэбзауэ —**
**Лей къыщыттехьэм дэ нэхъапэм**
**Ихъумэу Хэкур игъэбзауэ…**
**Ещэж си адэм иӏа къамэр**
**Анэнэпӏэсым къыдихауэ…**
**Абы сеплъыхукӏи лъэпкъ къудамэр**
**Зыхэсщӏэу гуауэм ирешэхыр…**
**Зыхэщӏи уэри а гукъеуэр,**
**Сынолъэӏу: къамэр умыщэ!**
**Кхъыӏэ, ди унэм ар къинэ…**
**Сэ закъуэныгъэр зыхэзмыщӏэу**
**Си гур хигъахъуэу ар сиӏэнущ…**
**Щыхуэныкъуами мылъку, ди адэм**
**Къамэр ищэну игу къэкӏакъым…**
**Уэри умыщэ пщӏантӏэм дэпхыу —**
**Иджыри лъэпкъым псэр хэкӏакъым…**
**Зэгъащӏэ! Куэдым зэӏэпахыу**
**Къелащ лӏэщӏыгъуэхэм си къамэр.**
**Ар хуэмыхъумэу, иридзыхэу**
**Иритыгъакъым зэи хамэм…**
**Иджы, хьэпшыпу, ар уощэжыр,**
**Лъэпкъ напэм нобэ усфӏещэжу…**
**Ягъэпэжащ ар ди лъэпкъ псоми**
**Зым зым ӏэпихыу хуэгумащӏэу,**
**Зы гъэпцӏэныгъэ ямыщӏэжу…**
**Кхъыӏэ, солъэӏур, къинэ къамэр**
**Сэ унагъуэщӏэ сыухуэнум…**
**Абы си лъэпкъым хуищӏа къомым**
**Щӏэщхъу псоми сфӏощӏ сащихъумэну.**

## ТЕПЛЪЭГЪУЭХЭР

* * *

**Бзыгъэ-бзыгъэу жэщыр пфIэщIу ибзу**
**НэхукIэ нурым кIыфIыр зэпеупщI,**
**Нурыр зыдз машинэр хьэлъэу гызу**
**Жэщыр зэхиутэу бгым ныдопщ.**
**И кIэтIийр вакъэпсу псэр дилъэфырт**
**А машинэ джабэм кIэрыхьам,**
**Ар екъухукIэ кIыфIыр трилъэфу**
**Къыпщыхъунут жэщым зуплъыхьам…**
**Бгы щхьэщыгум къыкъуэщт мазэ нэху,**
**Мы жэщ кIыфIым а тIэкIурт щыплъагъур,**
**Псэ зэшам, бэмпIам жиIэу «уэху»**
**Пшэм къыхэкIырт а бгы абрагъуэр.**

* * *

**Мэз лъапэм си хакIуапщIэр щыхэзгъэпщу,**
**Сэ щIакIуэ щIыIум пщIыхьэпIэ сыщеплът,**
**А жэщ мамырым и пIалъэм хэзгъэщIу,**
**Гъэмахуэ жэщым сепэму сыхэлът.**
**СыбэуэхункIэ маеу жьыр жьэдэсшэрт,**
**Ар шатэпс маеу си IумкIэ есшэхт,**
**Щабабзэу удз макъамэхэр зыщIэсшэрт,**
**А губгъуэм и бэуэкIэри зэхэсхт.**
**КIэхутхьэхур и нур гуапэмкIэ къэутхэрт,**
**Си напIэр нэху къеIусэм игъэтхытхт.**
**А псор псэм фIэфIу нэхэр щызэтесхым,**
**Сэ дыгъэ бзийхэм къызэжауэ сапхт.**

* * *

**Дадэ, даIуэт, уэ зэхэпхрэ?**
**Жэщыр мэIущащэ.**
**Е а макъыр жьыбгъэм къыпхуихьрэ,**
**Акъужь пхуэгумащIэм?**
**ЩIэдэIупэт - а макъамэм**
**Уи псэр егъэтыншыр,**
**Мыжеяхэм уэрэд щабэ**
**Дахэу къахурешыр.**
**Гъуэлъыжахэм а Iущащэр**
**Я пщIыхьым хуосакъыр.**
**А телъыджэу сэ зыхэсщIэм**
**Зэхэфхрэ фэ и макъыр?!**

* * *

**Уэсэпсым къигъэтхытхыу**
**Си лъэгу пцIанэр,**
**ЧыцI къезгъэзэну**
**Губгъуэм силъэдам,**
**Дыгъэм и бзийхэм**
**Дэрат къахэпхынур? —**
**Удз тхьэмпэ къэскIэ**
**Ахэр ешэкIат.**
**Тафэшхуэм хъыуэ**
**Щызэпырыдзауэ**
**А бзийхэм сыпкIэ-сылъэурэ,**
**СапхыкIт…**
**Зэми силъахъэрт**
**А хъы къызадзами,**
**Сылъейуэ губгъуэм**
**Сыщыщхьэпридзт…**

* * *

**Еуэ ара пфIэщIт щтаучым щыблэр,**
**Губжьауэ уафэхъуэпскI щиупцIкIэ,**
**МафIэр уафэгум щыхуэмыблэу,**
**ХъуаскIэр пшэкум щыункIыфIкIэ…**

**Уафэгъуагъуэм гъуахъуэу зечэтхъэжыр —**
**И хъуэпскIыр дэнэкIи мэлъей,**
**Пшэ укъубеям зетIыжыр,**
**Къокъуэлъэх зэм, зэм докъуэлъей…**



# УефIакIуэурэ дяпэкIи куэдрэ дыбгъэгуфIэну, Людэ!

Тхэным пасэу дихьэха Людэ тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я семинархэм ирагъэблагъэ мэхъу. Псалъэ гуапэ къыжраIэ, трагъэгушхуэ. И усэхэм хэлъ ныкъусаныгъэхэри ирагъэлъагъуж. Апхуэдэурэ и усэхэри щIэх-щIэхыурэ къытрадзэ. 1987 гъэм «Гухэлъ псалъэ» зыфIища и япэ тхылъыр къыдокI. Дауи, Людэ дежкIэ гуфIэгъуэшхуэт ар.

Зэгъэщтокъуэм си тхылъ къыдэкIащ, усакIуэ сыхъуащ, жиIэу зыр зым я ужь иту и тхылъхэр къыдигъэкIыну пIащIэртэкъым. Къыхиха, зыхуеджа пщафIэ IэщIагъэм ирилажьэрт, зыхэхуа унагъуэр зэрихьэрт, и бынхэр ипIырт, игъасэрт. Махуэ къэс илъагъухэр, зыхуэзэхэр, зыхищIэхэр мыпIащIэурэ усэбзэм иригъэзагъэрт. Ар щалъхуа и къуажэжьым Къэсейхьэблэ (Бахъсэненкэ), и щIыналъэ дахэм, хэкум, зауэм и лыгъей мафIэм хэтахэм яхуэусэрт. Газетхэм, журналхэм ахэр щIэх-щIэхыурэ къытрадзэрт. Тхылъ щхьэхуэхэуи къыдэкIырт. Абыхэм ящыщщ «Мывэми нур къыпех» (1999 гъэ), «Си гъуэгуанэ гъусэхэр» (2005 гъэ).

Зэгъэщтокъуэ Людэ гуапэу, езым и дуней еплъыкIэ иIэжу тотхыхь и къуажэгъухэм, лэжьакIуэ пажэхэм, гъащIэ гъуэгуанэ дахэ къэзыкIуа нэхъыжьыфIхэм. А тхыгъэхэр зэхуихьэсыжри, 2005 гъэм езым и ахъшэкIэ тхылъ щхьэхуэу къыдигъэкIыжащ «Си къуажэмрэ си къуажэгъухэмрэ» зыфIищар.

Мыгувэу «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIынущ Зэгъэщтокъуэ Людэ и тхылъыщIэ («Сыдоуэршэр си анэм»). Апхуэдэу мы гъэм аргуэру езым и ахъшэкIэ къыдигъэкIынущ «Несу вам истину» тхылъыр. Ар усакIуэм урысыбзэкIэ япэу къыдэкIыну и тхылъщ.

Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым хуэфащэу хагъэхьащ Зэгъэщтокъуэ Людэ. «Iуащхьэмахуэ» журналым щылажьэхэри и усакIуэгъу псори къыщалъхуа махуэмкIэ ди гуапэу дохъуэхъу икIи узыншагъэ быдэрэ творческэ ехъулIэныгъэрэ иIэу дяпэкIи и IэдакъэщIэкIхэмкIэ Людэ куэдрэ дигъэгуфIэнуи дыщогугъ!

# ЗЭГЪЭЩТОКЪУЭ Людэ

## АНЭМ И ГЪУЭМЫЛЭ

**А гъэр шэджэладжэт,
Тхьэмыщкlэр куэд дыдэт.
Гъэр гъейти —
Гуэдз хьэдзэри ябжт.
Зыбгъэзэми дэнкlи —
КъыIуидзэр уи нитIым
БлэкIа зауэ хьэлъэм
И фэбжьт.
Ди анэр фызабэт.
И бынхэм къытхэплъэм —
Гуэн нэщIым иплъэжу,
ГуIэжт.
Ар дэ зэхэтщIыкIырт,
Iэ гъурхэр къыддилъэм,
Ди ныбэ из хъуа ди гугъэжт.
Пхъэхь хьэлъэу и дамэм
Телъ гуауэр ихьт щыму —
Бэшэчт.
Тхьэусыхэм щымыщт,
Зым щихыр идыжти,
Адрейм къытщитIагъэрт,
Губгъэни и гъащIэм
ХуимыщIт.
Бын пажэр сэрати,
Лэжьэным щIэздзэнут,
Сыхуэхъуу унагъуэм
Сэбэп.
Си анэр мэлъаIуэ
Еджэным пысщэну,
Хилъагъуэу абы
Си насып.
Зы жэщым сэ схуедыр
Абы хъыдан вакъэ,
Гъуэмылэу къызет
Игъэжьа чыржын закъуэр.
Нэхущым ди деж
Сыкъыдеш.
Къалащхьэм Iуэху иIэу
КIуэрт гукIэ гъунэгъур,
Ди анэм и лъэIукIэ
Абы сыздыщIегъур,
Апхуэдэ Iуэхутхьэбзэр
ПщIэнри мытыншт.
Сэ гупкIэм сотIысхьэ,
СIыгъщ анэ гъуэмылэр,
Си Iэгур чыржыным
Пщтыр къещI.
Дежьащи. Солъагъу:
Къытенам уэрамыщхьэм
Iэ къещIыр.
И нэпсхэр елъэщI…
А гъэр шэджэладжэт,
Тхьэмыщкlэр куэд дыдэт.
Гъэр гъейти —
Гуэдз хьэдзэри ябжт.
ВакIуэлIхэм, лIым хуэдэу,
Си анэр яхэту
Итт губгъуэм,
ЛэжьэнкIи емышт.
ГушхуапIэу ар сиIэу,
Ерыщу сэ седжэрт,
И псалъэхэр хуэдэт
Зэхэсх.
Къэралым зиужьырт,
Зауае лъэужьу
Хьэзабыр
ТIэкIу-тIэкIуурэ бзэхт.
… Сабийхэр дэзэщ жылэм,
Хъуэпсэгъуэщ я гъащIэр.
Мэджэгухэр,
ЯIыгъщ щIакхъуэ тхъуэплъ.
Сэ ноби къысфIощIыр
Си анэ гъуэмылэр,
Си Iэгур пщтыр къищIу,
Иджыри сIэщIэлъ.**

## НАСЫПЫР ЗДЭЩЫIЭР

**Гъуэгуанэ сытехьэрт, къэслъыхъуэу насып,**
**Си лъахэр къэзгъанэу гупсысэм сыхэтт...**
**Си Хэкум нэщхъейуэ хуэзгъазэрт си щIыб,**
**Ди къуршхэри сфIэщIырт нэщхъейуэ зэхэт.**
**ЩIэзгъапщкIуэрт си нитIым гуапагъэу сигу илъ.**
**МафIэгур гызыжу гъущI гъуэгум етIыркът.**
**«Насыпыр, насыпыр» - Iущащэу къысщыхъут...**
**Насыпым и кIапэр сэ махуэм субыдт,**
**Жэщ кIыфIым сIэщIихти, и куэщI щигъэпщкIужт...**
**Ешауэ мы си гур гъущI гъуэгум къэкIуащ,**
**МафIэгум итIысхьэщ аргуэруи, ежьащ.**
**МафIэгум Iущащэу уэрэдыр къреш,**
**Си лъахэм сишэжу, хамэбзэм сыхеш...**
**Дыкъосри си Хэкум, мафIэгум хуэм зещI,**
**Къэслъыхъуэ Насыпым сэ нащхьэ къысхуещI.**

## СЭ КЪЫСЩОХЪУР...

**Ныжэбэрей жэщыр сыту гугъут...**
**Уэ усфIэкIуэдауэ укъэслъыхъуэрт.**
**КъуакIэбгыкIэм къугъыу дыгъужь макъ**
**ЩыIум нэхъри шынэр къызжьэхидзэрт.**

**ХьэIуцыдзым уаубыда сфIэщIу,**
**МафIэ сщIауэ, уи цIэр жысIэу сыджэрт.**
**Къыр щыгу дзакIэм лъапцIэу сыкъытету,**
**Зы щыхупIэ гуэрым сыныхуэкIуэрт.**

**Зэм къысфIэщIырт уи макъыр зэхэсхыу,**
**Зэми бгыр къыгуэхурти щыхупIэм,**
**Макъ шынагъуэ ищIу, ехуэхыжырт,**
**Щэху зи куэд жэщ кIыфIми зиущэхужырт.**

**Лъакъуэ пцIанэр банэм къысфIичатхъэу,**
**Сэ сыкIуэцIрыкIырт мэзым щхьэхьу.**
**ЗыхэзмыщIэу узи зы гугъуехьи,**
**Уэ укъэслъыхъуэжырт, псэм ухуэсхьу...**

**Сыкъоушри, сыкъэщтауэ, пIэкум**
**Сэ сыкъыщотIысыр, уи цIэр жысIэу...**

**Уэ укъэтщи зы тхьэмахуэ хъуауэ,**
**Сэ къысщохъу си гъащIэр уэ пхьауэ.**

* * *

**Си уэрэд, зэм уохъур жэнэтбзу,**
**Зэми къуаргъыжь макъкIэ укъозу;**
**Зэм къысщощIыр си гъащIэр жэнэт,**
**Зэми хьэрш бжэIупэм сыIубгъэтщ.**

**Си уэрэд, си гъыбзэ, си гухэлъ,**
**Iэпэпшынэу си псэр зэролъэлъ;**
**Зэм дахагъэр уэгум нэс уоIэтыр,**
**Зэми си гухэщIыр къысхуоIуатэ.**

## ПСЭМ И СУРЭТ

**Мы си гум кърешыр щIалэгъуэ уэрэд,**
**Мэусэр, хидыкIыу щIалэгъуэм и щыгу.**
**Бзэрабзэу къещыпыр, къещыпыр епэр,**
**И гъатхэщ, мэтIэпIыр и гулъу хъуэпсар.**

**ЩIэдэIут, щIибжыкIыр блэкIам и мыгъуэгу,**
**ЗыхуэкIуэр къэкIуэну насыпым и щыгущ.**
**Ар ехь лъагъуныгъэ толъкъуну къиуам,**
**Хэсыхьу, гум фIэфIу къыхиху и хьэуам.**

**Мы си гум кърищыр щIалэгъуэ уэрэдщ.**
**Сыт ныбжьыр зищIысыр? —**
**Ар псэм и сурэтщ.**

* * *

**Псэ лъагъуныгъэр мащIэ щыхъу щIылъэр —**
**Сэ сфIэгуэныхьщ.**
**ЦIыхухэм гупагъэр щамыгуэш щIылъэр —**
**Сэ сфIэпсэкIуэдщ.**
**ЦIыху псэ къабзагъэр щымыкIуэщI щIылъэр —**
**ДэркIэ жумартщ.**
**Сыт едмыщIами, ди щIылъэ-анэм**
**ДриIумэтщ.**
**Гупсысэ дахэм дохъури пэIэщIэ,**
**Мы си гур хощI.**
**Ди дуней дыдэри хъужкъым жыIэщIэ —**
**ЦIыхухэм задещI.**

* * *

**Умынэщхъей уэ, уи гур хыумыгъэщӀ,**
**Мы дунеишхуэм и къэхъукъащӀэр куэдщ.**
**Насыпым я нэхъ иныр илъщ уи куэщӀ,**
**Уэ уи куэщӀыр мыхамэщӀ.**

**Къохъу Хэкум и Ӏуэхур щызэхэзэрыхь,**
**Аращи, цӀыхухэм псоми мыхьыр дохь.**
**ИтӀани, дыщисыжкӀэ ди лъапсэжь,**
**ЗэгъащӀэ – диӀэщ насып мыкӀуэщӀыж.**

## УИ НИТӀЫР

**Уи нэ дахитӀыр умыгъэпщкӀу –**
**ПэщыхукӀэ си гур сыщӀэгъаплъэ.**
**СынолъэӀу: сыкъыумыщӀ емыкӀу, –**
**Си лъы жеяр къызэщӀэгъаплъэ.**

**Уи нэ дахитӀыр умыгъэпщкӀу.**
**Мы Джыласу и Ӏэшэлъашэм**
**Дахагъэу дэлъыр сфӀощӀыр къищ, –**
**Ар къабзэщ, ещхьу псыӀэрышэм**

**Уи нэ дахитӀыр умыгъэпщкӀу,**
**ПэщыхукӀэ си гур сыщӀэгъаплъэ,**
**Гухэлъ толъкъуныр псэм щопэкӀу,**
**Уэрат си гъащӀэм сызыпэплъэр.**

## ДИ ПСЭХЭР МЭГУГЪЭ

**СиӀэщ нобэ сэ къалэн мымащӀэу,**
**Къыспэщылъщ сщӀэн хуейуэ сэ куэд Ӏей.**
**Сэ сыщысщ тхылъымпӀэр зэӀыспщӀыкӀыу,**
**Си гупсысэм сищӀыжау нэщхъей.**

**Гъатхэр зэщӀотӀапӀэ, иӀэу гугъэ,**
**Мэхъу гъэмахуэм щӀэ къэкӀыгъэу хъуар.**
**Дыщогугъыр бжьыхьэм и бэвыгъэм,**
**Гъэхэр блэкӀми щхьэцыр ягъэтхъуау.**

**Сыт зэмани ди псэхэр мэгугъэ,**
**Псэ ӀэфӀагъи къэтлъыхъуэн демыш.**
**Псалъэ дахэм ди гур къыдогъагъэ,**
**КъытфӀагъэщӀу гъэхэм къагъэзэж.**

**МащӀэ дыдэщ дызыхуейр цӀыху цӀыкӀур,**
**Псэ хуабагъэ, зэхэщӀыкӀ къудейщ;**
**Дэ а мащӀэ тӀэкӀури дымыгъуэту,**
**ГъащӀэр щытӀэщӀэкӀри куэд Ӏейщ...**

**КъысӀэпоху тхылъымпӀэр — сыкъегъащтэ**
**Телефон ин дыдэу къэзууам.**
**Бгъэчым къоуэ си гур къысфӀилъэту,**
**НэкӀущхьитӀыр къоплъыр зэщӀэнау.**

**Къытызохыр трубкэр сэ хуэм дыдэу,**
**Сыщыгугъыу зэхэсхын уи макъ.**
**Ауэ къипсэлъыкӀыр жыжьэ дыдэу**
**Си Ӏуэхутхьэбзэ хуей цӀыху гуэр и макъщ.**

**Тызолъхьэжыр трубкэр согупсысу,**
**Махуэ Ӏыхьэ ныкъуэр, дауи, кӀуащ.**
**Блын сыхьэтым зэ сыхудэплъейри,**
**Усэм щызгъэфӀ уи цӀэм пысщэжащ.**

### *Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу*



# ЛIыгъэкIэ псыхьа гъуэгуанэ

***Очерк***

Зауэм и ужьыр хьэдагъэщ, ар икIи шэ къэуэжщ. Адыгэм диIэщ апхуэдэ псэлъафэ. ГъащIэр къэувыIэркъым – ар ипэкIэ мэкIуатэ, ауэ а зауэм и лъэужьыр лIэщIыгъуэ, уеблэмэ илъэс мин бжыгъэкIи щымыкIуэдыжыр нэхъыбэщ. Зыри хуейкъым лъыгъажэ. Псэр сыт хуэдизкIи IэфIми, абы нэхъ лъапIэ щымыIэми, хэкум хуаIэ лъагъуныгъэм, напэм папщIэ ар зытыфхэр, зытыфыну хьэзырхэр сыт щыгъуи гъунэжщ. ИкIи апхуэдэ цIыхухэрщ зи фIыщIэр мы дунейр нобэми щIэращIэу, ефIакIуэу зэпыту щIыщытыр. Гуимыхужщ ЕтIуанэ дунейпсо зауэр абы хиубыда дэтхэнэ зым дежкIи. А зэманым псэуа цIыхухэм хьэзабу ягъэвар дяпэкIэ Алыхьым зыми димыгъэлъагъукIэ.

Илъэсхэр кIуэху, ТекIуэныгъэр къытхуэзыхьахэр нэхъ мащIэ хъу зэпытщ. Ди Щхьэлыкъуэ къуажэшхуэм, ди жагъуэ зэрыхъущи, зауэм хэта нэхъыжьыфIу цIыхуищ къудейщ дэсыжыр. Дыщегупсыс щыIэщ: ярэби, псэззэпылъхьэпIэм ита, ди гъащIэр, Хэкур тхуэзыхъумахэр сыт ягъэ кIынт нэхъыбэрэ къытщхьэщытамэ, тхуэпсэуамэ, жытIэу. Ауэ гъащIэм иIэжщ езым и хабзэ. УмыгъэщIэгъуэн плъэкIкъым а зауэ гуащIэм хэтахэр гуапэу, я гур зэIухауэ, псэ къабзэ яIэу къызэрызэтенари. Апхуэдэ хуабагъ сэ дэслъэгъуащ ди къуажэм щыщ Ныбэжь Хьэмид. Куэбжэпэм гуапэу къыщыспежьа а нэхъыжьыфIым нэфIэгуфIэу си Iэр къиубыдщ: «ЩIыIэм уисащ. Япэ щIыкIэ шей пщтыр тIэкIу ефи зыгъэхуэбэж», жиIэри, пщэфIапIэмкIэ сригъэблэгъащ. СымыгъэщIэгъуэни слъэкIакъым абы хэлъ гулъытэр, зэхэщIыкIыр, езым нэхъыщIэхэр игъэгушхуэфу, нэжэгужэу зэрыщытыр.

Ныбэжь Хьэмид Хьэлым и къуэр Шэджэм куейм хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм щыщ къызэрыгуэкI мэкъумэшыщIэ унагъуэм 1917 гъэм къыщалъхуащ. Илъэс пщIыкIутI фIэкI мыхъуауэ, и анэр фIокIуэд. Сабий ныбжьым

ит а щIалэ цIыкIум нэсу зыхещIэ IэщIэкIа анэ бгъафэм и лъапIагъыр, абы къэгъазэ зэримыIэжыр. ГъэпщкIуауэ нэпс щыщIигъэкI къыхуихуэми, къыдалъхуахэм я нэхъыжь а щIалэ цIыкIум къыгуроIуэ и гур игъэбыдэу, и къуэш цIыкIухэм и нэIэ ятригъэтын, я гуауэр ящигъэпсынщIэн зэрыхуейр. Ауэ унагъуэм ишэч хьэзабым кIэух имыIэ хуэдэт. УхуакIуэ бригадэм хэту лажьэ и адэри къуажэм дащIыхь школым и унащхьэм къохуэхри, абы хиха фэбжь хьэлъэм къемылу, 1935 гъэм дунейм йохыж.

Зи адэ-анэр зыщхьэщыукIуриикIыу зеиншэу къэна сабииплIым я нэхъыжь Хьэмид, класситху фIэкI къимыухыу, колхозым хохьэ. Зи Iэпкълъэпкъыр иджыри нэсу зэрымыубыда ныбжьыщIэм и пщэ къыдохуэ унагъуэ зехьэныр, и шынэхъыщIэхэр зыхуей хуэгъэзэныр. Ар сыт хуэдэу хьэлъэу щымытами, лэжьыгъэм, гугъуехьым цIыхур епсыхь жыхуаIэращи, щIалэщIэр пикIуэтакъым Тхьэм къыхуищIам. Илъэсхэр блокI. ТIэкIу зыкъыдоужь щыжаIэм, 1941 гъэм Хэку зауэшхуэр къохъей. Ныбэжьыр ираджэ Дзэ Плъыжьым. 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм хэту Хьэмид щозауэ Тэн псым и Iэшэлъашэхэм, Прохоровкэ, Мартыновкэ, Сальскэ губгъуэхэм. А псэзэпылъхьэпIэ зауэхэм къыдыхэтащ и къуажэгъухэу ГъущIынэ Хьэжмурат, Шыкъ Хуэмгъуэт, Тау СэфрэIил, Жэгъуп Хьэзешэ сымэ. Апхуэдэуи и гъусахэщ Аушыджэр къуажэм щыщу Шэшэн Сэфарбий Бэтокъуэ и къуэр. Ар Венгрием щаукIащ, батальоным и командиру Еханэ хьэуа дивизэм хэтащ. Къармэхьэблэ щыщ Къармэ Исуфи и гъусащ. Мыбы теухуауэ Ныбэжьым къызэриIуэтэжащи, Исуф «Тигр» танкым япэу пэщIэувахэм ящыщащ. Окопым къипщщ, танк къыхуэкIуэм епщылIэурэ, зи люкыщхьэр техауэ илъэгъуа машинэ шынагъуэм гранатэ иридзэри, къигъэуауэ щытащ.

ИужькIэ Хьэмид къыщохутэ Сталинград и Iэгъуэблагъэхэм. А къалэр ихъумэурэ зэрихьа лIыгъэм папщIэ абы къыхуагъэфэщауэ щытащ нэхъ лъапIэ дыдэу езым нобэми илъытэ «За отвагу» медалыр. Сталинград къалэм зэрыпхъуакIуэхэр дахужа нэужь, ар ягъакIуэ 6-нэ хьэуа десантыдзэм.

Сержант нэхъыжь Ныбэжь Хьэмид полкым къыдыхэта, 6-нэ гвардие хьэуа дивизэм и езанэ батальоным и нэхъыщхьэу щыта майор Муравьев Александр ди хэкуэгъу зауэлI хахуэм къыхуигъэхьауэ щыта тхыгъэм къызэрыхэщыжымкIэ, 1943 гъэм Демьяновкэ деж бий гупыр щызэтракъута нэужь, ди зауэлIхэр дохьэ Кресцы жылагъуэ цIыкIум. А щIыпIэм ущызэуэну егъэлеяуэ гугъут. ИхъуреягъкIэ псыпцIэти, окоп къэптIын дэнэ къэна, тэмэму ущызекIуэфыртэкъым. Ауэ абдеж щекIуэкIа зэхэуэр ди сэлэтхэм я текIуэныгъэкIэ иухат.

ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министрым и унафэкIэ парашют десант зауэлIхэр Курскэ дуга лъэныкъуэмкIэ ягъэIэпхъуа нэужь, Старый Оскол деж зыщагъэбыдащ. Муравьев и гукъэкIыжхэм къызэрыхэщымкIэ, нэхъ зэхэуэ гуащIэ дыдэу щытахэм ящыщщ Курскэ дугам пэмыжыжьэу Яковлевкэ деж щекIуэкIа зауэр. Абдеж нэмыцэхэм япэу къэгъэсэбэпын щыщIадзащ «Тигр», «Пантера» танкхэр. А зэхэуэшхуэми хахуагъэ ин къыщигъэлъэгъуащ Хьэмид.

Муравьев зэрыжиIэжамкIэ, Ныбэжьыр яхэтащ бийм и танкхэм лIыхъужьыгъэ хэлъу ебгъэрыкIуахэм. Абы къищынэмыщIауи, уIэгъэ хъуа ди сэлэт, офицер куэд зэуапIэм къыIуихащ.

– Мыр къыщыхъуар Днепр псым дыщызэпрыкIхэм щыгъуэт. Абдеж унафэ къытIэрыхьащ полкыр зэдгъэуIуу, плацдармыр къэтщтэну, – игу къегъэкIыж Хьэмид.

А жэщым Ныбэжьыр псым зэпрыкIри къищIащ пщэдджыжьым ирихьэлIэу полкыр сыт хуэдэ зэуапIэ Iухьэн хуейми. А лэжьыгъэр абы гъуэзэджэу къызэригъэпэщащ. 1943 гъэм августым и 6-м сыхьэтыр тхум топгъауэхэм я зэхэуэм щIидзащ. Километр 90-м нэскIэ кIуэта нэужь, Белгород къалэр къащтащ. Абы и ужькIэ Ясси лъэныкъуэкIэ ебгъэрыкIуэу щIадзащ.

«Уэ, Хьэмид, ерыщу, лIыгъэ пхэлъу бийр зэтекъутэным теухуа лэжьыгъэр ебгъэкIуэкIырт. Хамэ къалэхэми, пцIыхум ещхьу, удыхьэфырт, зауэлIхэр здэкIуэн хуейм ущымыуэу нэпшэсыфырт», – щыжеIэ Муравьев и гукъэкIыж тхыгъэхэм.

– АдэкIэ зэхэуэр мэз лъэныкъуэмкIэ щекIуэкIырт. Дэ нэхъ ищхъэрэIуэкIэ, Бессарабием и щIы гъунэм пэгъунэгъуу дыщызауэрт. СощIэж, уэ псым узэпрыкIыу «бзэгу» къэпхьыну къалэн къыпщащIауэ зэрыщытари. Уэ ар хъарзынэу зэрызыфIэбгъэкIам и фIыгъэкIэ, дэ къэтщIащ бийм нэхъ зыщигъэбыда щIыпIэр. Мыгувэуи понтон лъэмыжыр Днепр псым теддзэри, КъухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ зеттауэ дызэпрыкIащ, абыи уи фIыгъэшхуэ хэлъщ, – жеIэ Хьэмид къыдэзэуа сэлэтым.

Знаменск къалэр хуит къыщащIыжым зауэр егъэлеяуэ гуащIэу екIуэкIырт. Пулемет зэрыт быдапIэм къиукI фашистхэм ди полкым зичыпIэ къаритыртэкъым. Ныбэжьым къалэн къыщащI, сыт къэмыхъуами, а быдапIэр къищтэн хуейуэ. ЗауэлIыр абы йопщылIэ, гранатэ иредзэри, а щIыпIэр щэху мэхъу, ауэ иужькIэ къоIу Хьэмид и автомат лъалъэ макъыр. А ехъулIэныгъэм апхуэдизкIэ сэлэтхэр щыгуфIыкIати, IэплIэ ешэкIакIэ яIэтырт.

АдэкIэ ди дзэм къыпэщIэтт нэмыцэ танк дивизэхэу «Мертвая голова», «Викинг» жыхуаIэхэр, СС-м и лъэсыдзэхэр. Ауэ а зэхэуэри иухащ Ныбэжьыр зыхэт советыдзэхэм я ехъулIэныгъэкIэ, Знаменкэ къалэр къащтащ.

Щхьэлыкъуэ щIалэр шыщхьэмыгъазэу хэтащ Харьков, Полтавэ, Кременчуг, Умань, Будапешт къалэхэр, Корсунь-Шевченкэ районыр къэзыщтахэм, апхуэдэуи Днестр псым зэпрыкIахэм ящIыгъуащ.

ЕтIуанэ Украин фронтым хэту, гвардием и зауэлI Ныбэжьыр яхэтащ бий залымым Молдовэ, Румыниер, Венгриер, абы кIэлъыкIуэу Австриер къаIэщIэзыгъэкIыжахэм.

Ар дэнэ щымызэуами е сыт хуэдэ IэнатIэ Iумыхьами, и ныбжьэгъухэм ягъэщIагъуэрт адыгэлIым хэлъ лIыгъэр, и псэ зэремыблэжыр. Абы и щыхьэтщ ди хэкуэгъу нэхъыжьыфIым къыхуагъэфэща къэрал дамыгъэ лъапIэхэр: Хэку зауэшхуэм и орден япэ, етIуанэ степень зиIэхэр, «Вагъуэ Плъыжьыр», «За отвагу» медалыр, нэгъуэщIхэри.

Главнокомандующэ нэхъыщхьэ, Совет Союзым и Маршал Сталиным къыбгъэдэкIыу 1945 гъэм апрелым и зым фIыщIэ тхылъ къыхуигъэхьауэ щытащ. Абы щыжеIэ: «Военнэ советыр къохъуэхъу, быдэуи къыпщогугъ ди къэралым и бий нэхъыщхьэм ешрэ шынэрэ умыщIэу адэкIи уебэныну, бийр и кIэм нэс зэтепкъутэну».

Абы и ужькIи Хьэмид и дамыгъэхэм къахэхъуащ Жуковым и медалыр, абы нэмыщIауи юбилей медалхэри. Псом хуэмыдэу Хьэмид нэхъ игу къинэжахэм ящыщщ Кременчуг деж щекIуэкIа зауэр. Нэмыцэ командованэм а къалэм дзэшхуэ, зауэ техникэ куэд щызэщIигъэуIуат.

– МахуихкIэ дэ абы зауэ хьэлъэ щедгъэкIуэкIащ. Дызыдыхьэ дэтхэнэ зы уэрамми, уеблэмэ унэ къэси дыщызэуэн хуей хъурт зым IэщIыхьэр

адрейм иубыдыжу. А зэхэуэ гуащIэм кIэух имыIэжыну дэтхэнэ зыми къытщыхъурт. Ауэ фашистхэм яхуэмышэчыжу икIуэту хуежьащ. 1943 гъэм августым и 29-м дэ къалэр къэтщтащ, – жеIэ Хьэмид.

Ныбэжьыр а зэхэуэ гуащIэм уIэгъэ щохъу, ауэ медсанбатым куэдрэ зыщимыIэжьауэ, и Iэблэ уIэгъэри пхауэ, «За отвагу» медаль етIуанэри хэлъу и частым хохьэж.

Нэмыцэр икIуэтми, къыщыувыIа щIыпIэхэм деж лъэщу зыщигъэбыдэрт.

Подольск къалэ архивым хэлъ тхылъхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, мартым и 25-м 1945 гъэм Грон псым Ныбэжьым и гупыр щызэпрыкIым, лIыхъужьыгъэ ин къигъэлъэгъуащ. Теков-Шарлугэ къуажэр къыщащтэм, ди хэкуэгъур псом япэ абы дыхьащ. ЦIыхуищ зэрыс, шэхэри куэду зэрылъ автомашинэр къигъэуащ.

1946 гъэм хуит къащIыжри ар дзэм къокIыж. Зауэм къыхиха фэбжьхэм я Iэужьу, зэрыныкъуэдыкъуэмкIэ тхылъ иIэми, абы щхьэкIэ къимыгъанэу, колхозым и бригадиру мэув. ИужькIэ органхэм ираджэри, пенсэм кIуэху абы щолажьэ.

Мы зэманми тIысыжауэ щыскъым Ныбэжьыр. Ар щIэх-щIэхыурэ ирагъэблагъэ школхэм, и зауэ гъуэгуанэхэр иIуэтэжу еджакIуэхэм я пащхьэм къыщопсалъэ. Къыдэзэуахэм я письмохэр Хьэмид иджыри къыздэсым къыIэрохьэ. Иужьрейуэ Мэзкуу къикIахэм ящыщщ зауэм къыдыхэта Лукаш Н. А. и тхыгъэр. Апхуэдэуи, Румынием, Молдовэ, Чехием, Словением, Хорватием, Венгрием, Австрием я президентхэм къабгъэдэкIа хъуэхъу тхыгъэхэри ехъумэ Ныбэжьым.

АдэкIи зауэм къыдыхэта, Новосибирск щыпсэу Александр Гаврилович (и унэцIэм дыкъеджэфакъым) и тхыгъэу хъуржыным къитхахэм къахэсхам дыкъыщоджэ: «Сэлам гуапэ узох, Хьэмид, уэрэ уи унагъуэмрэ!

Къысхуэгъэгъу куэд щIауэ сызэрынэмытхэжыфар. Абы лъандэрэ илъэс псо дэкIащ, сэри щхьэусыгъуэ гуэрхэр сиIащ. Ауэ псом нэхъыщхьэу ар къызыхэкIар уи адресыр зэрысфIэкIуэдарт. Хьэмид, упсэу уигу дыкъызэрыбгъэкIыжыфым, дызэрыпщымыгъупщэм папщIэ!

Абы лъандэрэ илъэс тхущIрэ щырэ дэкIащ, ауэ сэ псори фIы дыдэу сощIэж. Ди ныбжьэгъу Александр Иванович Муравьев и гъусэу зытребгъэхауэ щыта фи сурэти сиIэщ.

Хьэмид, уэ къыботх къуищ уиIэу. Ар си гуапэ хъуащ икIи къысщохъу а щыри уэ уэщхьу губзыгъэхэу, лъэрызехьэхэу. Уэ ди зауэлI щIалэхэр пщымыгъупщэу зэрыжыпIэр си гуапэ мэхъу, ауэ абыхэм я нэхъыбэри дунейм тетыжкъым.

Къысхуэтх, сыт хуэдэу упсэуми, уи къуэхэми, уи къуэрылъхухэми я IуэхущIафэхэми щыгъуазэ сыхуэщI».

Ныбэжьым иIэщ мыпхуэдэ тхыгъэ куэд. УмыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым мы нэхъыжьыфIхэм я гумащIагъэр, зыр адрейм и узыншагъэм щIэупщIэу, тегузэвыхьу зэрызэхуэтхэр. Зэман кIыхь дэкIами, абыхэм я зэныбжьэгъугъэр зыкIи нэхъ кIащхъэ хъуакъым. Ахэм я зэкъуэшыныгъэм и лъапIагъри, Совет къэралыгъуэр зэрылъэлъэжрэ щыIэу хуежьа националист зэщIэхъееныгъэхэми я псэр ихузакъым. А нэхъыжьыфIхэм къагурыIуэу щытащ урысхэри, балъкъэрхэри, адыгэхэри, нэгъуэщI лъэпкъ псори гъащIэм, зауэ гуащIэм къуэш зэрызэхуищIар, дэтхэнэ зы цIыхуми ди ТекIуэныгъэр елъытауэ зэрыщытар.

Совет къэралыгъуэр щымыIэжми, абы щIэзэуа нэхъыжьыфIхэр псэущ.

Ярэби, щхьэ тхузэфIэмыкIрэ абыхэм дадэплъейуэ, дызэрылъагъуу, дызэрылъытэу дыпсэун, ди зэныбжьэгъугъэр, зэкъуэшыныгъэр дгъэбыдэн, мо лIыхъужь къытхуэнэжа мащIэхэр гуныкъуэгъуэншэу дгъэпсэун?! Абыхэм я гуапэ пщIын, бгъэгуфIэн папщIэ куэд ухуейкъым. Нэхъ фIыгъуэ дыдэуи а нэхъыжьыфIхэм ялъытэр ар цIыху гулъытэрщ.

Хьэмид зауэм щигъэва хьэзабыр ирикъунт, нэгъуэщI гуауэ адэкIи имылъэгъуами. Ауэ, Тхьэм зэриухам хуэдэу гъащIэм псори зэрегъэзахуэ. Ныбэжьым илъэгъуащ нэхъ гуауэ дыдэу дэтхэнэ зы адэ-анэми я нэгу щIэкIынур. Абы и щIалиплIым щыщу тIур щIилъхьэжащ. И щхьэгъусэри дунейм ехыжащ. И къуэ нэхъыщIэм бгъэдэсщи, и пхъум хуэдэу ибж и нысэ, Мэргъущ Хьэрэбий ипхъу Iэсят зыми хуимыгъэныкъуэу зэрехьэ. ИкIи Алыхьым и фIыщIэщ илъэс 90 ирикъу дадэ угъурлыр, апхуэдиз гуауэм и ужькIэ зэпIэзэрыту, зэхэщIыкI нэху иIэу къызэрызэтенари.

IурещIэ ар иджыри ТекIуэныгъэм и махуэшхуэ куэд.

***НАФIЭДЗ Мухьэмэд***

## Культурэм и лъахэм

ЕЛГЪЭР Кашиф

# «Уэлэхьи, пэжтэмэ...»

***ФызитI щызиIа Махуэшхуэр, Е абы сигу къигъэкIыжахэр***

Зыбгъэтхак Iуэу, зыбгъэжурналисту дунейм ущытеткIэ, – атIэми сэ къэзгъэщIам хуэдизрэ ущыпсэукIэ, – Iэджэми уахуэзэнщи, куэди плъагъунщ икIи зэхэпхынщ. Пэжщ, а псори уи гум иубыдэгъуейщ – узыхуейри узыхуэмейри щIибубыдэни щыIэу къыщIэкIынкъым: пхъэнкIий идзыпIэ щымыхъуакIэ, къэбгъуэту хъуар пхъуантэм щхьэ дэлъхьэн хуей? Пхъумэну зыхуэфащэращ гъэтIылъыгъэ щIыпхъэр, уи гум щыпхъумэхэми зэрабгъэдыхьэн хуейр апхуэдэу къыщIэкIынщ. Ахэр къэпIуэтэжын мурад уиIэмэ, уи фIэщу ущыпсэлъэнури ущыгушыIэнури пщIэжу. Ауэ аитIури гъащIэм щызэщIыгъущ. Арыншамэ, зы лъэныкъуэкIэ, узэшыгъуэнущ, етIуанэ лъэныкъуэрщи, ебгъэлеймэ, делэ дыхьэшхрилэщ къыпхужаIэнкIэ зыхуэIуа щыIэкъым. НэхъыфIыр зэщыщхъуу упсэуныр, упсэлъэныр арауэ къыщIэкIынщи... Абы тетыфыр ехъулIащ.

Апхуэдэ адыгэлIу щыташ хэплъэгъуэшхуэкIэ гъэнщIа пьесэхэри, романхэри, наукэм ехьэлIа лэжьыгъэхэри, гушыIэрэ ауану зэхэлъ «Уэлэхьи, пэжтэм...» тхылъри зи къалэмыпэм къыщIэкIа Шортэн Аскэрбий. И художественнэ прозэ гъуэзэджэм и гугъу тщIынкъыми, а зы лIым бгъэдэлъ драматургыгъэри, режиссерыгъэри, артистыгъэри, абы сыт хуэдэуи зыкъыуигъэлъагъуфынут. ЩIыху Iэзэм зэрихабзэу, иджыпсту къылъыкъуэкIынкIэ хъунур къэщIэгъуейт – художественнэ образ зыбжанэу зэхэлът ар езыр. Абыхэм зыщIыпIэхэм деж я гугъу щысщIыжащ. Ауэ зи гъащIэри зи дуней тетыкIэри псынэ мыкIуэщIу, къигъэхъуапIэшхуэу псэуа Шортэн Аскэрбий ящыщкъым лIа нэужь ящыгъупщэжхэм – абы и цIэри и IуэхущIафэхэри ди щэнхабзэр зыгъэбжьыфIэу къэнащ. ИкIи псэунущ...

«Махуэшхуэ» псалъэр хьэрфышхуэкIэ къыщIезгъэжьар а махуэм фызитI сиIэ зэрыхъуаратэкъым – пэж дыдэу, ар ехьэлIат а лъэхъэнэхэм дгъэлъапIэу щыта Махуэшхуэм: Майм 1-м. Дунейм и дахэгъуэт. Унэхэр, уэрамхэр щагъэдахэ, цIыхухэми зыщагъэдахэ, зыкъыщрах Махуэшхуэт. Ауэ уэ зыбгъэщIэращIэ къудейкIэ зэфIэкIынутэкъым – уэрамым удыхьэу ди псэукIэ дахэм ухуэгуфIэн, ар «Ура!»-хэмкIэ Iэтын хуейт. АтIэми, гъатхэ зэщIэпщIыпщIэм зэригъэщIэращIэм нэмыщI, абы сыт щыгъуи къытредзэ ди текIуэныгъэкIэ иуха Хэку зауэшхуэм и нур мыкIуэщIыжыр. Си щхьэкIэ къысщохъу Майм и 1-р гъэлъэпIэныр ТекIуэныгъэм и махуэшхуэр уафэм нэс Iэтыным и щIэдзапIэу – репетицэу. АтIэми мо зэманхэм щыгъуэ ар хьэкъыпIэкIэ къыбгурыIуэн хуейт. Арыншамэ... политикэм, идеологием хэпщIыкI щIымыIэу арат.

Апхуэдэ «къыкIэрыхуахэр», «зэхэщIыкIыншэхэр» парт, профсоюз, комсомол собранэхэм къыщыпагъэжьыкIырт. Абыи къыщымынэу, выговорыжьыфI къыпкIэщIаукIэн, лэжьапIэм укъыIуахункIэ уагъэшынэн жыхуэпIэхэр зырикIт. Пэжщ, сэ апхуэдэ шынагъуэ сыхэтакъым зэи –

редакцэм щылажьэхэм я Iуэхур щхьэхуэт: Махуэшхуэхэр зэрекIуэкIа щIыкIэм дытепсэлъыхьыжу арат. АтIэми фызитI сиIэ щыхъуа мо Махуэшхуэм щыгъуэ «Iуащхьэмахуэ» журналым сыщыIэт. Абы щылажьэ цIыху зыплIытхур демонстрацэм дыхэтын хуейуэ зыми дыхигъэзыхьыртэкъыми, гукъыдэж диIэмэ, сабиитIыр щIэсшурэ зыплъыхьакIуэ дыкIуэу арат. Апхуэдэ махуэхэм деж зи нэм чы техуауэ къэзыжыхьыр, арыншами зэманыр сыт щыгъуи къызэмэщIэкIыр мыгъуэр зи мыгъуа физхэракъэ? ЩIалитIым я анэри апхуэдэт: щымахуэшхуэкIэ, унэри нэгъуэщI зыгуэру зэлъыIухын, хэт ищIэрэ, хъуэхъуакIуэ зыгуэр къыщIыхьэмэ, Iэнэм къытеплъхьэн нэхъыфIыIуэ гуэр уиIэн хуейт. «Сэ сыкъыкIэроху. Джэдыр жьэмэ, тебэр къытефхыж, кхъыIэ», – жиIэу пIащIэ-тхъытхъыу къижыхьырти: «Ар жьэхукIэ зыпIэжьэмэ, зигъэгусэу празднычым игъэзэжын уи гугъэ?» – согъуматIымэ. АрщхьэкIэ си псалъэр къызжьэдагуэж: «Нэгъабэ бжьыхьэм сыкъызэрагъэлъар умыщIэжу... Аращ тхьэкIумэкIыхьыр къаукI щхьэкIэ, бажэр гузавэрэ, жи. Армыхъумэ, къызжаIа бзаджэри псалъэ зэрызагъэтари пщыгъупщэжауэ». «Хъунщ, хъунщ! Сщыгъупщэжакъым. Жэ, кхъыIэ, зыкъыумыгъэукI», – жызоIэ, мафIэм къуацэкIэ сызэрыхэуам сыхущIегъуэжауэ.

Пэж дыдэу, сщыгъупщэжатэкъым Октябрь революцэм и махуэшхуэр щыдгъэлъэпIа нэгъабэ физыр гъынанэу къызэрыкIуэжар. КъыщIагъэлъар лIот? Абы щыгъуи зэманыр зыхуримыкъуар ищIэнухэр и кIэм хунэмыгъэсарэ гувауэ щIэжрэ пэткIэ телефоныр къоуэ. Къэпсалъэр хэтми зримыгъэщIауэ Iейуэ пхущIэкIынти – къызэтоувыIэж. Сымаджэщ щIыхьэпIэм къипсэлъыкIхэрт. Си шыпхъур сымаджэ хьэлъэу къызэрашамкIэ хъыбар дагъащIэу арати...

– ЕIмэ-еI! Уи пщыпхъу сымаджэрат нэхъапэр хьэмэрэ дунейпсо гуащIэрыпсэухэм я вождышхуэ Владимир Ильич Лениныр зи пашэу къытхуахьа Октябрьскэ социалистическэ революцэ иным и Махуэшхуэр гъэлъэпIэнрат?! АфIэкIа зэхэщIыкI зимыIэр ди идеологическэ фронтым щыбгъэлажьэ хъуну?! – уафэм сабэ дрепхъей профсоюз комитетым хэтхэм яащыщ НэIусэу щыта, а цIэм къытекIыурэ Люсэ – Нюсэ, итIанэ Аня-Аннэ Мухьэжырэвнэ-Жоржовнэ хъуа хъыджэбз цIыкIум.

ПщIэшхуэ зыхуэсщI, илъэс щэ някъуэм щIигъуауэ сызималъхъэ, фIыуи сыкъэзылъагъу а цIыхубз гуп хъарзынэм я IеицIэ жысIэну, щIэнэкIалъэ сщIыну зигу къэкIынкIэ хъунухэр Iейуэ щоуэ. Ахэр цIыхубз телъыджэхэщ. Ауэ... сэ ахэр зэрысцIыху лъандэри ноби жьыри щIэри зэрызэджэжхэр... девочки! – жаIэущ. КъимыдэкIэ, мэлищэ щIакъуэншэ хъурэ, жи. НэIусэм къыщежьэу Аннэ Жоржовнэм нэсам хуэдэ зыгуэрхэри яхэтми... А «хъыджэбз цIыкIухэм» лIэщIыгъуэ някъуэм щIигъуауэ сыкъыщацIыхукIэ, дауи, ящIэ Мыщэ зыфIащауэ щыта си щыкъу адэри абыхэм я деж Михаил зэрыщыхъуар. Ари збзыщIауэ щытамэ, фэ гуэр къызаплъынкIэ хъунт...

Арати-тIэ, зи псалъэм жэуап имыгъуэта Аннэ Жоржовнэр яхоплъэ зи щхьэр щIэIуауэ щыс и «хъыджэбз цIыкIуэгъухэм». «Хъуну хьэмэрэ мыхъуну?!» – щIоупщIэ аргуэру. Зи блэгущIэм джэдыкIэр щыжьэр пщыпхъу сымаджэр мо Iуэхушхуэхэм япэ изыгъэщу демонстрацэм мыкIуа «хъыджэбз цIыкIуращ». «И хъыджэбз цIыкIуэгъухэм» жаIэнур сыту пIэрэ: «хъунукъым» е «хъунущ». А псалъитIым я зым елъытащ абы и Iуэхур зэриухынур. Ауэ, Тхьэм и шыкуркIэ, псори НэIусэ защIэтэкъыми, «хъуныр» трагъакIуэ. Пэжщ, а «хъуным» выговор кIэрыщIауэ, дяпэкIэ апхуэдэ «щыуагъэшхуэ» зэримыщIэжынури псалъэ быдэкIэ щIэгъэбыдэжауэ...

Иджы а псалъэ быдэр игъэпэжын хуейти, джэд някъуэжьэр цIыху-

хъуищым къытхуигъэнауэ пIащIэу щIыщIэжыр арат. Дэ дыкъызыкIэрыху щыIэтэкъым...

ДымыпIащIэурэ, морожнэти псыIэфIти жытIэурэ дыздэкIуэм, шокъущ жоуэ дыхуозэ зауэм къыщихьа дамыгъэ лъапIэхэр зи бгъэм къыхэлыдыкI, зи щхьэ джафэшхуэм дыгъэ нурыр къытелыдыкI Шортэн Аскэрбий. Сэлам-чэламхэр, зэщыгуфIыкI-зэхъуэхъухэр зэфIэкIа нэужь, шэджагъуэ нэсати:





**КIэщт Къасболэтрэ Шортэн Аскэрбийрэ**

– Неблагъэ. Праздничщ. АтIэми нобэрей Махуэшхуэм къыкIэлъыкIуэну нэхъ Махуэшхуэжыр къытхуэзыхьахэм уащыщщ. ТIуми я саулыкъукIи... – жызоIэ..

– Упсэу! Ауэ сэ сынэхъ гъунэгъущ. Дадэ, шкIэр къегъазэ жывмыIэу, фэ фынеблагъэ хъунукъэ?

– Уэли, ари хъунутэм, ауэ... дэри дыжыжьэкъым. ИкIи дызэкIэрыщIэжауэ дауэ хъун? ЦIыхуфI и Iэнэ хьэзырщ, жи. Уэ, Тхьэм и шыкуркIэ, уцIыхуфI дыдэщ. Ди Iэнэр зэтету дыкъыщIэкIащи, абы бгъэдэсыну уэр нэхърэ нэхъыфI къэтлъыхъуэнкъым... – Аскэрбий щытхъу тIэкIур зэрыфIэфIыр (ар зи жагъуэ щымыIэ пэтми) сощIэри, тхъупсыр къызогъэжэх. АбыкIи къыщысхутемычым: – Iагъ, щыри уи закъуэ дримыуасэми, дэ лIищ дохъу. СабиитIым я хьэтыр лъагъуи...

– ФынакIуэ-тIэ. Ауэ куэдрэ дыщыс хъунукъым. Сэ сылэжьэн хуейщ, – жеIэри къожьэ.

«Хамэ зыщIэбгъэхьэ мыхъуну, цIыхум къыбдалъагъункIэ емыкIу» фэтэрым и бжэр Iусхыну си жыпым сипщIэпщIыхьу дыздэщытым, ди Iэуэлъауэр зэхихагъэнщи, дяпэ къэзыгъэзэжа фызым бжэр къыIуехри:

– АIей! Сытым укъытхуихьа, Аскэрбий?! Сыту фIыщэу укъэкIуа! Къеблагъэ! Къеблэгъапэ! – жи.

– Елгъэрхэ я къуищым лIы закъуэр саубыдри...

– Абы нэхъыфI ящIэнкъым, тхьэ! Нобэ хьэщIэ ихьэгъуэ махуэмэ, уэ ягъэхьэщIэну яхуэмыгъуэтым ухуэдэмэ!..

ЗэпрыкIыбжэкIэ зэпыщIа ди пэшитIымкIэ догъазэ. Пэж дыдэу, ди

Iэнэр хьэзырт. Зыгуэрхэр гъэхуэбжын, къытегъэувэжын фIэкIа къызыхуэт щыIэтэкъым. Ди фэтэрым цIыху къыщIэбгъэхьэу абы зыгуэр Iубгъэплъэныр напэтехыу жызыIэурэ си фэр изых фызым дуней гуфIэгъуэр иIэу къежыхь, сэри абы зыгуэрхэмкIэ Iэпыдзлъэпыдз сыхуохъу. Аскэрбии апщIондэху и щхьэ трегъэуж: пэшитIыр, япэм дызыщIэса фэтэрым щIэмыгъуэтыхьу къысхуэнэжа тхылъ тIэкIухэр, абы щIэлъ-щIэтхэр къызэпеплъыхь. Сэри схэлъщ а хьэлыр: зыщIыпIэ сыщIыхьа нэужь, псори зызогъэлъагъу. Ауэрэ, зэрыхъуар сщIэркъым, къытхэс хамэ унагъуэм (абыхэми кIуэцIыбжэкIэ зэпыщIауэ пэшитI яIыгът) я бжэр Iуехри щIохьэ. ПсынщIэ дыдэуи къыщIегъэзыкIыж:

– Фыз дапщэ уэ уиIэр? – сигъэукIытэу, и нэр къыстреубыдэ. Апхуэдэу къызэупщIыныр къызыхэкIар къызгурыIуати, мобы и гушыIэкIэм сыпэджэж щIыкIэрэ, зыр сфIэмащIэу, щыр сфIэкуэдыIуэу:

– ТIу, – жызоIэ, си напIэ мыхуадэу.

– ТIуи?! – и нэшхуитIыр кърегъэж. «НтIэ» къизгъэкIыу, си щхьэр сощI.

– Уэлэхьи, лIыгъэ уиIэм уэ! Дэ зы фызыр тхуэмыгъэфIу ди щхьэр щIыдагъэхьэ уэ... Мо пщIыгъуа цIыкIуитIым нэмыщI, мобдей щIэсу слъэгъуаитIри уи бын-тIэ?

– Уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи... АитIур къэзылъхуар си щхьэгъусэмэ, ахэри сысеин хуейщ...

– Нобэрей щIалэгъуалэр фигъэудэфащ Советскэ властым – сыт фщIэми, къыфщIокIуэ. Ди щIалэгъуэхэм апхуэдэ зыгуэр тщIамэ, фийуэ партым дыкъыхадзат.

– Акъсырэ Залымхъани жиIауэ, сэ партым сыкъыхадзыфынукъым...

– ЫI!..

– Сыхэткъыми... ПщIэжыркъэ, Залымхъан партым къыхригъэдзыну унажэ къыхуэжауэ щытам и хъыбарыр?..

– Уэлэхьи, гъуджэм бгъэдэту сызыIуплъа мо дэгъуэжьым щхьэкIэ партми зыкъыхебгъэдз хъуным... Зым зигъэщIэращIэрэ зыкърихыу гъуджэм кIэрыту, адрейм Iэщхьэлъащхьэр дэхьеярэ къижыхьу щIэту... АитIур дауэ пхузэгурыгъаIуэрэ?

– СхузэгурыгъаIуэрэ? Зы мыхьэнэншэ щхьэкIэ зэщохьэхэри, си фэр... ди фэр зэрох, – жызоIэри, си щытыкIэм тIэкIу зехъуэж – къекIуэкI псалъэмакъым пэжу хэтыр а зырат: мо зэхамэ фызитIым пщэфIапIэр, зыгъэпскIыпIэр, псыунэр нобэ зэлъыIузыхыну зи чэзури, хэт нэхъ къабзэми, хэт нэхъ IэфIейлъэфIейми зэхагъэкIыурэ зэтекIиехэрт. ЩIызэщыхьэн къагъуэтырт. ЛIитIыр а псалъэмакъхэм дыхыхьэртэкъым. Мохэр зэдгъэкIужырти, абы тхьэлъэIуи тетщIыхьыжырт. Апхуэдэ тхьэлъэIухэм щIэх-щIэхыурэ къытедгъэзэжын хуей зэрыхъумкIэ нэхъ къуаншэр сэрагъэнт: си бынунэр сшэри хамэ унагъуэм яхэзгъэтIысхьат. Ар минрэ Iэмалыншагъэм къыхэкIами, абы сыхуэмеямэ, си пIэ сисыжынт. Ар фызым къысхугурыгъаIуэртэкъыми, гугъу дызэрегъэхьырт...

– ТIэкIу уагъэбампIэми, физ Iейхэу къыщIэкIынкъым ахэр – зэщыхьэхэми, зэрыукIыжыпэркъым... Мо къэзыжыхьу щIэтыр соцIыху, щылажьэри сощIэ, модрей... зызыгъэщIэращIэу гъуджэм бгъэдэтыр дэнэ щыщ? Хэтхэ яй? ИщIэр сыт?

– КъалэкIыхьым. Куэбзэхэ яйщ. Сабий садым...

– И цIэр хэт?

– ФIалъэтинэщ. КIэрылъ ипхъущ, – кIуэрыкIуэм тету щIызогъэлъэлъ си ныбжьэгъуитI, зи унэ куэдрэ сихьэ цIыху телъыджитI, Къудалы Петр,

Темыркъан Володя сымэ я урыс фызхэм, адыгэ хуэмыбжьымэ щагъэумэ, я цIэ-унэцIэхэр зэрахъуэкIыурэ зэрыгушыIэхэм сытету аращ.

– А жыхуэпIэр и унэцIэкIи, и цIэкIи, и адэцIэкIи адыгэ дыдэщ. Абыи къыщынэркъым – и куэбзэпскIи, и фIалъэкIи, кIэрылъкIи дэбгъуэн щымыIэу фыз бэгъуа къыхэбудащ, – цIыху Iэзэр сыткIи Iэзэщ жыхуаIэраци, мо тхакIуэшхуэр, драматургышхуэр, щIэныгъэлI иныр зы мыхьэнэншэми ириджэгури, цIыхубзым ехьэлIауэ къыхуезбжэкIа псалъэщыр езыр зэрыхуейуэ зэрихъуэкIащ икIи тригъэхуащ: Валентинэ Кирилловнэ Кобзе цIыхубз зэIэщIэлът. Лъакъуэ лъагэт. Шхужьышхуэт. Нобэрей хъыджэбзыжь цIыкIуу щымытыжми, зыкърихын тIэкIур фIэфIт. Нэжэгужэт. Си ныбжьэгъу щIалэхэр къыщIыхьа нэужь, фIэфIыпсу закъыпригъэхырт. ИкIи къыдихьэхыфырт. Абы и хьэл-щэным сыщыгъуазэти, си хьэщIэхэм ябгъэдэзгъэсырейт. ПцIы щхьэ упсын хуей, щысыкIи, хьэщIэ тегъэукIи ищIэрт. Апхуэдэхэм деж «зэтIуанэгъуитIыр» хъарзынэу зэгурыIуэрт – Iэнэ къэгъэувынкIи, IухыжынкIи, хьэкъущыкъур зэщIэтхьэщIэжынкIи...

А махуэми ди псалъэмакъхэмкIэ, дауи, Валя къищIат хьэщIэ къызэрытхуэкIуар. Арат ар гъуджэм бгъэдэувакIэу Аскэрбий «щIиубыдар».

– Модрей уи унагъуэ щIэлъэныкъуэр къытхэбгъэсынукъэ-тIэ?

– Дыхуейкъым, – жызоIэ къызыфIэзмыгъэIуэхуурэ.

– Iау, уи щхьэгъусэ нэхъыщIэм къигъэува мы Iэнэ бэлыхьым... дэтхэнэра нэхъыжьыр?

– Моращ, – си щхьэр сощI Кобзехэ зыщIэс лъэныкъуэмкIэ.

– Зыгуэр къыдбгъэдэсамэ... Хэт сымэ уи гъунэгъухэр?

– КIэщт Къасболэт, Уэтэр Жумалдин...

– А иужьрейр хъунукъым – гупылIкъым. Къасболэт лIыфIщ. Къеджэ мыдэ, – щыжиIэм, сыкъоIэнкун. ЩIэрэ щхьэрэ зиIэ апхуэдэлIым и деж сэ щIалэжь цIыкIур сыжэу... Пэжщ, ар езыр щIэх-щIэхыурэ къызэджэрт: ди фэтэритIым яку дэт блыным къытеуIуэрти... Абы къикIыр гурыIуэгъуэт: е хьэщIэ къыхуэкIуат, е зы бжьэ ефэну гукъыдэж иIэу арати... Си адэ и ныбжьынщ жыхуаIэм хуэдэ мо лIы бжьыфIэшхуэм емыкIу къэхьыпIэ сригъахуэртэкъым: и гушыIэкIэри, Iуэху зехьэкIэ дахэри, акъыл хэлъри зэщIэлъти, апхуэдэ гъунэгъу щхьэкIэ Тхьэм узэрелъэIунт.

– Мы цIыхубзитI плъагъур, спортсменкэхэм хуэдэу, мо уэрамышхуэм тесшэнщи, жылэм ялъагъуу, зы тумэнкIэ къызэдэзгъэжэфынщ, – жиIэрти, пщIэшхуэ зыхуищI и щхьэгъусэмрэ и пхъум хуэдэу илъагъу и нысэ дыщэмрэ ядэгушыIэрт. – Ахэр къыщIызэдэжэнур нэхъ жэрыр зэхагъэкIын щхьэкIэкъым – ахъшэр апхуэдизкIэ фIыуэ ялъагъури, тумэныр къахьын папщIэщ. ЦIыхубзхэри!.. Нэпсейхэщ. Мо уафэм щIэуэ ахъшэ уэстынщ жепIэмэ, дэплъеинщи ар фIэмащIэу: «Ахьей нобэ къызэптын! Нобэ уафэм и лъахъшэгъуэ дыдэщ», – жиIэнщи, арэзы пхуэщIынкъым. Мис иджы, си мазэ улахуэр къахуэсхьарэ пэткIэ: «Мыр къытхуэзыхьа уэ куэдрэ Тхьэм утхуигъэпсэу!» – жаIэным и пIэкIэ, яфIэмащIэщи, я нэр къысхузэрагъэдзэкI. Ябжыр яIэрыхьаракъым – си жыпым къизнагъэнкIэ хъунуращ. Зы коньяк къысхутрагъэувэртэкъыми, напэ фиIэмэ, хьэщIэ къыщIыхьэмэ, зывгъэхъеинкъэ жысIэри ящIэм сеплъыну, уэ укъезджащи... сыщымыуауи къыщIэкIащ: хьэщIэм ерыскъы къыдокIуэ жыхуаIэрати плъагъуркъэ, уи хьэтыркIэ моитIум къагъэува Iэнэр?!. Узижагъуэм щхьэгъусэ тыншрэ нысэфIрэ имыIащэрэт, – щIигъужырт гушыIэ лъэпкъ хэмылъуи, Iэнэм дигъэтIысырт.

И щхьэгъусэмрэ и нысэмрэ я фIыцIэ езым жимыIэми, сэри сщIэрт, махуэ къэс слъагъурт ар Цацунэ хуэдэ щхьэгъусэкIи Лолэ хуэдэ нысэкIи

зэрехъулIар. А бзылъхугъэ телъыджитIыр къызыхэкIа лъэпкъхэмкIи къызыхыхьахэмкIи республикэм щыцIэрыIуэ унэцIэхэм ящыщ пэтми (Цацунэ Къурашэхэ япхъут, Лолэщи, уей-уей жезыгъэIэрэ унафэщIу зи дуней гъащIэр къезыхьэкI ХьэщIэлI Мухьэмэд ипхъут: абыхэм я унэми мызэ-мытIэу сихьати, хъуэпсэгъуэ унагъуэхэт), зи пэр дэзыгъэзейрэ «фу,» цIыхумэ!» жызыIэурэ зызэфIэзышхэм, зыкъызыфIэщIыжхэм я фэгъутэкъым. Ахэр зэщхьыр цIыху игъэсар гъуащэркъым жыхуаIэрат. Къасболэт хуэдэ щхьэгъусэрэ тхьэмадэрэ я дамэм ущIэту гъуащи еплъыт! Лы комбинат нэхъ ин дыдэу Кавказ Ищхъэрэ псом щыIэм и унафэщIу Iэджэ щIауэ къекIуэкIырти, абы щылажьэ цIыху щэ бжыгъэхэр тэмэму зэгурызыгъэIуэф, сыхьэтщIыж Iэзэм хуэдэу, зи Iуэхум хуэIэкIуэлъакIуэ лIы губзыгъэм зы унагъуэ хузехьэнтэкъэ, хузэгъэдэIуэнтэкъэ?! И унагъуэ Iуэхухэр зэкIэлъымыкIуэу щытамэ, дауи, ар хьэщIэкIуапIэуи щытынтэкъым. Сэ фIыуэ сыщыгъуазэт КIэщтхэ я унагъуэр зэи цIыхуншэ зэрымыхъум, абыхэм къахуеблагъэхэм республикэм и унафэщI нэхъыщхьэ дыдэхэри зэрахэтым. ЗэрыжаIэу, хьэщIэми зыхуеблэгъэнур ещIэ – хабзэрэ псэукIэрэ зыщилъагъунуращ. Къасболэт аитIумкIи емыкIу къытехуэртэкъым. Илъэс IэджэкIэ дызэгъунэгъуащи, лэжьакIуэ щыдэкIыр слъагъуныр щыгъэтауэ, ар яшэну пщэдджыжькIэ абы и деж маршынэ къыIухьауэ сщIэжыркъым. Апхуэдэ къэмыхъуамэ пщIэжын? КIыфIзэхэту лъэсу дэкIырт. Пэжщ, пщыхьэщхьэкIэ маршынэкIэ къыIуашэжырт. Ди гъунэгъу дыдэхэр дэнэ къэна, унэм щIэсу хъуам пщIэ ин зыхуащI, фэ зытет мо лIы бжьыфIэшхуэм псори хуэтэджырт, фIэлIыкIырт. Езыри къызэтеувыIэрт, нэхъыжьхэм къащIэупщIэрт, и къуэрылъхухэри зыхэт сабийхэм я щхьэфэм Iэ дилъэрт, къызрихьэлIэжынур ищIэрти, абы хуэхьэзыру къэкIуэжырт: цIыкIухэм зыгуэркIэ яхуэупсэрт.

А псори пщIантIэм, унэм си нэгу щыщIэкIырат. Ауэ зыбгъэжурналисту, цIыхум уахыхьэ-уахэкIыу щыщыткIэ, нэгъуэщI Iэджэми щыгъуазэ уохъу. Абы и лъэныкъуэкIи КIэщт Къасболэт и IеицIэ зыщIыпIи щызэхэсхыртэкъым. Абыхэ я гъунэгъу сымыхъуа щIыкIэу, кIэзетым сыщыщыIа илъэсхэм лы комбинатым щылажьэхэм сатетхыхьын хьисэпкIэ мызэмытIэу сахыхьащ КIэщтыр зи унафэщI гупышхуэм. Абы хуэмыарэзы, хуэшхыдэ срихьэлIэртэкъым. Псэлъэгъу схуэхъухэм зэрыжаIэмкIэ, ар гущIэгъулыт. Гулъытэ зиIэт. ЗыщIэсын елъытакIэ зи Iуэху хуэмыщIахэм зэрыхузэфIэкIкIэ защIигъакъуэрт. ИщхьэкIи къызэрыхэзгъэщащи, гупышхуэр зэрызэгуригъэIуэн акъылрэ цIыху хэтыкIэрэ зыщыбгъуэтынт. ИтIанэ... Псом жаIэри зыкIэ зэтехуэрт. Фо зезыхьэ и Iэпэ йобзей, жи. ЖыпкIэ, гуфIакIэкIэ Iэбауэ (дауи, апхуэди къыщыхъу щыIэт) зыгуэр япэщIэхуа щхьэкIэ, урыс Iуэху ищIу, цIыхур игъэщхьэрыуэркъым, жаIэрт. Ари цIыхугъэм, гущIэгъум щыщт...

– Дыщызэмыгъунэгъухэм щыгъуэ уэр щхьэкIэ зыгуэрхэр зэхэсхыу щытащи, ар пэж, Къасболэт? – жысIэри мыдэ нэхъ иужькIэ сеупщIыжыгъати, абы къызитыжа жэуапым арэзы утемыхъункIэ Iэмал иIэтэкъым.

– Уэ зэхэпхыу щыта псор сэ сщIэркъым. Ауэ Алыхьри си лэжьакIуэхэри си щыхьэтщ жыпрэ гуфIакIэкIэ яхьыну къащтам щхьэкIэ зы цIыху зэрызмыгъэщхьэрыуамкIэ. Япэрауэ, тIэкIукIэ Iэбэр тхъэжу Iэбэркъым. Ар апхуэдэу къыщIэхъумкIэ къуаншэр абыхэм я унафэщI дэращ. Ди зэхэтыкIэращ. Лы Iыхьэ щхьэкIэ и напэр зытримыхыжу, цIыхум и щхьэри унагъуэри зэригъэпсэун къегъэлэжь. Армыхъу сэ махуэ псом лы зехьэным хэзгъэтауэ, пщыхьэщхьэм и быным щахыхьэжкIэ езым лы килограмм къыхуэмыщэхуу... Захуагъэ ар? ЦIыхур апхуэдэу тхьэмыщкIагъэм

епхулIэ хъун? Гуэныхькъэ ар? Мис апхуэдэ тхьэмыщкIагъэм, Iэмалыншагъэм къыхэкIыу Iэбар гууз, лыуз уиIэу, дауэ ебгъэгъэтIысын? Апхуэдэм сыщешхыдэкIэ, сыщегийкIэ и нэпсыр къызэрыщIэжыр солъагъури, ар къыщIэзыхур гурыIуэгъуэщ: укIытэращ. Напэращ. Iэмалыншагъэм ирихулIэу къыщыщIа щIэщхъум ироукIытэжри аращ, и щхьэр къиIэту си нэгу къыщIимыплъэжыфыр. Дауэ-тIэ, лIэун, апхуэдэр зэребгъэгъэтIысынур? Пэжщ, зыкъытпэщIагъахуэркъым, армыхъу жыпрэ гуфIакIэкIэ мыхъуу, маршынэкIэ дыгъуэхэри щыIэщ. Къыпхуэубыдмэ, мис ахэр гъэтIыс... Ауэ, пцIы щхьэ упсыни хуей, апхуэдэ бзаджэнаджэри бгъэтIыскIэ щIалэфI хъуауэ лъэхъуэщым къикIыжу си фIэщ хъуркъым. Ахэр зыгъэтIысхэми ящIэу къыщIэкIынщ тутнакъэщым цIыхуфI узэримыщIыр – мохэр дэ тпэIэщIэ ящI къудейуэ аращ... НэхъыбэкIэ Iэбэхэр «къызыхуэмыубыдхэм» къапэщIэхуа тхьэмыщкIэхэу си пащхьэм къихутэхэм яхэткъым тпэIэщIэ пщIыну яхуэфащэщ зыхужыпIэн... Аркъудей? ЯпэкIи плъэн хуейщ – ахэр ягъэтIысмэ, абыхэм унэм къыщIанэну я бынхэр-щэ? Лажьэхэрэ пэткIэ, лэжьапщIэм иримыкъуу дыгъуэн хуей хъу адэр е анэр зыщхьэщымытыж сабийр уэрамым къызэрыдэнэнур сыт хуэдэу? Мис аращ дыгъуакIуэ дыдэ хъунур... Ей, зэгупсысын, зэхъуэкIын хуей Iуэху куэд диIэщ дэ... Мыбы фыкъыщыIэпхъуагъащIэхэм фи деж къыщIэкIыжауэ нежэхыжрэ пэткIэ шокъущ жоуэ къысIууа цIыхубз цIыкIум сыкъыщилъагъум, и щхьэр щIиIуу зблэжыжами, сэри ар къэзмыщIыхуагъэфэ зытезгъэуами, ар дызэрилэжьакIуэр сщIэртэкъэ сэ?



**КIэщт Къасболэт**

Лы къидыгъуа къыфхуихьу къызэрывищари къызгурыIуат. А тхьэмыщкIэр щыуат: мо фыкъыздикIа хьэблэм щэхуакIуэу фыщриIамэ, мыбдеж си гъунэгъуу фыкъызэрытIысар имыщIэу, фи лъэужьыр къихури... Пэжкъэ? – къыпыгуфIыкI щIыкIэу, икIи нэщхъейуэ къызоплъ Къасболэт. Пэжыр дэнэ пхьынт? Арат зэрыщытыр. Плъыжьыбзэ сыкъэхъуу си бзэр зэриубыдари мор зэрызахуэм и щыхьэтт. – Уэри зыкIи узгъэкъуаншэркъым. ЗэрыжысIащи, псомкIи къуаншэр ди зэхэтыкIэ мыхъумыщIэращ. Зи лIыр зыщхьэщымытыжу бынищ зыпI а си лэжьакIуэр Iэбэну езыхулIэр дэращ: зыхуей игъуэту дгъэпсэуфыркъым... Бынхэр хуэпэн, егъэджэн хуейщи... Уэри, гурыIуэгъуэщ, лы дыгъуа къэпщэхун хуей щIэхъур... АбыкIи узгъэкъуаншэркъым – уэ къыумыщэхуми, ди пщIантIэм къыдадыгъукIар дыдеижкъым – ар ныдахьэжынукъым икIи ныдашэжынукъым. Гъунэжу яIэщ зращэн... Мис ахэр фхуэтхыну... фагъэтхыу щытамэ арати... Ауэ дяпэкIэ запумыщIэж абыхэм. ЕмыкIущ, – уэркIи сэркIи. Кавказ Ищхъэрэ псом щыцIэрыIуэ лы комбинатышхуэм и директорым къыбгъэдэс тхакIуэр лы дыгъуакIэ егъэпсэу къытхужаIэу. Фи унагъуэ цIыкIур зрикъун лы тIэкIур нэхъ екIурабгъуу адэ къыщывезгъэщэнщ...

– Хьэуэ, хьэуэ! Тхьэразэ къыпхухъу. Дэ иджы нэхъыбэIуэ къэдлэжь, тыкуэнхэми бэзэрми дыщыщэхуэф хъуащ. Алъандэм дрихулIэурэ тщIар Алыхьым къытхуигъэгъу. ДяпэкIэ, атIэми уи бгъуэщIым дыщIэсу, апхуэдэ Iуэху дыхэмыхьэжыну псалъэ узот! – жызоIэ икIи согъэпэж ар. Умыгъэпэжуи хъунутэкъым. Я директорыр зыщIэс фэтэрым къыбгъурытым щIэсхэм лы дыгъуа хэт къахуихьынт? Апхуэдэ къэсщэхун дэнэ къэна, езы Къасболэти зы махуэ згъэпIейтеякъым. Дэ махуэ къэс дышхэн хуейт, лы дыщыщIэху къэс абы сежэлIэну арат къысхуэтыжыр...

Пэжщ, «физитI щызиIа» мо Май махуэшхуэр къэсыным япэкIэ зы щынэ бэгъуа, езым я деж къригъашэм и гъусэу, дэри къытхуригъэшащ. Ар екIурабгъуу къызигъэщэхуат жысIамэ, гуэныхьи къэсхьынти, абыхэ я деж ерыскъы IэфIу щысшхари хьэрэм схуэхъунт. Щай сIихатэкъым:

– А щынэ цIыкIуитIыр сыхэплъыхьу хъушэм къыхезгъэубыдыкIщ, и уасэр естри IэкIэ фIезгъэгъэжащи... Хьэлэл фхухъу. Май махуэшхуэмкIэ сывохъуэхъу, – жиIэри... АбыкIи зэфIигъэкIатэкъым – пщыхьэщхьэм, зэрихабзэу, блыным къыщытеуIуэм, ар зэфэр сщIэрти, зы коньяк къызощтэри сыщIохьэ.

– Фыфейр иджыри ва хъункъым. Мыдэ къэтIыси праздничым щхьэкIэ дызэхъуэхъужурэ...

Илъэс Iэджэ лъандэрэ лы комбинат домбейм и унафэщIым ищIэнтэкъэ сыт хуэдэлыр сыт хуэдэу яшхми? Абдежщ сэ япэ дыдэу щыслъэгъуар тхьэмщIыгъу бзыгъэхэм щынэ кIапэ гъэва маер, кхъуей цIынэ упщIэтам хуэдэу, телъу зэрашхыр.

Берычэтыр къызыдэкIуи зыдэкIуэдыжи щыIэу жаIэ. Ар пэжу щытмэ, КIэщт Къасболэт япэм щыщт. И ныбжьыр нэсу ар комбинатым къыщыIукIыжам ди республикэм хэпщIыкIыу лыр нэхъ мащIэ щыхъуат. Iуэху и пIалъэ зыщIэ мо лIы губзыгъэм лэжьыгъэр тэмэму къызэригъэпэщыфырти, Кавказ Ищхъэрэ куейм Iэщу итым я нэхъыбэр ди деж къярахулIэрти щаукIырт. Чэзур къалъымысу мо хъушэ къомыр Налшык къедза щIыпIэхэм, псом хуэмыдэу ди Щхьэлыкъуэ губгъуэмрэ псыхъуэмрэ щаIыгъыу зэрыщытар сэри сщIэрт, ар зылъэгъуари си закъуэтэкъым.

– Уи зэманым апхуэдэу щIыщытар, иджы щIыщымытыжыр сыт? – жысIэри, зэгуэрым сеупщIати.

– ЩIэныгъэм нэмыщI, акъыли бзаджагъи ухуейщ, – жеIэ Къасбо-

лэт. – Си ужькIэ къэува щIалэхэр щIэныгъэм къызэгуичми, яужьреитIыр къомэщIэкI. Ди деж апхуэдиз Iэщыр къезыхулIэхэм дауэт дэ дазэрыбгъэдэтыр? ЛъэныкъуитIри дыхимылъафэут. Ауэ дэ ди фейдэ нэхъыбэ хэлъут. Дэ къытхуэныкъуэхэм тIэкIу дайбзэджэкIри пцIытэкъым. Фи Iэщыр мыпхуэдизкIэ фхудоукI жытIэрти, абы текIуэдэну уасэр мылъапIэ дыдэ хуэдэу къахуэдгъэлъагъуэрт. Фэ лъэрытету къэфхуа Iэщым я щхьэ-лъакъуэ къомыр, я кIуэцIфэцIхэр, я фэхэр фшэжыным фемылIалIэу, ахэр мыпхуэдиз уасэкIэ къыдогъэнэжри, фи Iэщыр фхуэдукIыным текIуэдэну ахъшэм ари хыдогъэкIыж, жытIэрт. Мохэр егупсысырти, пэж дыдэу, мо къомыр зетлъафэу, Iисраф тфIэмыхъуу, – атIэми щыхуабэхэм деж, – ерыскъы зэкIуэкIар тхуэмыщэжу жаIэрти... Пудыбзэ тIэкIуу мис а къомыр республикэм къыхуэнэрт. Дэ абыхэмкIэ ди тыкуэнхэр, шхапIэхэр, бэзэрхэр дгъэнщIырт. Ахэр, япэрауэ, лым елъытауэ, куэдкIэ нэхъ пудти, хэкIуэдыкIыншэу, занщIэу зэрапхъуэрт. КъимыдэкIэ, абыхэм къыдращIейрт, къагъэберычэтырт лы тонн бжыгъэу ди деж щызекIуэхэр...



**КIэщт Къасболэт (сэмэгумкIэ етIуанэу щытыр) и лэжьэгъухэм я гъусэу**

Ей, си гъунэгъу цIыкIу, зэрыжысIащи, а псори тэмэму къызэбгъэпэщын, зэбгъэкIуэкIын папщIэ куэд, икъукIэ куэд Iей ухуейщ. Армыхъу нобэ Iэщыр Кавказ Ищхъэрэм нэхъ мащIэ щыхъуауэ аракъым ди лы комбинатыр щIыщIэтIысыкIыр, дэ лы щIэдмыгъуэтыжыр. КъыдэмэщIэкIыр Iэщыракъым – щхьэ губзыгъэращ, – жиIэу хэгупсысыхьырт Къасболэт. Ар икIи захуэу къыщIэкIынт, сыту жыпIэмэ абдежхэм Советскэ властыр мыкъутэжар щыгъэтауэ, ди фIэщу делэжьырт «коммунизмэр ухуэным къытхуэнэжа тIэкIур» псынщIэу и кIэм нэгъэсыным. Псори щыкъутэжар, щызэбгралъэфыжар куэдкIэ нэхъ яужькIэщ. Шортэн Аскэрбий КIэщтыр зыбгъэдигъэсыну кърызигъэджэну гукъыдэж щищIам властым и гуащIэгъуэт. Уей-уей жезыгъэIэ ди Брежнев дыщэм и хьэм тетыгъуэ дахэу дыщэ дамыгъэ лъапIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ и бгъэр щIигъанэрт...

– ЛIо, щхьэ зиплъэфыхьрэ? ХьэщIэ къахуэкIуа нэужь, абы бгъэдагъэсыну къызэрыраджэIар умыщIэу ара? Джэд дыхьэшхыу зымылъэгъуа фэ хьэлIамэ фощIэ! Хьэмэрэ зы Iуэм зэримыгъэзагъэ гуу бэгъуамрэ танэ увыIамрэ нэхъей, зэгъунэгъуитIыр фызэмызэгъыу ара жысIэнути, Тхьэм и шыкуркIэ, танэ увыIагъэфи птемыту, къыфIэбгъэкIмэ, дэ укъыттекIуэжри утщхьэпрыкIыжауэ, фызитI уогъэфызыф, – жи. – Си нэкIэ симылъэгъуамэ, жаIэу зэхэсхкIэ, си фIэщ хъунтэкъым фызитI уиIэу...

Арати, лажьэ зимыIэ си гъунэгъумрэ сэрэ дызэмызэгъыфэ къыдаплъыну сыткIэ сыхуейт? Къысхуэнэжыр сыкIуэу Къасболэт къезджэнырат. Ауэ алъандэм къэзгушыIам сыхущIогъуэж: мо «гуу бэгъуар» къыщIыхьа нэужь: «Мы уи гъунэгъу танэхъу увыIам фызитI зэриIэр дауэ къыпщыхъурэ, Къасболэт?» – жиIэнкIэ тIэу еплъынутэкъым си хьэщIэр. Ар напэтехт.

– Аскэрбий, емыкIу сыкъыумыщI, гушыIэкIэкIэ уэ сыбдэплъеин си гугъэурэ... кIэрезгъэсхьэIуащ. Мо... «си фыз етIуанэр» сысейкъым...

– Дауэ жыпIа?! Уи фызыр уи мыфызмэ, хэт-тIэ зи фызыр?

– Мы фэтэрым унагъуитI дыщIэсу аращ...

– НтIэ, мо слъэгъуа дэгъуэжьыр уи фызкъэ?

– Хьэуэ, зиунагъуэрэ! Кобзе Виктор и фызщ...

– НтIэ, зэрыжыпIэмкIэ, абы зыкъыпедгъэхми хъунущ.

– Ауэ сытми хъуну! Хъунурэ тIыгъуэжынущ! ЗыпхуегъэщIэращIэри аракъэ гъуджэм щIыбгъэдэтыр?! – жысIэу соплъ Аскэрбий. Алъандэм гушыIэ мышыухэмкIэ и щхьэр зэрызгъэузам сыхущIегъуэжарэ къэвэрей къысфIищынкIэ сышынами – дэнэт! Къотэдж, зосэбауэ, зигъэщIалафэу зызэфIешри, слъагъуурэ нэхъ нэжэгужэ къохъу – узэIусэн зыкIэрылъ «КIэрылъ и пхъум» зэрыпылъыным зыхуегъэхьэзыр.



**Шортэн Аскэрбий**

– Шортэн Аскэрбий си хьэщIэщи, ди дежкIэ унекIуэкIыну къолъэIу, Къасболэт.

– Iау, япэрауэ, къоджэ нэхъыжьщ, жи. Мыдрейуэ, цIыхум ямылъагъур Аскэрбий хуэдэ? – фIэкIа къыхигъэкIакъым къимылэжьауэ, хуэмыфащэу щытхъупс лей лъэпкъ къызэзымыгъэжэха си гъунэгъу нэхъыжьыфIым. Ар Аскэрбий нэхъри нэхъыжьт.

Сытым хуэдэу гухэхъуэгъуэу зэбгъэдэса аитIур?! А махуэм пIалъэкIэ фызитI зэрызиIари езы Махуэшхуэри пщагъэгъупщэжынт а лIы бжьыфIитIым ядэслъэгъуа гухэхъуэгъуэм. Мы дунейм ерыскъыуи фадэуи

тетым нэхърэ нэхъыфIти Iэджэ лъандэрэ зэрыцIыху, ягу къагъэкIыжын зиIэ (тIури хахуэу зауэм хэтат) а цIыху телъыджитIым си Iэнэгум кърана гуфIэгъуэр. Ауэ тIэкIу сыгузавэрт: Аскэрбий къызыкъуихынкIэ хъунур къэщIэгъуейт. Къасболэт, гушыIэныр и щIасэ пэтми, цIыху зэтетт, хабзэшхуэ хэлът. СызыфIэлIыкIт. Мы сызитхакIуэгъум сызытеукIытыхьын гуэр къытхимыдзащэрэт жысIэуи сышынэрт икIи гур зэрыгъум дыгъур ирожэ жыхуиIэу мэхъу:

– КIуэи а уи фыз етIуанэми къытхуеджэ. Нэхъыжьи нэхъыщIи фщIэркъым!.. Уэ къыпыпхар куэдщ абы. Иджы дэ къытлъыгъэс а матушкIэ бэгъуар, – жери сыкъеукI. Къасболэт, жиIэнур имыщIэу, къызоплъ: сыт фыз етIуанэ? Сыт матушкIэ? Дауи, абы ещIэ урыс унагъуэ къызэрытхэсыр. Ауэ, Аскэрбий зэрыжиIэмкIэ, мо хамэ матушкIэр икIи си фыз етIуанэу къыщIокI... «Пхуэфащэщ! УгушыIэн иджыри?!» – сигукIэ зызошхыж. ЗызоукIыж. АрщхьэкIэ Алыхьым фIыгъуэр зыхуищIэн Къасболэт хуэдэт псалъэ къызыгурымыIуэр? Абы сыкъещэхужри псапэ къехь:

– Ди гъунэгъу Валячкэ илъэгъуарэ ехъуэпсамэ, арагъэнщ си ныбжьэгъужьым зи гугъу ищIыр...

– КъахуэкIуа щIалэ хьэщIэм пагъэлъыну, дагъэгушыIэну гъунэгъу хъыджэбз кърагъэжэ хабзэщ... Абы емыкIу пылъкъым, – жи.

– Хабзэ-бзыпхъэ жыхуаIэхэм зыгуэр хащIыкIмэ, лIытэкъэ, тхакIуэтэкъэ ахэр! ЛIо, ди нэхъыжьым жиIар къыбгурымыIуауэ ара? Хьэмэрэ, пцIы буупсурэ, согушыIэ жыпIэурэ, уи фыз дыдэу къыпщыхъужауэ, дзыхь къытхуумыщIу ара мо матушкIэр?.. КIуэи къеджэ жаIащи – къеджэ, – адэкIэ зысIэжьэмэ, нэхъеиж къыжьэдэкIынкIэ хъунущи, сыщIокI.

ЗэрыжысIащи, Валентинэ абыхэм щхьэкIэ узригъэлъэIущэнутэкъым, мыдэ щауэ гуэр къезгъэплъыну сшэ фIэкIа умыщIэну, зыкърихрэ зигъэтIейуэ, зэщIэуфэфэжу къыщIокI (и щхьэгъусэр апхуэдэ махуэхэм бдзэжьеящэ мыкIуэу пхудэсынутэкъым).

Зыпылъыну ди гъунэгъу «хъыджэбзым» бгъэдэсыну къыщызэрыкIам, Аскэрбий фIыуэ хидзакIэт, абы къыпхуищIэжыныгшхуи щыIэжтэкъым. Пэжщ, си гъунэгъур игъэгуфIащ: ар къыщыщIыхьэм къэтэджщ, и Iэм ба хуищIщ, ари фIэмащIэу, зрикъузылIэри IэплIи иришэкIащ. Гуп махуэбжьэ кърригъафэщ, зыбгъуригъэтIысхьэри, жьы дэхупIэ лъэпкъ иримыту, къызыкъуипхъуэтащ:

– Мы матушкIэри я гъусэу щIэгъэкIын хуейщ, Къасболэт, мы уи гъунэгъухэм къахэс хамэ унагъуэр. Сызахуэкъэ? – жери Къасболэт егъэукIытэ. Абы ищIэрт ди лъахэм къыщалъхуа Валентинэ адыгэбзэ тIэкIу къызэрыгурыIуэр. Ауэ абы щхьэкIэ Iейуэ пхуэгузэвэнт и пьесэм хэт персонаж нанэм, ари жылэм зэхахыу, театр утыкум: «Министр ухъуну ухуеймэ, матушкIэ къашэ», – щыжезыгъэIэфа Шортэн Аскэрбий. Ауэ щыхъукIи, ди нэхъыщхьэ дыдэм и деж къыщыщIэдзауэ, республикэм и Iэтащхьэхэм я нэхъыбэм я щхьэгъусэхэр «матушкIэу». Пэжщ, сыщыуащ (зэрыщымыуэр, жиIэр ищIэжу утыку кърилъхьат а псэлъафэр) жиIэу тобэ къахуихьыжыну зымыда Шортэныр къагъэлъат «политикэм къемызэгъ» апхуэдэ псалъэхэр и пьесэмкIэ зэригъэIуам къыхэкIыу. Ауэ Аскэрбий фIырыфIкIэ къыпхуикIуэтынутэкъым. Абы ищIэжырт къуэлъ къарумрэ бгъэдэлъ акъылымрэ зыхуэдизыр – абыхэм зэракъуэпсэукIыфынур. Ар зи хущхьэ хъум я бзу, зи гупкIэ исым ядежьухэм ящыщтэкъым. Апхуэдэхэми ящIэжу къыщIэкIынт якъуэлъыр зыхуэдизыр. Аскэрбий, зицIыхужырти, къэгубжьамэ, зи гупкIэ исым бзаджэ ирипэсыжынкIэ тIэу еплъынутэкъым...

– Зэхэпха, Къасболэт? Мы ди усакIуэ, тхакIуэ, драматург цIэрыIуэм

псэупIэ тэмэм иIэн хуейщ. Абы щхьэкIэ мы хамэ унагъуэр... – щыжиIэм, аргуэру «матушкIэ» псалъэр къыхиIунущ жысIэу согузавэри, сыкъыдоуэ:

– ТIэкIу щIумыгъэтхъэIуэу пIэрэ, Аскэрбий? Драматург цIэрыIуэхэм я пьесэхэр театрхэм щагъэув хабзэщ. Фэ театрыбжэхэм фыIууващи, фэ классикхэмрэ, фи нэфI зыщыхуахэмрэ фIэкIа, нэгъуэщI щIэвгъэхьэркъым.

– ЩIэдгъэхьэркъым уэ пхуэдэу пьесэ зымытхыфхэр! – жи, «си цIэрыIуагъми» емыплъу, ар си жагъуэ сщIыныр щыгъэтауэ, согуфIэ: уи уз укIуэд – къебгъэжьа псалъэмакъым – «матушкIэ» Iуэхум укъытекIыжамэ аращ.

– Сыт щхьэкIэ, уэ либреттэ птхауэ, абы Темыркъан Борис музыкэ хуитхыжауэ, опереттэр хьэзыр хъуауэ кIэзетхэм тету сыкъеджаи...

– Псори пэжщ, ауэ а псоми чыцI ажэ цIыкIу бжьакъуэшхуэр тепкIэри икъутэжащ...

– Икъутэжащ – къутэжыгъуафIэти. ПщIэр быдэу щIэн хуейщ – яхуэмыкъутэжын хуэдэу. Сэ фыкъыздэплъейркъыми... Уи пьесэ гуэри ди театрым иштауэ сыкъеджащ. Театрым ептын ипэкIэ сэ щхьэ сыкъыумыгъэджарэ абы?

– Сыщыуащ...

– ЩыуагъэкIи фыкъалъхуащи, фыщыуэ зэпытуи дунейм фытетщ фэ! Алъандэм щхьэ къызжумыIарэ-тIэ дахэ-дахэу фэтэр узэримыIэр? Мыхэр къыпхэсу си щхьэуз пхуэтхын? Птхар щIэкъутэжыгъуафIэри аращ. Мы праздничхэр зэрыдэкIыу Мэлбахъуэм и деж сопсалъэри... Хьэуэ, сыщIыхьэнщи нэхъыфIщ. Сызахуэ, Къасболэт?

– Ар къыхуэпщIамэ, уэлэхьи, щIалэр ебгъэхъулIатэм, Аскэрбий...

– КъыхуэсщIауэ бжы-тIэ! Минрэ дэгъуэжьми, мыхэр уи гущIыIум щызежэу дауэ узэрытхэнур? – жиIэу «хъыджэбз» хьэщIэм щытеIэбэм, зэрыжаIэу, аргуэру пластинкэр зэсхъуэкIын папщIэ, «сызэрыдраматург цIэрыIуэм» тызошэж псалъэмакъыр.

– Театрым яштауэ жаIэу зи гугъу ящIа пьесэри къыслъырадзэжащ...

– Пхуэфащэу къуащIащ! Сэ сыкъебгъэджатэкъыми къыплъырадзэжащ. Сэ уэста пашпрт пIыгъыу укIуамэ, си Iуэхут ар ямыщтэтэм. Япэ фщIэн хуейм иужькIэ фогупсысыжри... Къигъахъуэ мыдэ!.. Уи пьесэр зыщIыпIи кIуэжынкъым. Фэтэр Iуэхурщи, ари си пщэ дызолъхьэ... Къасболэт си щыхьэту...

«Уи адэр сыукIат, лажьэ зимыIэ лIыри щыхьэт умыщIамэ хъуртэкъэ?» – жызоIэ сигукIэ, Аскэрбий сцIыхужти.

Фэтэру щыIэри, опереттэхэри, пьесэу ятхари зырикIт, зэрыжысIащи, мо лIы бжьыфIэ дэгъуитIым а махуэм дахэу загъэпсэхуу зэрыслъэгъуам, абыхэм сызэрагъэгуфIам еплъытмэ. Ар зигу иримыхьар хэт жыпIэмэ, «щIалэ хьэщIэр» пыдгъэлъыну къедджа ди гъунэгъу «хъыджэбзрат». Пылъыныр щыгъэтауэ, Аскэрбий абы зэреплъыжшхуэ щыIэтэкъым. Пэжщ, имыщIэу къэхъуа щIыкIэу, и Iэблэшхуэр мобы и плIабгъуэм щыдиупцIэ къэхъурт. Ауэ ар зыкIи ещхьтэкъым зэгуэкIуа зэпылъитIым я зэхущытыкIэм. Ди Валя апхуэдэ пылъыкIэтэкъым зыхуейр, атIэми абы Аскэрбий зэхригъэх псалъэхэм лъагъуныгъэ хуэмэбжьымэ лъэпкъ яхилъагъуэртэкъым. Дауи, аращ абы зыщIимыIэжьэщари.

– Мыбдеж зэрыщIэкIыжамкIэ зэфIэмыгъэкIауэ, игъэкIыжыпэн хуейщ мо уи етIуанэ фызыр. Хэт хуейми щызэблэууэ, уи фэтэрыр кхъухь тедзапIэ хъуакъым. Сэ схуэдэ, Къасболэт хуэдэ, ди ТекIуэныгъэр зи фIыгъэ

Иосиф Виссарионович Сталиным ещхь цIыхушхуэхэр дыкъыщIыхьамэ, зэран къытхуэмыхъуIауэ, хуиту зыщыдгъазэу... Сызахуэкъэ, Къасболэт? – нэгу тхъуэплъышхуэм къыщхьэщих нурыр КIэщтым и нэкIум трегъапсэ. Модрейми сыт жиIэн? Узахуэщ къригъэкIыу, и щхьэр ещI.



**Шортэн Аскэрбий**

– Иосиф Виссарионович фIыуэ плъагъуркъэ уэ, Кештуф?

– Iау, ар фIыуэ зымылъагъур хьэдрыхэ щIагъэхьэнкъыми. Товарищ Сталиныр мыхъуамэ...

– Упсэу! ЛIыгъэ хэлъащ абыи. Къащтэ, дегъафэ абы щхьэкIэ. Уэ, лIо, товарищ Сталиным хуэмыарэзы пIэщIэутхэхэм уащыщу ара? – си бжьэр къызэрызмыIэтар игу темыхуэу, къыстокIие.

– Хьэуэ, зиунагъуэрэ, сыт сыщIыхуэмыарэзынур? – пцIы соупс. ТIэкIу сыкъыщIыкIэрыхуар нэгъуэщIт: сытегупсысыкIауэ арат – «абыи» псалъэм къригъэкIыр сыт? Сэ сэщхьу, «абыи» лIыгъэ хэлъащ жыхуиIэ хьэмэрэ?.. А къыщриупщIэ дыдэм нэмысми, Шортэным зауэм лIыгъэ зэрыщызэрихьам и щыхьэтт иджыпсту и бгъэм къыхэлыдыкI дамыгъэ лъапIэхэр. Абы ди лъэпкъ щэнхабзэм хуилэжьыфахэр пщIэфын папщIи лIыгъэ уиIэн хуейт. «Орденхэм лъы уасэ щыщIатым си Iыхьэр къыслъагъэсащ. Ахэр нэфI-нейкIэ щагуэшым ягу сыкъэмыкIми, ягъэ кIынкъым», – жыпIэфын папщIи лIыгъэ ухуейт – а хъуэрыр абы зриутIыпщхэр гурыIуэгъуэт.

А гукъеуэр къызыхэкIауэ щытауэ си гугъэжыр и ныбжьыр илъэс щэ ныкъуэ щрикъум Шортэным тхылъымпIэ гуэр фIэкIа дамыгъэ лъапIэ къызэрыхуамыгъэфэщарат. СощIэж, а «гулъытэшхуэр» Аскэрбий къыщыхуащIам щIалэхэм ди жагъуэ бзаджэ хъуауэ зэрыщытар. АтIэми ар ди нэм, итIанэ ди псэм нэхъри къыщIыфIэнар Шортэным щытхъу тхылъымпIэ гуэр къызэрыхуагъэфэщам теухуа унафэр къызытрадза кIэзет номер дыдэм тетт а гъэхэм ягъэвууэ щыта школакIуэ-лэжьакIуэ гупхэм къахэжаныкIа, 8-нэ классым щIэс адыгэ щIалэ цIыкIу гуэрым къэрал дамыгъэ лъапIэ кърatауэ. Хъарзынэщ – щIалэ цIыкIури гъэгушхуэ, гъафIэ. Ауэ шэч къыщIытепхьэн щыIэу къыщIэкIынтэкъым зауэми лIы-

хъужьыгъэ щызезыхьа, ди лъэпкъым и щэнхабзэм нэхъри зиузэщIыным зи псэр езыхьэлIауэ хуэлажьэ Шортэн Аскэрбий мо щIалэ цIыкIум нэхърэ нэхъ мащIэ зэримыщIам. Ауэ, езы жьэ нахуэжьми зэрыжиIауэ, «орденхэр зыгуэшхэр матушкIэ къэзыша манистрхэрати»...

Ирихьэжьауэ мыр мыпхуэдизу Шортэным щIыщытхъур сыту пIэрэ? Зыхуигъэджэду хьэжыуэрэ, тIэкIу игъафIэ хуэдэурэ зыхуейр кърихуэщIэу, Мэлбахъуэм и деж фэтэрлъаIуэ игъакIуэу, и либреттэхэр, пьесэхэр театрым ящтэнымкIэ зыдигъэIэпыкъуу щытащи аращ... ЗанщIэу къыжысIэнщи, сыщытхъуркъым – Аскэрбий сэ зэрысцIыхуу щыта щIыкIэр къэсIуэтэжу аращ. Армыхъумэ, ар си щытхъуи хуэныкъуэкъым. ИкIи си щхьэкIэ игъащIэм зы мастэ хуэдиз къысхуищIакъым. КъыфIэбгъэкIмэ, 1958 гъэм си япэ тхылъыр къыщыдэзгъэкIым зи псалъэм къаруушхуэ иIэ Шортэным хуищIэу сыкъилъэхъауэ щытащ. Абы и закъуэкъым – КIыщокъуэр фIыуэ зыщалъагъу, ер къызэрыкIауэ щыта «Нал къута» романыр зытеддза ди журналыр Аскэрбий и «сэбэпкIэ» маршынэм дызэрыхэкIыжыгъами зыщIыпIэхэм деж сыщытепсэлъыхьыжри къытрезгъэдзэжауи щытащ. Алим ирипэса фIеягъэхэми урикъунт, абы уи гур къыбгъэдэкIын папщIэ. Ауэ пэжри дэнэ пхьын? Шортэн Аскэрбий ди щэнхабзэм пхубгъэдэхынукъым. Абы ущIыпылъыни щыIэкъым.

Фэтэр «къызэрызигъэтам» и IуэхукIэ. Ар къызэзыта Лъостэн Жорэ узыншэу куэдрэ Тхьэм игъэпсэу. Аскэрбий и лIыгъэу а Iуэхум къыхилъхьар хьэлу хэлъу щытаращ. Ди нэхъыжьт, ди нэхъыфIти, абы и жагъуэ зэи тхуэщIыртэкъым, дыпэрыуэн къедгъэкIуртэкъым. Ар нэхъыбэу щылажьэр жэщкIэрэт. Колхозхэтхэм щхьэкIэ, кIуэркъэкIуэжу мыхъуу, «хэсу щыIэщ» жаIэу щытащ. Аскэрбии арат – хэсу щыIэт лэжьапIэм. Мо жэщ псом лэжьам махуэм тIэкIу зигъэпсэхужын, зытригъэужын хуейтэкъэ? Къыдэджэрти, Чапаевми зэрыжиIауэ, шей ефэмэ, дыздригъафэрт. Кофе щефэми, дэри къытхуищтэрт, нэхъ гуащIэIуэ иIэ – абыи дыхиныртэкъым. Зыкъомым зэрагугъэм хуэдэу, Аскэрбий фадэр и нэрыгъыу щытамэ (фадафэхэм зэращIым хуэдэу) и закъуэ ефэжынт. А ищIа къомри хуэщIэнтэкъым. Мор нэхъыбэу зыхуейр ефэгъут, псэлъэгъут. Армыхъу уэ ебгъэфэн, сэ езгъэфэным хуэныкъуэтэкъым. Щыхуэныкъуэ къэхъуми, ари тщибзыщIыртэкъым, езыр зэрыщытыр ищIэжырти, уэри апхуэдэу ухущытыжын хуейуэ къыщыхъурт... Зи тхыгъэ журналым теддзэу хъуам (нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми) яхэтакъым Аскэрбийрэ Къардэн Бубэрэ хуэдэу «ди гугъуехьыпщIэр» зытемыкIуэда – аитIум дапщэри дагъэфIэжырт.

«Аскэрбий и зыгъэпскIыпIэкIэ» деджэу Налшыкыпсым щIыпIэ хэха иIэт. Ар «Трек» шхапIэм ищхъэрэIуэкIэ хуэзэ псыкъелъэ цIыкIурат. Мо лIы пIащэшхуэ зи ныбэри къежьэу хуежьар а псыкъелъэм щIэгъуалъхьэрти, абыкIэ и ныбэр ишытIэрт: езыр-езырурэ зэIэзэжырт. Псым къыхэкIыжмэ, мыдэкIэ жыг жьауэ удзыпцIэ дахэти, абдеж зыщигъэпсэхурт. ТIэкIу дыкъэжанауэ ХьэтIохъущокъуэхэ я хадэм дыкъихьэжмэ, дытемыгушхуэми, дызыхуэзыгъэгушхуэ ди ныбжьэгъу нэхъыжьым дыдэгушыIэрт:

– Аскэрбий, мыбыхэм ящыщ дэтхэнэ тетIысхьэпIэрат уи макинтош «ныпхуахьыжауэ» щытар къызытебнэгъар?

– Ныпхуахьыжынт жиIащ фэ фхуэдэ цIыху мыгъэсахэр къэзылъху лъэпкъым и бынхэм!.. – жиIэрти, псалъэмакъым кIыхь зримыгъэщIмэ нэхъ къищтэрт. Ауэ, езыми жиIауэ, дэ «тхуэдэ цIыху мыгъэсахэм» я жьэм узижагъуэр IейкIэ жьэдэухуэ – адэ нэхъ пасэу абы къыщыщIауэ жыхуаIэу зэхэтхар дэри тщыгъупщэжыртэкъыми, ар езыми игу къыщыдгъэкIыж щыIэт.

Абы ищIауэ жыхуаIэрат-тIэ. ТIэкIу къэжанауэ ХьэтIохъущокъуэхэ я хадэм зыщигъэпсэхурт. ТетIысхьэпIэ гуэрым здытесым, Тхьэм ещIэ, ар игу къызэрыкIар. Мо куэд еджэм, Iэджэм щыгъуазэм и гупсысэхэм къыхэпшэхъуауэ къыщIэкIынщ урыс усакIуэшхуэ Александр Сергеевич Пушкинри. Аскэрбий и дежкIэ зырикIт Пушкиным, Лев Толстой сымэ заригъэщхьыныр, къыфIэбгъэкIмэ, абыхэм зыцкIэ къакIэрымыхуу зыкъилъытэжыныр. Ар икIи езыми ибзыщIыртэкъым. Ари абы и лIыгъэм, и хьэлым щыщт. Армыхъу дапщэ къыпхуэзгъуэтын ягукIэ мо классикхэм нэхърэ замыгъэнэхъыкIэу, ауэ ар я жьэкIэ яхужымыIэу? Аскэрбий апхуэдэтэкъым – игу илъыр ибзыщIыртэкъым. НехьэкI-къехьэкI иIэтэкъым.

Мы псалъэмакъым къигъэушыжа щIыкIэу, нэгъуэщI зыгуэри сигу къокIыж.

Махуэм и кIыхьыгъуэт. Дыгъэри нэхъ кIащхъэ хъуати, ичындыкIэхэм деж ХьэтIохъущокъуэхэ я хадэм дохьэ Къэжэр Петя, сэ, Къэрмокъуэ Хьэмид. Сырэ дефэну, псым дыдыхьэу зыдгъэщIыIэтыIэну арат. Шахмат джэгупIэм дыщынэсым зызыгъэ-Карпов си ныбжьэгъуитIыр абдеж Iейуэ пхублэкIынт, жи! «Зэрызэ фIэкIа дыкъызэрыхэгъэнэнкъым», – жари къысфIоувыIэхэр. Зэрызэр тIэурытIэ-щэрыщэ мэхъу. Сэ сызэгуэпу мобыхэм сащхьэщытщ. Сыплъэмэ, зи уз кIуэдын Аскэрбий ипщэкIэ къохыж (и зыгъэпсыкIыпIэм щыIагъэнщ). Къосри, ди дежкIэ къегъазэ. И къыдбгъэдыхьи и псалъи зыуэ къыдоупщI: «Пискуль и романхэм фыкъеджэрэ фэ?»

А лъэхъэнэхэм деж ехьэжьауэ цIэрыIуэ хъуат Валентин Пикуль и романхэр. ТхакIуэу хъуари зыцIыху, абыхэм ятх псоми къеджэфхэр щыIэу къыщIэкIынкъым. АтIэми щхьэкъэIэт, жэщ-махуэ зимыIэу ди лъэпкъым хуэлажьэ, хуэтхэ Аскэрбий псоми дауэ хунэсынт? Арагъэнт Пикулыр Пискуль щIэхъуари. Си гъуситIыр сщIэркъым, ауэ сэри а «Пискулым» и къекIуэкIыкIами и творчествэми сызэрыщыгъуазэшхуэ щыIэтэкъым. Пэжщ, зыщIыпIэхэм сыкъыщеджат ар щIалэщIэ цIыкIуу («юнгэ» жыхуаIэм хуэдэу) кхъухьхэм ису зауэм хэтауэ. Ригэ щыпсэууэ, щытхэу. Ауэ итхахэм щыщу зы роман фIэкIа сыкъеджатэкъыми, Аскэрбий жэуап тэмэм схуемытыжу, зызущэхуауэ сыздэщытым, Хьэмид дыкъещэхуж: Шортэныр къызэрыдэупщIам тету: «Хэт и Пискуль?! Ар дэнэ къэна, уэ удиIэу, уи романхэр щыIэу Лев Толстой итхахэм сыкъеджэнукъым сэ!» – жи. Абдеж мобы и фэм зэрызихъуэжамкIэ, къызэрыгумащIэмкIэ гурыIуэгъуэт абы зэрызимыгъэпскIа къудейр – зигъэщIыIэтыIэмэ, зыкъызэщIигъэплъэжурэ зэрызигъэпсэхуар: «Уэращ лIы хъуну, зыгуэр къызыгурыIуэу мыбыхэм яхэтыр! КъахэкIи накIуэ модэ», – жери Хьэмид ирешажьэ. Петя сэрэ дызоплъыжри дыщытщ. АрщхьэкIэ апхуэдэ лей къыдихыну абы игу дауэ техуэнт? КъызоплъэкIри: «ЛIо, фэ IэплIэкIэ фыкъэтхьын хуейуэ ара? Фи шахматыр зыщIыпIи кIуэжынкъым. ФыкъакIуэ мыдэ!» – дэитIури дызыхуеиххэр арати... Абдеж дыдэм щыт «Гъэмахуэ» шхапIэ телъыджэм Аскэрбий хъуэхъурэ щытхъуу щылъыдгъэсам хуэдиз уи Лев Николаевичи, уи Валентин Саввчи игъащIэм зэхахауэ къыщIэкIынтэкъым...

НтIэ, къезгъэжьарати, Пушкинымрэ абы и макинтошымрэ я хъыбарыр е зэхихат, е къеджат? Сытми, урыс усакIуэшхуэм ищIэгъауэ жыхуаIэрат: сэ псоми сыкъацIыху, нысхуахьыжынщ жери и макинтошыр зыщIыпIэ къыщинати, щымыуауи къыщIэкIат: къыхуахьыжат, Шортэнми ар езым и дежи щигъэунэхуну мурад ещI: макинтошыр тетIысхьэпIэм къытренэри мэкIуэж. А махуэми, етIуанэми пэплъащ Аскэрбий и щыгъыным. АрщхьэкIэ... Щыгугъ! Iейуэ къыпхуахьыжынт жи...

– Уа, Аскэрбий, апхуэдэ щыуагъэ дауэ пщIат? – жытIэрэ дыдыхьэшхыну дыхуежьэмэ:

– Дыхьэшхкъым ар – дыхьэгъщ! Лажьэ зиIэри сэракъым – къуаншэр Пушкиным и макинтошыр къыхуэзыхьыжахэр къызыхэкIа лъэпкъым и бынхэм хуэдэм зи щIэныгъэрэ зи зэхэщIыкIкIэ лъэщIэмыхьа фэращ!..

Зэрытлъагъущи, къуаншэр Пушкиным нэхърэ зызымыгъэнэхъыкIэ езыратэкъым, атIэ ар къызыгурымыIуэ дэрат... Апхуэдэуи зыкъыщыхъужырти арат къыщIимыкIуэтри. Тегушхуауэ хэти щIепсэлъэфри. Езы Мэлбахъуэ дыдэм и деж тыншу щIыщIыхьэфри. Арат сэ фэтэр къысхудихыфыным шэч къыщIытримыхьэри. Дызэхуишэсауэ дыщызэхэсхэм деж имыкурэ-имыбгыу къытхидзэнт:

– А укъызэрызгъэгугъар сщыгъупщэжакъым. Уи фэтэр Iуэхум щхьэкIэ дыгъуасэ Мэлбахъуэм и деж сыкIуати, згъуэтакъым. Пщэдей... Хьэуэ! Нобэ дефащ... ПщэдеймыщкIэ сыкIуэнщи...



**ТекIуэныгъэм и махуэмкIэ ехъуэхъуну Шортэн Аскэрбий кърагъэблэгъащ «Iуащхьэмахуэ» журналым и лэжьакIуэхэу Гъубжокъуэ Лиуан, Елгъэр Кашиф, Шэвлокъуэ Петр, Мысачэ Петр, Къэрмокъуэ Хьэмид сымэ**

АрщхьэкIэ а пщэдейри пщэдеймыщкIэри зикI къэсыртэкъым. ХущIыхьэ хъунтэкъым. Сэ зысшыIэрт. Ауэ сызыукIыу сызымыгъэпсэур хэт жыпIэмэ – фызрат:

– Игу къэбгъэкIыжа Аскэрбий Мэлбахъуэм и деж тхуэкIуэну?

– Аскэрбии Аскэрбийщ, абы и псалъэр зи фIэщ хъу уэри... Ар зы. Мэлбахъуэр дэр щхьэкIэ щыскъыми – тIу. Абы зэ фэтэр къыдитакIэщ...

– АIей, ар абы ищIэж уи гугъэ?

– Уэ пщIэжыркъэ? Сэ сщIэжыркъэ? Напэ диIэн зэрыхуейр тщIэжыркъэ?

– НтIэ, игъащIэкIэ мыпхуэдэу дыщIэсыну? – гъыранэрт мор. – Кхъуащхьэхэмрэ кхъуэ лъакъуэхэмрэ ди Iэнэгум щызэралъафэу... Махуэ къэс дызэщыхьэ-дызэкIужу... Маршынэ къызэрызжьэхэуэрэ сэ узыншагъэ сызэримыIэжыр плъагъуркъэ? Абы щыгъуэ сиукIыпамэ... – гъынанэ къудейм къыщымынэу, къыщиудыпэрти... – Уэ зыбгъэхъеинукъым, мо лIышхуэм дыкъигъэгугъарэ пэткIэ е абы Iуэхутхьэбзэ къытхуебгъэщIэфыркъым е, жылэм я зэфIэкIым хуэдэ уиIэкъыми, уэ зыри плъэкIыркъым... – и узыншагъэр зэрызэтемыувэжар слъагъурти, мор сфIэгуэныхь хъурт, зыри зэры-

хуэзмыщIэфым щхьэкIи сигурэ си щхьэрэ зэбгъэжырти, хэплъапIэшхуэм сыхэхуэрт. СщIэнур лIо? Пэжщ мобы жиIэр: жылэм я зэфIэкIым хуэдэ сиIэкъыми, зыри слъэкIыркъым... Апхуэдэу къыщIызихъуэнырат.

Зэгуэрым Тхьэгъэзит Зубер къызжеIэ:

– Чэмал укъелъыхъуэ. УщIыхьэну къолъэIужащ.

– Сыт сэ Чэмал сызэрищIынур?

– Фэтэр хъуэжын Iуэху си гугъэщ къыщIыпхуейр.

Псори гурыIуэгъуэт: си тхьэусыхэ макъхэр КIасэ Чэмал дежи нэсауэ къыщIокI. ЗэфIэгъэкI гуэрхэр зиIэу пэшищ хъу фэтэр къызэзытым си пэшитIыр естынт. ИтIанэ абы мо ди гъунэгъухэми пэшитI къахуигъуэтынти, езым пэшиплIри къыхуэнэжынт. А гугъэр сэзыгъэщIыр къалэкум дызэрисымрэ ди унэр «хрущовкэхэм» зэращымыщымрэт. Апхуэдэ зыхузэфIэкIынур, дауи, е къулыкъущIэхэрат, е абыхэм я пыхъуэпышэхэрат, е къулей дыдэхэрат. Сэ аищыми сащыщтэкъым. КIасэр «Къэбэрдей-Балъкъэр пэж» кIэзетым и тхьэмадэкъуэдзэт. КъулыкъущIэу республикэм исым я нэхъыбэр (абыхэм нэхъыщхьэ дыдэм и къуэри яхэту) и ныбжьэгъушхуэт. Журналист хъарзынэт. Ауэ, сфIэгъэщIэгъуэну къысхуэмыщIэр хьэIусыпэ зрат куэдым япыщIауэ зыIыгъ къуэпсырат. Ар зыфIэгъэщIэгъуэнри си закъуэтэкъым...

– Уи фэтэрыр пхъуэжыну жаIэу зэхэсхащи, пэж?

– Пэжщ, – жызоIэ сынэщхъей дыдэу. ИкIи согупсыс: мыбы хузэфIэкIыр сэ слъэмыкIыу...

– Сыт хуэдэ щIыкIэкIэ? – мо ищхьэкIэ къезгъэкIуэкIахэр хузоIуатэ.

– Абы щыгъуэ си фэтэрыр уэ узот. Уи гъунэгъухэм я щIэгъэкIыныр си Iуэхужщ.

– Уи фэтэрыр сыт хуэдэ? – соупщI, унэр здэщытыр сщIэрти.

– Пэшищ мэхъу. Екгъуанэ этажщ...

– Ебгъуанэ пIа? – си щхьэфэцым зеIэт. Унэм лифт зэрыхэтыр сощIэ. СыкъыщIэгузэвари абы нэс дэкIуеин-къехыжынырақъым, атIэ сылIэмэ, си хьэдэр къызэрырахьэхынуращ. Хьэдэр лифтым иплъхьэ мыхъумэ, кIэлындорхэр зэвыбзэрэ зыгъэзапIэ ямыIэмэ... ебгъуанэ къатым нэс дауэ укъызэрыралъэфэхынур? Дыщыпсэуми хуиту зыщыдгъэзэн димыIауэ, ди хьэдэрщи – ар къызэрыщIахынум, дунейм зэрытрахыжынум хьэзабыр пыщIауэ...

– Уарэзы? – си гупсысэхэр къызэпеуд мобы. КъикIуэтыпIэ сиIэтэкъым, си щхьэр сыужэгъуати:

– Сыарэзыщ, – къыдызошей ерагъмыгъуейуэ.

– НтIэ, иджыпсту Жорэ (Лъостэн Георгий) и деж сопсалъэри... – трубкэр къытрех. Бжыгъэхэр Iэпэм щIигъэжу здэщысым: – Балкон дапщэ иIэр фи фэтэрым? – къызоупщI.

– Зыри иIэкъым, – сыкъыхопсэлъыкI гупсысэхэм.

– Дауэ жыпIа? – ищIэр зэпегъэури къызоплъ.

– Унэр щащIым щыгъуэ балконхэр зэращIынум текIуэдэнухэм щыщ зыкъом ухуакIуэхэм... ирафыжауэ жаIэ...

– Абы щыгъуэ ди псалъэмакъми кIэ иIэщ-тIэ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ ди Iуэхур зэрыкъутэжам теухуауэ фызым сыхуэтхьэусыхати:

– КIасэ Чэмал нэхърэ унэхъыкIэ-тIэ уэ? Унэхъ Iей?

– СынэхъыкIэу, сынэхъ Iейуэ щымытамэ, абы хузэфIэкIым хуэдэ сэри схуэщIэнт, – жысIэу сымыбзыщIа пэжырат иджы си нэм къыщIаIужыр.

ЕтIуанэуи лIыгъэншафэ къыстезыгъэуар Iэджэ лъандэрэ си ныбжьэгъужь, Мэзкуу къыщызедежа, иджы егъэджакIуэу ди университетым щылажьэ Шэвлокъуэ Валентинт.

Дэ телевизор диIэтэкъым. КIэзонэ уасэкIэ къысхудэхтэкъым (ари си лIыгъэншагъэм и нэщэнэт). Сондэджэр уасэкIэ сыпэлъэщтэкъым. Ди гъунэгъу къытхэсхэм яIэт телевизор. Ди сабиитIыр абыхэм ехъуапсэрт. ЩIашэурэ щрагъэплъи щыIэт. Ауэ Аскэрбий сызэрыдэгушыIа «си фызитIыр» зыгуэр щхьэкIэ зэщыхьа нэужь, мобыхэм я нэр къытхузэрагъэдзэкIыу щIадзэрти, ар псом хуэмыдэу зыхэзыщIэр ди сабиитIрат: ахэр телевизораплъэ яшэжыртэкъым. Ди гъунэгъухэм яй цIыкIуитIыр телевизоркIэ къат таурыхъхэм еплъурэ ину щыдыхьэшхкIэ, а макъхэр зэхэзых дыдейхэр зэрыхъуапсэр слъагъурти, ди сабийхэр сфIэгъуэныхь хъурт. Аскэрбии си тхьэмыщкIагъэр къызихъуэнат «фызитI щызиIа» мо Махуэшхуэм щыгъуэ:

– Праздникышхуэм теухуауэ къатхэм дэри, щIалэ цIыкIухэри щхьэ думыгъэплърэ? – жери зеплъыхь.

– ДиIэкъым, – жызоIэ, мобы нэкIэ къилъыхъуэр къызгурыIуауэ.

– Сыт фимыIэр?

– Телевизор...

– Ар дауэ? Уи щхьэм щхьэкIэ фызитI къыщыбгъуэтым, уи унагъуитIым щIэс сабийхэм ущIемыгупсысар лIо? ЕмыкIущ ар! Щхьэхуещагъэщ!..

– Мобыхэм яIэщ, – зызгъэщэныфIэу, ауэ пцIы зэрызмыупсымкIэ сигурэ си щхьэрэ зэтелъу, ди гъунэгъухэм я дежкIэ соплъэ.

– Дэри абы дыкIуэу деплъын хуейуэ ара-тIэ?.. УнагъуитI ущыхъукIэ, сабийзэхэгъэжи фыззэхэгъэжи щIэпщIын щыIэкъым... ПхузэфIэмыкIынумэ, пхуземыхьэнумэ, уи унагъуитI кIуэдакъым...

– Хъунщ, хъунщ! Сымышхэжамэ, къэсщэхунщ, – къызогъэгугъэ хьэщIэр.

Ари сщымыгъупщэжауэ екIуэкIыурэ, махуэ гуэрым шокъущ жоуэ Валентин сыщыхуозэ сыщылажьэ редакцэ гупэм къит тыкуэным деж. Сэлам-чэлам нэужьхэм:

– Iэщыхъуэ фермэхэм я бригадир цIэрыIуэжьыр дауэ ущыт? – ауан сыкъещI.

– Уэ пхуэдэ Iэщхэр мащIэщи, тщIэн дымыгъуэту гугъу дохь, – щIыхуэ зытезгъахуэркъым сэри... – ЛIо мыбдей щыпщIэр?

– Телевизор къэсщэхуну аращи... СыхьэтипщI хъууэ тыкуэныр Iуахыным сыпоплъэ.

– КхъыIэ, сэри зы къысхудэгъакIуэ.

– Пэжалустэ, бригадирыжь! Сэ езым уи щIыхуэ стелъщ. Еджэныр къэбухмэ, колхозым узэрыхыхьэнум, Iэщыхъуэ фермэм бригадиру узэрыкIуэнум теухуа таурыхъхэм себгъэдаIуэу, себгъафэ-себгъашхэурэ Мэзкуу нэс сыкъипшат...

– Абы и закъуэкъым – Мэзкуу физи къыщыпхуэсшат...

– Ар изгъэкIыжащи, къэбгъуэтыжмэ, уэ узотыж...

– Хъунщ, хъунщ иджы! АдэкIэ ухэмыхьэ... Сыт хуэдэ телевизор къэпщэхунур? Дапщэ и уасэу пIэрэ?

– Уий, тхакIуэ цIэныкъуэшххэ! ЗанщIэу уасэм щIоупщIэ. Сэ Iей къэсщэхун уи гугъэ? Сыкъызэрагъэгугъар нэхъыфI дыдэхэм, нэхъ лъапIэхэм ящыщщ «Горизонт» жаIэу зэхэпхауи плъэгъуауи узиIэ уэ... Фи Iэщ фермэхэм апхуэдэхэр щызэрахьэркъым, дауи.

– Уэ пхуэдэ Iэщ удэфахэращ апхуэдэхэм еплъыр. Шэджагъуэм къахуэсхьыжыну ахъшэ щIыхуэ ди бухгалтерием къеIысхынщи...

– Ар зи уасэр пщIэрэ?

– Дапщэ?

– Мыпхуэдиз, – жери IэпхъуамбиплIыр къысхуегъэпIий. – ТумэниплI уи гугъэнщ уэ. Сом щиплIщ! – къыщIегъуж.

– Дапщэ пIа? – си нэр апхуэдизкIэ къизгъэжащи, мобы «сигу фIы схуещIыж».

– А къыпхуэсщэхунур «тхьэщIын» зэрыхуейри зыщумыгъэгъупщэ, щIыхуэ къыщыпщтэкIэ... Хъунщ, хъунщ. Умыгужьей. СогушыIэ. Рулым сыдэсу сефэркъым сэ.

Сыхуей-сыхуэмейми (лъапIэми, сыт сщIэнт? Сыхуэмейуэ хъунутэкъым) Валентин и маршынэмкIэ нысхуишэжати, ар щIэтхьэу дыщыщIыхьэжым:

– Е зинэщIафтэкIэ къалъхуа! Мыр сыту фэтэрыфI! ИтIани зыбогъэфакъырэ, – жи.

Сытхьэусыхэурэ си Iуэхур зыIутыр абыи къыщыхуезгъэкIуэкIым, ари КIасэм ещхь мэхъу: Чэмал къызжиIа дыдэхэм сыщIегъэдэIу.

– Ауэ къызжиIакъым жумыIэж, си гъунэгъухэр мы уэрамым пхутекIынукъым...

– Хьа-хьа-а!.. А губзыгъэжьхэм Советхэм я унэр зрапэсыну пIэрэ? Абы щыгъуэ фызэзауэу фызэхэс-тIэ игъащIэкIэ...

Пщыхьэщхьэм зэгъусэу къекIуэлIэжахэм (сабий садым щыIари школым къикIыжри, я анэм и лэжьапIэр гъунэгъути, я «лэжьыгъэ» нэужьым абы и деж щытеухэрт) телевизорыр щалъагъум, щыми къагуфIами, Шортэнми Шэвлокъуэми псапэу къахьар зыхуэдизми ущIэмыупщIэ. Ауэ, уделэмэ, Iуэхушхуэкъэ? Iущ сыхъуатэкъыми, Валентин сэрэ дяку дэлъа псалъэмакъри схуэбзыщIыркъым.

– А жыхуэпIэр дызэхэсыну дыкъыщIэнэпауэ аращ, – фызым и уэрэдыжь гуэрыр къыхедзэжри...

Абы сыхуэмеямэ, мобы дыкъыщIэкIыу мыбы щхьэ дыкъэIэпхъуат? ТлъэкIыу дыкъэIэпхъуат?! Ар зэфIэкIащ! АдэкIэ сщIэнур сыт зо?! «ПщIэнур пщIэркъэ – зыукIыж!» – шейтIан щIыкIэу, зыгуэр къызоIущащэ... «Уэри зыукIыж! – сигукIэ сыщIокIие чэнджэщ къызэзыхьэлIам. – Къэбгъуэтаи хэкIыпIэ!..» «Сэ кIэрахъуэ сиIэкъым. Уэ уиIэщ. Уэ сыпхуэдамэ...»

Макъ щэхум къызжиIэр пэжт: абдежхэм кIэрахъуэ сиIэт. Ауэ, зиунагъуэрэ, афIэкIа хэмылъу зыбукIыж хъурэ? ЗыбукIыжын фIэкIа хэлъкъэ?.. Си адэр, къыздалъхуахэр, си бынхэр-щэ?.. Ауэ быдэ и анэ гъыркъым... Иджыпсту къызэдауэ шейтIаныр къыстекIуэрэ сыкъытригъэлъадэмэ...

А зэныкъуэкъу нэрымылъагъум Iэджэм срегъэгупсыс. ЕтIуанэ махуэм сопсалъэ кIэрахъуэкIэ къысхуэупсауэ щытам деж:

– УщIэс?

– СыщIэсщ. ИкIи си закъуэкъым – ЛIыжьи си хьэщIэщи, сэлам къуехыж.

– Сэри схущIэупщIэж-тIэ Назир. ФыщIэсынумэ, сынызщIыхьэнут.

Псоми лIыжькIэ къыдэджэурэ, абы дригъэсауэ, езыми ЛIыжь цIэр фIэтщыпэри, абы къытенат Къуэныкъуей Назир. Ар езым хуэдиз дыщэ и уасэт. Дыщэ Вагъуэри зи бгъэм къыхэлыдыкIт. А Вагъуэр лIыхъужьыгъэкIэ абы къызэрихьрэ куэд щIат.

АрщхьэкIэ къыщратыжар зауэр иухыу илъэс тIощI дэкIыжа нэужьт.

Кхъухьлъатэзехуэу зауэм хэта Къуэныкъуейм зэрихьа лIыгъэм хъыбарыщхуэ иIэт. Езым фIэкIа, абы и гугъу зымыщI гъуэтыгъуейт. Дэ а и хъыбархэм щхьэкIи и цIыхугъэшхуэм щхьэкIи а ЛIыхъужьым пщIэшхуэ хуэтщIырт. ФIыуэ тлъагъурт. АпхуэдэлIыр фIыуэ зымылъагъур Алыхьталэм фIыуэ къилъагъунтэкъым. Сэ телевиденэм сыщыувагъащIэм ди лэжьапIэмрэ Назир зи унафэщI зыгъэпсэхупIэ унэмрэ дяку уэрам цIыкIу закъуэ дэкIыу ди куэбжэпэхэр зэтат. ЖыпIэнурамэ, щIэх-щIэхыурэ дызэхуэзэрт. Езыхэм япхъу Къуэныкъуей Рози (абы и адэ Мухьэжи тхакIуэу щытат) къыддэлажьэрти – дигъэхамэртэкъым. Дишэурэ дигъэфIырт, дигъафIэрт. Аркъудейтэкъым – зи унафэщI унэм егъэзыпIэ къыщыдитырти (псом хуэмыдэу зыгъэпсэхуакIуэхэр щымащIэм деж) екIурабгъукIэ дыщIигъэст.



**Къуэныкъуей Назир**

– ФызыщIэсынымрэ фшхынымрэ си Iуэхущ. Тхэныр фэ фи Iуэхущи – флъэкI къэвмыгъанэ. Фэ зэран къыфхуэхъури сэ си Iуэхущ, – жиIэрти...

Си щхьэкIэ апхуэдэ гулъытэр тIэунейрэ къыслъысат. Ар ауэ сытми Iуэхутхьэбзэт?!. АтIэми фэтэр хьэхухэм дыщыщIэса илъэсхэм щыгъуэ...

НтIэ, си ныбжьэгъум и хьэщIэ апхуэдэлIым IэнэщIу дауэ убгъэдыхьэнт? Ауэ щыхъукIи, «зыбукIыжынумэ, щхьэусыгъуэ лъэпкъ уиIэкъым – сэ сыхьэзырщ», – жызыIэу къысхуэдалъэ Iэщэр уи натIэм ибгъэкIыжу...

– Мыр сыт, ЛIыжь, мы къеплъэфэкI къомыр? – мо лIы лъахъшэ, щхьэ тхъуар къызэфIоувэри, IэплIэм срекъузэ. СIыгъхэр Iэнэм тызолъхьэ. Назир лIы укIа пкъуэлъми дзыхь зыхуащIым хуэдэти, нехьэкI-къехьэкI хэмылъу:

– Мыбы и зелъэфэным сызэребгъэукIар куэдщ. ФIыкIэ зепхьэн, и кIакхъу сэ сэщхьу, уэри щIумычын ухъу. Узотыж. Сигу къеуэр, нэгъуэщI мыхъуми, зэ закъуэ зэрызмыгъэуаращ. Дэнэт щызгъэуэнури?.. Тыгъэ къыщысхуэпщIым, нэпсеигъэр къыстекIуэри къыпIысхат, армыхъумэ сыткIи сыхуейт абы? Зэи зыми дгъэуэн хуей Алыхьым имыщI, – жызоIэри Iэщэри абы щIыгъуа шэхэри зейм изотыж. ТIури фIыуэ дефауэ ар зэрызэ-

Іэпытхауэ щытам и хъыбарым ЛІыжьи щІыдогъэдэІу. Ауан зытщІыжурэ додыхьэшх. Дотхъэж.

– Апхуэдэу щыхъуакІэ, ар зэрытщІынуращ-тІэ: дызэхъуэжэнщ. Щам къысхурахауэ сиІэщ дыщэ перо фІэлъу «Паркер» американ ручкэ дахэ, къэрэндащ нэхъ дахэжи щІыгъуу. Мис ахэращ уэ Іэщэ пхуэхъунур, - жери сэ естыжар егъэтІылъыж. Мо зэщІэлыдэхэр къещтэри, - мис мыхэр куэдрэ къэбгъэсэбэпыну сынохъуэхъу...

Арати, си псэм «уэху!» жеІэж. Ди хъуэжщІэжым кІыхьу дытохъуэхъухь, дызэрихабзэу, фІыуэ дызэщотхъужри...

Си щхьэ дзыхь тезмыщІэжу, кІэрахъуэр стыжыныр къызыхэкІа щхьэусыгъуэхэм ящыщ си фэтэр Іуэхур хъарзынэу зэфІэкІати:

- Аскэрбий, Тхьэразэ къыпхухъу. Сэр щхьэкІэ афІэкІа зыщІыпІи умыкІуэ. Мэлбахъуэри умыгъэпІейтей, - жысІэурэ селъэІурти:

- Абы сыщІэкІуэнур уэракъым – псалъэ зэста Къасболэтрэ ди нысэмрэщ. А етІуанэрей уи фыз дэгъуэжьыракъым жыхуэсІэр – ди нысэ дыдэращ...

- ЛІо мыбы физитІ иІэу ара? – Іуэхум щымыгъуазэхэр щІэупщІэрт.

- ФызкІэ абы узэрыхуэдэнт. Ауэ и фэтэр Іуэхухэр щІагъуэкъыми, КІэщт Къасболэти ди нысэри къэзгъэгугъащи, Тиморэ Къубатиевич и деж...

- КхъыІэ, умыкІуэ, зо! Си фэтэр Іуэхур зэфІэкІащ. Дытыншыжащ. А узыпылъа дэгъуэжьыр къытхэсыжкъым. Ди закъуэу дыкъыщІэнэжауэ дызэрыщІэсрэ Іэджэ щІащ. Уи фІэщ мыхъумэ, неблагъи уи нэкІэ зэгъэлъагъу, - арщхьэкІэ дапщэрэ селъэІуами, къызэмыдаІуэу илъэситІ-щыкІэ «сфІэкІуауэ» щытащ ар Мэлбахъуэм и деж.

- Уи физитІым яз а дэгъуэжьыр щІэмысыжмэ, лІо сынакІуэкІэ?.. Девгъафэ а Махуэшхуэм щыгъуэ къэтхъуэхъуауэ щытахэр къыдэхъулІэн папщІэ, - жиІэу Аскэрбий бжьэр къыщиІэтым, абы зи гугъу ищІым зыри хамыщІыкІ пэтми, даІыгът зи псалъэр тІу ямыщІ Шортэным и гукъыдэжыр.

Псом хуэмыдэу ар зи гуапэ дыдэ хъур сэрат - а Махуэшхуэри абы ехьэлІауэ къэсІуэтэжа мы гукъэкІыжхэри си гъащІэм щыщ зы Іыхьэшхуэу къыздызохьэкІ сэ нобэр къыздэсым.

## *ЕгъэджакIуэхэм папщIэ*

# Ди лъэпкъ романым и япэ лъэбакъуэхэр



Адыгэ литературэм и япэ лъэбакъуэхэр ичу щыхуежьа лъэхъэнэм роман жанр гугъур къигъэIурыщIэну зэрызрипщытар и щыхьэтщ XX лIэщIыгъуэм и 30 гъэхэм ирихьэлIэу лъэпкъ литературэр, зэрыжаIэхэм хуэдэу, «литературэщIэ» дыдэу зэрыщымытыжам. ЛъэныкъуитIкIэ - ипщэрэ ищхъэрэкIэ - къикI щэнхабзэхэр жумарту къызылъэIэс икIи зыщIэзышэ лъэпкъыр и гупсысэкIи, и дуней лъагъукIэкIи абы хуэхьэзырт, зыхуэныкъуэр псоми зэдай алыфбейрэ щIэджыкIакIуэрэт. А щыщIэныгъэр гъэзэкIуэжыным хуэунэтIауэ Октябрь революцэм и ужькIэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэшхуэм (щэнхабзэ революцэм) къызэригъэпэщащ а къалэныр зыгъэзэщIэфынухэмрэ абыхэм ягъэзащIэм хуэныкъуэ тхылъеджэхэмрэ. Урыс, европей щэнхабзэм и лIыкIуэхэмрэ хьэрып, тырку еджапIэхэм щIэныгъэ щызэзыгъэгъуэта узэщIакIуэхэмрэ хаса жыгыр «уахътыншэу къэщхьэлъэу» (Нало Заур), гъабгъи димыхыу къыщIэкIащ. Аращ революцэм и ужькIэ дунейр тIэкIу зэIубз зэрыхъужу прозэу тха тхыгъэхэр (адыгэ тхакIуэхэм ятхми е зэрадзэкIми) лъэпкъ тхылъеджэм щIэх яIэрыхьэ щIэхъуар.

А лъэхъэнэм адыгэ тхакIуэхэм, совет тхакIуэ псоми хуэдэу, гъуазэ яхуэхъуар 1925 гъэм РКП(б)-м и ЦК-м «Художественнэ литературэм ехьэлIауэ партым и политикэм и Iуэхукlэ» къыдигъэкIа унафэрщ. А унафэр нэхъыбэу зыхуэгъэзауэ щытар гуп щхьэхуэурэ зэрыгъэгуэша литераторхэр зы гъуэгу тешауэ унэтIыныгъэ убзыхуам хуэгъэлэжьэнырами, абы ифI екIащ лъэпкъ литературэщIэхэм. Абы тхакIуэхэр зэришалIэрт, ахэр зыхуей-зыхуэфIкIэ къызэгъэпэщыным, я тхылъхэр къыдэгъэкIыным къэралыр къыхишэрт. ИпэжыпIэкIэ, а унафэр дунейм къытехьа нэужь лъэпкъ тхылъ тедзапIэхэр къызэIуахыу, тхакIуэхэр щызэчэнджэщ зэIущIэхэр къызэрагъэпэщу, япэ ита тхакIуэ нэхъыжьхэм я творчествэр зэпкърахыу, абыхэм я тхыгъэхэр щIэблэр зэрырагъаджэ, зэрагъасэ тхылъхэм хагъэхьэу щIадзащ. Апхуэдэу екIуэкIащ совет тхакIуэхэр зы гупышхуэу зэгуэзыгъэхьа япэ зэхуэсышхуэм (1934 гъэм) нэс. Ауэ «нэхъыщхьэр, - щIэныгъэлI-къэхутакIуэ ШащIэ Къазбэч къызэрыхигъэщащи, - 30 гъэхэм я пэщIэдзэм ирихьэлIэу Октябрь революцэм цIыхухэм я нэр къызэригъэплъэжам, лажьэу, шхэжу псэуным и гъуэгу хуитыр къазэрыхузэIуихам теухуа пафос тхыгъэхэм адыгэ литературэр арэзы имыщIыж зэрыхъуаргщ».

А илъэсхэм цIыхубэм я псэукIэм, я дуней еплъыкIэм ягъуэта зэхъуэкIыныгъэ инхэм къагъэувырт лъэхъэнэм и шыфэлIыфэр, лъэпкъым и блэкIар, и нобэр къызыхэщыж тхыгъэ убгъуахэр щыIэн хуейуэ. Апхуэдэ

щIыкIэкIэ, и ныбжьым емылъытауэ, псынщIэу хэхъуэ адыгэ литературэмрэ къэрал гулъытэмрэ зэхыхьэжри къагъэщIащ прозэм и жанр нэхъ пIащэхэм хыхьэ тхыгъэ зыбжанэ: Абыкъу Хъалид и «Инжыдж и Iуфэхэм» (1930), ДыщэкI Мухьэмэд и «Пшэплъ» (1934), ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» (1936, япэ вариантыр), КIэрашэ Тембот и «Гъуэгу насыпыфIэ» «Щамбул», (1929 - 1947) романхэр, Къуэжей Сосрыкъуэ, Нало Жансэхъу, Уэхъутэ Абдулыхь, Гъуэщокъуэ Хъусин, Махъсидэ Залымхъан сымэ я повестхэр. Мы тхыгъэхэр нэхъыбэу зытеухуар Октябрь революцэмрэ абы и пэкIэ щымыIауэ бэм и псэукIэм къыхыхьэу хуежьа зэхъуэкIыныгъэфIхэрауэ щытми, гу лъумытэу къанэркъым цIыхухэм я зэхущытыкIэхэр нэхъ кууэ къэгъэлъэгъуэным, псэукIэщIэм къигъэщIа лъапIэныгъэщIэхэр нэхъ убгъуауэ къэгъэсэбэпыным лъэпкъ прозэр хуэпабгъэ зэрыхъуам.

Апхуэдэ къалэнхэр ягъэзэщIэн мурадкIэ, а зэманым совет тхакIуэхэм къагъэсэбэпу щыта Iэмалхэри мыIейуэ адыгэ тхакIуэхэми зрагъэщIат. Иджы ахэр лъэпкъ фащэкIэ яхуапэрт, адыгэм и дуней лъагъукIэм кърагъэзагъэрти, абы и гъащIэм щыщ Iыхьэ ящIырт. А зэманым псэуа ди тхакIуэхэм я романхэр типологие и лъэныкъуэкIи, я зэхэлъыкIэ-гъэпсыкIэкIи совет тхакIуэ цIэрыIуэхэу Фадеев Александр («Зэхэкъутэныгъэ»), Фурманов Дмитрий («Чапаев», «ЗыкъэIэтыныгъэ»), Серафимович Александр («ГъущI псыдзэ»), Лавренев Борис («Жьыбгъэ», «ПлIыщIрэ езанэ»), Федин Константин («Къалэхэмрэ илъэсхэмрэ») я IэдакъэщIэкIхэм пэгъунэгъущ. Сюжет зэщхьэр яIэми, художественно-эстетикэ и лъэныкъуэкIэ ягъэзащIэ къалэнхэр зэтехуэми, тхыдэ-революцэ романхэм къагъэлъагъуэу хуожьэ лъэхъэнэм и лIыхъужьыщIэхэр къэзыгъэщI щхьэусыгъуэхэр, ахэр пашэ зыхуэхъу цIыхубэм и дунейр, ар зыгъэгуфIэ е зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр. Иджырей литературэ щIэныгъэм дежкIэ нэхъ лъапIэращи, ди тхакIуэхэми я апхуэдэ тхыгъэхэм къыхэщу щIедзэ цIыхум гукIэ зэригъэзахуэ Iуэху гурыIуэгъуейхэр, лIыхъужьым и дуней тетыкIэмрэ и псэр зыхуэпабгъэмрэ зэтемыхуэ щыхъухэм деж, абы кIуэцIкIэ игъэв хьэзабыр. Абы и щапхъэщ шэрджэс тхакIуэ Абыкъу Хъалид «Инжыдж Iуфэхэм» зыфIища романыр (1930).

Мы лэжьыгъэм и пэщIэдзэм зэрыщыжытIащи, лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ революцэм къигъэщIа совет прозэмрэ я щэнхэр щызэхэухуэна тхыгъэщ романыр. IуэрыIуатэм и щэн нэхъыщхьэу абы хэлъыр плъыфитI къудейщ: хужьрэ фIыцIэрэ. «Дэ димыгъусэр ди бийщ» революцэ къыхуеджэныгъэм тещIыхьащ тхыгъэм щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэри ар белджылы зыщI и сюжетри. «Кхъужьей щIагъым» (ЩоджэнцIыкIу Алий) рассказым хуэдэу, Абыкъу Хъалид и романми хэт лIыхъужь нэхъыщхьэ Хьэсэни гъэунэхупIэ, лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ ирегъахуэри, ар бэнэныгъэм и гъуэгум трегъэувэ.

Езы тхакIуэми а гъуэгур ядекIу и романым хэт персонажхэу Хьэсэн, Бэчыр, Увжыкъуэ, Забыт сымэ. Мыбдежым, революцэм епха япэ адыгэ прозэ тхыгъэхэм хуэдэу, тхакIуэмрэ и лIыхъужьхэмрэ я дуней еплъыкIэхэмкIэ, я гупсысэ-хъуэпсапIэхэмкIэ иджыри зэтохуэ. ИкIи, дэ дызереплъымкIэ, романым нэхъ лъапIэу хэлъыр пыIэ къэхь жраIэмэ, щхьэр къихьыну хьэзыр революционер-манкуртым и пIэкIэ гупсысэ, укIытэ зиIэ, щIэпхъаджагъэ Iууэмэ, Iэнкун хъу е къыIэщIэщIа Iуэхум хущIегъуэж образ (романым и лIыхъужь нэхъыщхьэ Хьэсэн партми хохьэ, гупми пашэ яхуохъу) япэу адыгэ литературэм къызэрыхишарщ. Пэжщ, революцэ мафIэм и гъуэзыр иджыри Iуву зыщхьэщыт тхыгъэм апхуэдэхэр куэд

щыхъуркъым, гущIэгъур и щIыIу къыщыкIуэ теплъэгъуэхэми увыпIэшхуэ щаубыдыркъым. Ауэ Абикъум апхуэдэхэри и романым зэрыхигъэхьэр и ехъулIэныгъэхэм ящыщу жыпIэ хъунущ.

Жьымрэ щIэмрэ, емрэ фIымрэ тхакIуэм зэрызэпэщIигъэувэр Хьэсэнрэ Мусэрэ я образхэмкIэщ. Дауи, IуэрыIуатэм и хабзэхэм иджыри быдэу тет тхакIуэм зэпэщхьэхуэ лъэныкъуэхэм я зэжьэхэуэныгъэр зэриухын хуейр фIыр текIуауэщ, нэгъуэщI зыгуэркIэ уащIыщыгугъыни щыIакъым а зэманым дунейм къытехьа тхыгъэхэм. Ауэ сюжет укъуэдиикIэм, темыгушхуащэурэ, дызыпэмыплъа коллизие къыхегъэхьэ Абикъум: къызэрыщIэкIымкIэ, Хьэсэн иукIар «гужьгъэжь зыхуиIэ и класс бийуэ щытым» и закъуэтэкъым, - абы иукIат зэрыцIыкIурэ къызыдэхъуа, и ныбжьэгъу, зи гъурри цIынэри фIыуэ ищIэ цIыхур. Мис ар лIыхъужьым и гум къеIащ. (Мы теплъэгъуэм уигу къегъэкIыж Лавренев Борис и «ПлIыщIрэ езанэ» (1924) повестыр).

ЦIыхугъэм епхауэ тхыгъэм и фIыпIэ а теплъэгъуэм адэкIи зригъэужьыну, психологизмэр нэхъ куу ищIыну тхакIуэм ущогугъ, ауэ абы нэсыфыркъым. АдэкIэ къакIуэр тхакIуэм зэрызигъэзэхуэж щхьэусыгъуэрщ. Ари апхуэдизу къэмыгъуэтыгъуейуэ къыщIокI - «тхьэмыщкIэхэм, я гуащIэ къыдэкIакIэ псэухэм зы яхэщIащ, къулъкъэшхъэну мэзым щIыхьэжахэми зы къахэхъуащ». Бэчыри псэхугъуэ къезымыт псэ зэдауэм тригъакIуэр Хьэсэн и щапхъэрщ - большевикхэм я сатырым хэувэнырщ. Дунейр фэзэхъуэкIщ, «дыгъуасэ зыуи щымытахэр нобэ псоми я тепщэ хъунущ» («Интернационал»), абы къыхэкIыу «псэукIэщIэм къыпэувхэм, абы лъэпощхьэпо къыхуэхъухэм» бэнэныгъэ гуащIэ ядегъэкIуэкIын хуейщ - аращ икIэм-икIэжым «тхакIуэ-гущIэгъулыр» зыхуэкIуэжыр, и романми гупсысэ нэхъыщхьэ хуищIыр.

Иджырей литературэ щIэныгъэр здынэса лъагапIэхэм къигъэув пщалъэхэмкIэ лейуэ къыщIэкIынущ романым и художественнэ зэфIэкIхэм уатепсэлъыхьыныр, ауэ фIы и лъэныкъуэкIэ къыхэгъэщын хуейщ XX лIэщIыгъуэм и 20 - 30 гъэхэр зыхуэдар, адыгэхэм яIа псэукIэ-зэхэтыкIэр, я хъуэпсапIэхэр зэгъэхъулIэныр революцэм быдэу ирапхыу зэрыщытар, абы папщIэ зыхэта зэщIэхъееныгъэр, ар лъэпкъ плъыфэ иIэу зэрекIуэкIар нэхъ убгъуауэ Абикъум и романым къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. Мы Iуэхугъуэхэм нэхъ иужьыIуэкIэ зыужьыныгъэ щагъуэтынущ, нэхъ кууэ къызэIухаи щыхъунущ КIыщокъуэ Алим, Теунэ Хьэчим, Щомахуэ Амырхъан, АбытIэ Владимир, Гъубж Мухьэдин, Журт Биберд сымэ я романхэм.

«Инжыдж Iуфэхэм» романыр лъэхъэнэмрэ зэкIэлъыпыту къэхъу тхыдэ Iуэхугъуэхэм зи гупсысэкIэр, дуней лъагъукIэр яхъуэжа тхакIуэмрэ я Iэужьщ, зэман хъыжьэм и фэеплъщ. Мы тхыгъэм и япэ Iыхьэм къызэрыщыдгъэлъэгъуащи, ди гъунэгъу лъэпкъхэм я литературэхэри щыхьэт тохъуэ а зэманым цIыхур зыгъэлъапIэ, абы и пщIэр ину зыIэт, тхакIуэм зыхуейр хуиту щыжиIэ тхыгъэ куэд къызэрыдэмыкIар. Ди къэралыр зэи зыхэмыкI зэхъуэкIыныгъэхэм, гъэунэхуныгъэхэм я зи чэзу лэжьыгъэхэр екIуэкIырт: репрессиехэм я илъэсхэм щIидзакIэт, «социалистическэ родинэм» и епцIыжакIуэхэмрэ абыхэм я пыхъуэпышэхэмрэ иращIэкIа бэнэныгъэ мафIэр адыгэхэми къалъэIэсат. А зэманым къыдэкIыу щыта газет-журналхэри, радиори зыхуэлажьэр зыт: «социализмэм и бийхэм гуащIэрыпсэу псоми лъагъумыхъуныгъэшхуэ яхуегъэщIыным» и IуэхукIэ РКП(б)-м и къыхуеджэныгъэхэр пхыгъэкIыныргт. Апхуэдэ унэтIыныгъэхэр зэрыпхагъэкIыу щыта Iэмалхэр нэхъ наIуэу къыщыгъэлъэгъуэжащ

шэрджэс тхакIуэ ДыщэкI Мухьэмэд и «Пшэплъ» романым, публицистикэ щэнхэр нэхъ къызэбэкIым.

Литературэдж-къэхутакIуэ Бэчыжь Лейла зэрытригъэчыныхьымкIэ, романыр дилогиеу щытын хуеящ, ауэ етIуанэ Iыхьэр итхыну авторыр хунигъэсыжакъым ажалым. Абыкъу Хъалид и романым хуэдэу, «Пшэплъым» темэ хуэхъуар Октябрь революцэм и пэкIэ зы адыгэ жылэм и псэукIарщ, къуажэдэсхэм яку дэлъа зэхущытыкIэхэрщ, къэралым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм абыхэм зэрызыдахъуэжарщ. Плъыфэбэу щымыта я гъащIэр, а лъэхъэнэм адыгэхэм я гупсысэкIэу, я хъуэпсапIэгугъапIэу, я псэлъэкIэу щытахэр тхакIуэм къызэрытхуигъэнарщ романым и фIагъ нэхъыщхьэр.

«Адыгэ псэукIэ» газетым и лэжьакIуэу (редакторуи) щыта ДыщэкIым и художественнэ хъэтIыми къытощ, и гупсысэкIэми холъагъуэ журналист нэщэнэхэмрэ Iэмалхэмрэ. Абыхэм, языныкъуэ критикхэм «авторскэ отступленэ» зыфIащахэм, романым и сюжетыр зэщIаIулIэ, и гъэпсыкIэр очерк жанрым гъунэгъу хуащI. Ар езы тхакIуэм къыхихагъэнри Iуэхум хэлъщ - а зэманым зэтеувэу щIэзыдза «социалист эстетикэр» а IэмалхэмкIэ нэхъ тыншу къыпхуэгъэлъагъуэрт. Адыгэ тхакIуэм дежкIэ зэкIэ дзыхьщIыгъуэджэт икIи хьэлъэIуэт совет прозэм художественнэ унэтIыныгъэщIэ езыта тхакIуэшхуэхэу Эренбург Илья, Булгаков Михаил, Шолохов Михаил, Зощенкэ Михаил сымэ къыхаха гъуэгур. Дэ къызэрытлъытэмкIэ, ари и зы щхьэусыгъуэщ романыр щхъуэкIэплъыкIэу щIа сурэтым щIемыщхьым, персонажхэм я хьэл-щэныр, гупсысэкIэр зэтеувэныр хьэзырыбзэ жыпхъэм иту зэрекIуэкIым, цIыхупсэм къыщыхъу хабзэ зэныкъуэкъум гулъытэ щIагъуэ щIимыгъуэтым.

Тхыгъэм и пэщIэдзэ дыдэм тхакIуэм и персонажхэр тIууэ щегуэш: «хужьрэ фIыцIэу». Ахэр зэхэбгъэкIын щхьэкIэ, тхакIуэм кIыхьу къритхэкI сурэт характеристикэхэми ухуэмыныкъуэж мэхъу - ахэр зыхуэдэр персонажхэм я цIэ къудейхэмкIэ тыншу къыбощIэф. Хьэмид, Уэсмэн, ЛутI, Мусэ, Сырымэ, Захаров сымэ фIыщ; Тембот гъум, Жамырзэ пэгъым, Пагуэ нэжь, Къурыкъуэ афицар лъэбышэ, Къасбот нэф, Жамбот дэгу, Нарыч пэкъуаншэ сымэ, шэч хэмылъу, Iейщ. ТхакIуэм зэрыжиIэщи, япэ гупыр «цIыху гугъуехьакIуэхэрщ», етIуанэр «ахэр дунейм тезылъагъуэ мыхъу бейхэрщ». Езыр зи телъхьэри игъэлъапIэри фIэщыгъэцIэхэмкIэ гурыIуэгъуэщ.

«Дэ ди мыгъусэр ди бийщ» къыхуеджэныгъэм жылагъуэр тIууэ игуэшауэ щыщыта лъэхъэнэрщ романым къыщыгъэлъэгъуэжар. «Хужьымрэ» «фIыцIэмрэ» иризэхигъэкIыу тхакIуэм Iэзэу къегъэсэбэп зэгъэпщэныгъэри, сурэт характеристикэри, антитезэри.

Типологие и лъэныкъуэкIэ фIыхэм ящыщ Уэсмэн и образыр зэкIуэлIэжыр 20 - 30 гъэхэм дунейм къытехьа адрей художественнэ тхыгъэхэм хэт апхуэдэ персонажхэрщ. Зы лъэныкъуэкIэ, ар тхьэмыщкIэ дыдэхэм къахэкIащи, фIыри Iейри къызыгурыIуэ цIыхущ, езым нарт теплъэ иIэщ, абы хуэфэщэн гуи кIуэцIылъщ; нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ, ар егъэлеяуэ ткIийщ, бейхэм ятеплъэ хъуркъым. Ар тхакIуэм и Iуэху еплъыкIэми тохуэ, икIи зэрыхулъэкIкIэ хэтщ лIыгъэм и щапхъэу Уэсмэн и IуэхущIафэхэр къигъэлъэгъуэну. Ар и закъуэу яхолъадэ IэщэкIэ зэщIэузэда шу гупышхуэм, «мэл хъушэм хуэдэу», зэбгреху, итIанэ зырызурэ псори ireудых.

Бадыри абы зыкъыкIэригъэхуркъым: «зы махуэ зи гугъу къыхуащIа революцэм и цIэкIэ» жиIэурэ, «бийхэм хьэлэч яхелъхьэ». IуэрыIуатэм

узыщрихьэлIэ хабзэ хьэл-щэнхэр мэкъумэшыщIэ щIалэхэм якIэрилъхьэкIэрэ, ахэр иIэтыну, «афицер еджахэм, гъэсахэм» я щхьэм къытригъэувэну тхакIуэр зэрыхущIэкъум и персонажхэр гъащIэм пэIэщIэ ящIри таурыхъ дунейм хешэ. IуэрыIуатэ бзыпхъэм къыщхьэщыкI фащэкIэ и лIыхъужьхэр зэримыхуэпэфым къыхэкIыу, Уэсмэни, ЛутIи, Мэжиди я образхэр гукъинэж хъуркъым.

ТхакIуэм нэхъ къехъулIахэм ящыщщ Хьэмид и образыр. Персонажым и сурэтыр егугъуу зэрищIам хуэдэу, тхакIуэр хуэсакъ зэпытщ абы: и зыIыгъыкIэкIи, и псэлъэкIэкIи, и IуэхущIафэкIи ар адрейхэм куэдкIэ къащхьэщокI.

Совет литературэм и япэ лъэхъэнэм къызэригъэлъагъуэу щытам хуэдэу, мыбдежым ущыпоплъэ здигъэзэну лъэныкъуэр къыхухэмыхыу гъуэгу зэхэкIыпIэм Хьэмид къыIухутэну - къыхихынур нобэкIэ иIэ псэукIэ гукъеуэншэра хьэмэрэ революцэ бэнэныгъэ гъуэгура, жыпIэу. Ауэ а хэдэныгъэ гугъуми драматизм лъэпкъ зэрыхэмылъынур тхакIуэм щIэх къыдгурегъаIуэ и лIыхъужьым хуищI сурэтымкIэ: «бейхэр илъагъу хъуркъым, езыр тхьэмыщкIагъэм къызэрыщIэтэджам, тхьэмыщкIагъэ куэд зэригъэныщкIуам щхьэкIэ, бейхэм я бэлыхьу тхьэмыщкIэхэм ятелъхэр дэгъуэу зэхищIыкIырт».

Революцэм теухуа тхыгъэхэм я зэхуэдэ хьэлщ лъэхъуэщым ихуар еджэкIэрэ тхэкIэрэ ищIэу къикIыжу. Хьэмид зи пашэ гупырщ «пщыхьэщхьэ пшэплъ дахэм цIыху гугъуехьакIуэу къуажэм дэсам бэракъ плъыжь дахэу щхьэхуитыныгъэм и дамыгъэри» яхуэзыхьыр.

Дэ зэрыхуэдгъэфащэмкIэ, Хьэмид и образым ехьэлIауэ тхакIуэм нимыжыIысауэ зыкъом къэнащ. ЗэрымыщIэкIэ къыжьэдэлъэта псалъэ закъуэм цIыхур щытекIуадэу щыта мо лъэхъэнэм щыгъуэ тхакIуэм нэхъыбэкIэ ущIыщыгугъыни щыIэтэкъым. Абы хужымыIахэр иризыгъэкъужынур, Хьэмид хуэдэ образхэм (Астемыр, Къазджэрий, Елдар, Бот сымэ) зыужьыныгъэ нэрылъагъу щагъуэтынур КIыщокъуэ Алим и тхыдэ-революцэ романхэрщ.

Зыужьыныгъэ игъуэтын хуеяуэ, ауэ и кIэм нэмыгъэсауэ романым нэгъуэщI зы Iуэхугъуэми ущрохьэлIэ: ар Уэсмэнрэ къуажэ старшынэ Тембот гъум ипхъу Назычрэ яку дэлъ лъагъуныгъэ щэхурщ. ХэIущIыIу имыщIу, а гурыщIэр куэдрэ гукIэ пщащэм кърихьэкIащ. Уэсмэн лъэхъуэщым щрадзам щыгъуэ, ерыскъыкIи щыгъынкIи Назыч абы къыдоIэпыкъу, и адэми йолъэIу щIалэ хейр кърigъэутIыпщыжыну. Ауэ абы щыгъуэ къыдэIэпыкъуар хэтми Уэсмэн къыщищIэр тутнакъэщым къикIыжу Хьэмид и гупым гъусэ яхуэхъужа нэужьщ.

Художественнэ Iэмалхэр тхакIуэм къызэригъэсэбэп щIыкIэм и гугъу пщIымэ, жыIэн хуейщ пейзажыр абы нэхъ къехъулIахэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр. Уеблэмэ абы епхащ романым и фIэщыгъэцIэри. Революцэм и тхакIуэ язынықъуэхэм зэхъуэкIыныгъэ къэхъунум и дамыгъэу къагъэсэбэпу щыташ дунейм и къэхъукъащIэ гуэрхэр: жьапщэр, борэныр, псыдзэр, щIагъыбзэ щIэлъу, я тхыгъэхэм къыщахьырт. КIыщокъуэ Алим и «Хъуэпсэгъуэ нур» романыр, псалъэм папщIэ, къызэрыщIидзэр Щхьэлмывэкъуэпсыр къиуарэ жылэр абы епщIауэщ. ДыщэкIым и романым Iуэхур щекIуэкIыр щIымахуэ лъэхъэнэрщ: щIыIэм дунейр зэщIигъэщтхьащ, абы игъэхыщIэ унагъуэ тхьэмыщкIэхэр хьэзаб ятелъу мэпсэу. Абыхэм я гур къызыдэхуэбэжыр «уафэ джабэр, дарий дахэм хуэдэу, пшэплъ дахэу плъагъуу, Хьэмид сымэ яIыгъ бэракъ плъыжь дахэр, абы пэлыду… къуажэм щыдыхьэжаркщ». Дауи, пшэплъыр тхакIуэхэм

дамыгъэ зыхуащIыр большевикхэм яухуэну зыщыгугъ псэукIэщIэрщ. Мы Iэмалыр Щомахуэ Амырхъани къыщигъэсэбэпащ «Тэрч Iуфэ къыщищI пшэплъ» зыфIища и романым (1968).

Къыхэгъэщыпхъэщ Абыкъу Хъалидрэ ДыщэкI Мухьэмэдрэ я романхэр тхыдэ роман лIэужьыгъуэм и жыпхъэм къызыхуэтыншэу зэримызагъэри. Тхыдэ романхэр зэрызэхэлъ пкъыгъуэхэм ящыщу мы тхыгъэхэм яIэр ахэр революцэм зэрытеухуа къудейрщ: тхыдэ къэхъукъащIэ инхэми, архив дэфтэрхэмкIэ щIэгъэбыда Iуэхугъуэ пыухыкIахэми, лъэпкъым и цIыху пэрытхэм я прототипхэми уащрихьэлIэркъым абыхэм. Сюжетыр зэгъэщIылIа лIыхъужьхэр тхакIуэхэм къагупсысащ е езыхэм фIэкI зыщымыгъуазэ цIыху гуэрхэм къытращIыкIащ. Шортэн Аскэрбий, КIыщокъуэ Алим, МафIэдз Сэрэбий сымэ я романхэм хуэдэу, дызытепсэлъыхь тхыгъэхэм иджыри щызэхэжыхьатэкъым тхыдэ къэхъукъащIэхэри, IуэрыIуатэ-философие нэщэнэхэри, жылагъуэмрэ унагъуэмрэ, цIыхубэмрэ цIыху щхьэ закъуэмрэ яку къыдэхъуэ хабзэ зэмызэгъыныгъэхэри.

Апхуэдэу щытми, «Инжыдж Iуфэхэм», «Пшэплъ» романхэр адыгэ литературэм дежкIэ лъапIэщ:

а) ахэр адыгэ литературэм и япэ романхэщ;

б) абыхэм зыубгъуауэ къэгъэлъэгъуэжа щыхъуащ зэман зэблэкIыгъуэм (20 - 30 гъэхэм) адыгэр зыхэпсэукIа дунейр, лъэпкъым и гъащIэм, и дуней еплъыкIэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр;

в) а романхэмкIэ убзыхуа хъуащ лъэпкъ прозэр илъэс куэдкIэ зэрыкIуа гъуэгур, социализмэм къигъэщIа гупсысэкIэщIэр, эстетикэр, нэгъуэщI лъапIэныгъэхэр;

г) а тхыгъэхэм къыхэхыпхъэ дерсхэр къыхахащ икIи ахэр тегъэщIапIэ яхуэхъуащ прозэм ди литературэм зыщезыгъэужьа тхакIуэхэу ЩоджэнцIыкIу Алий, КIэрашэ Тембот, Шортэн Аскэрбий, Уэхъутэ Абдулыхь, Гъуэщокъуэ Хъусин, Брат Хьэбас, АбытIэ Владимир, Щомахуэ Амырхъан, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Къашыргъэ ХьэпащIэ, нэгъуэщIхэми.

XX лIэщIыгъуэм и 30 - 40 гъэхэм литературэм и къалэн нэхъыщхьэу щытар революцэм и лъэныкъуэ гуэрхэр, а революцэм цIыхубэр хуэзыша псэукIэ хьэлъэр къэгъэлъэгъуэжынырщ, зи хуитыныгъэм щIэзэу гуащIэрыпсэухэм я пашэхэр гъэлъэпIэнырщ. Сыт хуэдэ лъэхъэнэми хигъэщхьэхукIыурэ къогъуэгурыкIуэ цIыхум и пщIэм, и хуитыныгъэхэм къащхьэщыж лъэпкъ лIыхъужьхэр, ауэ дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм къыдэкIа тхыгъэхэм я нэхъыбэм щыщIэныгъэ нэхъыщхьэу яIэщ цIыхубэм ар къазэрыгурыIуэмрэ идеологие пыухыкIам тет тхакIуэхэм къызэрагъэлъагъуэмрэ щызэтемыхуэ къызэрыхъуар. Дэм и купщIэр кърахын щхьэкIэ, абы иращIылIэ лэжьыгъэхэр кърaтхэкIыурэ, купщIэм щIыхуейр зэраIэщIэгъупщыкIыжым къыхэкIыу, япэ романхэр публицистикэмрэ беллетристикэмрэ я хъым къикIыфакъым. Я инагъкIэ роман теплъэ яIэу, ауэ къаIэт Iуэхугъуэхэмки, ящIэлъ гупсысэхэмкIи, художественно-эпикэ Iуэху бгъэдыхьэкIэкIи нэщIыса мыхъуа апхуэдэ тхыгъэхэм а зэманми иужькIи щIэупщIэшхуэ яIакъым. А лъэхъэнэм къыдэкIами, абыхэм фIы и лъэныкъуэкIэ къащхьэщокI нобэр къыздэсым тхылъеджэхэм я щIэщыгъуэр зыхуимыкI «Къамботрэ Лацэрэ» романыр.

ЩоджэнцIыкIу Алий и творчествэр къэхутэным илъэс куэдкIэ елэжьа щIэныгъэлI ХьэкIуащэ Андрей зэритхымкIэ, «романым елэжьын усакIуэм щIидзащ 1934 гъэм», и Iэрытххэм хэлэжьыхьыжурэ, ар зыбжанэрэ къыдигъэкIыжащ, иджыпсту иIэ теплъэр щигъуэтар 1941 гъэрщ. Мы

тхыгъэмкІэ романым хэлъ ефІэкІыныгъэхэм теухуа обзорым зебгъэубгъуныр лейщ, ауэ къытеувыІапхъэу къыдолъытэ а лъэхъэнэм дунейм къытехьа тхыгъэхэм ар къащхьэщызыгъэкІ Іуэхугъуэ зыбжанэм. Псом япэр урыс большевики, тырку чэнджэщэгъуи, къэжэр сатуущІи къыхэмыхьэу адыгэм и зэхэщІыкІым зэманым зыдиужьын зэрыхузэфІэкІыр, нэгъуэщІхэм я ущиерэ дерсрэ хэмыту, фІымрэ Іеймрэ зэхигъэкІыфу ар лІэщІыгъуэхэм къызэрыпхрыкІар наІуэу къызэригъэлъэгъуэжарщ. Хамэ щІыпІэхэм къикІа «гъуэгугъэлъагъуэхэр» къыхэмыхьэу, адыгэр езым и гупсысэрэ пщІэнтІэпскІэ псэужу, и Іуэхущ1афэ иІэжу къызэрыгъуэгурыкІуэр къызыхэщыж япэ тхыгъэшхуэщ «Къамботрэ Лацэрэ» романыр.

30 гъэхэм щыІа литературэ гъащІэм апхуэдэ тхыгъэ къыхэбгъэтэджыкІыфын щхьэкІэ, талантыр мащІэщ. Ар щІэгъэбыдэжауэ щытын хуейт лІыгъэшхуэкІэ, ЩоджэнцІыкІум къылъыкъуэкІам хуэдэкІэ. Зэманыр ткІийт, социализмэм и текІуэныгъэхэр зыгъэлъапІэ, я щхьэхуитыныгъэхэм папщІэ бгырысхэм ирагъэкІуэкІа бэнэныгъэр щынэхъыщхьэ тхыгъэхэр баштекъузэкІэ (конкурс, еплъыныгъэ зэхуэмыдэхэр я щхьэтепхъуэу) щрагъэтх илъэсхэрати, ЩоджэнцІыкІуми а Іуэхум зыпыІуидзу къыхуадэнутэкъым. Ауэ псоми хуагъэлъагъуэ жыпхъэм ар яхуиувакъым: революционер-унэтІакІуэхэм я Іуэхущ1афэу цІыхубэр гуитІщхьитІ зыщІхэм я пІэкІэ абы псоми фІыуэ ялъагъу икІи къагурыІуэ ІуэрыІуатэр тегъэщІапІэ ищІащ. Хъыбар фабулэхэр зэманым езэгъ гупсысэхэмкІэ зэщІиузадэри, цІыхубэм и бэнэныгъэр къигъэлъэгъуэжащ, романым и эпикэри абыкІэ купщІафІэ ищІащ. Абдежырщ адыгэм и псэукІар зи лъабжьэ, и зыужьыныгъэм тещІыхьа гупсысэ нэхъыщхьэр - цІыху щхьэзакъуэмрэ бэмрэ, тхыдэмрэ лъэпкъымрэ я зэхущытыкІэхэр - зэфІэувэу, я къуэпсхэм задзу щыхуежьар.

Романым убгъуауэ къыщыгъэлъэгъуэжащ блэкІам и щІэинхэмрэ гъащІэщІэ къэунэхуам къыздихьахэмрэ я зэжьэхэуэныгъэ гуащІэр, щІэм, нэхъыфІым ягъуэтын хуей гъуэгур. А Іуэхугъуэхэм романыр лъэпкъ литературэм и къэкІуэнум и тхьэгъуш ящІащ. Абы, эпикэм и хабзэхэм тету, лъэпкъ художественнэ дуней еплъыкІэр къыщоІурыщІэж, ІуэрыІуатэм и къэуатымрэ цІыхубэм я гъащІэ гугъуехькІэ гъэнщІамрэ щызэфІоувэж. Художественнэ Іэмалхэм я апхуэдэ зэхэгъэжыхьыкІэм тетущ я щхьэхуитыныгъэм папщІэ мэкъумэшыщІэхэм ирагъэкІуэкІа бэнэныгъэр романым къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. УсакІуэм и мурад нэхъыщхьэри аращ.

Сюжетым и псыпэр езышажьэр фІыуэ зэрылъагъуитІым я насыпым къыщхьэщыж унэІутхэм я зыкъэІэтыныгъэрщ. Языныкъуэ литературэджкъэхутакІуэхэм Къамботрэ Лацэрэ я лъагъуныгъэр ирагъапщэ Ромеорэ Джульеттэрэ яйм икІи жаІэ ныбжьыщІэхэм яку къыдэхъуэ гурыщІэр романым щынэхъыщхьэу. Апхуэдэ Іуэху еплъыкІи щыІэ хъунущ, ауэ романыр къуэкІыпІэ усыгъэм и жанр газелкъым, и къэухькІи зытеухуакІи ар апхуэдизу Іэзэвлъэзэвкъым. Шекспир и драмэ цІэрыІуэм игъэзащІэри нэгъуэщІ къалэнщ.

И гъэпсыкІэкІи, и зэхэлъыкІэкІи, зыхуэлажьэ мурадкІи «Къамботрэ Лацэрэ» зыгуэрым егъэпщэн хуеймэ, апхуэдэр къыщылъыхъуэн хуейр къуэкІыпІэ лъэпкъхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадекІуэкІ жьэрыІуатэ хъыбархэмрэ художественнэ тхыгъэ цІэрыІуэхэмрэщ. ЩоджэнцІыкІу Алий и поэмэхэри усэу тха и романри нэхъыбэу зытетыр къуэкІыпІэ усыгъэм и поэтикэрщ, европей фащэкІэ хуэпауэ. Аль-Азхар (Каир) университетыр къэзыуха ЦІагъуэ Нурий и гъэсэн, Буйнакск, Бахъшысэрей, Истамбыл щеджа усакІуэр щымыгъуэзэнкІэ Іэмал иІакъым Низамирэ

(«Лейларэ Меджнунрэ»), Фирдоусирэ («Шахнаме») я поэмэ цIэрыIуэхэм хуэдэхэм, Хафиз, Сеиди, Зелили сымэ я диван гъэщIэгъуэнхэм. Курыт лIэщIыгъуэхэм, нэхъ иужьыIуэкIэ псэуа мы усакIуэхэм я тхыгъэхэр гъэнщIащ щхьэхуитыныгъэр зыIэт макъамэхэмкIэ, ахэр «пащтыхь залымхэм» я бийщ, ауэ «пащтыхь гущIэгъулыхэр» ягъафIэ. Лъагъуныгъэм насыпыфIэ имыщIу и «мафIэм ныбжьыщIэр хисхьэмэ», ар зи лажьэр пщы мыхъумыщIэхэращи, нэхъыфI къэлъыхъуэн хуейуэщ а тхыгъэхэми къызэрагъэлъагъуэр. Апхуэдэ таурыхъ гупсысэкIэм адыгэ мэкъумэшыщIэхэри тетущ романым къызэрыщIидзэр:

*Ягъэ кIынкъым, дунейр цIыкIукъым,*
*Тедгъуэтэнщ дэ пщы захуэ!*
*Сэ сыхуейкъым Махъэшокъуэм,*
*Сылъыхъуэнущ пщы схуэхъунум…*

ДжэгуакIуэ лIыжьым а и псалъэхэмкIэ усакIуэр щыхьэт тохъуэ, ХьэкIуащэ Андрей къызэрыхигъэщщи, романым къыщыгъэлъэгъуэжа лъэхъэнэм - феодализмэм и зэманым - мэкъумэшыщIэхэм, уеблэмэ щхьэхуиту ахэр щрети, «я мурадхэр къайхъулIэнкIэ, яхуэгъэзэщIэнкIэ Iэмал зэрыщымыIам». Абы къыхэкIыу романым и сюжетыр зэрыщIигъэткIие гъуэгур (ныбжьыщIэхэм я лъагъуныгъэм теухуар) икIэм-икIэжым усакIуэм щыхупIэм хуишэн хуейт. КъуэкIыпIэ литературэм щыхабзэ а художественнэ сюжет къудамэр къигъэсэбэпащ ЩоджэнцIыкIуми. АбыкIэщ ар зэрещхьыр Шекспир и драмэми, андалусие испан-хьэрып усыгъэм ижь зи творчествэм щIихуам. Ауэ апхуэдэ кIэухыр социалист реализмэм и хабзэхэм къызэремызэгъым къыхэкIыу, мэкъумэшыщIэ зыкъэзыIэтахэм я бэнэныгъэр щиухыркъым зэпсэгъуитIыр щыхэкIуадэ теплъэгъуэм деж. Бэнэныгъэ гуащIэ зыхэтым Хьэсанш и гупым я зэхэщIыкIым зрегъэужь, иджы ахэр «пщыфI лъыхъуэжхэркъым икIи, гуащи пщыи хуэмеижу, мэзым хуиту щыпсэуну щIохьэж». Апхуэдэ кIэухым лъэныкъуэхэр арэзы ищIырт, зызыгъэкъиин къахэкI хъужыкъуэми, пщыи пщылIи здэщымыIэ псэукIэ-зэхэтыкIэ адыгэхэм я тхыдэм зэрыхэтари тегъэщIапIэ пщIы хъунут. Зи гугъу тщIыр Бзиикъуэ зауэм и ужькIэ кIахэ адыгэхэм (бжьэдыгъухэм, абазэхэхэм, н.) демократ къэралыгъуэ зэхэтыкIэ къызэрагъэпэщауэ зэрыщытарщ. Абыи романым щекIуэкI Iуэхугъуэхэр реализмэм нэхъ гъунэгъу хуащIырт, къэрал, жылагъуэ зэхэтыкIэхэри хэплъагъуэу.

А лъэхъэнэм гъуазджэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм тхакIуэм къыхуагъэувырт жьымрэ щIэмрэ зэпэщIигъэувэн хуейуэ, Iэмал имыIэу революцэм и мурадхэр текIуэу къыхэщу. А къалэныр игъэзэщIащ усакIуэм, ауэ абыи щхьэпрыкIыжащ. ЩоджэнцIыкIум къигъэщIащ лъэпкъым и блэкIам хуэпэж, къэкIуэнум ар щIэзыгъэхъуэпс, цIыхупсэм къыщхьэщыхьэ шынагъуэхэм псалъэм и къарукIэ япэщIэувэ, пэжымрэ захуагъэмрэ зыхъумэ, лъагъуныгъэ лъагэм и гимн тхыгъэ.

Адыгэ усакIуэ щэджащэм иришэжьа гъуэгур лъэужьыншэ хъункIэ Iэмал иIакъым. Абы къытехутащ Шортэн Аскэрбий, КIыщокъуэ Алим, Теунэ Хьэчим, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Къашыргъэ ХьэпащIэ сымэ я тхыгъэ хьэлэмэтхэм хуэдэхэр. Абы къикIыращи, адыгэ литературэм и къыкIэлъыкIуэ лъэхъэнэм и бжэр тхакIуэ ныбжьыщIэхэм яхузэIузыхари ЩоджэнцIыкIу Алийщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, лъэпкъ щэнхабзэм и зыужьыныгъэм хуаб-

жьу зэран къыхуэхъуащ политикэ залымыгъэмрэ Хэку зауэшхуэмрэ. Лъэпкъ интеллигенцэм и пашэхэр абыхэм хэкlуэдащ, Щоджэнцlыкlу Алии яхэту. Гъуэгугъэлъагъуэ нэхъыжьхэр зыщхьэщымытыж, зауэлl фащэхэр зыщызыхыжыну хунэмыса щlалэхэм - Кlыщокъуэ Алим, Шортэн Аскэрбий, Гъуэщокъуэ Хъусин, Кlуащ Бетlал, Уэхъутэ Абдулыхь, Щоджэнцlыкlу lэдэм, Нало Ахьмэдхъан, Хьэнфэн Алим, Къардэн Бубэ сымэ, нэгъуэщlхэми къалъыкъуэкlащ лъэхъэнэ хьэлъэм къигъэтlэсхъа лэжьыгъэр ирашэжьэжыну, адэкlи зрагъэужьыну. Зауэ зэманым, абы и ужь илъэсипщlым нэхъыбэу дунейм къытехьар совет цlыхубэм Хэку зауэшхуэм къыщихьа текlуэныгъэр зыгъэлъапlэ публицистикэ, усэ е прозэ тхыгъэ кlэщlхэрщ.

Абы къыхэкlыу адыгэ литературэм и зыужьыныгъэ гъуэгуанэр лъэхъэнэкlэ зэрагуэшымрэ лъэпкъ романым ехьэлlамрэ щызэтемыхуэ къохъу. Псалъэм папщlэ, «Къамботрэ Лацэрэ» романым и ужькlэ 1954 гъэ пщlондэ а жанрым изагъэ тхыгъэ пlащэ ди литературэм къыхыхьакъым. Жанрым и зыужьыныгъэр къызэтезыгъэувыlа тхыдэ къэхъукъащlэ хьэлъэхэм яубыд зэманыр дэбгъэхумэ, адыгэ романым къару къыщыхыхьэжа, уеблэмэ щефlэкlуа лъэхъэнэу убж хъунущ 50 - 60 гъэхэр.

**ТlЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,**
*филологие щlэныгъэхэм я доктор*

◈ ◈ ◈

# Ар егъэджакlуэ къудейтэкъым…



**Блэкlа лlэщlыгъуэм и 50 – 60 гъэхэм Щхьэлыкъуэ курыт школым щылэжьащ ди жылэм дэс псоми я деж пщlэрэ щlыхьрэ щызиlа, зи псалъэм сабийри балигъри едаlуэу, дерс къыхахыу щыта егъэджакlуэ гупышхуэ. Псом япэу ахэр Хэку зауэшхуэм и курыкупсэм хэту орденыбгъэу къэзыгъэзэжа Джэрыджэ Хьэзешэ, Хъутlэ Хьэзешэ, Гъущlынэ Хьэзешэ сымэт. Къашыргъэ Назири ящыщт абыхэм. Ауэ, гъэщlэгъуэнырати, ар зауэм зэрыlутар зыщlэр мащlэ дыдэт – мо цlыху щэныфlэм и дамыгъэхэр зэи зыхилъхьэртэкъым, зауэм щилъэгъуа гугъуехьхэм, псэзэпылъхьэпlэ зыlууахэм тепсэлъыхьыжуи зэхэпхынутэкъым…**

**Назир 1916 гъэм Щхьэлыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Къуажэ школым щlэкlыу егъэджакlуэхэр щагъэхьэзыр училищэм илъэситl щеджа нэужь, и щlэныгъэм пединститутым щыхигъэхъуащ. 1940 гъэм Ислъэмей къуажэм егъэджакlуэу ягъэкlуащ.**

**Хэку зауэшхуэм зэрыщlидзэу Назир дзэм ираджащ икlи 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэ дивизэм и 297-нэ полкым хэту зауэм lухьащ, зэхэуэ гуащlэ куэдым я бэлыхьыр игъэващ, зи псэм емыб-**

**лэжу сэшхуэ къихакIэ танкхэм езауэхэм ящIыгъуащ, 1942 гъэм и августым уIэгъэ хъуху.**

**Ар Назир мыпхуэдэу игу къигъэкIыжырт: «Сэ полкым срисвязистт, зауэм щызикъалэныр Iупщlт: батареем и командир лейтенант нэхъыжь Битокъу Музэчыр и унафэхэр топгъауэхэм я командир Швед Алексей Iэрызгъэхьэн хуейт.**

**Ди дивизэр жэщ-махуэ имыIэу нэмыцэхэм я танк дивизэм лъыкIпсыкIыу езауэрт. Апхуэдэу жэщищ-махуищкIэ дызэуауэ, сытми зэзыгъэпсэхугъуэ дихуэри, тIэкIу загъэпсэхуну си окопым къэкIуат Шэджэм щыщ Гуанэ Хь., лейтенант Швед А. сымэ. Сэ гууэщIу сыщылъти, Гуанэр къызбгъурыгъуэлъхьащ, и щхьэр си ныбэм къытрилъхьэри, занщIэуи Iурихащ. Швед и джанэр щихри хьэмэмым зыщигъэпскIыу джанэ къабзэ щитIэгъэну и нэ къызэрикIыр къызжиIэри зэуэ жейм хилъэфащ. Сэри сыжеящ.**

**Абдежым бийр топкIэ къытхэуами, бомбэ къридзыхами сщIэркъым, ауэ зыгуэрым лъагэу сиIэтауэ сыкъеплъыхь хуэдэу къысфIэщIащ: а къэуам и къарум сиIэтауэ арагъэнт. ЗыкъыщысщIэжам лагъымым зэпкъриуда си зы ныбжьэгъур си гущIыIум илът, адрейр спэмыжыжьэу къыщылът. Сэ сызэрыщыту лъым сыщIигъэнат – силъри си ныбжьэгъухэм ялъри зэхэлъэдэжат, къызгурыIуэжи щыIэтэкъым. ТхьэмахуиткIэ дэгурэ бзагуэу сыпсэуащ…»**

**Абы и ужькIэ илъэс никъуэкIэ уIэгъэщым щIэлъауэ, Назир дзэм никъуэдыкъуагъэкIэ къыхагъэкIыжащ 1943 гъэм. И узыншагъэр тIэкIу зэрызэфIэувэжыххэу фIыуэ илъагъу лэжьыгъэм пэрыувэжащ, пенсэм кIуэхукIи а зы школым щылэжьащ. Ауэ сытми лэжьа къудейкъым, атIэ сабийр хьэл-щэн дахэ хэлъу гъэсэным, адыгэ хабзэр и гъуэгугъэлъагъуэу ущииным и щIэныгъи акъыли иритащ. ЦIыху дахэу, щабэу, акъылыфIэу ар ноби ягу къагъэкIыж зыцIыхуу щыта псоми. Щхьэлыкъуэр зи кIыхьагъым зы цIыху къыпхудэшынкъым ар ину псэлъауэ, игъуэджэу дыхьэшхауэ хьэмэрэ зыгуэрым хуэмыфащэ ирипэсауэ жызыIэн, апхуэдизкIэ зэтетт, тэмакъкIыхьти.**

**Назир цIыкIухэм яригъэджар предмет нэхъ гугъу дыдэхэрщ: алгебрэ, геометрие, физикэ, тригонометрие, астрономие. Ауэ уеджэну уигу илъыххэмэ, зэхэпщIыкIын хуэдэу псори къыпхуиIуатэрт. Уи дерсыр умыщIэу школым укIуэу къыпхуидэнутэкъым. Уеджэрэ, нэмыс пхэлъ – уринэт, урипсэт.**

**И лэжьыгъэфIхэм папщIэ Къашыргъэм къыхуагъэфэщащ «ЦIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ СССР-м и отличник» дамыгъэр, РСФСР-м ЩIэныгъэ IуэхумкIэ и министерствэм и ЩIыхь тхылъхэр.**

**Назир хуабжьу дихьэхыу зэхуихьэсыжырт адыгэхэм я махуэ, мазэ бжыкIэу щытар, уэгум ит пкъыгъуэхэм фIаща цIэхэр, вагъуэхэм ятеухуа хъыбар Iэджэ ищIэрт. БлэкIа лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэм абыхэм ятеухуа гуэрхэр «Ленин гъуэгум» теддзауэ щытащ. Абы щыгъуэ щыгъуазэ сыхъуауэ Назир щIэ куэд къызэрихутэжар сщIэми, ди жагъуэ зэрыхъущи, абыхэм ящыщу зэкIэ дгъуэтыжар мащIэщ. Мы тхыгъэ мыиныр зыхъумар Назир и къуэ нэхъыщIэ Аслъэнщ. Ауэ мы мащIэри куэд и уасэщ, сыту жыпIэмэ, вагъуэхэм я адыгэцIэхэм нэмыщIкIи тхыгъэм хыболъагъуэ ди еджагъэшхуэхэр ноби здынэмыса Iуэху гуэрхэри.**

**Щхьэлыкъуэ удэту ди къуршхэм ущеплъкIэ къэплъагъу къуршыщхьэ лъагэхэм адыгэбзэкIэ зэреджэхэри мызэ-мытIэу къыджиIат Назир. АрщхьэкIэ, дымытхыу къанэри, иджы дыIэбэмэ дылъэмыIэсыжу тщыгъупщэжащ…**

**Абы иригъэджахэми, ар зыцIыхуу щыта псоми ноби фIыкIэ дигу илъщ Къашыргъэ Назир. Гува-щIэхами цIыхур зэ щылIэжынукIэ, апхуэдэу уи цIэ-уи щхьэр дунейм къытенэныр, дауи, насыпщ.**

**МЭЗЫХЬЭ Борис.**

# Адыгэ уафэ

ЦIыхур къызэригъэщIрэ уафэм дэплъейуэ къокIуэкI. Ар дэзыхьэхыр абы и дахагъэм и закъуэкъым, атIэ уэгум ит дыгъэм, мазэм, вагъуэхэм я щытыпIэр, щытыкIэр езым и гъащIэм куэду къыщегъэсэбэп. Ди лъэпкъым и блэкIар тхыдэр зыджхэм нэхъыбэу къыщалъыхъуэ IуэрыIуатэм, археологием, пасэрей дэфтэрхэм. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, лъэпкъым и къекIуэкIыкIар тэмэму бубзыхун щхьэкIэ, зи гугъу тщIахэм нэмыщIкIи, уэгум ехьэлIауэ абы иIа щIэныгъэр къэхутэжауэ, ари къэгъэсэбэпыпхъэщ.

ГъэщIэгъуэн дыдэраши, адыгэцIэ зиIэ вагъуэ гупхэм (созвездиехэм) я нэхъыбапIэр экваторым и щыгум итщ: **Вагъуэдамэкъуэгурыгъ, Вагъуэур, Вагъуэшабзэ, Вагъуэбаш, Вагъуэдамэкъуэ, Вагъуэхьэлыlэ, Вагъуэщыгъэ, Вагъуэбэ, Вагъуэсокурэ, ВагъуэкIапсэ, Вагъуэкъан, Дэжыгвагъуэ, Вагъуэгублащхьэдэсэ, Вагъуэпхъэщку, Вагъуэщэлъахъэ; Журтыр хьэм езыгъэшха вагъуэ, Зи анэр дыщэ джэдыгукIэ зыхъуэжа вагъуэ,** нэгъуэщIхэри.

Дыгъэмрэ Мазэмрэ щынэмыщIауэ, уэгум ит псоми адыгэр вагъуэщ зэреджэр, ауэ зищIысыр зэхегъэкI: планетэр - **вагъуэкъанщ,** кометэр - **вагъуэкIэхущ,** метеорхэр – **вагъуэижщ**. Псалъэм щхьэкIэ, нэхъыбэрэ илъагъу, къигъэсэбэп Венерэ планетэм Нэхущвагъуэ фIищащ, Меркурийм папщIэ ДэжейгъалIэ вагъуэ жеIэ. Сэ къысщохъу хьэрыпхэмрэ алыджхэмрэ уэгум ит пкъыгъуэхэр зэхагъэкIын ипэжкIэ адыгэхэм абыхэм цIэ фIащауэ.

Адыгэхэм дыгъэмрэ мазэмрэ нэхъ пщIэ зыхуащI уэгум иткъым.

**Дыгъэр** астрономхэм ику ит вагъуэу къалъытэ. Ар щIым нэхърэ хуэдэ мин 333-кIэ нэхъ хьэлъэщ. Абы и щIыIум градус 6000 и пщтырагъщ, и кIуэцIым и температурэр градус мелуан 13 мэхъу. Дыгъэм зэрегъакIуэ дызытес щIыри, вагъуэкъанхэри, вагъуэкIэхухэри. А псоми я гъуэгур аращ зыубзыхур. Ди дунейм и къэхъукъащIэхэм я нэхъыбэри аращ зи Iэужьыр. Дыгъэм илъэс меларди 4,7-5 и ныбжьу хуагъэфащэ. Абы и кIуэцIым щекIуэкI термоядернэ реакцэр зэгуэр иухынущ, и къарур кIуэцIынурэ дэпым хуэдэу плъыжьышхуэ хъунущ, нэхуи хуаби имыIэж хъуа нэужь, къэуэнурэ дунейр къутэжынущ. Ар къыщыхъуну еджагъэшхуэхэм хуагъэфащэр илъэс меларди 5 хуэдиз дэкIа нэужьщ.

Иджыри зы бжыгъэ. Дыгъэмрэ щIымрэ километр мелуани 149,5-рэ я зэпэжыжьагъщ, абы и нурыр ди деж дакъикъи 8-кIэ къос.

**Мазэр** нэхъ тпэгъунэгъу дыдэ пкъыгъуэщ. Ар ЩIым нэхърэ нэхъ цIыкIущ хуэдэ 44-кIэ, и хьэлъагъри хуэдэ 81-кIэ нэхъ мащIэщ. Абырэ ЩIымрэ я зэпэжыжьагъщ километр мин 384400-рэ. Мазэм хьэуа, псы щыIэкъым, ари и пIэ иткъым. Муслъымэн махуэбжыр мазэм тещIыхьащ. Тенджызым зэрызиIэтри (прилив) зэретIысэхыжри (отлив) абы епхащ. Ауэ ар езыр зезыгъэакIуэр, зэрыкIуэну гъуэгур зыубзыхур щIыращ.

Ипщэ (юг) лъэныкъуэмкIэ щыпсэу адрей лъэпкъхэми хуэдэу, ады-

гэ лъэпкъми мазэм щIыхьышхуэ хуещI. МазэщIэ къэунэхуамэ, тхьэ йолъэIухэр угъурлы яхуэхъуну, абы узыншагъэ, гуфIэгъуэ, насып, нэмыс къахудэкIуэну. Къыщыхъу щыIэт, мазэщIэ къэунэхуамэ, зыщIэхъуэпс хьэпшыпым, Iэщым хуэдэ къаритыну абы елъэIуу. «Тхьэуэ мор зи мазэ, жысIар пэжкIэ» жиIэу адыгэм тхьэрыIуэ диIащ. ЦIыхубзым и дахагъэр къагъэлъэгъуэнумэ, «мазэм и нурыр къыщхьэщех» жаIэрт. Хъыджэбзым щхьэгъусэ хуэхъунур къищIэн мурад иIэу джэш идзынумэ е гъуджэиплъэ ищIынумэ, ар мазэм и изыгъуэ жэщ мазэгъуэм хуигъазэрти, мазэм еплъурэ, абы елъэIурт джэш идзым и щхьэгъусэ хъунур къригъэкIыну, щхьэгъусэ хуэхъунур къригъэхьэу гъуджэм къригъэщыну. ФIыуэ зэрылъагъуиатIыр зэман гуэркIэ зэпэIэщIэ хъумэ, зэжраIэу щытащ: «Уигу сыкъэкIмэ, си фэ иуплъу мазэм еплъ».

Дунейм щыIэну къэхъукъащIэхэр, зэхъуэкIыныгъэхэр мазэщIэ къэунэхуам и теплъэмкIэ къащIэрт. Абы и къуапитIыр дэгъэзеяуэ, пэгун фIэбдзэмэ къыфIэмыхуну щытмэ, уэгъу мазэщ, мазэщIэ къэунэхуам и къуапитIыр егъэзыхауэ, пэгун фIэбдзар къыфIэхужыну щытмэ, уэлбанэ мазэщ жаIэрт. Мазэр къыщыунэхуа махуэхэм къэкIыгъэм щIым къыхиш шхыныгъуэр абы и лъабжьэм нэхъ къэнэжу, ар из щыхъуам къэкIыгъэм и Iэпкълъэпкъым нэхъ кIуэуэ къалъытэрт. А псор цIыхухэм я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпырт.

Куэдрэ къохъу дыгъэр, мазэр иубыду (затмение). Апхуэдэхэм деж цIыхухэр гужьеяуэ, зэрыгъэкIийуэ уэрамым къыдыхьэрт. Я гугъэт дыгъэр, мазэр благъуэм иубыду, ахэр кърагъэутIыпщыжын щхьэкIэ Алыхьым елъэIухэрт, благъуэр ягъэшынэн хьисэпкIэ уафэм фочкIэ дэуейрт, макъ ин ирагъэщIу Iэуэлъауэшхуэ къаIэтырт.

Сыт хуэдэ зэманми, мазэм дыщеплъкIэ, дэ тлъагъур абы и зы джабэ лъэныкъуэрщ. Мазэ из хъуам и теплъэм зэи зимыхъуэжу щIэтлъагъури аращ. Адыгэхэр къогъуэгурыкIуэ а дэ тлъагъу мазэ джабэм мэл, мэлыхъуэ, мэлыхъуэ баш тету жаIэу. Ауэ фIэщ щIыгъуейщ ди деж мазэм сурэту мэли, мэлыхъуи, мэлыхъуэ баши «щрагъэуvaуэ», сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ди щIыпIэм мэлри, мэлыхъуэри, мэлыхъуэ башри мазэм зыкIи щепхакъым. НтIэ, дэнэу пIэрэ адыгэхэм а сурэтхэр къыщагупсысар?

Ипщэ (юг) лъэныкъуэмкIэ щыпсэу Iэщыхъуэхэм махуэм нэхърэ жэщым пщIэ нэхъ хуащI. Абыхэм зэманыр зэрабжыр жэщ бжыгъэкIэщ. ЩIыпIитIым я зэпэжыжьагъыр къызэралъытэри а тIум яку дэлъыр пкIун щхьэкIэ гъуэгу узэрытетын хуей жэщ бжыгъэрщ. Абыхэм махуэм и хуабэгъуэм Iэщыр жьауапIэм щаIыгъщ, дунейм и щIыIэтыIэгъуэ пщэдджыжьымрэ пщыхьэщхьэмрэ ягъэхъуакIуэ. Зы щIыпIэм кърагъэIэпхъукIыу нэгъуэщI щIыпIэ мэлхэр щахур жэщ мазэ нэху дахэрщ.

Гу лъытапхъэщ ипщэ лъэныкъуэмкIэ щыпсэу лъэпкъхэм мазэри мэлри нэхъ хэIэтыкIауэ ягъэлъапIэхэм зэращыщыр. ИкIи хуэбгъэфащэ хъунущ мазэм мэл, мэлыхъуэ, мэлыхъуэ баш «щытрагъэувар» ипщэ лъэныкъуэрауэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, мэлым теухуауэ а лъэныкъуэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм и нэхъыбапIэр абы епхащ. Адыгэхэм мазэм псэущхьэ гуэр ирагъэувэн хуей хъуатэмэ, ирагъэувэнур, шэч хэмылъу, шыт. Адыгэ хъыбархэм, адыгэ таурыхъхэм ауэ сытми къыхэхуэркъым шыр цIыхум къепсалъэу, чэнджэщэгъу къыхуэхъуу, гузэвэгъуэ ихуа цIыхум ищIэн хуейр къыжриIэу. Ар адыгэхэм я деж шым пщIэуэ щиIэм и зы лъэныкъуэ закъуэщ.

**Вагъуэхэр.** Уафэм дыщеплъкIэ, дэ къытфIощI абы и джабэм вагъуэхэр кIэрыту, ахэр дэ зэрытпэжыжьэр зэхуэдизу, нэхъ иныр ину, нэхъ

цIыкIур цIыкIуу тлъагъуу, нэхъ нурыр нэхъ иныр арауэ. ЖаIэу щытащ дыгъэр, мазэр, вагъуэр зэуэ зэдэзылъагъур жэнэтым кIуэну. Вагъуэр убжу ядэртэкъым, вагъуэу къыубжам и бжыгъэ хьэмцIыракIэ къыптекIэнущ, жаIэрт.

Вагъуэхэр куэд мэхъу, абы я бжыгъэр зыщIэу зы цIыхуи щыIэкъым. ЦIыхум и нэр сэкъатыншэмэ, уафэр бзыгъэмэ, зы щIыпIэм деж щыту вагъуэ 3000 къелъагъуф, абы и нэм къыхуоубыд вагъуэ 6000, телескопкIэ хуэлъагъур нэхъыбэжщ.

Вагъуэхэр дэ икъукIэ тпэIэщIэщ, зэрытпэжыжьэхэри зэхуэдэкъым. Ауэ зэрытпэжыжьэ дыдэр къигъэлъагъуэу мыпхуэдэ бжыгъэхэр къэтхьынщ: дыгъэм къикI нурыр (светыр) щIым къос дакъикъи 8-рэ секунд 20-кIэ, вагъуэ нэхъ тпэгъунэгъу дыдэм къикIыр - илъэси 4,3-рэ хуэдизкIэ. Апхуэдизу жыжьэ щыIэ вагъуэхэр ди дунейм сэбэпи зэрани къазэрыхуэхъу щIагъуэ щыIэкъым. Ауэ цIыхум вагъуэхэр къегъэсэбэп: дунейм и къэхъукъащIэхэм зэрызахъуэжынур, жэщым зэманыр, илъэсым гъэр здынэсар абыхэмкIэ къащIэ; здэщыIэ щIыпIэр вагъуэхэмкIэ кърахутэ. Вагъуэхэм теухуауэ ящIа махуэбжи щыIэщ.

**Ищхъэрэвагъуэ** – Полярная звезда. Мыр Къащыкъ цIыкIум и кIым и кIапэм деж щыт вагъуэрщ.

Ищхъэрэвагъуэм щхьэкIэ Вагъуэгъуазэ щыжаIи щыIэщ. Ар Ищхъэрэ полюсым и щыгум хуэзанщIэпсу уэгум итщ. Ищхъэрэвагъуэр уэгум щит щIыпIэм дунейм и джэлэскIэ йоджэ. А вагъуэр и пIэм иту, адрейхэм ар къаухъуреихьу къыпфIощI. Уздэщыт щIыпIэм елъытауэ, Ищхъэрэвагъуэр здэщыIэу плъагъур зэщхьэщокI. Экваторым и гъунэгъуу ущыту укъеплъмэ, ар уолъагъу щIым и горизонтым тету, щIым и ищхъэрэ джэлэсым и гъунэгъуу ущытмэ - уи щыгум занщIэу щхьэщыту, ди щIыпIэм уиту уеплъмэ - горизонтым теIэтыкIауэ уэгум иту. Полярнэ вагъуэм адыгэхэм Ищхъэрэвагъуэ зэрыфIащам урегъэгупсыс ахэр экваторым и гъунэгъуу щыпсэуауэ.

Ищхъэрэвагъуэр уи гупэу уувмэ, уи ижьырабгъур къуэкIыпIэщ, уи сэмэгурабгъур къухьэпIэщ, уи гупэр ищхъэрэщ, уи щIыбыр ипщэщ. Север лъэныкъуэмкIэ къикIа цIыхум щхьэкIэ «къыдэкIуея» жаIэу щытащ. КъыдэкIуея псалъэм къегъэлъагъуэ северыр зэрыищхъэрэр, югыр зэрыипщэр. Мартым и 21-мрэ сентябрым и 23-мрэ дыгъэр къыщыщIэкIыр хуозэ къуэкIыпIэм, а махуэхэм дыгъэр щыкъухьэр - къухьэпIэм.

**Шыхулъагъуэ** - Млечный путь. Шыхулъагъуэр уолъагъур уафэр къабзэмэ, жэщыр мымазэгъуэнэхумэ - и теплъэр шэжыпсыфэу, и фэр шэхум хуэдэу пыкIауэ. Ар зэрышэжыпсыфэр аращ «млечный» (молочный) щIыфIащари. Шыхулъагъуэр къыпфIощI уафэ бгырыпхыу. Зы жэщ-махуэм къриубыдэу абы Ищхъэрэвагъуэр хъурейуэ зэ къекIухь. Шыхулъагъуэм жэщым зэманыр здынэсар къращIэрт, жэщ гъуэгурыкIуэхэм, зекIуэлIхэм я гъуэгур ираубзыхурт.

**Нэхущвагъуэ** – Венера. Мыр вагъуэкъанщ (планетэщ). Нэхущвагъуэр зи хъыбарегъэщIэр и цIэм къыбжеIэ. Пщэдджыжь къэс, жэщыр нэхущ щыхъум, ар къуэкIыпIэм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ къыщыщIокI. Нэхущвагъуэр къэпцIыхуну тыншщ, абы нэхъ ину плъагъу вагъуэхэм яхэткъым. Ар къыщIэкIа нэужь, мэкъумэшыщIэхэр лэжьакIуэ дэкIырт.

**ДэжейгъалIэвагъуэ** – Меркурий. Мыри вагъуэкъанщ. «ДэжейгъалIэ» псалъэм къокI жей ухуэзыгъалIэ жиIэу. Ар къыщIокI пщэдджыжь жейм и IэфIыгъуэм деж. Пщэдджыжь къэс ДэжейгъалIэвагъуэр уолъагъу вагъуэ плъыжь цIыкIуу, пщэдджыжь пшэкIэху-пшэкIэплъым хэту. Ар

ябжт ЗекӀуэтхьэу. ЗекӀуэ гъуэгу техьэр щежьэр ЗекӀуэтхьэр илъэгъуа нэужьт. ЖаӀэрт ар зекӀуэлӀым и хъумакӀуэу, зекӀуэ Ӏуэхур къехъулӀэныр абы елъытауэ.

**ВагъуэкӀэху** – Комета. ВагъуэкӀэхухэр куэд мэхъу. Ахэр уэгум ит пкъыгъуэхэщ. ВагъуэкӀэхухэр я пӀэм иткъым. Ахэр зэрыкӀуэну гъуэгур зыубзыхур дыгъэрщ. ВагъуэкӀэхум и теплъэр зыхуэдэр къыбжеӀэ езы псалъэм. Ар щыкӀуэкӀэ нур гуэрхэр къыхеху, а къыхихум къызэринэкӀ уэгур егъэнэху. Зэман-зэманкӀэрэ ар дыгъэм гъунэгъуу йокӀуалӀэ, дыгъэм пэгъунэгъу хъуа нэужьщ ар зэрыкӀэхур щыплъагъури.

ВагъуэкӀэхур угъурсызу, мыхъумыщӀагъ куэд цӀыхум къыхуихьу ягъэхъыбару щытащ.

**Вагъуэиж** – Метеор, падающая звезда. Вагъуэиж псалъэм къыбгурегъаӀуэ а цӀэр зыфӀащам и шыфэлӀыфэр.

Вагъуэижхэр куэд мэхъу. Ахэр уэгум псынщӀэ дыдэу къыщызыкӀухь пкъыгъуэ цӀыкӀущ, щӀым и атмосферэм къыщыси щыӀэщ. Абы щыгъуэм ар къолыдри, хьэуам хесхьэ. Апхуэдэу къэлыда вагъуэижыр жэщым уолъагъу.

Вагъуэижым ехьэлӀа шыпсэ Ӏэджэ къокӀуэкӀ. Абыхэм ящыщ зым мыпхуэдэу жеӀэ. Ӏиблис уафэм дэкӀуеину яужь ихьэмэ, ар уафэм дримыгъэкӀуеину Алыхьыр абы вагъуэкӀэ къоуэри къреудых. Вагъуэижыр къалъытэрт Алыхьыр Ӏиблис къызэреуа вагъуэрауэ.

Ижь-ижьыж зэманым адыгэхэми я гугъэу щытащ цӀыху къэс езым и вагъуэ иӀэу. ЦӀыхур къыщалъхум ар къыдалъхуу, лӀа нэужь и вагъуэр ижу. Вагъуэиж ялъэгъуамэ, къафӀэщӀырт зыгуэр дунейм ехыжауэ, цӀыхум и дунеягъэри и псэуныгъэри и вагъуэм ирапхырт.

**Вагъуэабрэдж** – Новая звезда. Вагъуэабрэдж псалъэм къыбжеӀэ вагъуэхэм абрэджым хуэдэу зызыгъэпщкӀу зэрахэтыр. Пэж дыдэуи, сытым щыгъуи умылъагъу вагъуэ уафэм къыщиувэ, къиува нэужьи куэд дэмыкӀыу щыкӀуэдыж щыӀэщ. Апхуэдэм ВагъуэабрэджкӀэ йоджэ.

Вагъуэабрэдж ялъагъумэ, цӀыхухэр пӀейтейрт. ЖаӀэрт ар абрэдж къежьэным и нэщэнэу.

**Вагъуэкъан** – Вагъуэкъану ябж Марс, Юпитер, Сатурн планетэхэр. А цӀэм къыбгурегъаӀуэ къаным хуащӀым хуэдэ пщӀэ зиӀэ вагъуэхэми зэрахэтыр. Марсыр, Юпитерыр, Сатурныр ящыщщ нэхъ наӀуэ дыдэу тлъагъухэм.

Вагъуэкъанхэр адыгэхэм насып къызыдэкӀуэу ябж.

**Ахъшэмвагъуэ, Хэщхьэжвагъуэ** – Пщыхьэщхьэм уафэм япэ къитӀысхьэ вагъуэм АхъшэмвагъуэкӀэ йоджэ, етӀуанэм - ХэщхьэжвагъуэкӀэ. Пщыхьэщхьэм уафэм япэ къитӀысхьэхэм ящыщщ Марс, Юпитер, Сатурн вагъуэкъанхэр, къызэрыгуэкӀ вагъуэхэу Сириусыр, Вегэр, Арктурыр, Капеллэр; Альфэ, Бетэ вагъуэ гупхэм щыщхэр.

Муслъымэн диныр зезыхьэхэм я еплӀанэ нэмэзым зэреджэр ахъшэмщ. Ахъшэм нэмэзыр щащӀыр Ахъшэмвагъуэр къыщӀэкӀа нэужьщ. Хэщхьэжвагъуэр къыщӀэкӀа нэужь, махуэм зэрынэщӀын хуей зэманыр иухауэ ягъэувырт.

**Вагъуэзэшибл** – Большая Медведица. Вагъуэзэшибл псалъэм къыбгурегъаӀуэ ар вагъуиблу зэрызэхэтыр. А вагъуиблым къыпщагъэхъу шынакъжьей теплъэ зиӀэ сурэт плъагъуу, абы къыхэкӀкӀэ адыгэр абы ВагъуэкъащыкъкӀи еджэрт.

**Вагъуэгущэ** – Кассиопее вагъуэ гупым щыщ вагъуитхущ. Абыхэм гущэм ещхь сурэт къахэпщӀыкӀ мэхъу, аращ Вагъуэгущэ щӀыфӀащар.

Вагъуэ гупхэу Вагъуэзэшиблыр, Вагъуэкъащыкъыр, Вагъуэгущэр зэи щIым и Ищхъэрэ джэлэсым пэIэщIэ хъуркъым. А вагъуэ гупхэр сыт хуэдэ зэмани ди щIыпIэм щыболъагъу. Вагъуэ сыхьэтыр абыхэм тещIыхьауэ ягъэпсырт.

Вагъуэзэшиблым, Вагъуэгущэм, Ищхъэрэвагъуэм мартым и 21-м, июным и 21-м, сентябрым и 23-м, декабрым и 22-м уафэм уазэрыщыIуплъэр зэхуэдэтэкъым.

**Мартым и 21-м** дыгъэр Западная Рыбэм и щIагъым щIэтщ; ар щIым и экваторым и щыгум и занщIэу (вертикальнэу) уэгум итщ; дыгъэр къуэкIыпIэм къыщыщIокI, къухьэпIэм щыкъуохьэ; дыгъэм къыбгъэдэкIыу щIым и экваторым и ищхъэрабгъу лъэныкъуэмрэ и ипщэрабгъу лъэныкъуэмрэ зэхуэдиз нэхурэ хуабэрэ къабгъэдохьэ; жэщымрэ махуэмрэ зэхуэдизщ; дыгъэм теухуа илъэсми вагъуэхэм ятеухуа илъэсми я къыщIэдзапIэщ; гъэрэ щIырэ щызэхэкI жэщ-махуэщ, щIымахуэр щиух, гъатхэм щыщIидзэ жэщ-махуэщ; дыгъэр щIым и экваторым и ипщэрабгъу лъэныкъуэм къикIыу и ищхъэрабгъу лъэныкъуэм щыкIуэ зэманщ.

**Июным и 21-м** дыгъэр щIэтщ Близнец вагъуэ гупым и щIагъым; дыгъэр нос ищхъэрэ тропикым (къэгъэшыпIэм); махуэм и кIыхьыгъуэщ, жэщым и кIэщIыгъуэщ; ищхъэрэкIэ кIуэуэ щыта дыгъэм къегъэзэж ипщэкIэ кIуэуэ; астрономием тегъэпсыхьа гъэмахуэм и къыщIэдзапIэщ, дыгъэ зэманымрэ вагъуэ зэманымрэ сыхьэти 6-кIэ зэщхьэщокI.

**Сентябрым и 23-м** дыгъэр Девэ вагъуэ гупым и щIагъым щIэтщ; экваторым и щыгум и занщIэу (вертикальнэу) уэгум итщ; дыгъэр къуэкIыпIэм къыщыщIокI, къухьэпIэм щыкъуохьэж; дыгъэм къыбгъэдэкIыу экваторым и ипщэрабгъу лъэныкъуэмрэ и ищхъэрабгъу лъэныкъуэмрэ зэхуэдиз нэхурэ хуабэрэ бгъэдохьэ; дыгъэм тещIыхьауэ бжьыхьэм щIедзэ; дыгъэ зэманымрэ вагъуэ зэманымрэ сыхьэт 12-кIэ зэщхьэщокI.

**Декабрым и 22-м** дыгъэр Стрелец вагъуэ гупым и щIагъым щIэтщ; ар нос ипщэ тропикым (къэгъэшыпIэм); махуэм и кIэщIыгъуэ, жэщым и кIыхьыгъуэ дыдэщ; ипщэкIэ кIуэуэ щыта дыгъэм къегъэзэжри, ищхъэрэкIэ кIуэн щIедзэ; астрономиемкIэ щIымахуэм и къыщIэдзапIэщ, дыгъэ зэманымрэ вагъуэ зэманымрэ сыхьэт 18-кIэ зэщхьэщокI.

ИщхьэмкIэ къызэрыщыдгъэлъэгъуащи, дыгъэ зэманыр махуэ къэс вагъуэ зэманым щхьэщыкIыурэ макIуэ. А тIур мартым и 21-м зытохуэж. Мартым и 21-м аргуэру щIедзэж вагъуэ зэманыр дыгъэ зэманым щхьэщыкIыу. А махуэр илъэсыщIэм и щIэдзапIэу къалъытэрт.

**Шогуэгъагъвагъуэ** – Алькор. Вагъуэзэшиблым ящыщ Мицар вагъуэм и щыгум итщ. Алькор, Мицар псалъэхэр зэхэтмэ, хьэрыпыбзэкIэ шузэтес жиIэу къокI.

Алькор вагъуэм кърацIэу щытащ цIыхум и нэм тэмэму илъагъурэ имылъагъурэ. Вагъуэр IупщIу илъагъумэ, цIыхум и нэхэр тэмэму къалъытэрт. Мы вагъуэм мыпхуэдэ хъыбар къыдокIуэкI. ШогуэкIэ еджэу хъыджэбз дахэ дыдэ гуэр щыIащ, жеIэж хъыбарым. Алькор вагъуэр къилъагъун и мураду ар куэдрэ лъыхъуащ. АрщхьэкIэ къыхуэгъуэтакъым, и нэм сэкъат иIэти. Ар и жагъуащэ хъури гъащ. Абы щегъэжьауэ цIыхухэр Алькор вагъуэм ШогуэгъагъкIэ еджэ хъуащ.

**Вагъуэдамэкъуэгурыгъ** – Западная Рыба вагъуэ гуп. Гурыгъыр бжьым гур зэрыкIэращIэ дамэкъуэ гъумщ. Бжьым и кум иIэ гъуанэмрэ гуфитIым я пэм иIэ гъуанэхэмрэ зэхуэзэу зэтралъхьэри, гурыгъыр ирагъэжыжырт. Гурыгъым бжьыр фIокIэрэхъухь, бжьым и кIапитIыр чэзу-чэзукIэрэ япэ ищурэ.

Дыгъэр, и илъэс гъуэгум (эклиптикэм) тету щекIуэкIкIэ, мартым и 21-м къыщохутэ Западная Рыба вагъуэ гупым и щIагъым, экваторым и щыгум и занщIэу (вертикальнэу) уэгум иту, ипщэрабгъу лъэныкъуэмкIэ къикIыу, ищхъэрабгъу лъэныкъуэмкIэ кIуэуэ. А лъэхъэнэм экваторым и ипщэрабгъу лъэныкъуэм бжьыхьэр къыщохьэ, экваторым и ищхъэрабгъу лъэныкъуэм гъатхэм щыщIедзэ, адыгэхэм гъэрэ щIырэ щызэхэкIыу къалъытэ зэманщ. Гъэрэ щIырэ щызэхэкIкIэ а тIур зэныкъуэкъуу къафIэщIырт, абы теухуауэ адыгэм жаIэ: «Тхьэгъэлъэдж и къуитIыр зэрымыгъэкIэс, зэрымыгъэпсых». (Тхьэгъэлэдж – гъэм и тхьэщ, абы и къуитIыр гъэмахуэмрэ щIымахуэмрэщ). Гъэрэ щIырэ щызэхэкIыр илъэсыжьыр щиух, илъэсыщIэм щыщIидзэ зэманырщ. Абы ирихьэлIэу илъэсыщIэ тхьэлъэIуу мафIащхьэ джэд яукI, джэд фIыцIэр нэхъ ягъэкъабылу. ЩIымахуэм щIыр нэхущ, хужьщ, гъэр фIыцIэщ; гъэмахуэм гъэр махуэщ, щIыр фIыцIэщ. МафIащхьэу джэд фIыцIэ букIмэ, «хуэдэм хуэдэ къешэ» жыхуаIэ хабзэм тету, джэд фIыцIэм гъэмахуэ щIы фIыцIэ къишэну ягъэувырт. ЖаIэрт: гъэрэ щIырэ зэхэкIмэ, дадэ джэдыгужьыр щихыжынщ. Абы къегъэлъагъуэ гъэрэ щIырэ зэхэкIмэ, дунейр хуабэ зэрыхъужыр. Гъэрэ щIырэ щызэхэкIа жэщ-махуэм и пщэдджыжьым уэлбанэмэ, шэджагъуэ нэужьым уэфI хъужмэ, жаIэрт гъэр текIуауэ, гъэ угъурлы хъуну, щIым гъавэ бэв къаритыну.

Западная Рыба вагъуэ гупым дамэкъуэм ещхь сурэт къагъэхъу. Гурыгъым бжьыр зэрыфIэкIэрэхъухьым ещхьу, дыгъэр а вагъуэ гупым и щIагъым щIэкIэрэхъухьу щIэтщ, щIым и экваторым и ищхъэрабгъу ибгъумкIэ хуэзэу. Западная Рыбэм къигъэхъу дамэкъуэ сурэтыр къалъытэ дунейм и къэхъукъащIэхэм щызахъуэж гурыгъыу.

**Вагъуэсокурэ** – Созвездие Чащи. Ар уолъагъу сокурэ кхъуэщыным ещхьыфэу (сокурэр псы пэгун зытIущ хуэдиз ихуэу, хупцIынэ ирапщу, махъсымэ иращIу адыгэхэм зэрахьэу щыта кхъуэщын Iу быхъущ). Вэнсэн зэману вакIуэ махъсымэ щащI апрель - май мазэхэм Вагъуэсокурэр IупщIу уолъагъу. Ар экваторым и ипщэрабгъум щыIэ вагъуэ гупщ.

**Зи анэр дыщэ джэдыгукIэ зыхъуэжа вагъуэр** – Волопас вагъуэ гупым щыщ Арктурыр къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ щыболъагъу вагъуэшхуэ дыдэу, горизонтым лъагэу теIэтыкIауэ уэгум иту.

Ар щIымахуэ пщэдджыжьым къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ экваторым и ищхъэрабгъукIэ къыщыщIокI, жэщ-махуэ къэс ипэ ита жэщ-махуэм къыщыщIэкIа зэманым нэхърэ дакъикъи 3-рэ секунд 55,91-кIэ нэхъ пасэу къыщIэкIыу. Арктур и анэр ар къыщыщIэкI щIымахуэр аращ. Ауэ екIуэтэкIыурэ и къыщIэкIыгъуэм зехъуэж. Аращ и анэр дыщэ джэдыгукIэ - гъэмахуэмкIэ ихъуэжащ щIыжаIэр.

**Вагъуэгублащхьэдэсэ** – Трубка Арктура вагъуэ гупырщ. Мыр ирагъэщхьагъэнущ выгум и гублащхьэм дасэ, къандесым ещхь пхъэ дыкъуакъуэм.

**ВагъуэданэчщIопщ** – Волосы Вероники вагъуэ гупырщ. Ар и теплъэкIэ ирагъэщхь зи щIопщыкIыр пыжьейм, къазмакъейм къыхащIыкI данэчщIопщым. Апхуэдэу абы щIеджэр фэ Iув зэпэхъурейм данэч фэдэн (данэ Iуданэ) трашэрти арат. ДанэчщIопщымкIэ шым ущеуэкIэ абы макъышхуэ ищIын щхьэкIэ щIопщыкIым данэчщIопщу зыщыплI кIэращIэрт.

**Вагъуэхьэлывэ** – Северная Корона вагъуэ гупырщ. Ар и теплъэкIэ мазэ никъуэм ещхьщ. Гъатхэм, гъэмахуэпэм дыгъэр къухьа нэужь, уэгум лъагэу иту уолъагъу.

**Вагъуэщэлъахъэ** – Стрела вагъуэ гупырщ. А вагъуэхэр щэлъахъэм ирагъэщхь. Езы псалъэми къызэрыхэщщи, щэлъахъэр шым и лъакъуищым иралъхьэ: шыр кIуэр ящIынумэ, шы емылыджыр ягъэсэнумэ, шыр къэкIухьреймэ.

Июнь-ноябрь мазэхэм Щэлъахъэ вагъуэр Iупщ1у уолъагъу.

**Дэжыгвагъуэ** – Лира вагъуэ гупырщ. Лирэм и вагъуэхэм халъагъуэ дэжыгым ещхь сурэт, аращ а вагъуэ гупым апхуэдэу щIыфIащар. Вагъуэ гупыр Iупщ1у уолъагъу май - ноябрь мазэхэм - дэр дейм къыпыкIэу хъууэ къыпачыжыху.

**Вагъуэтокъмакъ** – Дракон вагъуэ гупым и щхьэмрэ и плIэ лъакъуитIымрэщ. Мы цIэр къызытекIа псалъэм и гугъу пщIымэ, токъмакъыр зэрызауэу, удын хьэлъэ зэрадзу щыта Iэщэщ.

**Вагъуэгуэзнэч** – Дракон вагъуэ гупым щыщ Iыхьэщ: и кIэр, и кIэбдз лъакъуитIыр, Ищхъэрэвагъуэр я гъусэу. Гуэзнэчыр набжэщ, хъупIэм щагъэхъу мэлхэр жэщкIэ щаIыгъ Iуэр кърахухьу. Вагъуэгуэзнэчым и кум Вагъуэкъащыкъым и вагъуэхэр итщ.

Драконыр гупсэхуу уолъагъу май - ноябрь мазэхэм. Май мазэм и кIэм къыщыщIэдзауэ ноябрь мазэм нэсыху мэл хъушэхэр жэщым щаIыгът гуэзнэчкIэ къэухъуреихьа егъэзыпIэхэм.

**Вагъуэщыгъэ** – Южная Корона. Вагъуэщыгъэр экваторым и ипщэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ вагъуэ гуп цIыкIущ. Абы и вагъуэхэр зэхэтщ щыгъэм ещхь сурэт къагъэхъуу, аращ адыгэхэм Вагъуэщыгъэ щIыфIащари. Вагъуэщыгъэр хуиту уолъагъу июль - август мазэхэм.

**Вагъуэдамэпс** – Лебедь вагъуэ гупым щыщ Iыхьэщ. Дамэпсыр фэ кIапсэщ, гъущI тхьэгъу хъурей цIыкIу дамэкъуэр икIыу и кIапэм пыщIауэ, выр бжьым ирищIапхэу. Вагъуэдамэпсыр – экваторым и ищхъэрабгъумкIэ щыIэщ, абы уIуоплъэ къыум и пщэмрэ и дамэмрэ иукъуэдияуэ есу хьэуам хэт хуэдэу.

Вагъуэ гупыр Iупщ1у уолъагъу июнь - ноябрь мазэхэм.

**Гъэмахуэ Гублащхьэдэсэ** – Треугольник вагъуэ гупырщ. Зэпэщимэу щыт вагъуэхэр гублащхьэдэсэм ирагъэщхьауэ аращ.

**ВагъуэкIапсэ** - Андромеда вагъуэ гупым щыщу зэкIэлъыкIуэу узыIуплъэ вагъуэ наIуиплIымрэ Большой Квадрат вагъуэ гупым ящыщ вагъуитIрэщ. ВагъуэгублащхьэдэсэмрэВагъуэкIапсэмрэ гупсэхуу уолъагъу сентябрь–январь мазэхэм.

Октябрым и 24-м къыщыщIэдзауэ ноябрым и 23-м нэсыху дэлъ зэманым щIым елэжьхэр Мэкъушэжыгъуэ мазэкIэ еджэрт.

**Вагъуэбэ** – Дельфин вагъуэ гупырщ. Вагъуэбэ псалъэм къыбжеIэ ахэр куэд зэрыхъур. Мы вагъуэ гупыр Iуву зэхэтщ, я бжыгъэр 30 мэхъу. Вагъуэбэр щIым и экваторым и ищхъэрабгъу лъэныкъуэмкIэ щыIэщ. Июнь мазэм и кIэм уи щыгу дыдэм иту уолъагъу.

**Вагъуэур** – Дубинка Ориона. Урыр зи кIапэм токъмакъ фIэс бжэгъу кIэщIщ, удын хьэлъэ ирадзу. Орион иIэта урым (дубинкэм) ирагъэщхь мы вагъуэ гупым къагъэхъу сурэтыр. Аращ Вагъуэур щIыфIащари.

**Вагъуэшабзэ (ВагъуэмэIу)** – Щит Ориона. Орион иIыгъ мэIум (щитым) шабзэм ещхьу уIуоплъэ. Шабзэ сурэт къэзыгъэхъу а вагъуэхэм ВагъуэшабзэкIэ йоджэ.

**ВагъуэлIыжьбаш** – Орион и бгырыпхымрэ и джатэмрэ къызэщIаубыдэ вагъуэ зыщыплIырщ. ЛIыжь башым ещхь сурэт къэзыгъэлъагъуэ вагъуэхэм зэхэту зэреджэр ВагъуэлIыжьбашщ. Вагъуэ гупыр Iупщ1у уолъагъу декабрь - март мазэхэм.

**Журтыр хьэм езыгъэшха вагъуэ** – Большой Пес вагъуэ гупым щыщ Сириусым апхуэдэу йоджэ. ЩІымахуэм абы нэхърэ нэхъ ину плъагъу вагъуэ уафэм искъым. ЩІымахуэ пщыхьэщхьэм уафэм япэ къиувэр Сириус вагъуэшхуэрщ.

Сириус вагъуэм теухуауэ мыпхуэдэ хъыбар щыІэщ. ЩІымахуэ жэщым журт гуэр и унэм къыщІэкІри уафэм дэплъеящ. Нэху щымэ, гъуэгу теувэн хуейуэ арати, уэгум щилъагъу вагъуэшхуэр Нэхущвагъуэрауэ къилъытэри ежьащ. АрщхьэкІэ, иджыри жэщыбг фІэкІа мыхъуауэ къыщІэкІри, журтыр дыгъужьым ишхащ. Мы хъыбарыр къыщежьа зэманым къыщыщІэдзауэ Сириусым Журтыр хьэм езыгъэшха вагъуэкІэ еджэ хъуащ.

**Вагъуэпхъэщку** – Телец вагъуэ гупым хыхьэхэм ящыщу Плеяда жыхуаІэ вагъуихырщ. Ар ирагъэщхь мэкъугу зэракъуз фэ кІапсэшхуэм и кІапэм пыщІа пхъэщкум. Шогуэгъагъ вагъуэм хуэдэу, ВагъуэпхъэщкумкІи цІыхум и нэм тэмэму илъагъурэ имылъагъурэ къращІэу щытащ. Вагъуэпхъэщкур Іупщlу илъагъумэ, цІыхум и нэхэм лажьэ ямыІэу ягъэувырт.

**Вагъуэдамэкъуэ** – Малый Пес вагъуэ гупым щыщщ. Выр гум щыщІащІэкІэ бжьым иІэ гъуанэм ирагъэж дамэкъуэм ирагъэщхьри, а цІэр фІащауэ аращ. Мы дамэкъуэм и дамэкъуащхьэр Процион вагъуэрщ. Вагъуэдамэкъуэр – экваторым и ищхъэрабгъу вагъуэ гупщ. Малый Песыр гупсэхуу уолъагъу декабрь - май мазэхэм.

**Вагъуэарэфыпс** – Рис вагъуэ гупырщ. Мы вагъуэхэр зрагъэщхьа арэфыпсыр фэ кІапсэшхуэм нэхърэ нэхъ кІэщІщ икІи нэхъ псыгъуэщ, пхъэщку пыщІауэ. АрэфыпсымкІэ иракъуз мэкъугупхэмрэ мэкъугуплІэмрэ.

Вагъуэарэфыпсри экваторым и ищхъэрабгъу вагъуэ гупщ. Рисыр гупсэхуу уолъагъу январь - май мазэхэм.

**КЪАШЫРГЪЭ Назир**

***Редакцэм къыбгъэдэкІыу:*** **Къашыргъэ Назир вагъуэхэм ехьэлІауэ къихь адыгэцІэхэм теухуауэ пыухыкІауэ зыгуэр жыпІэну гугъущ. ЩІэгугъури абыхэм мащІэ дыдэу фІэкІа дызэрыщымыгъуазэрщ. Апхуэдэу щытми, гурыІуэгъуэщ Назир зэхуихьэсыжа вагъуэцІэхэр лъэпкъыжьхэм ящыщ адыгэхэм я астрономием и зы Іыхьэ мащІэ дыдэ фІэкІа зэрымыхъур. Хэт ищІэрэ, иджыри ди къуажэхэм дэсынкІэ хъунщ мы псалъэмакъым къыпызыщэфынхэр – вагъуэхэм я мызакъуэу, къуршыщхьэхэм, Іуащхьэхэм, псыхэм, хъупІэхэм, щыпІэ щхьэхуэхэм, мэзым щІэс хьэкІэкхъуэкІэхэм, къуалэбзухэм, бдзэжьейхэм, жыгхэм, тщыгъупщэжа нэгъуэщІ Іэджэми я адыгэцІэхэр зыщІэжхэр. Апхуэдэхэм я тхыгъэхэр ди гуапэу журналым теддзэнущ. Зытхын къызэхьэлъэкІхэм зыкъытхуагъазэмэ, тхыгъэр гъэхьэзырынымкІэ дэІэпыкъуэгъуи дахуэхъуфынущ.**

## Нэгъабэрей еханэ номерым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр

***ЕкIуэкIыу:*** **3.** Дзэлыкъуэдэс. **7.** Теунэ. **9.** Набжэ. **12.** Акъужь. **14.** Къайсэр. **15.** Уэншэку. **16.** ДыщэкI. **19.** Хьэсэгъу. **21.** Нэгумэ. **22.** Щэбэт. **23.** Уэхъутэ. **25.** Зеикъуэ. **29.** КIыщокъуэ. **30.** ХьэмытIэ. **34.** «ЛъыщIэж». **38.** Гурышэ. **39.** Бытыр. **40.** Губгъэн. **41.** Ныбгъуэ. **42.** Хэхэс. **43.** Тутнакъ. **46.** Къэдабэ. **48.** Тут. **50.** Пщыпхъу. **52.** «Унагъуэ». **53.** «Бгырысхэр».

***Къехыу:*** **1.** Алмэ. **2.** Къудан. **4.** Къурыкъу. **5.** Дерс. **6.** Бжэн. **8.** «Нур». **10.** Аму. **11.** Батэрэз. **13.** Къэрмокъуэ. **16.** Дыщэ. **17.** Щыблэ. **18.** КIытэ. **20.** Гъуджэ. **21.** Нэз. **24.** Тхыдэ. **26.** ЕнтIыр. **27.** Тощ. **28.** Кумб. **31.** «Къызбрун». **32.** Еутых. **33.** Пшагъуэбэ. **35.** Жин. **36.** Убых. **37.** Урыс. **38.** Гуэн. **44.** Нащэ. **45.** Къэп. **46.** Къан. **47.** Дыгъужь. **49.** Уэзы. **51.** Хъудыр. **52.** Утхэ.

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуа тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкІэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэхэр Іэмал имыІэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къиштэр зэи къытемыхуа, компьютеркІэ тедзэжа тхыгъэхэрщ (дискыр щІыгъумэ, нэхъыфІыжщ).

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщІыпІэ щытрадзэнкІэ хъумэ, «Іуащхьэмахуэм» къызэрырахар къэгъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Іэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкІэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, епщыкІузанэ къат, «Іуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 47-35-32 (редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ); 47-26-21 (жэуапыхь секретарым и къалэнхэр зыгъэзащІэ); 42-42-14 (прозэ); 47-32-94 (публицистикэ); 42-75-22 (бухгалтерие).

## ЖУРНАЛЫР ЗЫІЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩІЭ

Журналыр зэрытедзам сэкъат гуэр иІэу къыщІэкІмэ, абы теухуауэ фыщыщІэупщІэ хъунущ: Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, Полиграфкомбинат.





9 Заказ № 84

10 Заказ № 84

# Псалъэзэблэдз




***УпщIэхэр***

***ЕкIуэкIыу:*** **5.** Фадэ лIэужьыгъуэ. **7.** Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ къуажэ. **9.** Ахъшэ жыгъей. **11.** Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ усакIуэ. **12.** Муслъымэнхэр тхьэ щелъэIу унэ. **13.** Уэзджынэшхуэ. **15.** ХъуаскIэ къызыхих мывэ быдэ. **17.** Махъсымэ къызыхащIыкI зэхэгъэва. **20.** Къамэ Iэпщэр зэрагъэщIэращIэ. **21.** Уи лIым и шыпхъу. **23.** КъурIэным и зы пычыгъуэ. **26.** ПIастапхъэ. **27.** Налшык и уэрамхэм ящыщ зым зи цIэр зэрихьэ адыгэ драматург цIэрыIуэ. **28.** Псалъэжь: «Дыщэр … хуэныкъуэкъым». **29.** Гум щIащIэ хьеуан. **33.** Псэущхьэ хьилэшы. **35.** КIыщокъуэ Алим и иужьрей роман. **37.** УнэлъащIэм щыщ. **38.** Пасэм адыгэхэр Волгэ псым зэреджэу щытар. **41.** Япэ адыгэ щIэныгъэлI нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщ. **42.** Макъамэ зыщIэлъ усэ. **43.** Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ. **46.** ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ адыгэ

театрым и джэгуакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артисткэ. **48.** КIуащ БетIал и поэмэ. **49.** Журт Биберд и иужьрей роман. **50.** Адыгэ таурыхъхэм узыщрихьэлIэ псэущхьэ шынагъуэ.

***Къехыу:*** **1.** Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ тхакIуэ цIэрыIуитIым я унэцIэ. **2.** Псалъэжь: « … дыгъужь фIэбэлацэщ». **3.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ художник. **4.** Нарт Щэуей и адэр. **6.** Ди республикэм и тхакIуэхэм я зэгухьэныгъэми «Iуащхьэмахуэ» журналми я тхьэмадэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ. **8.** Iэ тегъэщIапIэ зиIэ шэнт щабэ бгъуфIэ. **10.** ЩоджэнцIыкIу Алий и поэмэ. **13.** ТхъуцIынэ гъэвэжа. **14.** ГъэшхэкI. **16.** Егъэлеяуэ фадэ ефа цIыху. **17.** Къуажэм, къалэм къедза щIыпIэ, Iэгъуэблагъэ. **18.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъунапкъэм къыпыт щIыналъэм и къалэхэм ящыщ. **19.** ХадэхэкI. **21.** Дыгъэ къыщIэкIыгъуэм къуэкIыпIэм къищI плъыжьыгъэ. **22.** ПыIэ къызыхащIыкI фэ. **24.** Гуэгушыхъум я бгъэм телъ щэ. **25.** Хьэцэпэцэ хьэуазэ. **30.** Гъатхэм пасэу къэлъэтэж къуалэбзу. **31.** Къэбэрдей уэрэджыIакIуэ, Урысейм Федерацэм щIыхь зиIэ и артист. **32.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. **34.** КIыщокъуэ Алим и роман « … къута». **36.** Мылым джэрэзу къыщрахуэкI сабий хьэпшып. **39.** Нартыху хъумапIэ. **40.** Адыгэ таурыхъхэм хэт цIыхубз хьилэшы. **44.** Бжэныфэм къыхэщIыкIа къэп. **45.** Къаныкъуэ Заринэ и пьесэ « … и бынунагъуэр». **46.** Дин лэжьакIуэ. **47.** И плъыфэм тещIыхьауэ шым зэреджэ псалъэ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**

### *ЕтIуанэ номерым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр*

***ЕкIуэкIыу:*** **4.** Бгы. **7.** Амдэч. **8.** Роман. **10.** Къурш. **12.** Къуэды. **13.** Ду. **15.** Хьэ. **16.** Тхьэгъу. **17.** Дапхъэ. **18.** Сибэч. **19.** ЕнтIыр. **20.** КIэрашэ. **22.** Пкъы. **24.** Щхьэнтэ. **28.** Къэб. **29.** Мэжид. **30.** Без. **33.** Псыкуэд. **34.** Бру. **35.** Азэмэт. **38.** Къурашэ. **41.** Инжыдж. **43.** Насып. **44.** Плъыр. **45.** КIэ. **46.** Хъун. **48.** Псей. **49.** Гухэ. **50.** Уэхъутэ. **52.** Аргъей. **52.** Тут.

***Къехыу:*** **1.** Бгырыпх. **2.** Хъумбылэ. **3.** Нэгъуд. **5.** Молэ. **6.** Нартан. **9.** Джэримэс. **11.** Къэбыстэ. **14.** Удын. **15.** Хьэлу. **21.** Шабзэ. **23.** Къэжэр. **25.** Хьэбэз. **26.** Аму. **27.** Гъудэ. **31.** Псырылъэ. **32.** Къуэныкъуей. **36.** Данэ. **37.** Шыпхъу. **39.** Шортэн. **40.** Псыхэуэ. **42.** Нэпсей. **45.** КIытэ. **47.** Нарт.

# Гъащlэр псэкlэ зыхищlэрт

Зи гугъу фхуэсщlыну цlыхур, гуапэу икlи щхьэпэу щытар, илъэс 56-рэ и пэкlэ къэсцlыхуащ. Еджапlэ нэхъыщхьэу Налшык дэта закъуэм сэ 1953 гъэм сыщlэтlысхьат егъэджакlуэ lэщlагъэр зэзгъэгъуэтыну, а гъэ дыдэм Пщыбий Инал ар къиухат ехъулlэныгъэфl иlэу. И зэфlэкlымрэ и хьэл-щэн дахэмрэ къалъытэри, щlалэр занщlэу аспирантурэм щlагъэтlысхьат.

Аспирантурэм щыщlэса илъэсищым къриубыдэу Пщыбийм кууэ иджащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ, тхыдэмрэ философиемрэ, логикэмрэ педагогикэмрэ, лъэпкъ гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ, дидактикэмрэ цlыхубэ lуэрылlуатэмрэ икlи и щlэныгъэм фlыуэ хигъэхъуауэ, и зэхэщlыкlым зиужьауэ 1957 гъэм еджэныр къиухащ, занщlэу Къэрэшей-Шэрджэс пединститутым лэжьакlуэ яшащ.

Зэрыегъэджакlуэм къыдэкlуэу, Инал щlэныгъэ-къэхутэныгъэхэри иригъэкlуэкlыу щlедзэ: лъэпкъ литературэр зэраджын программэхэр зэхелъхьэ, тхылъхэр етх, lуэрылlуатэр зэхуехьэс, зэрыхуэфащэу зэхедз, и диссертацэ нимытхысам йолэжь, ар иухыу игу хуэзэгъа нэужь, утыкум кърелъхьэ.

Аспирантурэм щыщlэса илъэсхэм Пщыбийм иджын щlидзат езым и къуажэгъу, адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтlылъахэм ящыщ, адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ, зэрыпагэ усакlуэшхуэ Пащlэ Бэчмырзэ и гъащlэмрэ и творческэ лэжьыгъэмрэ. А къэхутэныгъэхэр лъабжьэ хуэхъуащ Инал филологие щlэныгъэхэм я кандидат зэрыхъуа диссертацэм. Илъэс зыплlытху дэкlа нэужь, 1962 гъэм, ар тхылъ щхьэхуэу Черкесск къыщыдигъэкlащ. Тхылъыр куэдым ягу ирихьащ, абы щыхьэт техъуэ тхыгъэ зыбжани журналхэмрэ газетхэмрэ къытрадзащ. Инал дежкlэ ар щlэдзапlэ къудейт.

Мащlэкъым Пщыбийм зэманрэ къарууэ тригъэкlуэдар Пащlэ Бэчмырзэ и усыгъэхэр зэхуэхьэсыжыным, ахэр тэмэму зэкlэлъыхьауэ, щхьэж и пlэ игъэувэжауэ къыдэгъэкlыным. Мис апхуэдэ лэжьыгъэфlым и lэужьщ Пащlэ Бэчмырзэ и lэдакъэщlэкlхэр нэхъ щызу щызэхуэхьэсауэ 2003 гъэм Налшык къыщыдэкlа тхылъышхуэр. Пэжу, мы тхылъыр къыдэгъэкlынымкlэ Пщыбийм чэнджэщэгъу дэгъуи, дэlэпыкъуэгъу нэси къыхуэхъуащ щlэныгъэлl lэзэ, литературэм фlы дыдэу хэзыщlыкl Къэрмокъуэ Хьэмид. Абы и фlыщlэри гъэкlуэдын хуейкъым.

Пщыбий Инал щlэныгъэлl гумызагъэрэ лэжьэрейуэ, цlыху пэжрэ жыlэщlэу, гуапэрэ хьэлэлу, зэтетрэ щэныфlэу, гу щабэрэ псэ къабзэу, акъылыфlэрэ фlэрафlэу и гъащlэр ирихьэкlащ. Апхуэдэущ дэри ар ди гум къызэринэжар.

Зэман зэlумыбзу, зэман гугъусыгъуу щытащ Пщыбий Инал зыхалъхуа 1929 гъэр. Ар ящыщщ сабиигъуэ тынш, щlалэгъуэ тыншыгъуэ зимыlахэм. Абыхэм я унагъуэр зэрыбынипщl хъурт. Инал къуэшищрэ шыпхъуиплlрэ иlэт. Апхуэдиз быныр гъэшхэн, хуэпэн къудейм къыщымынэу, я кум хабзэ дахэрэ нэмысрэ дэлъу гъэсэн, цlыху хэтыкlэ ящlэу къэгъэхъун хуейт. Сыт хуэдэ гугъуехь хэмытами, адэ-анэм ар къехъулlащ: я бынхэм гъэсэныгъэфl ирагъэгъуэтащ, хьэл-щэн дахэ зыхрагъэлъхьащ.

Зэрыхабзэщи, гъащlэм фlыи lеи къыщохъу. Пщыбийхэ я унагъуэми а хабзэм къыпикlухьакъым. Инал и къуэш нэхъыжьитlымрэ и шыпхъу нэхъыжьымрэ пасэ дыдэу фlэкlуэдащ. Абы и ужькlэ щlалэщlэм щlэх дыдэу зыхищlащ гугъуехьымрэ хьэзабымрэ. И ныбжьыр балигъыпlэм нэмысауэ, и lэпкълъэпкъыр дахэ-дахэу зэрымыубыдауэ лэжьыгъэмрэ щlэныгъэ зэгъэгъуэтынымрэ зэдихьу къыщlидзэри, и гъащlэр гугъусыгъуу ирихьэкlащ. И ныбжьыр илъэс 16-м иту Инал лэжьэн щlидзащ я бригадэм и учётчикыу,

еджэнри Іэщlыб имыщlу. Налшык дэта еджапlэ нэхъыщхьэм щыщlэса илъэсхэм ар лэжьащ «Къэбэрдей пэж» газетым и корректору. Аспиранту щыщыта илъэсищми Пщыбийр щылэжьащ Налшык дэта мэкъумэш техникумым, адыгэбзэмрэ литературэмрэ яригъэджу.

Зыщlидза lуэхур и кlэм зэрынигъэсыным, зыхунэмысар зэрилэжьыным, имыщlэр зэрызригъэщlэным хущlэкъу зэпыту псэуащ Пщыбий Инал. Ар илъэс 50-м щlигъукlэ егъэджакlуэу икlи щlэблэм я гъэсакlуэу лэжьащ, дагъуэ зыхуримыгъэщlу, пщlэрэ щхьэрэ иlэу, зыхэтым фlыкlэ къахэщу. Къэрэшей-Шэрджэсым зы адыгэ къуажэ щыlэу къыщlэкlынкъым Инал иригъэджахэр щымылажьэу. Абыхэм яхэтщ егъэджакlуэхэр, тхакlуэхэр, журналистхэр, щlэныгъэлlхэр.

И гъащlэм къриубыдэу Пщыбийм лэжьыгъэ 15-м щlигъу къыдигъэкlащ. Гъусэ иlэу къыдигъэкlа тхылъхэри иlэщ. Ахэр зэхуэдэкъым зытеухуа lуэхугъуэ елъытакlи, я къэlуэтэкlэ и лъэныкъуэкlи. Абыхэм ящыщу гу нэхъ ялъытапхъэщ **«Пащlэ Бэчмырзэ и гъащlэмрэ и лэжьыгъэмрэ»** (Черкесск, 1962 гъэ), **«Адыгэбзэм и синонимхэр»** (Черкесск, 1971 гъэ), **«Шэрджэсхэм зэрахьэ унэцlэхэмрэ цlэхэмрэ»** (Черкесск, 1975 гъэ, Налшык, 2003 гъэ), **«Гъуэгуанэхэр»** (Налшык, 1983 гъэ), **«Адыгэ антонимхэм я псалъалъэ»** (Налшык, 1989 гъэ), **«Псыпэ лъэужьыфlэ»** (Налшык, 1993 гъэ), **«Адыгэ lуэрыlуатэ»** (Налшык, 1998 гъэ), **«Зэманым и джэрпэджэжхэр»** (Налшык, 2000 гъэ), **«Пащlэ Бэчмырзэ»** (Налшык, 2003 гъэ) тхылъхэм.

А тхылъ щхьэхуэхэм нэмыщl Инал и lэдакъэ къыщlэкlащ lуэхугъуэ зэмылlэужьыгъуэхэм ятеухуа тхыгъэ 70-м щlигъу. Тхылъ щхьэхуэхэмрэ статьяхэмрэ зэхэплъхьэмэ, лэжьыгъэ 86-рэ мэхъу. Абыхэм ящыщу зыбжанэр тlэурытlэ къытрадзащ. Апхуэдэщ «Пащlэ Бэчмырзэ и гъащlэмрэ и лэжьыгъэмрэ», «Шэрджэсхэм зэрахьэ унэцlэхэмрэ цlэхэмрэ» тхылъхэр. Нэхъапэкlэ итхахэр иригъэфlэкlуэжу нэгъуэщl тхылъхэм хигъэхьэжауэ ущрихьэлlи щыlэщ. Ар щыхьэт тохъуэ Пщыбийр цlыху гумызагъэу, къэхутакlуэ емышыжу зэрыщытам.

Пщыбий Инал и lэдакъэщlэкlхэм гулъытэ хэlэтыкlа зэрыхуащlым и щыхьэтщ абыхэм егъэджакlуэхэр, щlэныгъэлlхэр, тхакlуэхэр, нэгъуэщlхэри гуапэу зэрытепсэлъыхьар. Абыхэм ящыщщ Абытlэ Владимир, Ахъмэт Мухьэдин, Алий Аллэ, Апажэ Мухьэмэд, Абдокъуэ lэуес, Бакlуу Хъан-джэрий, Бемырзэ Мухьэдин, Брат Хьэбас, Кlуэкlуэ Жэмалдин, Нало Заур, Нэмитокъуэ Розэ, Сэкlий Мусэ, Тау Хьэзешэ, Иуан Зэуал, Теунэ Хьэчим, Щоджэнцlыкlу lэдэм, Шорэ Хьэсин сымэ, н.

Мы зи цlэ къитlуахэм яхэтщ Пщыбийм къыдеджаи, къыдэлэжьаи, иригъэджахэри, и лэжьыгъэхэмкlэ къэзыцlыхухэри. Инал хуащl гулъытэм, пщlэм абыхэм я тхыгъэхэр щыхьэт тохъуэ.

И лэжьыгъэфlхэмкlэ Инал щlыпlэ куэдым къыщацlыхуу щытащ. Абы и lэдакъэщlэкlхэр щызэбгрыкlащ Урысейми, Кавказ Ищхъэрэми, Адыгейми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми, хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я дежи. Зыпэрыт lэнатlэм щиlэ ехъулlэныгъэхэм папщlэ Пщыбийм кърататщ щlыхь тхылъхэр, дамыгъэ лъапlэ зэмылlэужьыгъуэхэр, 1994 гъэм «КъШР-м щlэныгъэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ» цlэ лъапlэр къыфlащащ. Апхуэдэу абы къыхуагъэфэщащ щылэжьа еджапlэ нэхъыщхьэм щlыхь зиlэ и доктор, профессор цlэхэр, и тхылъ щхьэхуэхэм папщlэ ахъшэ саугъэтхэр кърататщ.

А псори, дауи, пщlэщ, ауэ абыхэм нэхърэ Инал нэхъ фlэлъапlэт езыр къызыхэкlа и лъэпкъым, и благъэхэмрэ и lыхьлыхэмрэ, и лэжьэгъухэмрэ и ныбжьэгъухэмрэ къыхуаlэ лъагъуныгъэр, кърагъэз дзыхьыр…

# БАЛЪКЪЭР Фоусэт Гъузер и пхъур



Къэбэрдей-Балъкъэр литературэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. 2009 гъэм накъыгъэм и 20-м, куэдрэ сымэджа иужькIэ дунейм ехыжащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Балъкъэр Фоусэт Гъузер и пхъур.

Балъкъэр Ф. Гъу. Бахъсэн куейм щыщ Кыщпэк къуажэм 1932 гъэм гъатхэпэм и 27-м къыщалъхуащ. Налшык щыIэ педучилищэр, КъБКъУ-р, М. Горькэм и цIэкIэ щыIэ Литературнэ институтыр, КъБКъУ-м и аспирантурэр къиухащ. Щалъхуа жылэм егъэджакIуэу щылэжьащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Министрхэм я Советым и лэжьакIуэу, «Iуащхьэмахуэ» журналым и къудамэм и унафэщIу щытащ, 1971 гъэм къыщыщIэдзауэ пенсэм кIуэхукIэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым щылэжьащ.

Балъкъэр Ф. Гъу. – литературэ лэжьыгъэр IэщIагъэу къыхэзыха япэ адыгэ цIыхубзщ. Абы и Iэдакъэщ1экI къытрадзэу щыщIадзам усакIуэ ныбжьыщIэр зэрыхъур илъэс пщыкIуплIт. И усэхэр щызэхуэхьэсауэ 1958 гъэм япэу дунейм къытехьа тхылъым наIуэ ищIащ лирик гъуэзэджэ ди литературэм къызэрыхыхьар. Балъкъэр Ф. Гъу. и зэчийр зэрыиныр щIагъэбыдэжащ абы Налшыкрэ Мэзкуурэ къыщыдигъэкIа тхылъхэм. Лъагъуныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ ятеухуауэ абы и Iэдакъэ къыщIэкIа усыгъэхэр гурыщIэ къабзэкIэ гъэнщIащ. Абыхэм къытращIыкIащ лъэпкъым фIыуэ илъэгъуа уэрэд куэд. Ахэр яфIэфIу щагъэзащIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэкъым, атIэ ди къуэш республикэхэм, къэралым и нэгъуэщI щIыналъэхэм, хамэ къэралхэм щыжаIэ. Балъкъэр Ф. и усэхэм хуэ-фэщэн гулъытэ щагъуэтащ хэхэс адыгэхэм я дежи. Абы и усыгъэхэр Урысейм, СНГ-м щыпсэу лъэпкъхэм, инджылызхэм, хьэрыпхэм, мэжэрхэм, нэмыцэхэм, испанхэм, тыркухэм, полякхэм, чеххэм, нэгъуэщIхэми я бзэкIэ зэрадзэкIащ. Апхуэдэу Балъкъэр Фоусэт иIэщ адыгэ драматургием и тхыдэм теухуа къэхутэныгъэ зыбжани.

Балъкъэр Ф. Гъу. щэнхабзэм зиужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэфIхэм хуэфэщэн гулъытэ ягъуэтащ. Ар Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и саугъэтым и лауреатт, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ усакIуэт.

Лъэпкъым и бын гъуэзэджэ Балъкъэр Фоусэт Гъузер и пхъум и фэеплъ нэхур куэдрэ ди гум илъынущ.

**Къанокъуэ А. Б., Чеченов А. А., Ярин А. В., Жаморэ В. С., Тхьэзэплъыж М. ТI., Жаным Р. М., Аттаев Ж. Ж., Ацкъан Р. Хь., Бэчыжь Л. А., Бэч А. А., Бгъэжьнокъуэ Б. Хь., Бегиев А. М., Джэдгъэф Б. М., Вэрокъуэ В. Хъ., Гуровэ Л. А., Гъут I. М., Додуев А. Т., ДыщэкI М. Р., Зумакулов Б. М., Зумакуловэ Т. М., Къаздэхъу А. Б., Къаныкъуэ З. С., КхъуэIуфэ Хь. Хь., Котляров В. Н., Къумахуэ М. Л., Мэзыхьэ Б. Б., МэшбащIэ И. Ш., Мэз С. С., Мусукаевэ С. А., НакIэ Е. Н., Опрышкэ О. Л., Рахаев А. И., Сэбаншы Р. Къ., Саенкэ Т. В., Тау П. КI., Темыркъан Б. Хь., Теппеев А. М., Тхьэгъэзит З. М., Тхьэзэплъ Хь. М., Фырэ Р. Б., Хьэгъэс З. А., ХьэфIыцIэ М. М., Шорэ Р. Ч., Елгъэр К. М., Ефэнды Дж. Къ.**